# МАХ ДУГ

# ДЗАСОХТЫ МУЗАФЕР – МÆЙТЫ ДÆРГЪÆН АЗТÆ



1

2022

*Зæххæн ницы тас у, зæхх зæххæй баззайдзæн, фæлæ нæ адæм се 'взаг куы ферох кæной, уæд ирон адæм нал уыдзысты. Сырдтæн, цæрæгойтæн аразынц, «Красная книга» кæй хонынц, уый, уæд цардæгас адæмæн цæуылнæ ис ахæм чиныг? Æппæты фыццаг нын нæхицæй тас у! Нæ хæдзæртты цæуылнæ дзурæм иронау? Сывæллонæн ницы зын у дыууæ 'взаджы базонын. Хæдзары куы нæ дзурой, уæд ма кæм хъуамæ дзурой?*

*Абон ацы ран ард бахæрæм, не 'взагыл кæй дзурдзыстæм, кæй йæ хъахъхъæндзыстæм, уый тыххæй.*

*АБАЙТЫ Васо*



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Анатолий КУСРАЕВ,
Анжела КУДЗОЕВА

Владикавказ,
2022

# МАХ ДУГ

**1**
**2022**

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ӔМӔ ӔХСӔНАДОН-
ПОЛИТИКОН ӔРВЫЛМӔЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ

Дзæуджыхъæу,
2022

# НОМЫРЫ ИС:

**ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ** ....................................................................5

**КОЦОЙТЫ АРСЕН: 150 АЗЫ**
КОЦОЙТЫ Арсен. Цы `рцыди Фæзыхъæуы æмбисæхсæв.*Радзырд* ...........7

**ДЗАСОХТЫ МУЗАФЕР: 85 АЗЫ**
Арфæтæ ....................................................................................................20
ДЗАСОХТЫ Музафер. *Уацмыстæ* .........................................................22
Иу уацмысы истори. Ивгъуыд æмæ абон иугæнæг зарæг ...........................40
Музаферы тыххæй зæгъынц... ..................................................................42
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ. Дзасохты Музаферы идиостилы миниуджыты тыххæй . *Уац* ..........................................................................................48

**АЛАНИЙЫЛ САРГЪУЫДЫ 1100 АЗЫ БОНМÆ**
Сергей МАЛАХОВ. Чырыстон дины тых фæкъахыры аххосæгтæ. *Уац* .....53

**АИВАД, КУЛЬТУРÆ**
Дуджы барæг. Пухаты Вадим. *Уац* ..........................................................63

**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**

**ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ**
КÆРКУЫСТЫ Динæ. Халон æмæ хъал чызг. *Аргъау* .............................65

**НОГ УАЦМЫСТÆ**
ДЖИМИТЫ Анжелæ, КАЛИНИНА-ДЖИМИОН Лянæ. Æфсады рæнхъыты. *Мысинæгтæ* ..........................................................................69

**ПУБЛИЦИСТИКÆ**
ГУСАЛТЫ Барис. *Уыгæрдтæ* ...................................................................115

**ФЫССÆГ ÆМÆ ХЪЫСМÆТ**
ЦГЪОЙТЫ Хазби. Уыцы уæззау бонтæ. *Уац* ..........................................126

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** .......................................................143

# ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ



– Нæ бæрæгбоныл æмбæлæм алыхуызон æнкъарæнтимæ. Электронон информацион фæрæзты фæзындимæ зынгæ фæцауддæр газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны хъуыддаг. Уымæн æмæ ныртæккæ чырæг телефонтæ ис алкæмæ дæр. Нæ адæмæй бирæтæ газеттæ æмæ журналтæ кæсынмæ се 'ргом афтæ тынг нал здахынц. Фæлæ уæддæр мыхуыры фæрæзтæ, куыд нæ бæстæйы, афтæ Ирыстоны дæр цæрынц æмæ цæрдзысты. Цæмæй адæммæ фæхæстæгдæр уой æмæ сын дзыллæ сæ ахадындзинад хуыздæр æнкъара æмæ æмбара, уый тыххæй журналты æмæ газетты редакциты сарæзтам студитæ. Сифтонг сæ кодтам æппæт хъæугæ фæрæзтæй. Уырдæм хуынд æрцæуынц алы дæсныйæдтыл хæст адæм, æмæ сæ алчидæр газет кæнæ журналы ахадындзинады, стæй йæ мидисы тыххæй йæ хъуыды фæзæгъы æргомæй. Уымæй уæлдай ма социалон хызты газеттæ «Рæстдзинад», «Северная Осетия», «Слово» æмæ «Дигорæ»-йæн, журналтæ «Мах

дуг», «Ирæф» æмæ «Ногдзау»-æн ис сæхи фæрстæ æппæт социалон хызты дæр. Æмæ сын уырдыгæй астæуккаг æмæ кæстæр фæлтæр фæкæсынц се ‘рмæджытæ.

Нæ республикæйы газетты æмæ журналты кусынц фæлтæрдджын, фендджын æмæ зондджын редактортæ, журналисттæ. Фæлæ уæддæр нæ размæ цы тыхстаг фарстатæ æвзæры, уыдонæн сæ сæйрагдæр у, се ‘хсæн, иронау чи фыссы, ахæм кæстæртæ бирæ кæй нæй. Уымæй уæлдай ма, нæ республикæйы Хицауадмæ балæвæрдтам куырдиат, цæмæй журналисттæн сæ мызд фæфылдæр кæнæм.

Нæ мадæлон æвзаджы фидæн аразгæ у нæхицæй. Уымæн æмæ йыл мах йеддæмæ ничи батыхсдзæн. Газеттæ «Рæстдзинад», «Дигорæ», журналтæ «Мах дуг», «Ирæф» куы ничиуал кæса, уæд нæ фидæн уыдзæн æбæрæг.

Уæдæ сусæггаг нæу, рауагъдад «Ир» цы ирон чингуытæ уадзы, уыдон дæр фылдæр-фылдæр мин экземплярæй кæй рацæуынц. Адæм чиныгыл дæр раздæрау æнувыд нал сты. Фæлæ уæддæр архайдзыстæм, цæмæй ацы фарста дæр лыггонд æрцæуа.

Цалдæр хатты куырдтон нæ Хицауадæй, цæмæй бындуронæй цалцæггонд æрцæуа нæ республикæйы Мыхуыры хæдзар. Сарæзтой йæ Цæгат Ирыстоны автономийы æртиссæдз азы бонмæ. Мæ хъуыды царды куы рацæуид, уæд зæгъин, дзæгъæлы нæ фæцардтæн, зæгъгæ.

Ивгъуыд аз ма Дзæуджыхъæумæ æрбахуыдтам нæ бæстæйы зындгонд журналистты, æмæ нæ республикæйы газетты, радио æмæ телеуынынадты редактортæн, уацхæсджытæн сарæзтой сæрмагонд ахуыртæ. Зæгъæм, мæхæдæг дæр ахæм ахуыртæ цалдæр хатты сарæзтон национ телеуынынад «Осетия-Ирыстон»-ы æрыгон уацхæсджытæн.

Нæ республикæйы мыхуыры фæрæзты кусджытæн мæ цæст уарзы фидар æнæниздзинад. Сæ зæрдæтæ сфæлдыстадон удцырыны зынгæй бирæ азты хайджын куыд уой, уыцы хорзæх сын Хуыцау æмæ Йе сконд зæдтæ балæвар кæнæнт!

*РЦИ-Аланийы Мыхуыры æмæ дзыллон коммуникациты комитеты сæрдар Фидараты Юри*

# КОЦОЙТЫ АРСЕН: 150 АЗЫ



**(1872 – 1944)**

*Стыр зонды скъола у ивгъуыд рæстæг, –*
*фæкæсын æм-иу хъæуы хаттæй-хатт фæстæмæ*

*КОЦОЙТЫ Арсен*

# ЦЫ ’РЦЫДИ ФÆЗЫХЪÆУЫ ÆМБИСÆХСÆВ

## I

Уыди райдзаст сæрдыгон райсом.

Леуан бадти кæрты дуары раз æмæ, æвдæлон уæвгæйæ, хæрынкъайæ къæцæлтæ амадта.

Леуан царди Пыхсджынæн йæ тæккæ кæрон. Уый хæдзарæй æддæмæ уыди сæрвæт, сæрвæты æдде та зындысты цъитиджын хæхтæ.

Амайы Леуан къæцæлтæ, алырдæм дæр акæсы.

Æвиппайды къæцæл æмæ кард кæрæдзийæ фæхицæн сты æмæ афтæмæй аззадысты. Дæлæ Фæзыхъæуы ’рдыгæй къахвæндагыл дыууæ чысыл лæппуйы ссæуы.

– Чи уой, цымæ? – дис кæны Леуан. Ныккасти æдзынæг æмæ сæ базыдта. Уыдон сты йæ хæлар Габойы фырттæ, 10-азыккон Сандро æмæ 8-азыккон Андро.

Дыууæйæн дæр æмдзуарджын уыди Леуан. Цал хатты уыди сæ хæдзары, цал хатты уыдысты ацы сабитæ йæ хæдзары, куыннæ сæ базыдтаид!

Дæлæ схæццæ кæнынц.

Цы тарстхуыз сты! Цы тагъд цæуынц! Мацы зиан æрцæуæд Габойы хæдзарыл!

Мæнæ схæццæ сты. Уæззау улæфынц. Æрлæууыдысты Леуаны раз.

– Кæм уыдыстут, мæ хуры гыццылтæ, афтæ раджы? – фæрсы Леуан.

Сабитæ лæууынц. Дзуапп раттын нæ фæразынц. Леуан банхъæлмæ касти, цалынмæ уыдон æрулæфой, стæй та фæрсы:

– Дзæбæх сты Габо æмæ Тамарæ? Истæмæ уæ сæрвыстой, æвæццæгæн.

Сандро æнцад лæууы, ницы дзуры. Уæд кæстæр лæппу Андро базмæлыди йæ бынаты æмæ сдзырдта:

– Габо æмæ Тамарæ нæ марынмæ хъавынц. Æхсæвыгон дзырдтой уый тыххæй.

– Цытæ дзурыс уый, лæппу? – мидбылты бахудгæйæ, сдзырдта Леуан.

Сандромæ фыццаг зын касти йæ фыдыл æвзæрдзинад дзурын, æмæ уымæн къуылымпы кодта дзурынмæ. Фæлæ ныр, Леуаны ныхас фехъусгæйæ, хъæбæр загъта:

– Афтæ у, афтæ. Андро раст зæгъы. Абон сын бонырдæм фехъуыстам сæ ныхас. Тамарæ дзырдта Габойæн:

– Куы æрæхсæв уа, уæд сæ амар æмæ бафснай!

Леуан, ацы дзырдтæм хъусгæйæ, адзæгъæлдзаст ис. Къæцæл аппæрста, æрмæст ма хæрынкъа ратух-батух кодта. Уый зыдта, куыд цъаммар разынди Тамарæ, куыд нæ уарзы йæ мойы сывæллæтты. Ахæм адæймаг исты фыдмийæ нæ бацауæрддзæн.

Сандро дзырдта дарддæр:

– Тамарæ нæ хæдзармæ куы ’рцыди, уæдæй фæстæмæ нæ æдзух нæмы, къухæй дæр, къахæй дæр. Нæ цурты, æнæ фесхойгæйæ, цæуын нæ зоны. Хæринагæн нын дæтты уæлдæйттæ, уыдон дæр нын зæхмæ аппары. Габо та йæм, уыдæттæ уынгæ, дзургæ нæ кæны.

Ацы ран Сандро скуыдта. Йæ фæдыл Андро дæр сниудта, цæссыгтæ анхъæвзтой йæ цæсгомыл.

Леуан æмбæрста сабиты маст. Уый хорз зыдта, сæ фыды хæдзар сын зындон кæй фестади. Фæлæ хъуыддаг сывæллæтты марынил банцайдзæн, ахæм хъуыды йæм никæд æрцыдаид, ныр дæр æй нæ уырны.

Рæвдауы Леуан сабиты æмæ дзуры:

– Ма тæрсут, ма тæрсут! Уыдон, æвæццæгæн, хъазгæйæ афтæ дзырдтой... Цæут, мæ хуртæ, цæут фæстæмæ, мацæмæй тæрсут!

Леуан радта сабитæн фæткъуытæ æмæ кæрдотæ æмæ сæ рæвдауæн ныхæстимæ арвыста.

Арвыста сæ, фæлæ бон-изæрмæ уыдоны тыххæй хъуыдытæ йæ сæрæй нал хицæн кодтой. Æцæг амарынæй сын нæ тарсти – уымæ куыд æрхаудзæн Габо – фæлæ фыдран кæй сты, ууыл хъынцъым кодта Леуан.

## II

Царди Фæзыхъæуы иу чызг – Тамарæ. Йæ ас – рæстæмбис, нарæгастæу. Æрфгуытæ дыууæ сау калмау æртыхстысты йæ худгæ цæстытыл. Тамарæ иу рæстæджы царди Калачы, йе ’фсымæры

бинонтимæ. Уым базыдта фыссын æмæ кæсын, базыдта сахайраг чызджытау дарæс дарын æмæ химæ зилын пудрæйæ æмæ ахорæнтæй. Йе 'фсымæр куы амарди, уæд рацыди фæстæмæ йæ фыды хæдзармæ.

Рæсугъд нæ уыди Тамарæ, йæ тæссармæ дæндæгтæ ма йæ фыдуынд дæр кодтой, уæддæр æм иннæ чызджытæ хæлæггæнгæйæ кастысты, лæппутæ та йæ бæллыны цæстæй цух нæ уагътой. Тамарæ чызджытæм бæрзонд цæстæй касти, лæппутæй та хынджылæг кодта. Уарзон цæстæнгас æмæ мидбылты худтæй-иу ссæра кодта лæппуйы, стæй-иу æй зонгæ дæр нал кодта.

Афтæ фæкомкоммæ ис Тамарæ Пугаты Габомæ дæр æмæ йæ сæрра кодта. Габо – уындджын, хæрзконд лæппу – йæхи зæрдæмæ дæр цыди. Чи зоны, куы йæ курид, уæд ын комгæ дæр бакæнид. Уый Бакуйы куыста, æхца æрæмбырд кодта æмæ æгас Фæзыхъæуы уымæй дзæбæхдæр ничи цæры.

Афтæ лæппу дæр нал уыди Габо, 30-азыккон, ус ын ис дыууæ сывæллонимæ. Фæлæ Тамарæйы куы ауыны, уæд æй йæ ус дæр ферох вæййы, сывæллæттæ дæр.

Уалынмæ диссаджы хабæрттæ хъуысын байдыдтой стыр Уæрæсейы 'рдыгæй. Паддзах ратылди йæ кады бандонæй, кæмдæр Сыбыры цъыфдзасты æмбийынц йе стджытæ. Фæзындысты большевиктæ, уыдон фæсырдтой æлдæртты, кънйæзты æмæ алымыггаг мулкджынты. Большевиктæ асастой сылгоймаджы рæхыстæ, ссæрибар æй кодтой. Абонæй фæстæмæ, нæлгоймагæн цы бартæ уа, сылгоймагæн дæр уыцы бартæ уыдзæн.

Ахæм диссæгтæ хъуысти Уæрæсейы 'рдыгæй.

Фæлæ мæнæ æрбахæццæ сты большевиктæ Фæскавказмæ дæр. Мæнæ фæзындысты женотделтæ, мæнæ агурынц, делегаткæтæн чи сбæзза, ахæм сылгоймæгты. Тамарæмæ дзырд лæвæрд никæцæйма уыди, афтæмæй йæхæдæг райдыдта амонын чызджытæн æмæ лæппутæн ног царды æгъдæуттæ, куыд сæ æмбæрста, афтæ.

Иухатт Цхинвалæй сæфтыди Фæзыхъæумæ иу партион.

Уыцы партион иттæг дæсны разынди чиныджы. Цы нæ зыдта – Маркс уæд, Энгельс уæд, социализм, коммунизм, муниципализаци, национализаци æмæ ноджыдæр бирæ ахæм цыдæртæ. Сылгоймаджы барты тыххæй дæр бирæ фæдзырдта.

Чи зоны, цытæ фæдзырдта уыцы коммунист Тамарæйæн, фæлæ дыккаг бон Тамарæ ацыди Цхинвалмæ. Куы ссыди фондз боны фæстæ, уæд хуыдта йæхи комсомолкæ æмæ делегаткæ. Йæ хуыз афтæ фендæр ис, æмæ йæ зонгæ дæр æвиппайды ничиуал бакодта. Йæ сæрыл уыди кепкæ, кæцыйæн йæ бырынкъ размæ ацыди хорз дисныйы бæрц. Кепкæйы бынæй пыхцылгондæй зындысты дзыккутæ. Юбкæ хæццæ кодта æрмæст уæрджытæм, цъындатæ та фадхъулты онг. Юбкæйæ цъындаты æхсæн зындысты бæгънæгæй рæсугъд урс-урсид зæнгтæ. Цы лæппу-иу фæкомкоммæ ис уыцы урс зæнгтæм, уый-иу бауадзыгмæ бирæ нал хъуыди.

Коммунист ма Фæзыхъæуы куы уыди, уæд дæр æвзæрста Тамарæ папирос дымыныл, фæлæ хорз нæ арæхсти, æмæ йыл нæ фидыдта, фæлæ ныр никæцы нæлгоймаг сарæхстаид афтæ рæсугъд йæ къухты папирос дарын. Куы-иу спъæртт кодта папирос, уæд-иу фæздæджы цæгтæ ленк кодтой уæлæмæ кæрæдзи фæдыл. Иуæй-иу хатт та-иу Тамарæ йæ былтæ амыр кодта, æмæ-иу уæд фæздæг фындзы хуынчъытæй кæлын байдыдта. Рæсугъд дымдта Тамарæ тамако, тынг рæсугъд. Лæпputæ-иу æм кæсынтыл фесты.

Тамарæ зæрдиагæй райдыдта кусын сылгоймæгты æхсæн.. Амыдта сын, адæм сæрибар кæй систы, сылгоймагæн йæ бартæ нæлгоймаджы барты æмбæрц кæй систы. «Хъуамæ сылгоймаг дæр, æнæ искæй фæрсгæйæ, цæуа, кæдæм æй фæнда, уырдæм. Хъуамæ йын бар уа, кæй уарза, ахæм лæгимæ цæрын. Лæгтæ сахуыр сты сылгоймаджы фосыл нымайын, æфхæрдтой, надтой йæ, æмæ-иу уый фосау фæстæмæ ницы дзырдта. Æз та уын зæгъын: æппындæр сæ коммæ ма кæсут! Æфхæрд кæуыл цæуа, уый хицауадæн хъусын кæнæд. Цæут, кæдæм уæ фæнды, уырдæм, цæрут, цы нæлгоймæгтæ тынгдæр уæ зæрдæмæ цæуынц, уыдонимæ! Ныронг уыдон æвзæрстой, ныр та хъуамæ мах æвзарæм!» – афтæ æмæ ноджыдæр бирæ ахæм цыдæртæ амыдта Тамарæ Фæзыхъæуы сылгоймæгтæн.

Тынг зæрдиагæй кусын байдыдта Тамарæ. Фæлæ устытæй бирæтæ йæ ныхæстæм нæ хъуыстой, æмбырдтæм нæ цыдысты. Бирæтæ та йыл худгæ дæр кодтой. Лæгтæ та, тынгдæр зæрæдтæ, знаджы цæстæй кастысты Тамарæмæ.

Йæхи фыд дæр ын знаг фестади. Иухатт баздæхти Тамарæмæ:

– Цæй тамако дымд дын у уый? Исты нæлгоймаг дæ? Ныууадз

де ’взæр митæ, дæ цъаммардзинæдтæ. Мауал ралли-балли кæн, æппын хæдзар куы нал агурыс! Мæнæ дæ мад кусынæн нал у, æмæ йын иуцъус æххуыс кæн!

Фыд уыцы ныхæстæ куы кодта, уæд Тамарæ йæ тæккæ хæргæйæ уыди. Уый афтæ смæсты ис йæ фыды ныхæстæм, æмæ æууылд хæринаг ныхъуырыны бæсты æддæмæ ракалдта.

Галиу къух сины фæсагъта, рахиз къух та Цхинвалы ’рдæм адаргъ кодта æмæ загъта:

– Ацы хатт дын хатыр уæд, баба, фæлæ ма дæ искуы ахæм ныхæстæ куы фехъусон, уæд дæ дæлæ Цхинвалы ахæстоны атъысдзынæн. Сæрибары рæстæг кæй æрцыди, уый дæм нæма бахъардта, æнхъæлдæн!

Уымæй фæстæмæ фыд иу зул ныхас дæр никуыуал скодта йæ чызгмæ.

Иннæ зæрæдтимæ дзургæйæ-иу Тамарæйы фыд ныхæстæй йæ маст суагъта, æлгъыста-иу цъаммар фæсивæды.

– Хæрз сæфт фесты нæ фæсивæд! – дзырдтой-иу иннæ зæрæдтæ дæр.

Хъæубæсты бирæты зæрдæмæ нæ цыдысты Тамарæйы митæ. Фæлæ Пугаты Габойæн хъауджыдæр нæ уыди. Уый зæрдæбынæй бауарзта Тамарæйы, æмæ йæ цард уыимæ куынæ сбætта, уæд æй фæлтау нæ хъæуы ахæм цард. Ныр мæнæ йæ ус рынчын у, чи зоны, нал фервæздзæн, æмæ уæд йæ хъуыддаг арæзт у, фæлæ куы фервæза, уæд цы кæндзæн, нæ зоны...

## III

Амарди Габойы ус. Баныгæдтой йæ. Йæ фæдыл зæрдæбынæй куыдтой йæ дыууæ лæппуйы Сандро æмæ Андро. Габо дæр-иу куы ’рбаймысыди, куыд дзæбæх ацарди йæ усимæ фыццаг, уæд-иу ныхъхъынцъым кодта, фæлæ-иу йæ разы фегуырди Тамарæйы хуыз, æмæ-иу уæд уайтагъд айрох ис йæ маст. Йæ усы мардыл мæй нæма рацыди, афтæ Габо схъæр кодта Тамарæйæн йæ фæндон.

Тамарæ бирæ нæ фæхъуыды кодта. Габо рагæй йæ зæрдæмæ цыди. Йæхæдæг ныр, æцæг, делегаткæ у, фæлæ делегаткæйы дæр хæрын æмæ нуазын хъæуы. Йæ фыды хæдзар мæгуыр у. Габо та –

амалджын лæг, æвæрд дæр ын цыдæртæ ис. Уыимæ хъуаг ницæмæй æйййафдзæн, стæй йын æнад дæр нæу. Кæд æй лæг йæ куыст кæнын нæ уадза, уæд Тамарæ уымæн хос ссардзæн. Кæд æмæ йæ зæрдæ æндæр лæгмæ бахъаза, уæд æй чи хъуамæ баурома – сæрибар ма цæмæн æрцыди! Цæргæ Габоимæ кæндзæн, æнæуи та йæ бар – йæхи. Фæлæ а сывæллæттæ? Кæйдæр сывæллæттæ? Уыдоны тыххæй нæ зоны, куыд уыдзæн. Исчердæм сæ фæкæнæд Габо, æндæр ма дзы исты ис!

Афтæтæ ахъуыды кодта Тамарæ æмæ загъта Габойæн:

– Æз разы дæн, фæлæ дын сывæллæттæ куы ис... Уыдон та?

Габо бахудти.

– Куыд сывæллæттæ? Уыдон нæ цы хъыгдарынц?

Тамарæ ницыуал загъта Габойæн, фæлæ ахъуыды кодта: «Рæстæг йæхæдæг амондзæн, цы хъæуы, уый. Сæрибар уый тыххæй не ’рцыди, æмæ æз æнæбары искæй сывæллæтты хæссон!»

Тамарæйы фыдæн æхсызгон уыди, йæ чызг моймæ кæй цæуы, уый æмæ чындзæхсæвы кой кодта, сауджыны кой, аргъуаны кой. Фæлæ йын чызг загъта:

– Баба, дæу ничи фæрсы, æмæ дæхицæн æнцад бад!

Чындзæхсæвы кой скодта Габо дæр.

– Революци уымæн у,– загъта чызг,– æмæ хъуамæ алы гæды æгъдæуттæ ферох кæнæм!

Ницыуал загъта Габо_дæр.

Чызг ын йæ къух йæ дæлармы фæтъыста æмæ йæ Фæзыхъæуы загсы балæууын кодта.

Иукъорд боны фæстæ Габо баздæхти Тамарæмæ:

– Худынц мыл ме ’мгæрттæ, мæ сыхæгтæ. Зæгъынц: «Фæхордта адæмы чындзæхсæвтæ, ныр йæхицæн æнцад сбадти!»

– Плевать! Революци ма цæмæн у! – загъта Тамарæ.

Габо разы уыди йæ цардæй. Æрмæст-иу, куыстæй æрцæугæйæ, арæх хæринаг цæттæ не ’рæйййæфта, Тамарæйæн-иу йæхи дæр арæх нæ баййæфта хæдзары. Бирæ хъуыддæгтæ уыди Тамарæйы: куы-иу исполкомы бадти, куы комсомолты æмбырды уыди, куы та – устыты æмбырды, æмæ кæй æвдæлди уыйас хæдзары хъуыддæгтæм! Цы гæнæн уыди, Габо-иу йæхæдæг ацæттæ кодта исты хæринаг.

Ус-иу афтæмæй хæринаг куы баййæфта цæттæйæ, уæд-иу ныббузныг ис лæгæй, йæ былтæ-иу æм пъа кæнынмæ бадардта.

– Æндæр хатт та æз сараздзынæн хæринаг. Хъуамæ радгай аразæм хæринаг, ныр сылгоймаг æмæ нæлгоймаг æмсæр сты,– афтæ-иу загъта ус, фæлæ фылдæр хæттыты хæринаг кæнын лæгмæ касти.

Габо ууыл бирæ мæт нæ кодта. Уарзон ус ын уыдис, æмæ ахæм лыстæг хъуыддæгтæ хъуыды нæ кодта. Бæргæ, Тамарæ делегаткæ æмæ комсомолкæ куынæ уаид, уæд сæ цард ноджыдæр хуыздæр уаид. Фæлæ алцы зæрдæйы фаг кæм ис! Стæй афтæ хъуыды кодта: «Афсæддзæн æмбырдтæй æмæ уæд йæ хæдзары сбаддзæн». Æцæг иу хъуыддагыл тынг хъынцъым кодта Габо. Ус сывæллæттæм знаджы цæстæй касти, æфхæрынæй сыл нæ ауæрста.

– Кæд чысылгай æрфидауид семæ! – афтæ ныфс æвæрдта йæхицæн уый тыххæй дæр Габо.

## IV

Иубон, куыстæй æрæгмæ æрцæугæйæ, Габо баййæфта йæ усы æнкъардæй. Хæринаг рахаста Тамарæ йæ лæгæн, фæлæ дзурынæй йæхи тигъ кодта.

Габо фæтарсти, кæд ус рынчын у, мыййаг. Фæрсы йæ:

– Цы дыл æрцыди, усай, цæй æнкъард дæ?

– Æнкъард ницы дæн, нæ зонын, цæмæн дæм афтæ кæсы! – дисгæнæгау дзуапп радта Тамарæ.

Уыцы æхсæв ус хицæнæй схуыссыди, лæджы фæндтæм хъус не ’рдардта. Кæсы лæг уый фæстæ бонты. Ус æнкъардæй рацу-бацу кæны. Хæдзары куыстæй фыццаг дæр ницы кодта, æфсоны æвнæлд йеддæмæ, ныр та æппындæр йæ хъус ницæмæуал дардта.

Афтæ фæдыл-фæдыл аивгъуыдта иу-фондз боны. Æппынфæстаг Габо йæхи нал баурæдта æмæ баздæхти усмæ:

– Зæгъ мын, Тамарæ, цы дыл æрцыди? Де ’нкъарддзинад мын мæ зæрдæ куы сæтты. Зæгъ мын, цы маст дæ хъыгдары?

Тамарæ бирæ ратигъ-батигъ фæкодта йæхи. Æппынфæстаг Габойы æфцæгыл ныттыхсти æмæ загъы:

– Сывæллæттæ дын кæй ис, уый мæ мары. Уыдон куынæ уаиккой, уæд мæ дуне, мæ цард ды уаис.

– Æмæ нæ цы хъыгдарынц? – зæгъы Габо.– Цæрæнт сæхицæн! Куы бахъомыл уой, уæд ма нын æххуыс дæр уыдзысты.

Ус йæ сæр банкъуыста æмæ сдзырдта:

– Сылгоймаджы зæрдæ афтæ нæу: йе иууылдæр, йе та æппындæр ницы. Хъуамæ нæ дыууæйы астæу мацы уæлдай исты уа. Кæд дæ æз хъæуын, уæд уый тыххæй ахъуыды кæн!

Лæг ницы уæлдай фæндтæ кодта, уый æнхъæл уыди, æмæ Тамарæ басабыр уыдзæн, æмæ дзæбæх цæрын байдайдзысты.

Фæлæ нæй, Тамарæ йæхи ныддур кодта, лæджы æмгæрон нал уадзы йæхимæ, алы ’хсæв дæр ын йæ хъусы дзуры:

– Фесаф искуыдæм дæ куыдзы хъыбылты!

Иухатт ын Габо зæгъы:

– Бацамон мын, мæ уды гага, кæдæм сæ фесафон!

Тамарæ йæ галиу къухы æнгуылдзæй зæхмæ амоны:

– Амар æмæ сæ бафснай дæлæ сыджыты бын!

Габо йæ къухтæй йæ цæсгом амбæрзта æмæ кæртмæ алыгъди. Уым, уынæргъгæйæ, æрдиаг кæнгæйæ, йæхи къуымты бирæ раппар-баппар фæкодта. Стæй бацыди фæстæмæ хæдзармæ æмæ баздæхти усмæ:

– Тамарæ, мæ уды гага, мæ зæрдæйы лæууæн, цæмæн мын зæгъыс уый! Куыд мын марын кæныс мæ сывæллæтты!

Бирæ фæдзырдта Габо, фæлæ ус йæхи хъæццулы стыхта æмæ лæгмæ иу дзырд дæр нал скодта.

Габо æхсæв нал фынæй кодта. Хъизæмарæй сыгъди. Йæ фарсмæ сылгоймаг, уыцы сылгоймаг, кæй тыххæй уыдысты йе ’хсæвы фынтæ, йæ боны бæллын. Фæлæ йæ къух Бурсамдзелимæ* куыд не ’ххæсыди, афтæ уыцы сылгоймагмæ дæр не ’ххæссыди.

Бонæй-бонмæ тади Габо. Хуыз дзы нал уыди. Рустæ мидæмæ бахаудтой. «Æвæццæгæн, зындоны фыдæбæттæ бирæ æнцондæр сты»,– загъта-иу хинымæр Габо.

Иуизæр, фæсахсæвæры, Габо тынг ласын байдыдта йæхи Тамарæмæ. Лæгъстæ йын кæны, дзуры йын рæвдауæн ныхæстæ:

– О мæ хуры хай! О мæ удлæууæн! Нал фæразын, нал!.. Цы аххос мæм ис? Цы кæнон? Зæгъ мын!

---

* Бурсамдзели – хох Хуссар Ирыстоны.

– Бафснай уæртæ уыцы куыдзы хъыбылты! – æмæ мæ царды фæлæууæн ды уыдзынæ! – афтæ уыди дзуапп.

Габо та йæ цæсгом къухтæй амбæрзта æмæ адæргæй æрæппæрста йæхи уаты астæрдыл. Уым бирæ фæуынæргъыдта, бирæ йæ цæссыг фæкалдта. Цæссыгтæ ахуырстой рустæ æмæ къухтæ æмæ фæйнæджытæм калдысты. Ус уыдта, Габо сæттынмæ кæй хъавы, æмæ йæхи фæстиат кодта уаты, айдæны касти, æрфгуытæ-иу адаудта, цæсты бынтæ-иу алæгъз кодта.

Сыстади Габо.

Бацыди Тамарæмæ.

Загъта:

– Рахæсс бел, хуыдоны бын уæрм скъахын хъæуы!

– Лæг куы разындтæ, лæг! – сцин кодта Тамарæ.

Хъарм пъа ныккодта Габойы былтæн æмæ азгъордта бел агурынмæ.

## V

Леуан хъуыдытæ кодта уыцы сабиты царды тыххæй, сæ абоны хъасты тыххæй.

«Хуыцау бахизæд фыдбылызæй»,– куывта хинымæр Леуан. Афтæмæй бафынæй ис.

Æмбисæхсæвмæ бирæ нал хъуыдаид, афтæ Леуан мидфынæйы ныууынæргъыдта æмæ фехъал ис.

Фехъал ис Леуан æмæ æрфæсмон кодта ууыл, цæуылнæ байхъуыста зæрдиагдæр сабиты ныхæстæм. Куыд æвзæр фын федта ныр! Йæ алыварс туг, тугæй къах æрæвæрæн нæй. Леуанæн йæ дарæс, йæ къухтæ – ахуырст. Къухтæ кæрæдзиуыл асæрфы æмæ ныхæсæгау кæнынц.

«Ай хуымæтæджы нæу, – дзуры хинымæр Леуан.– Чи зоны, кæд уыцы сабитыл æцæг исты зындзинад цæуы, чи зоны, кæд æцæг тас ран сты!»

Рабадти Леуан йæ хуыссæны. Адæргæй цы акæна, уый нæ зоны. Фæстагмæ нал баурæдта йæхи. Йæ гæрстæ акодта, револьвер йæ дзыппы атъыста æмæ араст и Фæзыхъæумæ. Габойы хæдзарæй ма рухс зынди.

– Бадынц ма, æнхъæлдæн,– сдзырдта хинымæр æмæ бахоста дуар.

Иу-дыууæ минуты дзуапдæттæг нæ уыди. Стæй Габойы ныхас фехъуысти дуары фæстейæ.

– Чи дæ ацы æнафоны?

– Æз дæн, æз– загъта Леуан.– Тъбеты уыдтæн æмæ мæ фæндаг сымахыл ракодтон, абæрæг уæ кæнон, зæгъгæ.

Дуар базыхъхъыр ис, æмæ дзы Габо дзуры:

– Мидæмæ дæ ракæниккам, æмæ æнафон у.

– Махæн та цæй æнафон ис! – загъта Леуан æмæ бараст ис, дзургæйæ, мидæмæ.– Иу арахъхъ мын авæрут, æмæ марш домой!

Габо æнæбары иуварс айста йæхи дуары зыхъхъырæй.

Уыцы минут Леуаны цæст æрцахста ахæм ныв: Тамарæ къухæй амыдта Габойæн: «Фæрæтæй йæ цæвæм... Уым æй бафснайæм». Ауыдта Леуан ноджы къулы рæбын бел, уымæл сыджытæй ахуырст.

Уыдæттæ фенгæйæ, Леуан асгæрста йæ дзыппы револьвер æмæ æнцад сдзырдта:

– Иу арахъхъ аназдзынæн æмæ, зарокъатæ кæнгæйæ, сфардæг уыдзынæн Пыхсджынмæ.

Лæг æмæ ус арахъмæ куы фесты, уæд Леуан бауади тыргъмæ – уым-иу хуыссыдысты сывæллæттæ.

Ризгæ къухæй февнæлдта хъæццулмæ, раппæрста йæ æмæ уыны: тугæйдзаг гобаны лæууынц тугæй æхгæд дыууæ сæры гуыртæй хицæнгондæй.

Йæ цæстытæ атартæ сты Леуанæн.

Дамбаца куыд фелвæста, дыууæ гæрахы куыд фæкодта, уымæн фыр мæстæй ницыуал бамбæрста.

Æрмæст йæ разы куы афæлдæхтысты дыууæ адæймаджы, уæд йæ зонд йæ бынаты æрбадти.

Йæ зонд йæ бынаты куы ’рбадти Леуанæн, уæд ма ноджыдæр дыууæ мардæн сæ ныхты фæйнæ нæмыджы ныссагъта. Стæй systа йæ дзыппæй гæххæтт æмæ химикон карандаш æмæ ныффыста ахæм ныхæстæ: «Дыууæ æнахъом сидзæр сывæллоны дардæй фæцыдысты мæнмæ, се ’мдзуарджынмæ, æххуыс æнхъæлмæ. Радзырдтой мын, сæ фыд æмæ йæ усы ныхас æхсæвыгон куыд фехъуыстой. Радзырдтой, марыны фæнд сæ куыд скодтой. Æз сыл нæ бауæндыдтæн, ницæмæй сын феххуыс дæн. Ныр мæнæ

дыууæ дæр æргæвстæй хуыссынц. Æз амардтон марджыты, марын мæхи дæр. Леуан».

Ацы фыст Леуан фынгыл æрæвæрдта æмæ та бацыди сывæллæттæм. Цæссыгтæ калгæйæ сыл цæхгæрмæ ныддæлгом ис æмæ ныхъхъæр кодта:

– 0 мæгуыр сидзæртæ! Дардæй мæм фæцыдыстут æххуыс æнхъæлмæ, фæлæ уæм æз нæ байхъуыстон. Сымахæн æххуыс раттын чи нæ бафæрæзта, уый уæ фæстæ нал схæцдзæн цæрынил. 0 мæ уарзон Сандро æмæ Андро! Цæуын, цæуын æз дæр уемæ иннæ дунемæ!

Сыстади æнцад Леуан æмæ револьверы фындз йæ риуы асагъта.

Фехъуысти иу гæрах, фæстаг гæрах. Уый фæстæ æгас хæдзары хъыпп-сыпп никæцæйуал хъуысти.

Фæлæ скæсдзæн райсом хур. Сыхæгтæй исчи бауайдзæн Габойы хæдзармæ, æмæ афтæмæй айхъуысдзæн дзыллæйыл, цæй диссаджы фыдбылыз æрцыди Фæзыхъæуы æмбисæхсæв.

# ДЗАСОХТЫ МУЗАФЕР: 85 АЗЫ



**(1937)**

*Ӕдзух дæ зæрдыл дар,*
*Цы фехъуыстай мæнæй:*
*«Бæркадджындæр лæвар*
*Фæлмæн ныхасæй нæй».*

# ФАРНÆЙДЗАГ ХИСТÆР

Æстай фондз азы сæххæст ис Ирыстоны зындгонддæр лæгтæй иу – адæмон поэт, прозаик, тæлмацгæнæг, публицист, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат, Балинта Балашшийы номыл æппæтадæмон премийы лауреат, Цæгат Ирыстоны æмæ Уæрæсейы Федерацийы культурæйы сгуыхт кусæг Дзасохты Музаферыл.

Дыууынæртæаздзыдæй кусын райдыдта газет «Рæстдзинад»-ы. Уыди газет «Молодой коммунист»-ы сæйраг редактор, партийы Цæгат Ирыстоны обкомы инструктор, телеуынынад æмæ радиохъусынадон комитеты сæрдары хæдивæг, сывæллætты журнал «Ногдзау»-ы сæйраг редактор, ныртæккæ та у йæ хæдивæг.

Дисы `фтауы, уыйбæрц паддзахадон куыстытæ æххæст кæнгæйæ, йæ бон литературæмæ цалдæр жанры ахæм стыр хуынтæ бахæссын кæй баци, уый. Уæвгæ йыл дис дæр цы кæнæм? Курдиатджын адæймагæн кæрдаг зонд æмæ æнкъараг зæрдæ куы уа, йæ размæ стыр хæс куы сæвæра æмæ йæм ныфсджынæй куы цæуа, йæ адæмæн æй хорздзинад скæнын куы фæнда, уæд йæ къухы бирæ æфты. Ирд уацмыстæ ныффыссын бафтыд Музаферы къухы дæр. Ирон литературæ фæхъæздыгдæр кодта «Фыды фарн», «Ракæндзынæн дын мæ зарæг», «Арсы уазджытæ», «Уалдзыгон стъалытæ», «Зæххы уæз», «Урсдоны былыл – Бæрæгъуын, «Бехъаны мугæ», «Иры дзыхъхъ», «Зæрватыкджын бæстæ», «Иры лæвар – сусæг хæс», «Менджы сой», «Мысыры сыджыт» æмæ бирæ æндæр чингуытæй.

Дзасохы-фырт сывæллætты зæрдæтæ барухс кодта йæ радзырдтæ, æмдзæвгæтæ æмæ аргъæуттæй. Дæсны у тæлмац кæнынмæ дæр. Ирон æвзагмæ раивта уырыссаг æмæ фæсарæйнаг номдзыд фысджыты уацмыстæ. Се `ппæт дæр ын тæлмацгонд æрцыдысты бæрзонд æмвæзадыл, фæлæ йын уæлдай раппæлинагдæр сты Омар Хайамы цыппаррæнхъонтæ æмæ Уильям Шекспиры сонеттæ.

Музафер æрмæст Ирыстоны нæу зындгонд, фæлæ ма бирæ бæстæты дæр. Йæ уацмыстæ йын сæхи `взæгтыл кæсынц уырыссæгтæ, украинæгтæ, белоруссиæгтæ, цæцæйнæгтæ, хъалмыхъхъæгтæ, кæсгæттæ, абхазæгтæ, венгрийæгтæ, болгайрæгтæ, монгойлæгтæ, индийæгтæ æмæ бирæ æндæр адæмтæ.

Дзырд дæр ыл нæй, йæ цæхæркалгæ курдиаты фæрцы Музафер ирон адæмы фæхæстæгдæр кодта иннæ адæмтæм, равдысты сын, ирон фарны мæсыг фидар кæй у, уый.

Дзасохы-фыртæн нырма йæ хъарутæ йæхимæ сты, йæ фыссæн сис нæма æрæвæрдта, æмæ ма йын бирæ курдиатджын уацмыстæ ныффыссын бантысæд!

Æнæниз у, Музафер!

*Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдар*
*Агънаты Гæстæн*

# ДУДЖЫ ХÆРЗГÆНÆГ

Кад æмæ радимæ æмбæлы йæ 85 азы юбилейыл нырыккон ирон литературæйы дæснытæй иу Дзасохты Музафер, ирон дзырды фарныл аудæг, бирæ цæрæнбон ын кæй зæрдæ зæгъы, ахæм фыссæг æмæ адæймаг. Царды зын фæндæгтыл дæр фæцыд, райдзаст фæзилæнтæ дæр ыл бирæ федта, æмæ йын ис, йæ чиныгкæсæгæн цы зæгъа, уый.

Йæ фыццаг уæзгæ уацмысты «райгуырдæн» бирæ азты размæ æвдисæн уыдис журнал «Мах дуг», æмæ йын абон дæр редакци æхсызгонæй фенхъæлмæ кæсы йæ ног уацмыстæм.

Æнæнизæй ног æмæ ног сфæлдыстадон æнтыстытæм цу, Музафер! Царды хуыздæр фæндиæгтæ кæмæ дарыс, уыдон дын дæ зæрдæ рухс кæнæнт кæддæриддæр! «Урсдоны былыл – Бæрæгъуын» – афтæ хуыйны дæ чингуытæй иу. Уым ирдæй бæрæг у, дæ райгуырæн хъæу куыд бирæ уарзыс, уый. «Дæллаг Ир» – уыцы автобиографион романы та æвдисыс Иры кæмттæм уарзондзинады æнкъарæнтæ. Гъемæ Ирыстон дæр, дæу æй куыд дидинæг калгæйæ уынын фæнды, ахæмæй бæрæг дарæд.

*Журнал «Мах дуг»-ы кусджытæ*



Æмхъæуккæгты æрфæтæ




Музафер æмæ йæ цардæмбал Фатимæ сæ кæстæрты кæстæртимæ

*ДЗАСОХТЫ Музафер*

# ТЫРЫСАТÆ

Зæххы уæлдай æфсæрм ис, уымæн æмæ уый ныййарæг у, стæй хуымæтæджы ныййарæг нæ: уый у, йæхæдæг ныййарæг чи у, уыдоны ныййарæг дæр. Дунейы цыдæриддæр ис, уыдон иууылдæр зæххимæ, æппынæдзухдæр туг кæм цæуы, ахæм дадзинтæй баст сты.

Зæхх æппæты хъæлдзæгдæр æмæ уыцы иу рæстæг æппæты стырдæр вæййы уалдзæджы æмæ уæлдайдæр та – сæрды. Зайæгойты тыхтæ куы базмæлынц, мæргътæ æмæ сырдтæ цот кæнын куы райдайынц, уæд. Зæххы цы мыггæгтæ ныххауы, уыдон сæхи хурмæ ивазынмæ фæвæййынц æмæ хæрдмæ сгæпп ласынц. Рухсæй фæхъæстæ уæвыны фæстæ сæхи ноджы уæлдæр ивазын райдайынц æмæ зæххæй фæбæрзонддæр вæййынц. Уæвгæ, уыдонæн сæхи бон ницы бауаид. Мад йæ сывæллоны йæ къухтыл куыд сисы, афтæ сæ зæхх дæр хуры рухсмæ сдары. Дуне куы фенынц, стæй сын сæхи дæр куы базонынц, уæд та сæ фæстæмæ æрæргъæвы.

Æрæгвæззæгæй рагуалдзæгмæ Зæххы йæ иннæ хъæбулты сагъæс вæййы. Уыдоны фæцæттæ кæны балцвæндагмæ. Хур йæ фæлмæн цæстæй куы ракæсы, уæд та Зæххы сæрмæ сæрттивынц æнахуыр бирæ тырысатæ. Иутæ дзы фæхуыйнынц талатæ, иннæтæ – кæрдæджытæ, аннæтæ – дидинджытæ. Уыдон сты зæххы тырысатæ, иу азæй иннæмæ ногæй ивд чи æрцæуы, ахæм тырысатæ.

Зæххæн ис æнусон тырысатæ дæр. Уыдон сты хæхтæ. Æппæты фыццаг куы фæзындысты, уæд Зæхмæ афтæ рæсугъд фæкастысты, æмæ сæ йæ цæст æндæртæй аивын нал бауарзта. Уæдæй нырмæ лæууынц уыцы иухуызонæй. Зæххæн йæ зæрдæмæ тынг хæстæг кæй сты, уымæ гæсгæ сын бар радта, цæмæй сæхиуыл дæр тырысатæ уа. Уыцы тырысатæ сты цъититæ æмæ æхсæрдзæнтæ, сагтæ æмæ дзæбидыртæ.

# ÆНАХУЫР ЗАРÆГ

Хъæддаг кæрдо бæласы цурмæ мæ æрбахуыдта æнахуыр маргъы æнахуыр зарæг. Дардæй йæм куы хъуыстон, уæд мæм цыдæр æдзæлгъæд фæкаст. Цыма хохæй ратулгæ дуры къуыбылеццыты уынæр фæзмыдта, афтæ мæм фæкаст. Фыццаг мыртæ-иу мæлæты дзæбæх систа, фæлæ-

иу уый фæстæ йе ’взаг йæ дзыхы нал бадт. Кæронмæ-иу ын куынæуал ахæццæ уа, уымæй дæр-иу фæтарстæн, фæлæ цъиу иу хатт дæр никуы фæкъуыхцы, гакъон-макъон фæндæгтыл-иу æппынфæстаг кæронмæ æрхæццæ. Уыимæ-иу ын фæстаг зæлтæ дæр фыццæгты хуызæн тынг аив рауадысты.

Кæрдойы бын пыхсæй нæ зынд. Йæ бындзæфхады алыварс сындз къутæртæ æмхъæлæсæй дзырдтой: «Хæстæг ма ’рбацæуай!» Бæласы цъупп та мæм сидти: «Æгонгæй, уыдонмæ ма хъус. Ницы дын кæндзысты. Уый бæсты æввахсдæр æрбалæуу æмæ фенай, ардæм цы зарæггæнæджы фæдыл æрбацыдтæ, уый».

Æцæгдæр афтæ бакодтон. Бæласы ныллæгдæр цæнгтæй дыууæйыл ныххæцыдтæн æмæ хердмæ кæсыныл нал ауæрстон. Цъиуы зарæг мæм мæлæты ныллæгæй хъуыст, фæлæ йæ мæ джигулгæнæг цæстытæ ссарын нæ фæрæзтой. Йæ зарæг-иу куы райдыдта, уæд-иу мæхинымæр фидарæй загътон, ныр мын нал аирвæздзæн, ссардзынæн æй, зæгъгæ. Зарæг-иу ахицæн, æз та-иу хъуахъдзыхæй лæугæйæ баззадтæн. Афтæ цалдæр хатты.

Æрæджиау, цъиуæн æппындæр æнхъæл кæм нæ уыдтæн, уыцы къалиумæ скастæн æмæ йæ куы ауынин. Стæй ма йæ, заргæ цы рæстæг нæ кодта, уæд куы нæ бафиппайдтаин! Хуымæтæджы æхсызгон мын уыд! Мæ риуы дзаг куы сулæфыдтæн, афтæ та маргъ ныййилæлæй кодта.

Ныр мæм бынтон æндæрхуызон фæкаст йæ зарæг. Цыма ивылд доны афтид боцкъа баппæрстæуыд, уый хуызæн-иу йæ зæлтæ куы уылæны цъуппыл балæууыдысты, куы та-иу дæлдон аныгъуылдысты æмæ-иу æппындæр нал хъуыстысты.

Цъиу, – булæмæргъæй зына-нæзына къаддæр чи уыдаид, ахæм. Йæ зарæгæй-иу иу мыр дæр нæма райхъуыст, афтæ-иу йæ мидбынаты базмæлыд, фыццаг зæл æмæ-иу буары зыр-зыр баиу сты æмæ-иу суанг зарæджы кæронмæ нал фæхицæн сты. Маргъ афтæ æхсызгонæй зарыди, æмæ уыцы заман топпы гæрах куы фæцыдаид, уæддæр йæ хъæлæс æрдæгыл нæ аскъуыдаид.

Мæргътæ æмæ зайæгойтыл куы фæхъуыды кæнын, уæд бирæ хатт мæ зæрдæ бамæгуыр вæйййы. Нæ хъæдтæ æмæ быдырты, нæ хæхтæ æмæ дæлвæзты уыйбæрц зайæгойтæ зайæд, уыйбæрц цæрæгойтæ цæрæд, æмæ дзы бирæтæн нæмттæ ма уæд! Кæд дзы, ном кæмæн нæй, ахæмтæ дзæвгар баззад, уæд уый не ’взаджы мæгуырдзинадыл дзуры. Кæд сын нæмттæ ис æмæ сæ нæ зонæм, уæд, æвзаг чи нæ зоны, азым уыдонмæ хауы.

Мæнмæ гæсгæ, нæмттæ бирæ мæргътæ æмæ зайæгойтæн ис, фæлæ дзы иуты зонгæ нæ кæнæм, иннæты та, æвæццæгæн, нал базондзыстæм, уымæн æмæ ферох сты, чи сæ зыдта, уыдонæй æгас кæй ничиуал у, чингуыты та фыстæй кæй нæ баззадысты, уый аххосæй.

Æндæр уæлæ ахæм æнахуыр цъиуæн не 'взаджы ном ма уа, уый тынг зын бауырнæн у. Кæд халон æмæ хъæндилмæ сæ нæмттæй дзурæм, уæд, йæ хъæлæс иннæ цъиутæй æппындæр кæй никæй хъæлæсы хуызæн у, уыцы маргъмæ хъуамæ дыууæуæладзыгон номæй дзуриккам, хъулон базырæй йæ ма амониккам фæлæ...

Æнахуыр маргъ йæ зарæг ноджы цъæхснагдæр хъæлæсæй систа, цыма мын мæ хъуыдытæ фескъуынынмæ хъавыд æмæ, æрмæстдæр мæнмæ хъус, зæгъгæ, дзырдта, уый хуызæн. Æмæ, æцæгæйдæр, мæ хъустæ æмæ та мæ цæстытæ иууылдæр маргъы баисты. Кæсын æм æмæ хъусын диссдажы зарæг. Чысыл раздæр æнахуыр цы зарæг рахуыдтон, уым æнахуырæй ницы уыд: гыццылæй нырмæ йæ зонын, чысылæй нырмæ йын ахсы йæ зæлтæ мæ хъус. Кæд æнахуыр у, уæд, иннæ мæргътæй бынтон æндæрхуызон кæй у, æрмæстдæр уымæй. Иннæ цъиуты зарджытæй кæрæдзимæ хæстæг бирæтæ лæууынц, æнцондæр бахъуыдыгæнæн сты, сæ хуымæтæгдзинадæй зæрдæмæ иуцасдæр, чи зоны, хæстæгдæр лæууынц, фæлæ уый афтæ нæ амоны, æмæ хуыздæр сты, хъулон цъиуы аивадæй уæлдæр лæууынц.

# ÆФЦÆДЖЫ СÆРТЫ

Тъæнджы мæйы кæрон афтæ стæмхатт вæййы. Хуры тынтæ буарыл æмбæлынц, суанг ма зæрдæмæ дæр æххæссынц. Уалдзæджы комулæфт æртхъирæнтæгæнæн мæйы сæрты зымæджы тæккæ бæрзонддæр æфцæгмæ дæр «бавнæлдта». Бирæ рæтты мит атад. Цъиуты зарæг фæбæлвырддæр. Фæхъæлдзæгдæр сты. Æмбарынц, ахæм уавæрты цæрын сæ бирæ кæй нал бахъæудзæн.

Рæстæджы ивд, æвæццæгæн, хъæдæй тынгдæр ницæуыл фæзыны. Стыр бæлæстæ æмæ цъыхырыджын къутæртæ, хæрынæн бæзгæ зайæгойтæ æмæ бирæазыккон кæрдæджытæ, хъæддаг сырдтæ æмæ алыхуызон мæргътæ – се 'ппæт нымад чи фæуыдзæн! Хъæды цард цæдджинагау фыцы сæрдæй, зымæгæй. Сæрдыгон – пæлхъ-пæлхъæй, зымæгон та – сындæггай.

Бæлæстæ уыцы гомæй лæууынц, цыма афтæ зæгъынмæ хъавынц,

сыфтæртæ ныл куы уыдис, уæддæр уæ æмбæхстæй ницы дардтам, зæгъгæ. Хуссарвæрсты мит бынтондæр айсæфт. Фароны сыфтæртæ иууылдæр тарбын бур афæлдæхтысты. Афтæ бирæ сты, æмæ зæххы буар нæ зыны. Къухæй кæнæ сæ лæдзæджы фындзæй азмæнт, æмæ дæм мæр разындзæн. Ранæй-рæтты дæ цæст æрхæцдзæн фæлурсцъæх æвзартыл. Зæхх ма салд кæм у, уым дæр сæ цыргъ бырынчъытæй сыфтæрты бын рæхойын райдыдтой. Фæлмæнæр рæтты йæ арфдæр акъах, æмæ давоны бын æд уидæгтæ схаудзæн.

Чидæр хъæд зæххы рæуджытæ схуыдта. Алы сыфтæр, алы къалиу æмæ алы бæлас дæр архайы, царды афтæ æхсызгон чи хъæуы, уыцы туаггуыр «раулæфыныл». Суткæмæ хъæды алы гектар дæр уæлдæфыл бафтауы дæсгай килограммтæ туаггуыр.

Уыцы хъуыддаг хъæды цæрджытæ хорз æмбарынц. Кæд æй æмбаргæ нæ кæнынц, уæддæр ыл зæрдиагæй архайынц суанг мæлдзыджы онг. Уæвгæ, мæлдзыджытæй иузæрдиондæр хæлæрттæ хъæдæн зын ссарæн у. Уыдон ныртæккæ «отпусчы» сты, фæлæ сæ бæсты кусджытæ ныууагътой. Сæ фыццаг хæдивджытæ сты хъæдхойтæ.

Цалынмæ мæм йæ къупп-къупп райхъуыст, уæдмæ йæ уынгæ дæр нæ фæкодтон. Бæрзонд тæрс бæласы ставд хъæдыл абадт æмæ йæ цалдæр цæфы ныккодта. Йæ зæрдæ йæм ницæмæй фехсайдта – хъæдыл ма цалдæр хатты дæлæмæ-уæлæмæ «фистæгæй» суади æмæ æруади æмæ фатхъæдыл абадт. Уырдыгæй йæ хойын мæлæты æмырæй райхъуыст. Иу цæф иннæйы æййафы. Мæ тæккæ цур сыфтæртыл бæласы хус цъæрттæ хауын райдыдтой. «Дохтыр» ссардта бæласы низ. Рæстæгæй-рæстæгмæ йæ хойын фæуадзы. Цыдæртæ дзы фелвасы æмæ та ногæй йæ къупп-къупп ссæуы.

Мæ цуры абадт дыууæ митмитгæнаджы. Бæласы цъæрттæм сæхи æрбайсынмæ кæй хъавынц, уый бамбæрстон. Куыддæр иуварс ацыдтæн, афтæ фæлæбурдтой æмæ цыдæртæ уидзынмæ фесты. Хъæдхойы фæстæ кæй зилынц, уый æрæджиау бамбæрстон.

«Дохтыр» сусхъæдыл абадт. Уым ын ноджы фылдæр «куыст» разынд. Йæ бынмæ митмитгæнджыты нымæцыл дæр бафтыд. Ахæм ма дзы маргъ уыдзæн. Йæхицæн «къæбæр» амал кæны, бæласы низ сафы, стæй ма йе 'мбазыр мæргъты дæр хæссы.

Сихормæ 'ввахс бæлвырд фæхъармдæр. Цъиуты цъыбар-цъыбур тынгдæр хъуысын райдыдта. Уыимæ, сæ хъæлæстæ фæалыхуызондæр

сты. Хъулон цъиуты балмæ цыма исчи фæсидт, уый хуызæн фатхъæды æвзонг талайыл абадтысты. Мæ алыварс ахъахъхъæдтон: æнæхъæн хъæды ацы гыццыл бæлас йеддæмæ сыфтæртимæ иу къалиу дæр нал баззад.

Хъулон цъиутæ сæ мæргътæ фæхуыдтой æви сын сыфтæрджын талайы уынд уалдзæг сæ зæрдыл æрлæууын кодта, нæ зонын, фæлæ сæ хъæлдзæг цъыбар-цъыбурæй бæрæг уыд, цыдæр хорздзинад сыл кæй æрцыд.

Зымæджы тых сæттын райдыдта. Бонæй-бонмæ йæ хъарутæ кадавардæр кæндзысты. Уалдзæг та хæстæгæй-хæтæсгдæр кæндзæн. Мæргътæй нырма иуæй-иутæ фæлварынц зарыныл, уый дæр хъавгæйæ, фæлæ зарынмæ æмхуызонæй куы февналой, уæд сæ уалдзæг фехъусдзæн æмæ сæм йæ цъæх базыртыл æртæхдзæн, зымæг та фароны хуызæн лидзæг фæуыдзæн.

# ФÆСМОН

Мæ мидфынæймæ цыдæр æнахуыр хъæлæба хъусын. Замманай дзæбæх хуыссыдтæн. Мæ цæстытæ байгом кæнын мæм нæ цæуы. Афынæй уæвыныл ма мæ зæрдæ дарын. Фæлæ ницуал: сывæллæтты хъæр та нæ тæккæ рудзынджы бын ссыд.

Цы та ссардтой, Хуыцау йæ зонæг. Ракастæн. Ахæм рухс æнхъæл ын нæ уыдтæн. Мæ цæстытæ ахгæдтон. Ногæй та сæ байгом кодтон. Ацы хатт мæ рухс уыйас нал бахъыгдардта...

Дзыцца, кæй зæгъын æй хъæуы, кусынмæ раджы ацыд. Мæ хотæ дæр ам куынæуал сты. Уыдон дæр мæ хуысгæйæ ныууагътой. Мæн æдзухдæр хъал кæнын фæхъæуы. Мæхи зондæй раджы никуы сыстин. Райсомæй мæм фынæй кæнын тынг фæцæуы. Ныр дæр æрæджиау у. Нæ сыхы сывæллæттæ ма хъазынæй дæр бафсæстысты. Сыстын хъæуы.

Мæ хуыссæн куыдфæнды æфснæйдтытæ акодтон, сапон райстон, хисæрфæн ме уæхскыл баппæрстон æмæ Куыройыдонмæ фæраст дæн. Цы уазал у! Къухтæ дзы нæ лæууынц. Фæлæ уæддæр мæхи æрдæгæй уæлæмæ ныхсадтон.

Уартæ фæндагыл чидæртæ æрбацæуы. Агуыбе æмæ Хæмæтхъан. Гæнгæлытæ æрбахæссынц. Фæндагыл дæр сæ хæрын куыд нæ уадзынц. Æви таджы нæ бафсæстысты!..

– Салам, донласджытæ, æмæ, æмбисбонмæ чи фынæй кæны, уыдонæн се ’ппæтæн дæр! – дардæй мæм ныхъхъæр кодта Хæмæтхъан.

– Цæуылнæ хуысса, зоны йæ, алцыдæр ын цæттæйæ кæй уыдзæн, уый,– ныхас йæхимæ айста Агуыбе.

– Уæлбыл мæ фæкодтат уæ кæрдæджы сыфтæй! – мæ цурмæ куы ’рбахæццæ сты, уæд сын æнæрвæссонхуызæй загътон æз.

– Бæстæтæ ды афæлдæхтай, æмæ уый не ’ртæйы фаг дæр у! – алхыскъ та мæ кодта Хæмæтхъан.

– Дыууæ бонмæ Дудтул йæ къухы нырраууат, – арфдæр бавнæлдта Агуыбе, – ныр йæхæдæг æнцад сбадти. Ничиуал æй хъæуы. Æмбæлттыл сыстырзæрдæ.

Мæ цуры æрлæууыдысты.

– А, хæр, дæ бæрзонддзинад! – мæ разы мын цалдæр гæнгæлыйы зæнджы æрæппæрста Агуыбе, йæхæдæг кæрдæгыл æрбадт.

– Ныр уымæй уæлдай махмæ хæстæг цæуынвæнд нал кæныс? – бафарста мæ Хæмæтхъан.

– Æмæ мын цы хорздзинад æрцæттæ кодтат?

– Найынмæ дæр нал цæуыс?

– Æз ныртæккæ дæр ыннадтон мæхи.

– Уый нымады нæу.

– Уæдæ?

– Урсдоны дзы куынæ аленчытæ кæнай!..

– Æмæ ленк кæнынæн цы ’мбарыс?

– Цы?

– Сывæллоны хуызæн дæ къухтæй доны уæлцъар хойын байдайыс...

– Цом æмæ йæ бафæлварæм!..

– Фæстæдæр, – дзуапп радтон æз, æмæ мын Агуыбе мæ разы цы гæнгæлытæ æркалдта, уыдон систон.

– Ныртæккæ цом! – сцыбæл Агуыбе.

– Нырма дон уазал уыдзæн, – сабыр æй кæнын æз. – Стæй хæргæ дæр ницыма бакодтон. Куыддæр хур ныгуылæнырдæм фæкъул уа, афтæ ацæудзыстæм. Мæ фæндыл сразы сты. Агуыбе мæм диссаг фæкаст. Махæн ма Хæмæтхъанимæ уæлдай нæу. Нæхи курын нæ никæмæй хъæуы. Дзыцца изæрæй раздæр не ссæуы. Хæмæтхъан та сидзæр у. Йæ фыд хæсты ис. Йæ мад та æндæр мой скодта. Хæмæтхъан дзы лидзæг фæци. Мад йæ кæстæр фыртимæ йæ ног лæгмæ ацыд, уый та ам баззад йæ фыдыфсымæрмæ. Бон-изæрмæ куынæ фæзына сæхимæ, уæддæр æй агурæг нæ уыдзæн. Уымæ дын Агуыбе! Ацы бон мæлæты уæндонæй дзуры!.. Иунæг лæппу

у, æмæ йæ æнæ фæрсгæйæ къахдзæф дæр никæдæм фæуадзынц. Чи зоны, сæхимæ ничи ис. Æмæ йыл куыд баууæндыдаиккой. Йæ фыдымад куы никуыдæм фæцæуы...

Хæдзары дæр тæвд кæнын райдыдта. Сихорыл тынгдæр æрæндавы. Ацафон бæстæ сабыр вæййы. Уынджы змæлæг нæ фендзынæ. Зæронд устытæ сæхи бæлæсты бынмæ байсынц. Кæмæ дзы æлвисинаг вæййы, чи къуымбил февзары, чи та йæ хуыинаг йемæ райсы. Фос дæр аууон бынæттæ ссарынц æмæ, цалынмæ фæсатæгдæр вæййы, уæдмæ сæхи нал равдисынц. Лæпputæ та æмхуызонæй дæр Урсдонмæ аивылынц...

Уынгмæ рацыдтæн. Агуыбетæ нæ бакомкоммæ цæрынц. Никуыцæй зыны. Бадзурын дæр æм нæ уæндын. Мыййаг æй куынæуал рауадзой. Фæлтау æм банхъæлмæ кæсон.

Хæмæтхъан æваст мæ уæлхъус алæууыд. Уыцы схойгæ цыд байдайы, æмæ йæ къæхты уынæр хъуысгæ дæр нæ кæны.

– Агуыбе кæм и? – цыма искæмæй тæрсы, уый хуызæн мæ хъусы сабыргай æрбадзырдта.

– Нæ зонын...

– Сæхимæ йæ нæ уадзынц, æвæццæгæн...

– Уæртæ рацæуы!

Йæ фæстæ – йæ фыдымад дæр. Ныртæккæ та райдайдзæн.

– Дардмæ ма ацæут, – дзуры мæм Гуассæ, – Хъазыбег, ды æмбаргæдæр дæ æмæ йæм дæ цæст фæдар. Донимæ хъæбысæй хæцæн нæй...

– Ма тæрс, Гуассæ, Урсдон ныртæккæ тæнæг у.

– Цытæ дзурыс? – ноджы мæм хæстæгдæр æрбацыд зæронд ус. – Адæймагæн бирæ нæ хъæуы, æмæ уæхи хъахъхъæнут!..

– О, о! Бамбæрстам æй! – сбустæ йыл кодта Агуыбе. – Ацу нæхимæ, кæннод ныл ам дæуимæ ныхæстæгæнгæйæ баизæр уыдзæн. Цомут, цæй, сымах дæр, кæд ма цæуынмæ хъавут, уæд!..

Мæсты кæны Агуыбе зæронд усмæ. Цыма дзидзидай сывæллон у. Мах цур æй уæд та куынæ ’фтауид цæсты. Тынгдæр уый тыххæй æрбафыхт.

Иуæй-иу хатт Агуыбейæн тæригъæд фæкæнын. Иуырдæм æй акаст нæ уадзынц. Æгæр дæр ма фæразы. Йæ бынаты æндæр ницы хуызы бабыхсид. Гуассæ йын алцæмæй дæр тæрсгæ кæны. Йæхиуыл дæр тынг ауæрды. Суадонæй доны бедра йе дзагæй дæр никуыма æрбахаста. Æмбисæй. Уымæ, хъуамæ бæлвырд бынæтты цалдæр лæуды æркæна

æмæ йæ фæллад суадза. Афтæмæй нæм суадон тынг хæстæг у. Тæккæ хъæугæрон цæрæм.

Фаллаг сыхмæ бахæццæ стæм. Фæндаджы фæлмæн рыг къæхтæ судзы. Æртæйæ дæр бæгъæввад стæм. Агуыбе йæ дзабыртæ йæ дæларм хæссы. Гомкъахæй дын æй куыннæ рауагътаиккой!.. Гуассæйы цур сæ нæ бауæндыд ласын. Сæхицæй куы радард, уæд сæ феппæрста.

Хъæуæй ахызтыстæм. Хуыртыл цæуын фæзындæр. Агуыбейæн уæлдай зындæр у. Æнахуырæй йæ къæхтæ риссынц. Мах цур фæкъæмдзæстыг уæвынæй тæрсы, æндæр йæ дзабыртæ фæстæмæ скæнид. Хатгай йæ къах фæдыдагъ вæййы, фæлæ йæ рис не схъæр кæны.

– Æз иу хорз ран зонын! – йæ бынаты фæлæугæйæ, сдзырдта Хæмæтхъан.

– Кæм? – афарстон æй æз.

– Æрмæст дард у.

– Искуы ма дæхи арф доны нынкай! Ленк кæнын дæр кæм уа, ныцъцъыввытт ласæн дæр.

– Цомут, уæдæ, – фæцырд Хæмæтхъан æмæ даргъдæр къахдзæфтæй араст.

Мах дæр – йæ фæдыл. Хуырæй æмбæрзт былгæрон фæци, æмæ нæумæ схызтыстæм. Ам та цы цæуын хъæуы? Нæ фæндагыл арæхæй-арæхдæр æмбæлæм фæрвы къутæртыл. Кæрдæг дзы дзæвгар арфдæр у. Æвæццæгæн æм фос не 'фтынц.

– Æрхæццæ стæм! – сæрыстырæй сдзырдта Хæмæтхъан æмæ йæ дзаумæттæ ласынмæ фæци.

Æнхъæлдæн æмæ диссаджы найæн у. Уылæнтæ бæлвырд бæрæг дæр не 'сты. Арф ран афтæ вæййы. Хæмæтхъан махæй фæраздæр. Байбыны сæрмæ фæрв бæласмæ сгæпп ласта, йæ къухтæ размæ ныттынг кодта æмæ йæхи донмæ ныззылдта.

– Ф-у-у-у! Мæнæ цы хорз у! – сдзырдта, фаллаг фарс йæ сæр сдаргæйæ, Хæмæтхъан æмæ йæ армытъæпæнтæй йæ цæсгомы дон сындæггай æрсæрфта.

Махæй бæласæй æргæпп кæнын ничи бауæндыд. Рагацау уал доны арф базонын хъæуы, кæннод Хæмæтхъаныл æууæнк нæй. Иухатт мæ хорз афæлывта. Комбайны фæстæ цы мæнæуы æфсиртæ баззад, уыдон уидзынмæ нæ акодтой. Сихорæн нын хъæрмхуыпп æрæвæрдтой. Хæмæтхъанмæ мæнæй раздæр æрхæццæ рад. Хъæрмхуыппæй ацаходгæйæ, сдзырдта:

– Æххæст тæвд дæр æй не скодтой!..

Æз дæр мæ хъæрмхуыппæй дынджыр уидыджы дзаг фелвæстон æмæ мын мæ комыкъултæ бацарыдта...

Агуыбеимæ доны иумæ бацыдыстæм. Уайтагъд дзы анығъуылдыстæм. Бæстæ тъупп æмæ тъæпп сси. Нæ сыхы лæппутæм, ленк кæнгæйæ, цæмæдæр гæсгæ афтæ нымад у, цыма, цас тынгдæр дон пырх кæнай æмæ дæ футтытæ арæхдæр хъуысой, уыйбæрц хуыздæр рæхсыс. Уайтæккæ иннæ фарс балæууыдыстæм.

Уый фæстæ бæласæй дæр гæпп кæнын райдыдтам. Бынтон æрæджиаумæ бафæстиат стæм найæны. Нæхимæ рацыдыстæм, хур Джермецыччы рæгъты сæрмæ куы ’рхæстæг, уæд. Æрдæбоны хуыртæм та схæццæ стæм. Агуыбе ацы хатт нал ныффæрæзта. Йæ дзабыртæ скодта.

– Хъазы лæппынтæ! – къутæрты ’рдæм ацамонгæйæ, сдзырдта Хæмæтхъан.

Къудзиты фæстæты сæм фæхъуызы.

– Рацæут тагъддæр, кæннод донмæ лидзынц!.. – сиды нæм Хæмæтхъан.

Мадæл хъазтæ, сæ къубæлттæ даргъ райвазгæйæ, сыфсыфгæнгæ размæ лидзынц. Сæ разæй згъорынц сæ лæппынтæ дæр.

– Дæлæты сæ размæ! – йæ къухæй мæм амоны Хæмæтхъан.

– Агуыбе, марадз, кæннод ирвæзынц!..

Хъазы лæппынтæ цалдæрæй донмæ ныггæпп кæнæны цæхгæрмæ æвæрд хъилыл фæкалдысты æмæ сæм мах дæр фæлæбурдтам. Хæмæтхъан дзы дыууæйыл фæхæст, мах та иугæйттыл. Иннæтæ донмæ ныйирвæзтысты æмæ удаистæй фаллаг фарсмæ ленк кæнынмæ фесты. Мадæл хъазтæ сæ хъæрæй нал æнцайынц. Мах кæй æрцахстам, уыцы лæппынты цъиппцъипп хъусынц æмæ сдыууæрдæм сты. Ардæм дæр сæ зæрдæ ’хсайы, фæсте ма сæ куы асурæм, уымæй дæр тæрсынц æмæ бар-æнæбары фалæрдæм ленк кæнынц.

Хæмæтхъан æмæ Агуыбе хъазы лæппынты сæ рæтты ныппæрстой, уæддæр ма йæ æз мæ къухты дарын.

Уымæй размæ лæппутæй бирæ хæттыты фехъуыстон Урсдоны былæй хъазы лæппынты давды кой æмæ-иу сæм мæхинымæр хæлæг кодтон. Ныр мæхæдæг ахæм уавæры куы бахаудтæн, уæд мæм хорзау нал фæкаст, æмæ мæ бынаты æнæзмæлгæйæ лæууыдтæн.

– Цомут рæвдздæр, кæннод нæ исчи фендзæн, – мæ чъылдыммæ райхъуыстысты Хæмæтхъаны ныхæстæ.

– Цы ныдджих дæ? – уый та мæм Агуыбе дзуры.

– Хорз нæу искæй хъазы цъиутæ давын, – сдзырдтон бынтон æрæджиау æз.

– Уæд сыл дæхи хъæрццыгъайау цæвын нæ хъуыд! – бауайдзæф мын кодта Хæмæтхъан.

– Æз æй ныртæккæ ауадздзынæн!..

– Ауадздзынæ, æмæ фесæфдзæн, – дзуапп мын авæрдта Хæмæтхъан.

– Кæннод та йæ рувас бахæрдзæн, – йæ фарс рахæцыд Агуыбе.

– Цæмæн?

– Уымæн æмæ йе ’мбæлтты нал ссардзæн.

Æз доны фаллаг фарсмæ акастæн æмæ, æцæгæй, хъазтæн сæ кой дæр нал уыд.

– Уæдæ йæ цы фæкæнон?

– Уæхимæ йæ ахæсс, æндæр æй цы фæкæнай, – зонд мын амоны Хæмæтхъан.

– Иннæ аз дын лæппынтæ рауадздзæн, – разæнгард мæ кæны Агуыбе.

Сæхицæй мæ æдылыдæр хонынц. Стæй, æвæццæгæн, тæппуддæр. Цы уа, уый уæд! Мæхи фæныфсджын кæнгæйæ, сдзырдтон:

– Цомут! – æмæ сæ разæй фæцæуын.

Уынгты йæ мæ къухты хæссын нал уæндыдтæн æмæ йæ æз дæр мæ роны нывæрдтон. Æрдæбонсарæй йæхи атон-атон кодта, фæлæ ныр фæсабырдæр. Исчи мæ куы базона, уымæй тарстæн. Нæхимæ куыддæртæй æрбахæццæ дæн. Сæрдыгон цæрæн уаты йæ суагътон. Уайтагъд лидзынмæ фæци. Стъолы бынмæ батахт. Уым йæ зæрдæмæ нæ фæцыд æмæ къуымы цъылыны фæстæ фæмидæг. Уырдыгæй пецы бынмæ фæцагайдта. Луарæнтæ йын иуцалдæр раны æркалдтон, фæлæ сæм кæсгæ дæр нæ фæкодта. Йæ фæдыл ратæх-батæхæй бафæлладтæн æмæ йæ фæстагмæ йæхи бар ныууагътон.

Æризæр. Замманай сатæг у. Хурныгуылды фæстæ улæфын фенцондæр вæййы. Нæ хъугмæ та мæ цæуын бахъæудзæн. Цæуинаг куы уыдаид, уæд афонмæ зындаид. Цалдæр боны йын кæрдæг не сластон, æмæ та йæ раздæры уайæнтæ æрымысыд. Ацы хатт мæ дардмæ цæуын нæ бахъуыд. Бердтæм фæзилæн тигъыл мæ тæккæ размæ фæци. Æвæццæгæн, хæдзармæ йæ зæрдæ ’хсайдта, æмæ бирæ хизын нæ бафæрæзта.

Дзыццаимæ уынджы баиу стæм. Йæ хызын æмæ йын йæ къæпи райстон, мæ хотæ дæр кæцæйдæр фæзындысты. Бæди мын хызын мæ къухæй

аскъæфта æмæ та йæ йæ фæдыл ласгæ фæхæссы. Гыццыл агъуысты скуыси. Æз æм фæсте дзурын:

– Хъазы лæппын ма ралидзæд!

– Цавæр хъазы лæппын? – сонт зылд мæм фæкодта Дзыцца.

Уыцы фарстæн мæ дзуапп дæттын кæй хъæудзæн, уый рагацау зыдтон æмæ йæм мæхи цæттæ дардтон:

– Урсдоны был æй ссардтон.

Кæд цыфæнды æнæкъуызгæйæ дзырдтон, уæддæр мæ хъæлæсыл бæрæг уыд мæ ныхæсты мæнгдзинад. Стæй Дзыццайы афæливын тынг зын у, ницы дзы бафæсвæд кæндзынæ. Адæймагæн йæ хъуыдытæ йæ ныхыл фыст сты, зæгъгæ, дзæгъæлы нæ фæзæгъы. Мæ чингуыты кæйфæнды хуызистмæ дæр бакæсæд – йæ миниуджытæ йын ранымайдзæн. Æмæ йыл алы хатт дæр баууæндын...

Мæ ныхæстыл уайтæккæ дæр фæдызæрдыг æмæ та мæ афарста:

– Кæм, зæгъыс, кæм?..

– Найæны цур. Сæ мадæлтæй фæдзæгъæл сты æмæ сын Хæмæтхъан æмæ Агуыбеимæ фæтæригъæд кодтам.

Æрдæбонсарæй ма мыл кæд чысыл æууæндыди, уæд ныр, Хæмæтхъаны ном айхъуысгæйæ, бынтон сдызæрдыг.

– Цал хатты дын загътон, Хæмæтхъанимæ ма цу, зæгъгæ?..

– Агуыбе дæр немæ уыди. Хæмæтхъан дзы дыууæ æрбахаста, мах та – иугæйттæ...

– Дыууæйæ дæр уый хуызæн стут! Цы уæ уæлдай ис, Хæмæтхъан дыууæ хъазы лæппыны адавта, сымахмæ та дзы фæйнæ йеддæмæ не 'рхаудта!..

– Давгæ сæ нæ ракодтам, – мæ ныхæстыл мæхæдæг дæр нал æууæндыдтæн, атфæмæй загътон æз.

– Иунæг ныхас дæр мауал суадз дæ дзыхæй! Ныронг дæ æдзæсгомæй нæ зыдтон. Мæ цæстытæм мын комкоммæ кæсы æмæ мæ фæливы!.. Цæмæн æрбахастай кæйдæр хъазы цъиу нæ хæдзармæ? Чи дæ стæригъæдгæнæг кодта?

Дарддæр дзурыны ныфс мæм нал уыд. Дзыццайы ныхæстæ мæ тынгæй-тынгдæр хызтысты.

– Ныр дæм афтæмæй Бæппу куы бакæсид! Уæдæ! Хæсты быдырæй йæ алы писмойы æппæты фыццаг кæй ном ардта, уыцы лæппу йын давынхъом фæци. Абон хъазы лæппын... Райсом – гогызтæ æмæ фыстæ! Иннæбон та – галтæ æмæ хæдзæрттæм бавналдзæн...

Уыцы ныхæстæ фехъусыны бæсты мæ фæлтау куы ницы уыдаид. Æз Бæппуйæ сæрыстырдæр куы никæмæй дæн. Ууыл раздæр куыннæ ахъуыды кодтон.

– Мæн йеддæмæ никуы ничи æрбахаста хъазы цъиу? – мæхи раст кæнынмæ архайын.

– Æмæ дæхи тæккæ æвзæрдæртимæ цæмæн барыс?

– Æз мæхи æппындæр никæимæ барын!..

– Уæдæ ныртæккæ, хъазы лæппын кæцырандæриддæр æрцахстай, уырдæм æй ахæсс!

Мæ бон дзурын нал уыд, æмæ сæргуыбырæй лæууыдтæн.

– Бамбæрстай?

Мæ бынаты фестъæлфыдтæн.

– Æмæ ма абонæй фæстæмæ искуы истæмæ бавнæлдтай, уæд мын мад нал ис, зæгъгæ, нымай.

Фæстаг ныхæстæ ме уæнгты ахъардтой. Мæ зæрдыл æрбалæууыд, раджы кæддæр цы фын федтон, уый...

Цыма Дзыцца æвиппайды февзæрд сакъадахыл. Бацæуæн æм никæуылты уыд. Иу къахдзæф-иу æм куы бакодтон, уæд-иу мæ къах ламийы фæцæйныгъуылд, æмæ ма-иу æй тыххæйты фелвæстон. Æз æм «Дзыцца! Дзыцца!» хъæр кæнын, фæлæ мын дзуапдæттæг нæй. Æрæджиау мæ цуры иу зæронд ус февзæрд æмæ мæм дзуры: «Дæ Дзыцца амарди, мæ бон бакæла!..» – æмæ мæ йæ хъæбысы æрбакодта. Æз мæ цæссыгтæ згъалгæ тынгдæр ныккуыдтон æмæ мæ тых мæ бонæй ныхъхъæр кодтон: «Дзыцца!..»

Уыцы минут фехъал дæн. Мæ цæссыгтæ мæ рустыл уадысты. Мæ хуыссæны рабадтæн. Хуры тынтæ дуары зыхъхъырæй мидæмæ калдысты, æмæ дзы рыджы муртæ сызгъæрин ссадау æрттывтой.

Мæ хъустыл ауад уисойы хафын. Чидæр кæрт мæрзы. Мæ фын мæ зæрдæйæ нæма фæцух, æмæ кæртмæ хъæр кæнын:

– Дзыцца!

Уайтагъд тыргъты къæхты хъæр ссыд. Дуар байгом, æмæ, цæстытæ кæмæ тар кодтой, ахæм рухсы астæу къæсæргæрон алæууыд Дзыцца.

– Цы кæныс, Гæбул?

Æз мæ хуыссæнæй рагæпп кодтон æмæ йыл, кæугæйæ, ныттыхстæн.

– Цæуыл кæуыс? – фæрсы мæ. – Дæ фыны исты федтай?

Æз мæ кæуын нал æмæ нал урæдтон. Дзыцца мæ йæ хъæбысы фелвæста æмæ мæ, йæ риумæ нылхъивгæйæ, фæрсы.

– Цы кодтай, Дзыццайы Гæбул? Цæмæй фæтарстæ?

Мæныл хæкъуырццæй кæуын бахæцыд.

– Дæ фыны исты федтай?

– О-о-о! – æппынæрæджиау сфæрæзтон æз.

Дзыцца мæ йæ хъæбысмæ ноджы тынгдæр нылхъывта æмæ мæ, мæ кæуынæй сабыр кæнгæйæ, дыууæрдæм радав-бадав systa.

– Æмæ цы федтай, цы дæ фыны? Радзур-ма йæ мæнæн! – лæгъстæ-хуызæй та мæм хаты Дзыцца.

– Цыма ды амардтæ... – æмæ та ныккуыдтон.

Дзыцца, цыдæр æнахуыр худт бакæнгæйæ, сдзырдта:

– Æмæ ууыл та цæуыл кæуыс? Æз мæнæ дæ цуры куы дæн. Мауал ку... Ды хорз лæппу дæ. – Стæй цыма æндæр кæимæдæр дзырдта, уый хуызæн, иуварсырдæм кæсгæйæ, загъта:

– Лæджы цæстытыл цы нæ ауайдзæн...

Мæ кæуынæй банцадтæн, уæддæр ма Дзыццайы хъуырыл фидар хæцын, цыма йын байсынæй тæрсын, уый хуызæн. Æрæджиау мæ сынтæгыл æрæвæрдта æмæ мæм дзуры:

– Марадз, дæ дзаумæттæ скæн, æз та кæрт афснайон, кæннод æй æрдæгмарзтæй фæуагътон.

Сыстынмæ хъавыд. Йæ цонгыл ын фæхæцыдтæн:

– Æз дæр цæуын демæ!

Тагъд-тагъд мæ хæлаф æмæ хæдон акодтон, Дзыццаимæ кæртмæ рацыдтæн æмæ йæ суанг изæрмæ цух нал суагътон, тарстæн, куы дзы фæхицæн уон æмæ йæ куынæуал ссарон, уымæй...

Уыцы æнамонд фын та мæ зæрдыл æрбалæууыд, æмæ ногæй Дзыццайæн фæтарстæн. Афтæ мæм фæкаст, цыма ныртæккæ Гæккæ æмæ Бæдийы къухтыл фæхæцдзæн æмæ уынгты дæлæмæ фæраст уыдзæн. Æз сæ фæдыл ацæуынмæ хъавдзынæн, фæлæ мæ къæхтæ нал змæлдзысты æмæ цавддурау мæ бынаты лæугæйæ баззайдзынæн. Мæ хъæлæсыдзаг сæм хъæр кæндзынæн, æрмæст мæ хъæр мæхимæ дæр нæ хъуысдзæн...

– Дæумæ нæ дзурын? – мæ хъуыдытæ æрдæгыл фескъуыдысты. – Уыцы хъазы лæппыны ахæсс, зæгъгæ, нæ фехъуыстай?

– Райсом æй ахæсдзынæн...

– Ныртæккæ, зæгъын æз!.. Æрмæст дæ куыд ничи базона, афтæ. Кæннод-иу ардæм цæуынвæнд мауал скæн. Мах къæрных ницæмæн хъæуы.

Сæргуыбырæй уæззау къахдзæфтæгæнгæ, асинтыл схызтæн. Гæккæ æмæ Бæдийы цæстæнгас мæхиуыл æрцахстон. Дыууæйæ дæр мæм уайдзæфгæнæджы каст кæнынц. Ехх, ныр уыдонæй фест. Мæхимæ та афтæ æгад æркастæн... Æнхъæлдтон, Дзыццайы зæрдæ барухс уыдзæн. Цæмæдæр гæсгæ мæм афтæ каст, цыма мын мæ ныхæстыл баууæнддзæн, æмæ уæд хъазы лæппынмæ мæхæдæг зылдаин. Фæззæгмæ байрæзтаид, уалдзæджы цъиутæ рауагътаид, æмæ иннæ фæззæгмæ нæ кæрт байдзаг уыдаид. Хæрзаг-иу мæ риу бахостаин, уыдон а лæппу фæфос кодта, зæгъгæ. Ныр мæ фæндтæ æмбойны æрбайхæлдысты.

Мæлæты тагъд баизæр. Цырддæр цæуын хъæуы, кæннод бынтон баталынг уыдзæн. Æнафоны Астемыртæ сæ куыдзы суадзынц, æмæ сæ рæзты æнæ золочъийæ ацæуæн нал вæййы. Уайтæккæдæр Урсдоны былмæ бахæццæ дæн. Мæ алыварс акæстытæ кодтон. Мæ цæст никæуыл æрхæцыд. Уæвгæ ацафон ам чи цы ми кæны! Хъазы цъиу мæ ронæй фелвæстон æмæ йæ суагътон. Уый цъипцъипгæнгæ дурты сæрты гæппытæгæнгæ фæлидзæг. Фæтæригъæд ын кодтон. Цы фæуыдзæн ахсæв?.. Рувас ыл куы амбæла, уæд – дæ балгъитæг афтæ. Нæ йыл бацауæрддзæн. Иууылдæр мæн аххостæ сты. Йе 'мбæлтты 'хсæнæй йæ бирæгъау раскъæфтон. Дзыццайы масты баппæрстон. Æмæ мæнæ ныр нæхимæ уæнтæхъилæй фæцæуын.

Мæ дзырдæн хорз хицау разындтæн!.. Мæн тыххæй та нæ бинонтæ æрæнкъард сты. Дзыцца мæм дзургæ дæр нæ кæны. Гæккæитæ мæм тигъмæ кæсынц. Тагъддæр ма ацы бон куы фæуид...

Бæргæ мæ нæ фæндыди, Хæмæтхъанитæ мæ сразы кодтой, æндæр. Ардыгæй фæстæмæ мын искæй зондыл ацæуæн нал ис. Цалдæр хатты тынг фæфæсмон кодтон, æмæ æгъгъæд фæуæд. Ссардтон æз дæр, кæмæ хъусон, уый!.. Хæмæтхъанмæ хорздзинадæй ницы ис. Йе скъола ныууагъта æмæ, кæй цæхæрадонæй нæ ракаст, ахæм ын нал баззад. Агуыбеты куыдзæн та судзин бадардта. Хуыцау хорз, æмæ йын æй йæ хъæлæсæй сластой, æндæр ныммардаид. Дзыцца мын уымæй размæ дæр бирæ хæттыты загъта, Хæмæтхъанмæ хæстæг ма цу, зæгъгæ. Ехх, æвæдза, алкæддæр мыл йæ ныхæстæ æрцæуынц, афтæмæй мæ арæх æрбайрох вæййынц. Æрæджиау ма фæсмон байдайын, æмæ ма уымæй цы рауайы!..

– Уæртæ дын стъолыл хæринаг, – цыдæр æцæгæлонхуызæй мæм сдзырдта Дзыцца, йæхæдæг гыццыл агъуыстæй рацыд. Хъазы лæппынæй дæр мæ нал бафарста. Афтæ мæстыйæ йæ бирæ хæттыты нæ федтон...

# БÆХЫ ЦÆССЫГТÆ

Хацъæмаимæ иумæ ахуыр кодтам. Æвдæмтæм куы схызтыстæм, уæд æнæхъæн сæрд иумæ арвитынмæ хъавыдыстæм. Ноджы Хацъæмайæн йæ фыды кæстæр æфсымæр (йæхи фыд мæ фыды хуызæн хæстæй нал сыздæхт) Астæуккаг Азийæ ссыди æмæ сыхаг хъæуы колхозы сæрдарæй кусын райдыдта. Уæд машинæтæ ныры хуызæн арæх нæ уыдысты. Дыууæ бæхы ифтыгъд тачанкæ цы колхозы сæрдармæ уыд, уый йæхи ныртæккæйы машинæджынæй æнæлæгдæр нæ хуыдта. Ахæм тачанкæ уыдис Хацъæмайы фыдыфсымæрмæ дæр.

Ам цы зæгъын мæ зæрды ис: нæ мæ бауарзта сыхаг хъæуы колхозы сæрдар. Фыццаг хатт мæ куы федта, уæдæй фæстæмæ. Хацъæматимæ фæрсæй-фæрстæм цардысты. Фыдыфсымæртæн – агуыридурæй амад ног хæдзар, Хацъæмайæн та – сæ фыдæлты иумæйаг саманкъул бæстыхай.

Дæ зæрдæ-мæ зæрдæ мæ Хацъæма йæ фыдфсымæрты цæхæрадонмæ ахуыдта. Æнæхъæн хъæу дæр кæй зыдтой, ахæм сæрдыгон сæрыйас сырхфарс фæткъуы сæм уыд. Дыргътæн-иу се 'ппæты разæй сцæттæ. Фыццаг цы хойраг фæзыны. уымæ та алчидæр цыбæл вæййы. Уæлдайдæр фæткъуымæ, уæлдайдæр сывæллон.

Куыддæр бæласмæ схызтыстæм, афтæ нæ йæ хицау æрбаййæфта. Хацъæмайæн алывыд акалдта. Стæй мæнмæ фæкомкоммæ. Чи дæн, уымæй Хацъæмайы бафарста. Чысыл мын фенцондæр. Цыфæнды фыдуагдзинад ракæнгæйæ дæр-иу, кæй фырт дæн, уый куы базыдтой, уæд-иу мын ныххатыр кодтой. Ныр дæр æнхъæлдтон, куыддæр мæ фыды ном зæгъа, афтæ тызмæгдзинад айсæфдзæн, йæ раздæры ныхæстыл фæфæсмон кæндзæн, æмæ мæ увæрæй фервæздзынæн, зæгъгæ.

Куыннæ стæй! Куыддæр мæ фыды кой айхъуыста, афтæ, калмæн йæ сæрыл цæхх куы акæнай, уыйау фестъæлфыди. Кæуылты æргæпп кодтон, уымæн абон дæр ницы зонын. Зæхх мын лидзынæн нал фаг кодта.

Уæдæй фæстæмæ дзы мæ удхæссæг федтон. Йæ тачанкæ-иу нæ рæзты куы сцæйцыд, уæд-иу мысты хуынкъ туманæй агурынмæ фæдæн. Нæ хæдзары арфдæр ран-иу скуыси дæн. Кæнæ та-иу цæхæрадоны мæ сæр фæцавтон.

Хацъæмаимæ уыцы хъуыддаг нæ ахастдзинæдтыл нæ фæзынд. Раст зæгъгæйæ, фыццаг рæстæг йæхи цыдæр къæмдзæстыгхуыз дардта, цыма, хабæрттæ афтæ кæй рауадысты, уым исты азымджын уыд, уый хуызæн.

Рацыд цалдæр боны. Хацъæма дзæвгар фæхъæлдзæгдæр. Йæ фыды-

фсымæр мæ кæй бафхæрдта, уый дзы рох кæнын райдыдта. Мæнæн дæр фенцондæр. Гыццылæй фæстæмæ хæлар кæимæ цардтæн æмæ хуыздæр æмбалыл кæй нымадтон, уыцы Хацъæмаимæ ногæй æнæкъæмдзæстыгæй цыдыстæм кæсаг ахсынмæ, зокъотæм, æрыскъæфдзуан...

Иуизæр та хъæугæрон дзыхъхъы-дзабойæ хъазыдыстæм. Хацъæмайы фыдыфсымæр тачанкæйы æрбацæйцыд. Хацъæма йæ куы ауыдта, уæд куыддæр йæ цæсгом фæтар. Æз æй фембæрстон, æмæ, цæмæй ма фемдзаст уæм, ууыл бацархайдтон.

– Ардæм-ма рауай! – айхъуыстон Хацъæмайы фыдыфсымæры хъæлæс.

Кæй агуырдта, уый зын базонæн нæ уыд. Хацъæма уыцы æнæвæндонæй араст. Иуæй, хъазт йæ тæккæ тынгыл уыд, иннæмæй та, мæнæй æфсæрмы кодта, фæлæ йын йæ хистæры коммæ цы æнæбакæсгæ уыди.

Лæппу тачанкæйы сбадти. Уайтагъд хъæуы уынгты баивгъуыдтой. Бирæ рæстæг нæма рацыд, афтæ Хацъæма фæстæмæ фæзынд. Тачанкæйы ифтыгъд бæхтæй иуыл бадт, иннæ та йæ фарсмæ тахт. Нæ цурмæ куы ’рбахæццæ, уæд федтон, иннæ бæхы дзыларбосыл къухæй кæй хæцыд.

– Æз ныртæккæ ’рбацæудзынæн, ацы бæхтæ бæхдонмæ бахæццæ кæнон.

Бæхыл бадын æм нæ хъазтæй бирæ дæлдæр æвæрд кæй уыд, уый иууылдæр бамбæрстам. Хацъæма бæхы фæрстæ басхуыста æмæ цæстыфæныкъуылдмæ Куыройыдоны хиды был балæууыд. Уæлмæрдты былмæ йæ бирæ нал хъуыд, афтæ, цы бæхыл бадт, уый фæсте аззад. Иннæ бæх Хацъæмайы галиу къух размæ тыхивæзт кæй кæны, уый бамбæрстон. Лæппутæ сæ хъазт фæуагътой, æмæ иууылдæр уыцырдæм акастысты. Уæлмæрдты былæй фæуæле сты. Æнхъæлдтон, ам сæ цыд фæсабырдæр уыдзæн, зæгъгæ, фæлæ раззаг бæхы уромæг уромын нал фæрæзта, Хацъæмайы рахауынмæ бирæ нал хъуыд.

– Цæмæйдæр фæтарст! – айхъуыстон лæппутæй кæйдæр хъæлæс.

– Ахаста йæ!..

– Æллæх!..

Хацъæма бæхæй куыд рахауд æмæ йæ иннæ бæх йæ фæдыл куыд аскъæфта, уый ма ауыдтон æмæ мæ цæстытæ ахгæдтон. Фæстæмæ сæ куы фегом кодтон, уæддæр ма бæх лæппуйы йæ фæдыл скъæфта.

– Йæ размæ цомут!

Куыройыдоны сæрты Къутуты цурмæ йæ размæ фестæм. Бæхдæттæй Къутуты астæу Хацъæма бæхæй фæхицæн. Йæ цурмæ куы бахæццæ стæм, уæд дæ фыдгул уымæ куы бакастаид. Сæры царм цæсгомыл æрбырыд. Йæ дзаумæттæ тугæй нал зындысты.

Лæппутæй чидæр хорхъахъхъæнæгмæ фæдзырдта, уый уайтагъд лæфлæфгæнгæ æрбалæууыд. Кæрдæгыл æй уæлгоммæ æрфæлдæхта. Йæ сæры цармmæ йын куы бавнæлдта, уæд мах ивуылдæр иннæрдæм азылдыстæм.

Уайтагъд хъæуæй фæфæдис сты. Рынчындонмæ ма йæ бæргæ аскъæфтой, фæлæ...

Уæдмæ бæхы тарст æрцыди. Тæрсгæ цæмæй фæкодта, уый фæстæдæр базыдтам. Хацъæма, бæхыл бадгæйæ, хиды был телыхъæды цурмæ куы ныххæццæ, уæд телы тыхтон йæ къахыл фæхæцыд (уымæй размæ тилифоны телтæ ивтой, æмæ уыдонæй баззад), æмæ уый æнахуыр дзыгъал-мыгъул æмæ тæссаг уынæрæй удаист фæци. Цы бæхыл бадт, уый дæр æдас кæм уыдаид, фæлæ, тел кæй къахыл ныххæцыд, уый ницуал æмбæрста. Æрмæст ма размæ лæбурыныл архайдта, цыма цас тынгдæр тахтаид, уыйас тагъддæр фервæзтаид. Ирвæзгæ дзы фæкодта, фæлæ – байрæджы. Дзыларбос Хацъæмайы къухыл фелхынцъ, æмæ йæ йæ фæдыл фæласта, цалынмæ нæ аскъуыд, уæдмæ.

Хацъæма кæм хуыссыд, уым иунæгæй баззадтæн æмæ куыдтон. Иузаман цыдæр уынæр айхъуыстон. Фæстæмæ фæкастæн æмæ тарст бæхы ауыдтон. Комкоммæ куы 'рбацæйцыд, уæд дзы фæтарстæн. Мæ алыварс ахъахъхъæдтон, кæд мæ цæст дурыл æрхæцид, зæгъгæ, фæлæ мæ бæхы сабыр цыд æмæ уæнгуагъд хуыз баурæдтой.

Бæх туджы малы цур тæфæрфæсгæнæджы лæуд æркодта. Йæ буарыл ихæнриз бахæцыд. Хæстæгдæр æм бацыдтæн æмæ федтон диссаг: бæхы цæстысыгтæ лæдæрстысты туджы малмæ. Мæхи буар дæр дыз-дыз кодта.

Иуцасдæр ма фæлæууыдыстæм, стæй йæ уыцы 'нæвæндонæй йæ дзылары скъуыд босæй бæхдоны цурмæ баластон æмæ нæхимæ рацыдтæн. Доны былмæ куы 'рбахæццæ дæн, уæд фæстæмæ фæкастæн æмæ та бæхы, Хацъæма кæм хуыссыд, уым лæугæ ауыдтон. Йæ цурмæ бацыдтæн æмæ йæ йæ цæссыгтæ згъалгæ баййæфтон. Мæхи цæстытæ дæр донæй айдзаг сты.

Ацы хатт æй бæхгæсыл бафæдзæхстон, æмæ йæ уый нал рауагъта.

Дыккаг аз, Хацъæмайы туг сау зæххы кæм ахъардта, уым сзади, уымæй размæ кæй никуыма федтон, ахæм кæрдæг. Иннæмæй бирæ цъæхдæр, уæйлаг нымæтæй чысыл къаддæр чи уыдаид, ахæм зæххы гæбаз фахсыл бæрæг дардта. Рацыд ма ноджыдæр афæдз, æмæ æнæхъæн фахс дæр ахæм бæзджын кæрдæджы бын фæци.

Хъæуы уæвгæйæ, уæлмæрдтæм арæх бацæуын. Ме 'намонд æрдхорды æвирхъау хъысмæтимæ баст кæрдæгджын тъæпæнмæ кæсгæйæ, мæ разы сысты, йæ цæстысыгтæ ставд фæрдгуытæй кæмæн згъæлынц, ахæм фæсмонгонд бæхы æнкъард фæлгонц.

## АРС ÆМÆ ЙÆ ФÆД

Адæймаг тæрсгæ куынæ кæнид, уæд ын тæссаг æппындæр ницæмæйуал уаид. Цæуылнæ? Афонмæ йæ кой, йæ хъæр нал уыдаид, æмæ уымæн. Стæй канд адæймагæн нæ, фæлæ зæххыл цыдæриддæр цæрæгойæ ис, уыдонæн се 'ппæтæн дæр.

Тас æрдзон æнкъарæнтæн сæ тæккæ домбайдæр у. Суанг нæ райгуырдæй фæстæмæ нæхи хъахъхъæнæм тасы фæрцы. Тæрсæм нæ къахы сындз фæныхсынæй, нæ цæст акъахынæй, нæ къух тæвд къæйыл авæрынæй. Æмæ цæмæй нæ тæрсæм!..

Тас куынæуал æмбариккам, нæхи æрвылуысм куынæ хъахъхъæниккам, æвиппайды гæрахæй хæрдмæ куынæуал схъиуиккам, басæй басудзыны фæстæ нæ доныл куынæуал фу кæниккам, уæд зæхх бынтон æндæрхуызон уаид.

Æрдзмæ алцыдæр лыстæг сасирæй луæрст у. Алы чысыл хъуыддаг дæр стырыл нымайы, æмæ дзы дзылыйæ домбайы онг алкæмæн дæр сæрибарæй цæрыны бар уымæн ис. Дзылыйы бон домбайæн куыд ницы у, афтæ домбайы бон дæр дзылыйæн ницы у, кæд иу зæххыл цæрынц æмæ дзы иуы тых иннæйы тыхимæ ницавæр тæрæзтыл сбарæн ис, уæддæр. Сæ дыууæ дæр царды домбай сты. Иуы бон дзы цы у, иннæйы бон дæр уый. Иу дæр дзы йæхицæн тæрсы, цæмæй цæра, уый тыххæй æмæ иннæ дæр.

Фæлæ цард æрмæст тасæй нæу. Æдзух тæрсгæ чи кæны, уымæн бирæ цæрæнбон нæй. Тæрсын цæмæй нæ хъæуы, уымæй куы тæрсай, уæд дыл кæйдæр æмбисонд æрцæудзæн.

Чидæр, дам, арсæн йæхицæй дæр тарст æмæ йæ фæдæй дæр, æмæ, цалынмæ зылынкъахы фæды цур зыр-зыр кодта, уæдмæ уый йе 'ккой абадт.

# ИВГЪУЫД ÆМÆ АБОН ИУГÆНÆГ ЗАРÆГ

Поэты хуыздæр лирикон уацмыстæй зæрдæмæхъаргæ зарджытæ арæх рауайы. Дзыллæ сæ бауарзы, æмæ авторы ном айрох вæййы, адæмонил нымад æрцæуынц. Афтæ у Дзасохты Музаферы æмдзæвгæ «Куы мын бакæсай кæйдæр къæсæрæй…»-ы хъысмæт дæр. Фыст 1971 азы æрцыд, 1996 азы та мыхуыры рацыд йæ чиныг «Уыцы боны фарны»-ы. Зарæг дзы кæй рауад, уый та авторæн æнæнхъæлæджы уыд: «Радиойы ма куыстон, афтæмæй афæдзы кæрон отпусчы ацыдтæн. Цалынмæ мæ фæллад уагътон, уæдмæ Мыстулаты Ирæ мæ рæнхъытæ адæмон мелодиимæ «бабаста». Фæндырæй йæхæдæг ацагъта, афтæмæй йæ Баллаты Валодяйæн азарын кодта. Хъырнджытæ та йын уыдысты  Суанты Федыр, Хъуылаты Елхъан, Бæцæзаты Юри æмæ Мыкагъаты Петр. Ирæ зыдта, мæ райгуырæн бон январы кæй у, æмæ мын уыцы бонмæ æхсызгон лæвар скæныны охыл зарæг суанг пленкæйыл дæр ма ныффыста. Рæстæг бирæ нæ уыд, æмæ уыцы хъуыддаг уæды рæстæг чысыл сгуыхтдзинадау уыдис. Куы рацыдтæн, уæд мын æм мæ кусæн уаты байхъусын кодта…»

Гъе, фæлæ уый фæстæ хабар афтæ рауад, æмæ зарæджы баиу сты ивгъуыд æмæ абон: «2011 азы æрбадзырдта Илурты Риммæ æмæ мæм æрхатыд, цæмæй Баллаты Валодяйы зарæгæн ныффыссон сылгоймаджы дзуапп дæр. Цымыдисаг мæм фæкаст ацы хъуыды, æмæ цыбыр рæстæгмæ «дзуаппон æмдзæвгæ» фæзынд. Рухс федта мæ чиныг «Адæмы цæст»-ы 2016 азы».

Афтæмæй зарæг райста «дыккаг цард» æмæ йæ ныр фехъусæн ис Дзуццаты Сослан æмæ Илурты Риммæйы дуэтæй. Мыхуыр æй кæнæм, куыд æй зарынц, афтæмæй, дыуутæ æмдзæвгæйы баиу кæнгæйæ.

* * *

Куы мын бакæсай кæйдæр къæсæрæй,  
Æппынæдзух дæр æз уымæй тарстæн.  
Мæ зонд фæлидздзæн мæнæн мæ сæрæй,  
Мæ зæрдæйæ та нæй лидзæн уарзтæн.

Кæйдæр мын не сты сымах къæсæртæ,
Тæхудиаг у дæ мад æфсинæн.
Мæ зæрдæйæн дæ хонын йæ зæрдæ,
Йæ хур – мæ хурæн, йæ цин – мæ цинæн.

Дæ фæндырдзагъдмæ, дæ рæсугъд зардмæ
Мæ мидфыны дæр æнхъæлмæ кастæн,
Фæлидздзæн ахсæв мæ хуыссæг дардмæ,
Мæ зæрдæйæ та нæй лидзæн уарзтæн.

Мæнæн мæ хуыссæг фæлыгъди раджы,
Дæуыл сагъæсæй æрвылбон тайын.
Уарзт фестын кæны маргъ адæймаджы,
Æрцъынд нæ уадзы æхсæв чызгайы.

Дæ буц ныхас мæ фæхоны цардмæ,
Дæ тызмæг фæкаст æгъгъæд у мастæн.
Æнцойдзинад мæ фæлидздзæн дардмæ,
Мæ зæрдæйæ та нæй лидзæн уарзтæн.

Дæуæн æрвитын мæ буц ныхæстæ,
Мæ хуыздæр зарæг кæнын дæ номыл.
Ды дæ мæ дуне, ды дæ мæ бæстæ,
Дæуæй фæхицæн мæ уд нæ комы.

Кæй фæнды, уый мæ нымайæд сонтыл:
Дæ цæстытæй мæм мæ фидæн разынд.
Кæны уæлахиз мæ зæрдæ зондыл,
Мæ зонд фыццаг хатт æдыхдæр разынд.

Æдзухдæр тавын мæхи дæ артмæ,
Дæу уарзгæйæ мыл ызгъорынц бонтæ.
Æндæр цæстытæй акастæн цардмæ,
Мæ хъуыдытæ та ысты æрвонтæ.


СЕВЕРО-ОСЕТИНСКИЙ ИНСТИТУТ


СЕВЕРО-ОСЕТИНСКИЙ ИНСТИТУТ
ГУМАНИТАРНЫХ И СОЦИАЛЬНЫХ ИССЛЕДОВАНИЙ
им. В.И. АБАЕВА

# ПОЭТЫ САГЪÆС – МАДÆЛОН ÆВЗАГ

Дзасохты Музаферимæ æмбæлдыстæм, институты ма куы ахуыр кодтон, уæдæй фæстæмæ, фæлæ уый фыццаг курсы уыд, æз та – фæстаджы, æмæ рæстмæ нæ базонгæ стæм. Хуссар Ирыстоны сæргъы куы лæууыдтæн, уæд мæм уыдис уазæгуаты Цхинвалы æмæ мын хъарм фæндиæгтимæ балæвар кодта йæ чиныг «Урс мæнæргъы». Фæлæ нæ æввахс зонгæ æрдхорддзинадмæ кæй анхъæвзта, уый «аххосаг» та у Терк. Терчы былмæ æввахс кæй цæрæм, уымæ гæсгæ ныр 20 азæй фылдæр æрвылрайсом фæтезгъо кæнæм иумæ, æмæ нæ уый тынг баввахс кодта.

Алы адæймаг дæр у тæразы хуызæн. Иуырдыгæй – йæ лæгдзинæдтæ, иннæрдыгæй та – хъæндзинæдтæ. Тæраз кæцырдæм æруæз кæна, уымæй разыны удгоймаг – хорз у æви æнæбары цыдæр. Ахæм тæразыл куы æрæвæрæм Музаферы, уæд «лæгдзинæдты тæраз» æвиппайды афардæг уыдзæн бынмæ, бирæ уæззаудæр кæй разындзæн, уымæ гæсгæ.

85 азы фагæй фылдæр сты фыссæджы цардвæндагыл афæлгæсынæн, цы йын бантыст литературæйы къæбицмæ бахæссын, цы фæд акодта ирон царды, æхсæнады, уый тыххæй радзурынæн. Гъемæ нæ фæрæдидзынæн, Музаферæн тынг бирæ бантыст сфæлдыстадон куысты, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд. Ирон аивадон литературæйы йæ бирæ æмæ цымыдисон уацмыстæй уый йæхицæн скодта цытджын бынат нæ разагъды фысджыты æмрæнхъ. Уый стыр æмæ кадджын бынат у.

Æппæты фыццаджы у Поэт. Ууыл дзурæг у, йе ‘мдзæвгæтæй бирæтæ кæй систы адæмон зарджытæ. Йæ цыппаррæнхъонты ис, адæймаджы зæрдæ чи бацагайа, дуджы миниуджытæ цалдæр рæнхъæй чи раргом кæна, ахæмтæ. Мады тыххæй бирæ фысджытæм ис зæрдæмæхъаргæ рæнхъытæ, æмæ сæ тыхджындæрты æмрæнхъ æвæрдæуы Музаферы æмдзæвгæтæ. Прозæйы стыр æнтыстытæ дæр дызæрдыггаг не сты. Цæсты ахадгæ æвæрæн бахаста публицистикæмæ. Уæдæ нæ гыццыл хуртæн цы стыр лæггад бакодта, 33 азы «Ногдзауы» сæйраг редактор уæвгæйæ, уый та хицæн ныхасы аккаг у. Нæ фысджытæ тынг бирæ саразтой классикты уацмыстæ

ирон ӕвзагмӕ тӕлмац кӕныны хъуыддаджы. Фӕлӕ мӕ исчи куы бафӕрсид, ранымай-ма аивадон ӕгъдауӕй хуыздӕртӕ, уӕд Бестауты Гиуӕргийы Шота Руставелийы «Стайы цармдарӕджы» тӕлмацы фӕстӕ зӕгъин Дзасохты Музаферы тӕлмац Омар Хайямы рубаитӕ.

Цымӕ цӕй фӕрцы бафтыд йӕ къухы уыйбӕрц ӕнтыстытӕ, куыд схызт ирон литературӕйы бӕрзӕндтӕм? Ӕрдз бирӕ кӕмӕндӕрты ратты курдиат, фӕлӕ бамынӕг вӕййы, йӕ райхалынил куынӕ архайай, уӕд. Музафермӕ уыцы курдиат ис, ӕмӕ куыстуарзаг кӕй разынд, уый фӕрцы йӕ курдиат дӕр дидин скалдта. Иууылдӕр ис куысты уӕлхъус, ӕнцой нӕ зоны улӕфты бонты дӕр, фӕлмӕцы, бӕрӕгбонтӕ фӕд-фӕдыл бирӕ куы ахӕссынц, уымӕй дӕр. Йӕ ручкӕ ӕмӕ блокнот йӕ дзыппы вӕййынц райсомӕй Терчы был, уӕдӕ-иу арӕх цыд санаторитӕм ӕмӕ-иу уырдӕм дӕр йӕ кусинӕгтӕ йемӕ ахаста.

Мӕ цард ирон адӕмы ӕхсӕн ацыд ӕмӕ цӕуы, фӕлӕ дзы Музаферы хуызӕн ӕцӕгӕй ирон ӕгъдауыл хӕцӕг лӕгыл арӕх нӕ фембӕлдтӕн – кӕцӕйфӕнды йӕ ма бафӕлварай, алырдыгӕй дӕр дзы цӕвиттойнаг ирон лӕджы хъӕр хъуысы. Цыддӕриддӕр ӕгъдӕуттӕ ӕнусты сӕрты ӕрхӕццӕ сты абоны онг, иуыл дӕр дзы йӕхи нӕ атигъ кодта, ӕххӕст сӕ кӕны хӕдзары ӕмӕ адӕмы ‘хсӕн дӕр. У хӕдӕфсарм. Ныр ӕй цас рӕстӕг зонын ӕмӕ дзы, ӕз дӕн, зӕгъгӕ, никуы фехъуыстон, нӕ уарзы алфавиты фӕстаг дамгъӕ.

Куыд фыссӕг, афтӕ у куырыхон ӕмӕ цыргъзонд. Цӕуыс йемӕ, ӕмӕ рауад кӕцыдӕр поэты кой (ирон, уырыссаг, фӕсарӕйнаг), уӕд дын ӕвиппайды радзурдзӕн йе ‘мдзӕвгӕтӕй исты. Ӕрмӕст арӕх вӕййы ӕнкъард, ацы цардӕй йӕ зӕрдӕ нӕ рухс кӕны, фыдызнӕгтыл нымайы, Советон Цӕдис кӕй къухӕй бабын, уыдоны. Йе стырдӕр сагъӕс та у ирон ӕвзаджы уавӕр, тӕрсы, афтӕ куы ахӕсса дарддӕр, уӕд не ‘взагимӕ нӕхӕдӕг дӕр куы фесӕфӕм куыд наци, уымӕй…

*ЦЫБЫРТЫ Людвиг*

# ХÆЛАР ÆМÆ ПАРАХАТЗÆРДÆ АДÆЙМАГ

Рауагъдад «Ир»-ы кусын куы райдыдтон, уæд мæм фыццагдæр цы къухфыст радтой, уый уыд Дзасохты Музаферы прозаикон уацмыс «Уалдзыгон стъалытæ». Бакастæн æй, æмæ мыл æхсызгон æнкъарæнты «къæвда» æруарыд. Чиныг рацыд, куыд редактор, афтæ дзы амынд æрцыдтæн. Уый фæстæ дæсгай азтæ фæкуыстам иу уæладзыджы, æмæ-иу нын кæрæдзийы уынд æхсызгон уыд, зæрдиаг ныхæстæ-иу фæкодтам.

«Алы фыссæг дæр иунæг хорз æмдзæвгæ куы ныффысса, уæд уый дæр фаг у литературæйы рæзтæн», – загъта кæддæр зондджын адæмæй чидæр. Гъемæ Музафер та ахæм хорз æмдзæвгæтæ бирæ снывæзта! Æрмæст «Гагкайты Алиханы зарæг» йæхæдæг кæуылты у! Фыццаг æй фехъуыстон адæмон зарджыты хорæй, уый фæстæ базыдтон йæ авторы, æмæ мын тынг æхсызгон уыд.

Уæдæ куыд цыргъзонд адæймаг у, уый та! Иухатт сæумæрайсом Терчы был йæ хæлар фысджытимæ куыд тезгъо кодта, афтæ сæ размæ иу лæг фæци æмæ сыл цинтæ кæнын байдыдта. Музафермæ йæ ныхас хорз нæ хъуыст, æмæ дын ын афтæ: «Хъæрдæрæй дзур, Камал уæзхъус у». Лæг Ходы Камалмæ (дзæнæты бадæд) йæхи байста æмæ хъæрæй дзурын байдыдта. Уый дзы рафæлмæцыд æмæ бустæгæнæгау загъта: «Æз хъусæй хорз хъусын!» Иннæ хатт та Музафер Терчы былмæ рацыд æмæ кæсы, Камал, иунæгæй лæугæйæ, цыдæртæ куыд дзуры, уымæ. Кæимæ дзурыс, зæгъгæ йæ куы бафарста, уæд ын уый афтæ бакодта: «Зондджын лæгимæ ныхас кæнын дæр мæ ма бауадз!» Музафер йæхæдæг та, рауагъдады кусæг чызджытæй арæх чи цухтæ кодта, уый бафарста: «Дæ Хуыцауы хатырæй, фæсаууонмæ ахуыр фехъуыстон, фæлæ ды та фæсаууонмæ кусыс?» Æз мæхæдæг «дзинад» кæрон æмæ фынгыл агуывзæтæй къуырцц кæнын нæ уарзын, æмæ мын иу хатт афтæ бакодта: «Йарæбын, къуырцдзинадыл цы бафтыдтæ?» Æмæ ма ахæм хъæлдзæг хабæрттæ ноджы дзæвгар æрхæссæн ис.

Мæ зæрдыл ма хорз лæууы ноджы иу хабар. Советон Цæдисы фехæлды фæстæ уæззау 90-æм азты Музаферæн журнал «Ногдзау»-æн æххуысы охыл чидæр спонсоры æххуыс бакодта 15 мин сомæй. Уый дын мæм куы бадзурид æмæ «тызмæгæй» куы зæгъид: «Ацы æхца бай-

уаринаг дæн Хъайтыхъты Азæмæтыл, Чеджемты Георыл æмæ Хуыгаты Сергейыл. Исты зæгъинаг дæ уыцы фæндоны ныхмæ?» Худæг мыл бахæцыд, æмæ йын загътон, тынг хорз сæ адих кодтай, зæгъгæ. Ацы цау уды сыгъдæгдзинадыл дзурæг нæу? Æхца йæхиуыл куы схардз кодтаид, уæд ын чи цы загътаид? Фæлæ аудыдта журналы авторты, уыдонæн æй фæндыд исты хорзы бацæуын. Йæхæдæг сидзæрæй æнахъомæй баззад, фæлæ йæхи æмæ йæ дыууæ хойы дæр рæстзæрдæ адæймæгтæй схъомыл кодта. Абоны онг дæр йæхиуыл кусы, фыдæбон кæны, сабат-хуыцаубон нæ зонгæйæ, æмæ æнтыстджын уæд!

Музаферæн йæ 75 азы юбилейы хæлæртты къордæй куы арфæ кодтам, уæд нын хъазгæмхасæнты афтæ: «Ау, 75 азы кæм фæцардтæн, уым ма 25 азы фæцæрын цас диссаг уаид?» Æз та йын абон зæгъын: «110 азмæ дын схизæнт дæ царды бонтæ, фылдæр дæ чи уарзы, уыдоны фæндиагæй!»

*ХУЫГАТЫ Сергей*

# ÆФСАРМЫ УАЦАЙРАГ

*Мæскуыйæгтæ, дам, хорз адæм сты,*
*фæлæ сæ фатеры фарста халы.*
*М. Булгаков*

Æз нæ дзурдзынæн Музаферыл, куыд фыссæгыл, афтæ – æгæр дæрдтыл ныхас расаид уый….

Ссæдз азы бæрц фæдæн Фысджыты цæдисы профкомы сæрдар советон дуджы. Уæд ма Литфонд дæр йæ тæккæ ис-бисджынæй уыд: алы аз дæр-иу Ирыстоны фысджыты номыл дæсгай минтæ æхца сæрвыста Мæскуы нæ горæты капиталон арæзтады комитетмæ, цæмæй афойнадыл фатертæ ‘рхауа рады лæуджытæм.

Фысджытæй ахæмтæ дæр уыд, æмæ-иу цалдæр хатты дæр йæ царды уавæртæ чи баивта алы хинты фæрцы. Иуахæмы æрхæццæ Музаферы рад дæр: бар ын уыд дыккаг фатер райсынæн, æцæг чысыл фæзуатимæ. Æз ын йæ хъусы бацагътон, ды дæр дæ къæбæргæнæгимæ мæнг уæрстæй байуар иннæтау æмæ стырдæр фатер райсай, зæгъгæ. Нæ бакуымдта! Йæ сæрмæ не ‘рхаста фæлитой митæ! Иууатон æм æрхауд æрмæст.

Мæ цæсты кадджын у ахæм «æдылы». Йæ табутæн ын æз дæр оммен зæгъын.

*ГУСАЛТЫ Барис*

# ÆУУÆНДЫ КÆСТÆРТЫ ХОРЗ ФИДÆНЫЛ

Газет «Рæстдзинад»-мæ Багаты Аврамимæ иумæ кусынмæ куы бацыдыстæм, уæд Дзасохты Музаферы уым баййæфтам. Уый, Мамсыраты Мурат, Хæблиаты Сафар, Хъуылаты Чермен æмæ сæйраг редактор Хъаныхъуаты Валодя æууæндыдысты кæстæрты хорз фидæныл, æмæ ныл аудыдтой. Мæ рæдыд мын мæ цæстмæ кæй нæ дардтой, фæлæ мын амонгæ кæй кодтой, сæхи фæлтæрддзинадæй дæнцæгтæ кæй хастой, уый руаджы мæ рауад журналист, æмæ газеты æнусы ‘рдæгмæ ‘ввахс уый тыххæй фæкуыстон.

Музафер мын-иу балæвар кодта йæ алы ног чиныг дæр. Рецензитæ сыл-иу ныффыстон, йæ зæрдæмæ-иу фæцыдысты. Уæлдайдæр, чиныг «Урсдоны былыл – Бæрæгъуын»-ыл кæй ныффыстон, уый. Уæдæ ахæм рæстæг дæр уыд, «Ногдзау»-мæ мæ йемæ кусынмæ куы хуыдта. Газетæй ацæуын мæ нал бафæндыд, æмæ хъуыддаг нæ сыræзт, фæлæ уый нæ хæлар ахастытыл æвзæрырдæм никæд фæзынд. Бирæ сарæзта абоны хорз хистæр йæ райгуырæн Ирыстонæн, æмæ йын йæ хорздзинæдтæ уынæг уæд кæддæриддæр!

*ЦГЪОЙТЫ Хазби*

# ФÆЛЛОЙ – ЙÆ ЦАРДЫУАГ

Ацы цау 2008 азы æрцыд. Дзасохты Музаферимæ нæ кабинеттæ кæрæдзийы комкоммæ уыдисты. Гъемæ йæ гуырæн боны бады, йæ машинкæйы хъæр тыргъмæ хъуысы. Бацыдтæн, салам ын радтон, æмæ йын йæ разы гæххæтты сыф авæрдтон. Фысгæ та йыл ныккодтон ахæм цыппаррæнхъон:

*Вæййы лæгау лæг алкæд лæг,*
*Нæ бады иу уысм дæр æгуыстæй.*
*Кæны йæ гуырæн бон бæрæг*
*Фæллойадон æнтыстæй!*

Афтæ кусы æдзух, фыссы ног уацмыстæ, йæ хъус дары, литературæйы къабазы ногæй цы ис, уыдæттæм. Ис ма йын, йæ адæмæн цы зæгъа, уый, æмæ æнтыстджын уæд дарддæр дæр!

*КОКАЙТЫ Тотрадз*

# БÆРÆГЪУЫН ДÆ СÆРЫСТЫР У!

Рæстдзинады уæлмонц æнкъарæныл ныхас – уый Дзасохты Музаферы тыххæй у. Арф зонындзинæдтыл, райгуырæн адæмы æгъдæуттæ æмæ традицитыл æнувыд уæвыныл, дунеон культурæ æнкъарыныл ныхас – уый дæр Музаферы тыххæй у. Уæздандзинад, зæрдæйы хæлар ахаст æмкусджытæм, хорзæхтæм нæ тырнын – уый дæр Музафермæ хауы. Уыимæ, кæй зæгъын æй хъæуы, сæрыстыр у Ирыстоны адæмон поэты æмæ Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреаты номæй.

Куыд алывæрсыг у йе сфæлдыстадон дуне та – æмдзæвгæтæ, уацаутæ, радзырдтæ, миниатюрæтæ, тæлмацтæ… Бакæсут ма, йæ мадæлон æвзаджы хæзнадон фæхъæздыг кæнынæн цы авторты æвзары: Пушкинæй – Шукшины онг, Шекспиры сонеттæй – Сент-Экзюперийы «Чысыл принц»-мæ, Лев Толстойæ – Омар Хайяммæ. Арф рæнхъытæ, фæлæ, кæм фæдæлдон уай, ахæмтæ нæ. Арф, ома, бæрзонд, кæцыдæр кæсджыты æмæ фысджыты нырма рæзын кæмæ хъæуы, ахæмтæ.

Мæн æдзух зæрдæскъæфт кæны йæ уæздан ныхас æмæ хиуылхæцтæй, æппæлынмæ нæ тагъд кæнынæй, фæлæ, уыимæ, – парахат æмæ æргом зæрдæйы ахастæй. Кæддæр ын йæ юбилейы рæстæг загътон: «Бæрæгъуыны куынæ уыдаид кад, уæддæр дæуæй, æнæмæнг, уаид кадджын». Æмæ ма уыцы ныхæстæ ноджы сфæлхат кæндзынæн!

*ГУЫРДЗЫБЕТЫ Иринæ*

***Арфæтæ æрæмбырд кодта***
***ТЪЕХТЫ Тамерлан***





Дзасохты Музаферы 85 азы юбилейы кадæн сфæлдыстадон изæры къамтæ систа Татьяна Шеходанова.

*КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ*

# ДЗАСОХТЫ МУЗАФЕРЫ ИДИОСТИЛЫ МИНИУДЖЫТЫ ТЫХХÆЙ

Дзасохты Музаферæн, нырыккон ирон литературон процессы зынгæдæр архайджытæй иуæн, йæ уацмысты стиль æмæ æвзаг ирдæй æвдисынц, ирон æвзаджы аивадон стиль цы уавæры ис æмæ цы фæндагыл цæуы, уый. Æвдисынц, фыццаджыдæр, авторы идиостилы миниуджыты фæрцы.

Коммуникативон стилистикæйы идиостилыл нымад у автор æмæ чиныгкæсæджы ‘хсæн бастдзинады сæрмагонд хуыз: уыцы бастдзинад сæвзæры аивадон тексты фæрцы, уыимæ фыссæг йæ текст аразы афтæ, цæмæй чиныгкæсæджы сразы кæна йæ хъуыдытыл, йæ цæстæнгасыл, йæхиуыл æй бауунæндын кæна. Уымæн та хъæуы сæрмагонд æвзагон фæрæзтæ, фыццаджыдæр, лексикон фæрæзтæ.

Фыссæг арæхдæр цы дзырдтæй кæнæ дзырдбæстытæй фæпайда кæны, йæ зондахаст æмæ дунеæмбарынады хицæндзинæдтæ цы лексикон иуæгты руаджы раргом кæны чиныгкæсæгæн, уыдон сæрмагонд бынат ахсынц йæ идиостилы арæзты æмæ хуыйнынц лексикон регулятивтæ. Дзасохты Музаферы идиостилы ахæм хæстæ æххæт кæнынц фразеологион иуæгтæ.

Ахуыргæндтæ иу хъуыдымæ нæма æрцыдысты фразеологийы гуырахст æмæ арæнты тыххæй. Иутæ фразеологизмтыл нымайынц цавæрфæнды æнгом дзырдбæстытæ дæр, уыимæ, дзырдбæстытæй стырдæр чи у, ахæмтæ дæр (ома хъуыдыйæдтæ). Иннæтæ та фразеологизмтæм хæссынц, сæ хъуыдымæ гæсгæ æнгом баст чи у, сæ формæмæ гæсгæ та дзырдбаст чи аразы, ахæм иуæгтæ; ома фразеологизмтыл нæ нымайынц æмбисæндтæ, загъдаутæ, афоризмтæ, ныхасы штамптæ æ.æнд.

Ацы куысты фразеологийы фæрстытæм лæмбынæг нæ кæсæм, нæ сæ лыг кæнæм (ахæм хæс не ‘вæрæм нæ размæ), уымæ гæсгæ фразеологион иуæгтыл нымайæм куыд комкоммæ фраземæтæ (æнгом дзырдбæстытæ), афтæ паремитæ (загъдаутæ æмæ æмбисæндтæ) æмæ ныхасы штамптæ дæр – æппæт ацы иуæгтæн ис иумæйаг миниуджытæ:

æххæстæй, æнæхъæнæй сæ исæм æвзаджы хæзнадонæй, сæ нысан у адæймаджы хъуыдыйы цавæрдæр фæлгонцтæ, идейæтæ, æнкъарæнтæ сæвзæрын кæнын.

Дзасохты Музаферы роман «Дæллаг Ир»-ы ахæм иуæгтæ сты: фраземæтæ (*Мæ уацхъуыдты бын ахæм фыст куы фæзынд, уæд мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд, Бæрæгъуынтæй мыггаг æцæгæйдæр кæй ис);* ныхасы формулæтæ (*Дæумæ дзурын мæнг дунейæ æцæг дунемæ: ацы чиныгæй дæ ном ардзынæн, зæгъгæ дын зæрдæ куы бавæрдтон, уæд кæдæм батагъд кодтай);* загъдаутæ (*Йæ алы уæнджы алы ’гъдау ис, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, ахæм лæг уыди*); æмбисæндтæ (*Дзæгъæлы нæ фæзæгъынц, куырис сыгъди æмæ йыл бæттæн худти);* арфæтæ (*Фаг рæвдыдæй нæ цæуы йе ’цæг дунемæ, фæлæ йын Барастыры цæст фылдæр бауарзæд, хæрзудты æхсæн уæд йæ бынат!);* æлгъыстытæ (*Амæндтæ уарæг дæлæмæ ’рхауæд!*) æ.æнд.

Кæд ацы роман автобиографион у æмæ дзы бирæ диалогтæ нæй, уæддæр текст у фæлгонцджын, лирикон, арф психологион – уымæн дзæвгар фæахъаз сты фразеологион иуæгтæ. Уацмысы мотив (йæ «удыхъæд», йæ «зæрдæйы уаг») сбæрæг ис æппæты фыццаг рæнхъыты – лирикон хъайтар (автор) йæ цæрынхъуаг хомæ кæм дзуры, ныстуантæ йын кæм кæны, уыцы разныхасы. Арф, рæсугъд метафорæтæй æххæст, адæмон-поэтикон фæрæзтæй хъæздыг чысыл текст хъарæгау сæнкъуысын кæны чиныгкæсæджы зæрдæ.

Фыссæг йæ чиныгкæсджытимæ иу социалон-культурон «тыгъдады» кæй ис, иу кæй у сæ зондахаст æмæ сæ психологи, ууыл дзурæг сты фразеологизмтæ теонимтимæ (хуыцæутты, зæдты нæмттимæ). Сæ фылдæры ис теоним *Хуыцау*: *Хуыцауы сконд дыууæ лæджы куыста — Бæцойты Тегка æмæ Икъаты Цæрай; Кæд Хуыцауы фæнда, уæд мыл аст мæйы фæстæ æртиссæдз азы сæххæст уыдзæн*. Дзæвгар къаддæр сты фразеологизмтæ æндæр теонимтимæ – *Барастыр*, *Мыкалгабыртæ*: *Фаг рæвдыдæй нæ цæуы йе ’цæг дунемæ, фæлæ йын Барастыры цæст фылдæр бауарзæд, хæрзудты æхсæн уæд йæ бынат! Ныронг дæр, æвæццæгæн, мæ Хуыцауæй рох фæдæн, Барастыры минæвар мæм дзæгъæл хуымæтæджы афтæ æрæгмæ æнæзынгæ нæ уыди.*

Романы æдæппæтæй ис æхсай дыууæ фразеологион иуæджы теонимтимæ, уыдонæй фæндзайæн сæ сæйраг компонент у дзырд *Хуыцау*, иуы йæ бæсты æмбæлы йæ синоним *Уæллаг: Уæллаг ын цы ныв скæр-*

*ды, уый арæнтæй ахизæн ын нæ вæййы...*Ацы æвзагон фæрæзтæн сæ мидисы баиу сты ирон адæмы дины æмæ æвзаджы «дунейы нывтæ»: Хуыцауæн, Дунесфæлдисæгæн, зындгонд сты, адæймаджы зонд цы нæ ахсы æмæ цæуыл не ‘ххæсы, æппæт уыцы хъуыддæгтæ: *Хъуыдытæ æмæ уынаффæтæ кæрæдзиимæ цас фæбыцæу кодтой – Хуыцау йæ зонæг. Хъуыддæгтæ аразæг Хуыцау у.*

Хуыцау æмæ зæдты нæмттæ цы фразеологион иуæгты ис, уыдон романы æххæст кæнынц ахæм хæстæ: иуæй, чиныгкæсæджы хъуыдыйы сног кæнынц национ культурæйы бæлвырд реалитæ, иннæмæй та, ахъаз сты авторæн цыбыр, фæлæ тынг æнкъарæнджын хуызы йæ зондахаст æмæ зæрдæйы уаг равдисынæн.

Фæлæ роман «Дæллаг Ир»-ы æппæты фылдæр сты, сæ бындуры дзырдтæ *цард*, *зæрдæ*, *хур*, *уд* кæмæн ис, ахæм фразеологизмтæ: *Тотырадз æй Муссæйæн нал ратдзæн, уый куы базыдта, уæд ын <u>цард ад нал кодта</u> æмæ йæхи амардта*; *Мæ зæрдæ сын зæгъы, цæмæй ма <u>бирæ азты хистæры ном æнæниз æмæ зæрдæрухсæй фæхæссой</u>; Цас фылдæр рæстæг цæуы, уыйбæрц тынгдæр тыхсын, <u>мæ уд æрдуйæ нарæгдæр сси.</u> «Уасæджы хæс ныууасын у, хур кæд скæсдзæн, уый та хуры хъуыддаг у».* Уыдон дзурæг сты ууыл, æмæ фыссæг йе ‘ргом уды рæсугъддзинадмæ, зæрдæйы хорзмæ кæй здахы, кæй сæ нымайы адæймаджы хæрзхъæддзинады æвдисæнтыл: *Дæ <u>хорз зæрдæйыл куы уыдтæ</u>, уæд-иу сæм цы цæстæй кастæ, ууыл дæ къух мæрдты дæр ма сис; Нæ сыхаг хæсты размæ уыдис, фæлæ, Сындзыхъæумæ чындзы куы ацыд, уый фæстæ дæр хъæубæстыл <u>йæ зæрдæ нæ аивта</u>.*

Комкоммæ фраземæтæ, стæй загъдаутæ æмæ æмбисæндтæ дæр ирдæй, фæлгонцджынæй, фæлæ æлвæст æмæ цыбырæй хæццæ кæнынц чиныгкæсæгмæ фыссæджы хъуыды, «диалоджы архайджыты» æхсæн сæвзæрын кæнынц æнахуыр хъарм ахастытæ, кæрæдзиуыл сæ бауæндын кæнынц, уымæн æмæ фыссæг дæр, стæй йæ кæсæг дæр æнгом баст сты сæ адæмы культурæ æмæ историимæ. Фразеологион иуæгты хъæздыг коммуникативон-когнитивон гæнæнты бындуры ис сæ сæйраг миниуæг – адæмы менталитеты, æгъдæутты, монон культурæйы «иугонд» уæвын. «По существу, каждый национальный пословичный фонд, а также международный пословичный фонд в целом являет собой не случайный набор более или менее удачных высказываний, а сложную и стройную логическую систему, основанную

на выработанных веками и даже тысячелетиями правилах и приемах обыденного мышления», – фыссы Г.Л. Пермяков йæ чиныджы «Пословицы и поговорки народов Востока. Систематизированное собрание изречений двухсот народов».

Æвæццæгæн, адæймаджы царды иунæг ахæм уавæр, фæзилæн дæр нæй, æмбисонд кæнæ загъдау кæй нæ равдисынц æмæ хатдзæг кæмæн не скæнынц. *Дзæгъæлы нæ фæзæгъынц: «Мæгуыр амæлæг, чи цæра, уый та йæхицæн амæлттæ кæндзæн».* Фыссæг разы у адæмон философиимæ: цыфæнды уæззау æмæ хъизæмайраг уæд цард, уæддæр мæлæтæй хуыздæр æмæ бæллиццагдæр у, уымæн æмæ ныфс дæтты цæрæг удæн.

Загъдау *Тæригъæд, дам, авд фæлтæры хæссы* æрмæст бæлвырд уавæр (ситуаци) не 'вдисы, фæлæ ма йын ис зонд амоныны нысаниуæг дæр. Ирон адæймаг канд абоны нæ цæры, фæлæ æнгом баст у ивгъуыдимæ æмæ фидæнимæ: иттæг хорз æнкъары йæ бастдзинад фыдæлтимæ, зоны, сæ хъысмæт сын дарддæр, «даргъдæр» кæй кæны, стæй йæ уырны, йæ фæдонты, йæ байзæддæгты хъысмæт та йæхи абоны цардæй аразгæ кæй у, уый. Æмæ абоны тæригъæд фидæны йæ байзæддæгтæн фиддон кæй уыдзæн, уый хъуыдыйаг у ирон адæймагæн. Ахæм зондахастæй равзæрд арфæ *дæ кæстæрты зындзинад макуы фен,* зæгъгæ: *Канд дæхи кæстæртæ нæ, фæлæ æппæт хъæуы кæстæртæй иуы зындзинад дæр ма фен, афтæмæй сæ уæле бирæ азты кадджын æмæ зæрдæрухсæй фæбад.*

Фыссæджы хъысмæт æнгом баст у йæ адæмы цардимæ, йæ курдиаты ратæдзæн у ирон адæмы культурæ, уымæ гæсгæ йæ хъуыдытæ, йæ хатдзæгтæ афтæ арæх равдисы æмбисæндтæ æмæ загъдауты хуызы: *Фыдæлтæ хуымæтæджы нæ дзырдтой: мæсыг сусæгæй цасфæнды куы фæцамайай, уæддæр иу заман йæ цъуппæн æнæ сзынгæ нæй.* Фидарæй йæ уырны, фыдæлты зонд, адæмы иумæйаг зонд æппæты тыхджындæр кæй у, рæдыдæн дзы бынат кæй нæй, уый: *Фыдæлтæ-иу афтæ дзырдтой, мард, дам, рухсаг зæгъынæй не 'фсæды.*

Куыд уынæм, афтæмæй фыссæг æртæ хуызы пайда кæны фразеологизмтæй: фылдæр хатт ацы иуæгтæ тексты æмбæлынц æнæивгæйæ, ома адæмон сфæлдыстады куыд сты, афтæмæй (*Йæ алы уæнджы алы 'гъдау ис,* *зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, ахæм лæг уыди*); иуæй-иу иуæгтæ цыдæр хуызы фæивтой романы, ома трансформацигонд æрцыдысты

(*Бæсты бикъ-комы дæгъæл куы фестай, уæддæр дын дæ ныхыфыст æнæ ’взаргæ нæй;* фразеологизм *бæсты бикъ – комы дæгъæл* ам хицæнæй не ‘мбæлы, фæлæ у хъуыдыйады иу хай); иннæтæн та сæ мидис нæ аивы, фæлæ сæ формæ фендæрхуызон вæййы, афтæмæй сæ фыссæг спайда кæны йæхи хъуыдытæ равдисынæн (*Кæй уæрдоны бадай, уый зарæг куы нæ кæнай, уæд дæ, иуæй, æмбаргæ æмæ уарзгæ нæ бакæндзысты, иннæмæй та дæ, чи зоны, хизын дæр ракæной).*

Фразеологион иуæгтæн Дзасохты Музаферы идиостилы ахсджиаг бынат кæй ис, ууыл дзурæг у æрмæст сæ нымæц нæ (уæвгæ, уый сæйраг бæрæггæнæн нæу), фæлæ, фылдæр авторы ныхасы кæй æмбæлынц, авторы фæлгонц кæй аразынц æмæ æвдисынц, тексты аивадон тых кæй фылдæр кæнынц, уый. Идиостилы иннæ æвдисæн та у фразеологизмты семантикæ – сæ фылдæр хауынц тематикон къордмæ «адæмы моралон-этикон кодекс», ома сын фыццаджы-фыццаг ис хъомыладон нысаниуæг.






*Сергей МАЛАХОВ*

# ЧЫРЫСТОН ДИНЫ ТЫХ ФÆКЪАХЫРЫ АХХОСÆГТÆ

Археологон æрмæджытæм гæсгæ нæ бон фидарæй зæгъын у, VIII–IX æнусты чысыл чи уыд, ахæм чырыстон æхсæнадтæ кæй фæзынд Хазарийы бæстæйы æмæ Аланыстоны зæххыл дæр. Фæлæ чырыстон дин парахат кæныны æмæ аргъуанты арæзтады тыххæй æнæдызæрдыггаг фыст æвдисæнтæ ацы рæстæджы онг нæй. Уæвгæ чырыстон дины кæцыдæр предметтæ алайнаг ингæнты æмбæлынц VIII æнусæй X æнусы райдайæны онг. Фæлæ уыдон бæттын нæ хъæуы чырыстон дин Аланыстоны парахат кæнынимæ. Уымæн, æмæ амынд предметтæй алайнаг æхсæнады уæлдай арæхдæр пайдагонд цыдис, куыд «варвараг» фæдзæхсæнтæ, афтæ. Уыдон та æнæдызæрдыггаг æвдисæнтæ не сты VI æнусæй райдайгæйæ чырыстон дин Цæгат Кавказы парахат кæнынæн. Уæддæр фидарæй зæгъæн ис, алайнаг-булгараг адæмты ‘хсæнæй рацæуæг чырыстæттæ – ног дин райсджытæ VIII æнусы кæронæй IX æнусы онг кæй цардысты хуссарæй цæгатмæ

цæрæн бынæтты базарадон фæндаджы фæйнæвæрсты. Уый та Абхазийы цыдис Зеленчук æмæ Урупы дæлвæзты Егорлыкмæ, дарддæр та хæццæ кодта Саркелумæ (Белая Вежема) цæугæдон Донмæ хæстæг. Алайнæгты хицæн къордтæ, уæвæн ис, æмæ уæды рæстæджы чырыстон дин райстаиккой, Аланыстоны æдде кæй уыдысты, уый тыххæй, æмæ ууыл дзурæг у «Житие Феодора Эдесского» дæр.

Константинополаг патриарх Николай Мистикы фыстæджытæ хъусын кæнынц миссионерты, ома, динпарахатгæнджыты къорды нысанмæарæзт архайды тыххæй. Уыдоны патриарх сæрмагондæй арвыста Аланыстонмæ. Фæлæ ног дин райсынæн гæнæн нæ уыд, бынæттон адæм ромаг моладзантæм, стæй Империйæн суанг йæхимæ дæр знаджы цæстæй куы ракастаиккой, уæд. Уыцы рæстæджы Аланыстонимæ æмарæн уыдис Авасгийы зæхх, æмæ Авасгийы сæрхъуызойтæ дин парахатгæнджытæн кæй баххуыс кодтой, уый та ныммадтой сæ чырыстон хæсыл. Æвæццæгæн, X æнусы райдайæны алайнаг-авасгийаг æмæ алайнаг-византийаг ахастдзинæдтæ уыдысты хæлар, дыууæрдæм пайдахæссæг, æмæ уыдæттæ сæрæвæрæн систы Константинополаг патриархаты митрополи Кавказы сæйраг рагъы цæгатаг фæхстыл саразынæн.

Цæгатзеленчукаг аргъуан (XIX-æм æнусы æмбис)



Миссионерты-динпарахатгæнджыты ацы æнтыстдзинады тынг сахадыдта алайнаг паддзахы хъарм зæрдæйы ахаст Византимæ. Уымæ гæсгæ византийаг дипломаттæ дæр Аланийыл бауæндыдысты, куыд сæ цæгат-ныгуылæйнаг арæнтæ æмбæлгæ хуызы хъахъхъæнынæн ахъаз æххуысгæнæгыл, æмæ уый тыххæй бæлвырд фыст æрцыд Константин Багрянородныйы уацмыс «Империйæн разамынд дæттыны тыххæй»-ы. Фæлæ чырыстон дины райст пайда нæ уыд куыд Аланийы хъомысджын сыхаг Хазарийæн, афтæ, æвæццæгæн, кæцыдæр социалон фæлтæртæн дæр алайнаг æхсæнады мидæг. «Муртаттаг архайд» – чырыстон диныл хи рæстæгмæ атигъ кæнын – уый уыд иудадзыгон фæзынд Скæсæйнаг Европæйы бирæ адæмты чырыстон динимæ æмхиц кæныны хъуыддаджы. Аланийы та уый фæзынд 932 азы фæстæ, фæлæ дæргъвæтин нæ ахаста. Уымæй уæлдай ацы цауы тыххæй цы иунæг æвдисæн ис, уый анализ кæнгæйæ, дызæрдыг фæкæнæм йе 'цæгдзинадыл.

Бæлвырд куыд у, афтæмæй Алайнаг митрополи йæ бынат уайтагъд не ссардта Константинополаг патриархаты епархийы номхыгъды. Патриарх Мистикы рæстæджы арæзт æвдæм хъусынгæнинаг дзуры скæсæн-чырыстон аргъуаны кафедрæты уавæры тыххæй X æнусы фыццаг æмбисы, æмæ уым нæй бæрæггæнæнтæ амынд Аланыстоны тыххæй. XII æнусы æмбисы æмæ XIV æнусы дыккаг æмбисы Алайнаг кафедрæ 61-æм бынат ахсы Константинополы патриархаты хъусынгæнинæгты. Ацы бынатмæ митрополиты æхсæн уый рацыд 1032–1039 азты æмæ амынд цæуы «Уæрæсейы митрополийы» фæстæ.

Уырыссаг митрополийæ хъауджыдæр Алайнаджы нæ уыд суффраганнон (митрополиты дæлбар) алчертæ. Фыццагдæр Алайнаг митрополийы æмæ алайнаг митрополиты кой фæзынд патриарх Сисини Дыккæгæмы типиконы (аргъуаны чиныджы) 988 азы, йæ ном та уыд Никъала. Алайнаг митрополийы сæргълæууæджы снысан кæныны бар уыдис æрмæстдæр Константинополаг патриархæн, кандидатурæ та æвзæрст цыдис Понты уæлдæр аргъуанты облæстты моладзантæ æмæ алчерты æхсæнæй. Ацы фæтк æвæрд цыдис рагон æгъдаумæ гæсгæ. Патриарх Никъала Æртыккæгæмы Грамматикæйы (1084–1111) рæстæджы та иугонд æрцыдисты дыууæ кафедрæйы: Алайнаг митрополийæн епархалон центры хуызы лæвæрд æрцыд арæнхъахъхъæнæн горæт Сотириуполь, Трапезундæй хурыскæсæнырдыгæй. Цæмæ гæсгæ йæ радтæуыд, стæй Сотириуполы бартæ къахыргонд цæмæн æрцыдысты, уый нырыккон историографийы быцæуагæй баззад.



Ӕрыгон алайнаг лæппутыл дзуар æфтауыны ныв

Алайнаг митрополитты резиденцитæ уыдысты Сотириуполь (1084–1105 азтæй 1380 азты онг, Трапезунд (1390–1461 азтæ), Севастия (1460 азтæй 1590 азты кæронмæ).

Митрополиттæ дæрддзæф кæй уыдысты сæ дæлбар митрополиты хъуыддæгтæй, уый тыххæй сæ бастдзинæдтæ лæмæгъдæр кодтой куыд Аланыстоны паддзахы хæдзаримæ, афтæ алайнаг диныл æууæнджытимæ дæр, нæ рæзтысты митрополийы аргъуанты административон структурæтæ, нæ фидардæр кодтой аргъуанты царды традицитæ дæр.

Алайнаг паддзахады политикон æгъдауæй дихгæнæг миниуджытæ арфдæр зынын райдыдтой XII æнусæй фæстæмæ. Уырысы куыд уыд, афтæ ницы мадзæлттæ арæзт цыдысты, алчерон иугæндтæ кæм хъуамæ рæзтаиккой, ахæм хицæн политикон центрты фидардзинадæн. Аланыстоны алыварс Кавкасийы æмæ Ахо-хийы фæзынды тыххæй патриархы XIV æнусы гæххæттыты куыд амынд цæуы, афтæмæй радон структурон ивддзинæдтæ баст уыдысты Константинополæй цæуæг хъæппæристимæ. Фæлæ уыдонæн фаг бындур кæй нæ уыд, уымæ гæсгæ Кавкасийы æмæ Ахохийы кой фехъусæн уыд стæмхатт, уый дæр – цыбыр рæстæг. Иу ныхасæй, Алайнаг паддзахад хæлын райдыдта, уæлдайдæр, быдырон-разхæххон районты фылдæр хай Сыгъзæрин Ордайы куы баисты, уæд. Уыйадыл æлдæртты хицаудзинады æмæ аргъуанты организацийы æмархайд дæр фæкъуыхцы. Ацы уавæр æвзæрырдæм фæзынд куыд алайнаг цæрджыты аргъуанты-дины цардыл, афтæ хицаудзинады структурæты хъысмæтыл дæр, уæды онг


Хъуырылдаргæ алайнаг дзуæртты хуызтæ

та Византийаг империйæ ницы æххуыс федта, кæй слæмæгъ, уымæ гæсгæ.

Чырыстон дины алайнаг разамонджытæ 1340–1360 азты æрлæууыдысты патриархаты администрацийы ныхмæ, цæмæй сын баззадаид Сотириуполь æмæ æппæт Аланыстон дæр сæхи бакæныны бар раздæры арæнты. Ацы хъуыддагæн уæлдай ирддæр æвдисæн у митрополит Симеоны хъысмæт. 1348 азы аргъуанты сæргълæууæг уæвгæйæ, уый сси Аланыстоны æмæ Сотириуполы митрополит. Фæлæ йæ бынатæй ист æрцыд, йæ дæлбар епархийы дины æгъдæуттæ кæй фехæлдта, уый тыххæй. Дарддæр та ногæй 1365 азы йæ бынат бацахста, куыд Аланыстоны æмæ Сотириуполы митрополит. Фæлæ митрополийы политикон арæнтæ уæды рæстæджы нал уыдысты, монголтæ Аланыстонмæ куыд ныббырстой, уый агъоммæйы хуызæн, аивтой сæ политикон ахуырст æмæ систы бынтон æндæрхуызон.

Ацы фæзынд бæрæг дары митрополит Лаврентийы титулыл дæр. Амынд цæуы, зæгъгæ, уый у æрмæстдæр «аланты адæмы» архиерей, политикон территориты архиерей нæ, фæлæ. Бæрæггæнæн «æппæт Аланыстоны хицауиуæггæнæг», æвæццæгæн, ист æрцыд патриархаты къæнцылары документты æвзагæй æмæ æмхуызон хаудта куыд Аланыстоны сæйраг хицауиуæггæнæгмæ XII-æм æнусы онг, афтæ Аланыстоны митрополитмæ дæр суанг XIV-æм æнусы æмбисы онг. Уымæ гæсгæ зæгъæн ис: Аланыстон хъуамæ уыдаид канд стыр политикон иугонд нæ, фæлæ ма суанг алыхуызон социалон-территориалон иуæгты политикон цæдис дæр. Æмтгæй райсгæйæ, грекъаг кады нæмтты алайнаг хицауиуæггæнæгмæ æмæ митрополитмæ дæр административон-территорион фæлгæтты бæрæггæнæн «æппæт Аланыстон»-æй пайдагæнынад дзурæг у, сæ бартæ цы зæххытыл æххæссыдысты, уыдоны арæнты æбæлвырддзинадыл.

Византийаг цæрæн бынæтты дæрддзæф арæнтыл уæвгæйæ, алайнаг аргъуанты сæргълæууæг XIII-æм æнусæй фæстæмæ бахауд Трапезундаг империйы хицаудзинады дæлбар, фæзындис ыл аргъуанты разамонджыты тæваг дæр. Куыд загътам, афтæмæй алайнаг митрополиты резиденци XII-æм æнусы райдайæнæй фæстæмæ уыдис Сотириуполь. Алайнаг кафедрæ дзы XIV æнусы куы фæхицæн, уæд та – Тана. Йæ ном нæм кæмæн не ‘рхæццæ, уыцы иерархæн Трапезунды митрополит Алайнаг кафедрæйы аргъауыны æмæ дины æндæр æгъдæуттæ кæныны бар куы радта, уæд патриарх Матфей (1396–1410) бавдæлд æмæ сæ дыууæйы дæр фæцух кодта кафедрæтæн разамынд дæттыны бартæй. Фæстаг алайнаг аргъуанты разамонджытæй иу 1447 азы амард Трапезунды.

Цæгат Кавказы Сыгъзæрин Ордайы горæтты чи цард, зæгъæм, Уæллаг Дзылаты, уыцы алайнæгтæ, археологон бæрæггæнæнтæм гæсгæ, XIII-æм æнусы дыккаг æмбисы æмæ XIV-æм æнусы чысылгай рахызтысты пысылмон динмæ. Фæлæ ма чырыстон диныл хæст уыдысты хъæууон зылдты æмæ, чырыстæттæ кæмыты æрбынатон сты, уыцы хæххон дæлвæзты (Дæллагархызаг æмæ Ильичевы цæрæнбынæттæ). Чырыстон дин кæй фæлæмæгъдæр, уый аххосæгтæ сты, адæм хæхбæстæм лидзын кæй райдыдтой, уый, стæй ма Тамерланы стæр Цæгат Кавказы сыгъзæринордайаг цæрæн бынæттæм 1395 азы. Фæлæ дæрæнгонд чи не ’рцыд, уыцы бынæтты хъахъхъæд æрцыдысты сæ административон-политикон арæнтæ æмæ базарадон архайд. Хæст уыдысты чырыстон æууæлтыл дæр. Æмæ уый та фидарæй зæгъæн ис Уæллаг Дзылаты дæнцæгæй.

Алайнаг митрополитты æмæ Аланыстоны паддзахы хæдзары æмахастдзинæдтæ XIII-æм æнусы райдайæны агъоммæ арæзт цыдысты византийаг аргъуанты æмæ паддзахадон ахастдзинæдты нывтæм гæсгæ. Фæлæ ацы ахастдзинæдтæ рæзын кæныны сæйраг тых цыдис Константинополæй. Алайнаг хицауиуæггæнджытæ сахуыр кодтой уыдоны кадджын мадзæлттæ аразыны æгъдау, лæвæрд сын цыдис кады нæмттæ, ахуыр кодтой æфсæддон хъуыддагыл дæр, æмæ уый та æнæ грекъаг митрополитты æххуысæй нæ уыд. Æрмæстдæр динамонджыты æмæ хицауиуæггæнæг тыхты æмархайды руаджы уæвæн уыд аргъуанты арæзтадæн, æмæ уым та сæ арæхстдзинад æвдыстой понтийаг дæсны аразджытæ.

Рагон ингæнтæй ист хъуырылдаргæ дзуæртты, аргъуанты разынгæ хæдуагъд дзуæртты æмæ ингæнты уæлæ сагъд дзуæртты иртасыны руаджы зæгъæн ис, æмæ астæуæнусон Аланыстоны цæрджытæ ар-

Вифинаг Олимп (Чысыл Ази). Ардыгæй Аланимæ араст, моладзан Евфимий йæ сæргълæууæг кæмæн уыд, византийаг дингæнджыты уыцы фыццаг къорд



гъуантæм кувынмæ кæй цыдысты манголты рæстæджы агъоммæ. Фæлæ астæуæнусон алайнаг цæрджыты ацы дуг ныронг лæмæгъ иртæстгонд у. Дзуар куыд Хуыцаумæ кувыны нысан уыдис алайнаг æхсæнады XI – XII-æм æнусты æмæ, æвæццæгæн, сæрмагонд бынат ахста дин кæныны, фæлæ æввахс дæр нæ лæууыд зиан ныгæныны æгъдаумæ. Бæлвырддæр зæгъгæйæ, дзуар æвæрæн нæ уыд марды чырыны, кæнæ, йæ ингæны ныгæд чи æрцæуудзæн, уыцы иннæ дзаумæттимæ. Кæд XI–XII-æм æнусты Аланыстоны ныгуылæйнаг æмæ центрон облæсттæ чырыстон динмæ æххæстæй æмхиц уыдысты, уæддæр хъуырылдаргæ дзуар æнæмæнгхъæугæ не сси мард æвæрыны æгъдауы. Фæлæ дзуар, марды чырыстон фæткмæ гæсгæ ныгæнгæйæ, йемæ æвæрд кæй нæ цыдис, уый, æхсæнадыл чырыстон дин нæ ахадыдта æмæ аргъуантæм кувынмæ нæ цыдысты, уый æвдисæн нæу. Мард ныгæныны чырыстон æгъдауы хицæндзинæдтæй астæуæнусон Аланыстоны иу уыдис, «муртаттаг» традицитæ хъахъхъæд кæй æрцыдысты, уый, стæй ма ингæнты арæзтæдты алыхуызондзинад дæр. Мард хъуырылдаргæ дзуаримæ ныгæнын та бынæттон адæммæ нæ ныффидар XIII-æм æнусы райдайæнмæ. Фæстæдæры цаутæ баст уыдысты алайнаг паддзахады фехæлдимæ, Сыгъзæрин Ордайы архайдимæ Цæгат Кавказы, пысылмон дин парахат кæнынимæ, стæй, Византийæ кæй фæлæмæгъдæр, уыимæ дæр.

*Ирон æвзагмæ ТОХСЫРТЫ Къостайы тæлмац*

# ДУДЖЫ БАРÆГ

Ирыстоны ныв кæныны аивады йæ курдиат æмæ куыстуарзондзинады руаджы йæхи бæлвырд бынат чи бацахста, уыдонæй иу у РЦИ-Аланийы сгуыхт нывгæнæг, дизайнер Пухаты Вадим. Уый райгуырд 1970 аз Мæскуыйы. Каст фæцис Цхинвалы Тугъанты Махарбеджы номыл нывгæнынады училище, уый фæстæ та – ЦИПУ-йы аивæдты факультеты нывгæнынады хайад Бедойты Шалвайы æрмадзы. Йæ дипломон куыст «Барастыры бæстæ» йæ темæ æмæ аивадон домæнтæм гæсгæ дæр уыд бæрзонд æмвæзадыл ныв. Куыд царды, афтæ сфæлдыстадон куысты дæр Вадим никæд æвзæрста рог фæндæгтæ. Йæ алы куысты дæр ирдæй зыны адæмон сфæлдыстадмæ, ирон адæмы культурæ æмæ цардмæ уарзондзинад. Нывгæнæг-философ йæ равзæрст темæтæй хъуыдытыл æфтауы аивадуарзджыты. Арæхдæр, зæгъæн ис, равзары историон сюжеттæ æмæ сæ нæ размæ парахатæй рахæссы бирæвæрсыг композициты егъау кæттæгтыл. Зæгъæм: «Ос-Бæгъатыр. Фæдисы æртытæ», «Сæрмæттæ», «Сæрмæтты бæхæфсад» æмæ æнд.

Уæвгæ та фæстаг азты нывгæнæг аивта йæ ахорæнты хуызтæ, агуры ног жанртæ, йæ курдиатæн ын аргъгæнæгимæ бацæуы арфхъуыдыджын ныхасы æмæ йæ ахоны йæ фæдыл. «Сыгъдæг Георгийы Бон», «Сæртæгты нау», «Куырой», «Уаргъ» æмæ æндæрты йын фадат дæтты йæ хъуыдыты сæ баххæст кæнынæн, йæхæдæг дзы стъæлф не ‘вæры, афтæмæй. Уыимæ, йæ хъайтартæ æххæст сты национ характертæй, зыны сæ адæмы удыхъæд, сæ хъæздыг миддуне. Сæ уæнгты конд у фидар, сты уæззау зондыл хæст, сæ архайды бæрæг дарынц ивгъуыд царды уылæнтæ. Рæстæджы дадзинты цавд ахорæнтæ æмæ нывгæнæджы курдиаты руаджы кæттагыл равдисын хуымæтæг хъуыддаг нæу. Ныры нывгæнджытæй уый йæ къухы кæмæн бафтыд, уыдонæй иу у Пухаты Вадим.

«Сæрмæтаг барæг», «Сæрибархæссæг барæг», «Алайнаг хæстон», «Катафрактарий» – ам дæр бæрæг дары, нывгæнæджы сфæлдыстады йæ фыдæлты истори æмæ æфсæддон хъомыс бæстон бынат кæй ахсынц, уый, æмæ сæ алывæрсыгæй бæрзонд æмвæзадыл конд нывты хæссы нæ размæ дæр. Уыимæ нын дæтты фадат сæ уæлæдарæс æмæ хæцæнгæрзты хуызтæ дæр уыцы рæстæджы комулæфтимæ нывты фенынæн.

Нывгæнæг ма арæх пайда кæны æрвхуыз-цъæх ахорæнтæй, æмæ уый та ууыл дзурæг у, сæрибардзинадмæ, адæмы хæлардзинадмæ кæй сиды. Суанг бæхæфсад, йæ разæй фæндаджы рыг къуыбылæйттæ кæмæн хæссы, лæг афтæ кæм ахъуыды кæндзæн, сæ фæстæ кæрдæг дæр нал æрзайдзæн, зæгъгæ, уым дæр нывгæнæг-философ æрвгъуыз ахорæнты фæзындæй дæтты ныфс сæрибардзинадæн, адæмы фидæнæн! Фæлæ уыцы иугæндзон архайы морæхуыз ахорæнты алы бæрцытæй дæр. Уымæ гæсгæ йæ кæттæгтыл нывтæ сты царды æцæг хуыз æвдисæг, уæзбын æмæ уыцы иу рæстæг арф.

Цымæ цы кусæг у уыцы «Уари» хæхбæсты астæу иунæгæй? Цы дзы зæгъынмæ хъавыд нывгæнæг? Цы куры Хуыцауæй нывгæнæджы «Философ»? Иннæмæй та, цы фæхæссы йе 'ккой уыцы хорз ирон лæг ныв «Уаргъ»-ы? Кæд, мыйййаг, уый йæ царды уаргъ у æмæ уыцы æйчытæ хъæмпын ахстоны тыхтæй та цардыхос сты? Кæд, мыйййаг, бинонты хъармæ бæллы нæ хъайтар, чи зоны йын цот нæ рацыд æмæ разы у æккойуаргъимæ хæрæджы цардыл дæр, æрмæст хъæбулы амонд бавзар, зæгъгæ.

Пухаты Вадим канд нывгæнæг нæу, фæлæ ныр бирæ азты дæргъы РЦИ-Аланийы нывгæнджыты цæдисы уадзы журнал «Национальный колорит». У йæ сæйраг редактор æмæ дизайнер. Бацæттæ кодта алы хуызы проекттæ равдыстыты бындурыл, каталогтæ, арæх фæархайы Ирыстоны нывгæнджытимæ равдыстыты фæсарæнты. Йæ куыстытæн ын алы ран дæр скæнынц стыр аргъ.

Йæ хъазуатон куыст æмæ хæрзхъæд сфæлдыстадон куыстыты тыххæй хорзæхджынгонд æрцыд Уæрæсейы нывгæнджыты академийы фыццаг къæпхæны дипломæй, Уæрæсейы нывгæнджыты цæдисы сызгъæрин майдантæ «Духовность. Традиции. Мастерство» æмæ «За вклад в отечественную культуру»-йæ, Уæрæсейы Нывгæнджыты Академийы æвзист майдан «Достойному»-йæ, Кады Гæххæттытæ æмæ æндæр хæрзиуджытæй. Кусы ЦИПУ-йы аивæдты факультеты хистæр ахуыргæнæгæй. Стыр æвæрæн хæссы ног фæлтæртæ хъомыл кæныны хъуыддагмæ, нывгæнынады аивадмæ сæ разæнгард кæны æмæ сын цæстуарзонæй амоны сæ равзæрст дæсныйады сусæгдзинæдтæ.

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ



## ПУХАТЫ ВАДИМ:

***Мæ куыстыты философийы алцы бамбарынгæнæн нæй. Цыдæр фæзилæнтыл дзы адæймаг хъуамæ йæхæдæг ахъуыды кæна. Ома, алыхуызон адæймæгтæм арæзт сты; сæ дунембарынадмæ гæсгæ сæм хæстæгдæр цы у, уый дзы цæмæй ссарой. Вæййы сæ мифологийы, æмбæхст æнкъарæнты, националон хуызты фæзилæнтæ...***



**Сæрмæттæ**



**Урс барæг**



**Катафрактарий**



**Сæрибархæссæг барæг**



**Валлойнаг таурæгъ**





Шахмæтты къаролы ус. Шахмæтты къарол



Сæрмæтты бæхæфсад


Шахмæтты бæх



Тыллæг



Ос-Бæгъатыр. Фæдисы æртытæ



Лехелы кадæг




**Алайнаг æфсæддон**



Хъаугъа



**Уадгуырой**



**Хæхтæ**



**Уари**



**Философ**



**Сфинкс**


Сæрмæтаг барæг


Валлойнаг таурæгъ



**Мизансценæ**



**Мæсыгуромæг**



Парижаг æхсæвы зæлтæ



*Кæркуысты Динæ райгуырд 2004 азы 10 мартъийы. 2019 азы æнтыстджынæй каст фæци Алагиры районы Рамоновойы хъæуы скъола. Кæддæриддæр тырнydта мадæлон æвзаджы сусæгдзинæдттæ иртасынмæ.*

*У Дзæуджыхъæуы медицинон колледжы ахуыргæнинаг. Дарддæр æй фæнды дохтыры дæсныйад уæлдæр кæнын.*

*КÆРКУЫСТЫ Динæ*

# ХАЛОН ÆМÆ ХЪАЛ ЧЫЗГ

*Аргъау*

Царди-уыди иу зæронд æлдар, æмæ йын уыдис иунæг чызг, хъал æмæ къулбадæг. Æлдары фæндыд йæ чызджы чындзы раттын, цæмæй æнæ бындарæй ма баззайа. Чызг та, цыма ницы зоны, афтæ дары йæхи, æнæмæт цард кæны. Мæсты кæны æлдар, фæлæ йын цы кæна, уый йæ сæр нæ ахсы. Уæд дын æм иуахæмы йæхимæ фæдзырдта æмæ зæгъы:

– Мæ зæрды ис, мæ чызг, ерыс расидын. Уыцы ерысы ды дæхицæн мой равзардзынæ. Æз зæронд дæн, æмæ мæ фæнды мæ хъæбулы хъæбулты дæр фенын...

Чызг ын дзуапп радта:

– Хорз, мæ фыд, уæд афтæ. Æз чындзы ацæудзынæн, æрмæст ахæммæ, згъæлст нартхор чи бахæра, бæхыл бадгæйæ, æмæ дзы иу гага дæр зæхмæ кæмæн не `рхауа. Кæмæн дзы `рхауа, уый та-иу фæндараст уæд.

Æлдар зæгъы:

– Хорз...

Баныхас кодтой. Ерысмæ дуне хъæбатыр адæм æрбамбырд. Æлдар йæ бинойнаг æмæ йæ чызгимæ дæр уым уыдысты. Чызг-иу куыддæр радон ерысгæнæджы ауыдта, афтæ-иу ыл йæхæдæг фæсномыг ном

авæрдта æмæ-иу худынæй бакъæцæл. Уыцы ерысгæнджыты ‘хсæн уыдис иу зæронд усгур. Чызг ын худтис йæ зачъетæ æмæ йæ фындзыл. Йæхиуæттæ йын дзырдтой:

– Бакæс-ма йæм, куыд дзæбæх у!

Чызг та:

– Æцæг халон куы у. Афтæ йæ хондзынæн – Халон, – æмæ кæлкæлæй худтис.

Фæлварынц тæхгæ-тæхын нартхор бахæрын ерысгæнджытæ, фæлæ гагатæ æрхауынц зæхмæ, æмæ æлдары чызг худæгæй артæнхæлдтæ кæны. Æрмæст Халон фесгуыхт – иу гага дæр зæхмæ не ‘руагъта. Фæлæ дзы иу йæ зачъеты ныссагъдис. Чызгмæ æрбахæстæг, уый ныххудтис æмæ йын загъта, дæуæн та гага дæ зачъеты ис, зæгъгæ. Уæд æлдар нал фæлæууыд:

– Зæххыл нæй! Дæ ныхас дæ ма уæд рох!

– Мæ ныхас? Æмæ уæдæ Халонмæ ацæуон чындзы?

Æмæ иууылдæр ныххудтысты.

Æлдар смæсты:

– Уæдæ æз сомы кæнын, ард хæрын мæ адæмы раз, фыццаджыдæр цы мæгуырыл фембæлон, уымæн дæ усæн ратдзынæн!

Чызг æнхъæлдта, æмæ хынджылæг кæны йæ фыд, фæлæ æлдары адæмæй иу хъæрæй загъта:

– Æлдар, æрбацыд иу мæгуыр лæг, æмæ домы, цæмæй дæ ныхас сæххæст кæнай...

Фæзынд мæгуыр лæг, скъуыд, бызгъуыртæ дарæсы, йæ къухы – æмпъызтытæ дзæкъул.

Æлдар дзуры йæ адæммæ:

– Хъусут, рахæссут мæ чызгæн исты бызгъуыртæ æмæ йыл сæ скæнут!

Ацыдис чызг йæ лæгимæ. Цæуынц-цæуынц æмæ уынынц: быдыры фысты дзугтæ хизынц, стырвосы рæгъæуттæ. Бæхтæ дæр ма! Фæрсы чызг:

– Адон кæй исбон сты?

– Халоны!

– Ай та кæй галуан у?

– Халоны!

– Æвæццæгæн, тынг хъæздыг у уыцы Халон.

– Æлдарæй хъæздыгдæр!

Хъуыды кæны чызг: «Сæрхъæн митæ куынæ кодтаин, уæд афонмæ уый бинойнаг нæ уыдаин?»

Уалынмæ бахæццæ сты сæ хæдзармæ æмæ йын лæг дзуры:

– Арт скæн. Сарæхсдзынæ?

– Цæй кой кæныс – арт та циу?

– Мæнæ замана! Арт – зæххыл æй скæнынц, къалиутæй æмæ зынгæй. Уæртæ ма нæм дзидза дæр ис, æмæ дзы лывзæ акæн.

Ницæмæ сарæхст чызг, алцыдæр лæгæн йæхи кæнын бахъуыд.

Райсомæй дзуры чызгмæ:

– Мæнæ тъæсчъы æйчытæ. Ауæй сæ кæн, æхца та мæнмæ æрбахæсс!

Араст ис чызг базармæ. Бацыд æмæ уыны: чи халсартæ уæй кæны, чи – дыргътæ, чи – æндæр цыдæр. Тæскъ зæххыл куыд æрæвæрдта, афтæ йæм иу ус бауадис:

– Цас кæны иу айк?

– Туман.

– Æри-ма мын дзы дыууæ.

Чызг ын сæ радта. Ус дзы иу асаста, æмæ йæ хуылфы разынд дæс туманы. Иннæ асаста, æмæ та уым дæр – афтæ.

– Мæнæ дын дæ дæс айкæн сæдæ сомы.

Раздæхт чызг йæ хæдзармæ æмæ лæгæн алцыдæр радзырдта. Уый та йын:

– Æнæсæр, æнæсæр чи дæ! Æйчытæ хæдзармæ цæуылнæ æрбахастай, кæд уыдтай, сæ хуылфы сæдæгай сомтæ ис, уæд? Кæм ис дæ сæр?

Кæуы æмæ кæуы чызг.

– Æгъгъæд фæуæд! Ахæсс ацы хъуыраутæ æмæ сæ ауæй кæн.

Æрæвæрдта чызг хъуыраутæ. Хъуысы цæфхæдты къупп-къупп. Алыварс хъæлæба:

– Халон! Халон!

Уыны чызг: æртæхы бæх, сау-сауид, æмæ йыл бады цыдæр лæг. Æмæ куыд тахт, афтæ йæ бæхы комкоммæ хъуыраутыл баскъæрдта, æмæ сæ ныммур кодта. Чызгмæ иуварсмæ кæсгæ дæр нæ фæкодта. Скуыдта чызг:

– Мæ бон уыдис йæ бинойнаг суæвын!

Раздæхт фæстæмæ хæдзармæ æмæ алцыдæр йæ лæгæн радзырдта.

– Ницæйаг, ницæйаг! Ницæмæн бæззыс! Фæлæ Халоны, йæ галуаны тæбæгътæ чи ‘хса, ахæм кусæг хъæуы. Тæккæ райсом уым уыдзынæ!

Райсомæй акодта чызджы галуанмæ. Райстой йæ тæбæгътæ æхсæгæй. Алы бон йæ куыстмæ цыдис, хæдзармæ та-иу фæлладæй æрхæццæ. Иуахæмы дзуры йæ лæгмæ:

– Фехъуыстай, Халон тагъд æлдары чызджы куры?

– Уæдæ дзы диссаджы хæринæгтæ æрæвæрдзысты! Гъемæ мын-иу исты адджинæгтæ амбæхс. Мæнæ ацы дзæкъул демæ айс æмæ.

Райста чызг дзæкъул, ацыдис куыстмæ æмæ йе ‘мкусæгæн афтæ:

– Цы тынг мæ фæнды чындзæхсæв фенын!

– Мæн дæр. Чындз диссаджы рæсугъд у, зæгъгæ, дзырдтой.

Уæртæ уыцы æмбæрзæны фæстæ бамбæхсдзыстæм æмæ уырдыгæй фендзыстæм æлдары æмæ йæ бинойнаджы дæр.

Чызг дзæкъулы йæ лæгæн адджинæгтæ сæвæрдта. Халон иу сылгоймагимæ кафын райдыдта. Стæй чызгмæ бацыд, уаты астæумæ йæ ракодта. Афтæ тагъд æй кодта, æмæ йæ дзæкъул æрхаудис. Адæм худынылсхæцыдысты. Фыр æфсæрмæй чызг зæхмæ æрхаудис. Халон æй фелвæста, уатмæ йæ ахаста æмæ йæ сынтæджы æрæвæрдта.

Йæхимæ æрцыдис чызг, уыны: чидæриддæр уыдис чындзæхсæвы, уыдон æм кæсынц, рахизырдыгæй йæ фыд лæууы, галиуырдыгæй – йæ мад.

- Кæм дæн? Цы мыл æрцыд?

- Ды Халоны галуаны дæ, нæ чызг.

- Æмæ Халон йæхæдæг кæм ис?

Ничи ницы дзуры. Æвиппайды дуар байгом æмæ уатмæ æрбахызт мæгуыр лæг. Сынтæгмæ бацыд, йæ мæнгдзæсгом систа æмæ... чызджы раз æрлæууыд Халон.

Лæг æмæ ус кæй уыдысты ныронг, уымæ гæсгæ фынджы уæлхъус æрбадтысты, æмæ чындзæхсæв дарддæр ноджы хъæлдзæгдæрæй цыдис. Мæнмæ та дзы хонæг дæр нæ уыд!

*ДЖИМИТЫ Анжелæ,*
*КАЛИНИНА-ДЖИМИОН Лянæ*

# ÆФСАДЫ РÆНХЪЫТЫ

*Нæ фыды мысинæгтæ*

Фæлварæнтæ механикон факультетмæ цавæртæ хъуыд, уый мын мæ сыхаг лæппу загъта, æмæ мæхи цæттæ кодтон. Балхæдтон алыхуызон чингуытæ. Фæззæджы æртæ лæппуйæ фæлварæнтæ лæвæрдтам, фыццаг математикæйæ. Ацыдыстæм поезды. Вагоны æз мæ ронæй систон чиныг, хынцинæгтæ рагацау конд кæм уыдысты, ахæм. Æмæ, ма тæрсут, æз уын уæ хынцинæгтæ ссардзынæн, зæгъгæ, сын загътон.

Къласмæ мидæмæ уагътой иугай, æмæ, дам, дæ рон бæрæг дары, зæгъгæ, ме 'мбал чиныг йæхимæ куыддæр бамбæхста æмæ бацыд. Бадтысты цыппæргæйттæй, æмæ дзы, æртæйæ кæрæдзийы фарсмæ кæм æрбадтаиккам, ахæм бынат нал уыд. Ме 'мбæлттæ дыууæйæ сбадтысты рудзгуыты раз, æз та – кæронæй, уымæн æмæ нын æртыккаг лæппу нæ бакуымдта йæ бынатæй фезмæлын, мæн, дам, ам сбадын кодтой, зæгъгæ.

Ахуыргæнæг – Белогуров æй хуыдтой – фæйнæгыл хынцинæгтæ фыссын райдыдта, æмæ æз чиныг бацагуырдтон, фæлæ, фыццаг чи бадт, уый дзы йæ хынцинаг агурын райдыдта æмæ йæ нæ лæвæрдта.

Æз, æри-ма чиныг, æри-ма чиныг, зæгъгæ, дзурын ме 'мбалмæ, уый бахъуыр-хъуыр кодта, стæй чиныг стъолыл мæнмæ расхуыста, æмæ йæ тъæпп пъолыл фæцыд. Ахуыргæнæг йæ куыст фæуагъта æмæ йæ фелвæста. Арафæлдах-бафæлдах æй кодта æмæ мæ мыггаг радзырдта, уый, дам, систæд. Æз систадтæн, уый мын дуармæ ацамыдта. Æдде фæлæууыдтæн ме 'мбæлттæм, æмæ нæхимæ æрцыдыстæм. Уыдон дæр иу хынцинаг дæр не скодтой. Æз та ма æнæ замманай чиныгæй дæр баззадтæн.

Мæ куыст цыди хорз, фæлæ уæддæр, ахуыр кæнын мæ кæй хъуыди, уый мæ рох нæ уыд. Ме 'мгæрттæ иууылдæр ацыдысты æфсадмæ, æмæ-иу æз дæр военкоматмæ ссыдтæн. Хистæр лейтенантæн-иу фæлæгъстæ кодтон, æмæ та мын-иу загъта, кусгæ кæн, зæгъгæ. Сæхимæ дæр-иу сæм ссыдтæн ме 'рдхорд лæппуимæ – уый уыд, мæнæ хорæфснайæнты хъæуы цы æрвыст лæг уыд, Рамазан, зæгъгæ, уый лæппу.

Иубон мæ акодта БМК*-мæ футболмæ, сæ «Пищевик», дам дзы хъазы. Балхæдтам æхсынæнтæ фæйнæ агуывзæйы æмæ, зæгъын, уыцы лæппуйæн худинаг у, фæлæ-ма мæнмæ кæс! Бацыдыстæм, хистæр лейтенант йæ бинойнагимæ цы бандоныл бадт, уый чъылдыммæ æмæ слæууыдтæн сæ фæстæ. Лæппу слæууыд дарддæр. Æз æхсынын райдыдтон æмæ, æхсынæнты цъæрттæй йæ пъагон стæй сылгоймаджы хызын куы нал зындысты, уæд фестадысты, æмæ мæм афицер бартхъирæн кодта ахæм ныхæстæй: «Райсом дæ мæнæ телтæн дзыхъхъытæ къахынмæ арвитдзынæн, ды нæ зоныс, стройбат цы у, уый».

Æцæгæйдæр æртæ боны фæстæ райстон гæххæтт къамисмæ. Къамисы мын загътой: «Ацу æмæ дæхи сдзæбæх кæн, æмæ дæм уæд бадзурдзыстæм». Мæнмæ ницы низ ис, зæгъгæ, семæ хыл кæнын райдыдтон. Уыдон æмдзыхæй куы фæкæниккой: «Равдисæм-ма йын йæ рентгены хуыз». Æмæ дзы æз цы æмбæрстон, фæлæ семæ хыл самадтон, уый уын уæртæ хистæр лейтенант загъта, зæгъгæ. Уый йæ кой куы айхъуыста, уæд фæхъæр ласта: «Ныффыссут-ма дзы, æнæниз у, зæгъгæ».

Афтæмæй цалдæр боны фæстæ быдыры нæ бригадмæ иу лæппу æрбахаста гæххæтт. Мæнæ, дам, уæ трактористмæ сидынц райсом военкоматмæ, æмæ-иу æй суæгъд кæнут куыстæй. Изæрмæ куы бакуыстон, уæд мын Бебе загъта: «Ацу уæхимæ, ахсæв нæ кусыс». Дыккаг бон бацыдтæн военкоммæ. Уый йæ сæр батылдта æмæ мын стыр уайдзæфы хуызæн загъта: «Æз ма дæ арвитинаг уыдтæн артиллерион училищемæ, фæлæ дæ ныр æрвитын хъæуы… арæзтæдтæм æфсад куынæ фæкæса, уæд, дам, кæдмæ сцæттæ уыдзысты нæ горæттæ нывыл цæрынмæ». Ды та тыххæй дæхи уырдæм æппарыс, кæннод, ай цы у, зæгъгæ мæм гæххæтты тыхт æрбаппæрста. Уый фегом ис æмæ дзы æхсынæны цъæрттæ æркалдысты. Æз сæ æмбырд кæнын райдыдтон, фæлæ мын уый афтæ: «Цу хистæр лейтенантмæ, мæ цæстыты раз куыд нал уай, афтæ».

Æз иннæ уаты хистæр лейтенанты раз балæууыдтæн. Уый æнæ дзургæйæ сыстад æмæ мын, гæххæтт дæтгæйæ, бузныг, зæгъгæ, куы зæгъид. Ома, дам мын райсоммæ лæппутæ нæ фаг кодта, æмæ, дам мæ ды фервæзын кодтай. Гæххæтт уыд дыууæ боны фæстæмæ. Æз нæхимæ цингæнгæ балæууыдтæн, æмæ нæ бинонтæ фæджихау сты. Махæн, дам, трактористты æфсадмæ нæ кæнынц, зæгъгæ, куы дзырдтой.

Иннæ бон ссыдтæн МТС-мæ, æмæ мын директор ме 'хца раттын кодта

* Бесланы маисон комбинат, – (Ред. )

иууылдær. Уым мыл кæрты амбæлд МТС-ы куырд, мæ мадырвадæлтæ Гусалты лæг, Микка, æмæ, дам, цом махмæ. Цардис уырдæм хæстæг. Æз ын загътон: «Афонмæ нæхимæ бадынц сыхæгтæ æмæ ме 'мгæрттæ», – æмæ нæхимæ балæууыдтæн. Æхца мæ мадмæ радтон, æмæ мын дзы иуцасдæр фæстæмæ раздæхта.

Фынджы уæлхъус чи бадт, уыдон сæ хабар кодтой. Уалынмæ мæм дуармæ бадзырдтой, мæнæ, дам дæ Беслæныхъæуæй чидæр агуры. Уый уыд куырд Миккæ. Лæгты размæ йæ бакодтон, æмæ йын сыстадысты, фæлæ фынгыл бадын нæ бакуымдта, ныр изæр у, зæгъгæ. Цæугæ та, дам, æркодтон уымæн, æмæ абон куы фембæлдыстæм МТС-ы, уæд, дам дын зæрдæлхæнæн нæ радтон, æмæ мæм адæмы раз радта фондз æмæ ссæдз сомы æмхæст æхца, ай дын тетрад æмæ ручкæйæн, æмæ арæх писмотæ фысс, зæгъгæ. Ууыл ацыд сæхимæ. Адæм фæбадтысты, стæй ахæлиу сты. Æз та нæ хæстæджытыл азылдтæн.

Райсомæй иунæгæй ссыдтæн военкоматмæ. Уым сæййæфтон нæхихъæуккаг лæппуйы, Тифа йæ хуыдтой, Азиатæй. Уый уыд мæнæй дыууæ азы кæстæр. Иууылдæр куы æрæмбырд стæм, уæд нæ поезды аластой горæтмæ. Скодтой нæ, хæстонты госпиталь кæм уыд, уырдæм, æмæ нын кодтой рентген. Уым рентгены хицау уыд дыгурон лæг, иу-æхсай азы кæуыл цыд, ахæм. Куы мæ слæууын кодта фенынмæ, уæд цыдæр æнахуыр ныхæстæ загъта дыгуронау, æмæ сæ æз нæ бамбæрстон. Уæд мæ бафарста, цы кусæг дæ, зæгъгæ. Æз ын загътон, тракторыл куыстон МТС-ы, зæгъгæ. Уый мын загъта: «Ацу æмæ кус». «Æмæ мæ æфсадмæ куы кæнынц, уæд уый та куыд у?» – бадис кодтон æз. «Æвæццæгæн, искуы тракторы бын уымæл зæххыл истытæ куыстай, æмæ дæ рæуджытæ донæй дзаг кæнынц. Уыдон дзæбæх кæнынæн та бирæ æхца хъæуы, æмæ трактористæй фылдæр ничи кусы æхца». Æз ын загътон, мæнмæ æхца нæй, зæгъгæ, æмæ мæ ма уром. Чи дын ис бинонтæй, зæгъгæ мæ куы бафарста, уæд ын мæ хабар радзырдтон. Иунæгæй кусын нæ бинонтæй, мах стæм нæ мадæн цыппар. Æдде дуар хойын райдыдтой, æмæ мын уæд загъта: «Æз дын æнæниз у, зæгъгæ, фыссын, фæлæ бынатмæ куы ныххæццæ уай, уæд дæ уæддæр рарвитдзысты».

Уырдыгæй нæ акодтой сывæллæтты театр «Саби»-йы кæртмæ. Уым ныл дуæрттæ сæхгæдтой. Мах цалдæр лæппуйæ бæласмæ схызтыстæм æмæ уырдыгæй – сисмæ, сисæй та зæхмæ – æцæг уынджы `рдыгæй. Æз ацыдтæн медучилищемæ. Уым ахуыр кодта, Хуымæллæджы скъолайы цы чызг бадт иу партæйыл мемæ, уый. Ссардтон æй, æмæ фæзылды-

стæм кинотыл, бирæ фестæм фæлладуадзæн парчы. Æмбисæхсæв, кино куыддæр фæцис, афтæ театры дуармæ балæууыдыстæм, æмæ дын йæ дуæрттæ разындысты гом.

Ссыдыстæм станцæмæ, æмæ уым лæууыд дæргъæй-дæргъмæ паровоз, йæ фæстæ дыууадæс хорласæн вагоны. Рауай-бауай акодтам вагæтты рæзты, æмæ мæм иу заман Тифа вагонæй, хор-иу цы рудзынгæй дзаг кодтой, уырдыгæй рахъæр кодта: «Ам ис дæ дзæкъул, æмæ рæвдз схиз».

Тифа мын уым йæ фарсмæ уæллаг хуыссæн бынат хибар бакодта. Беслæны станцæмæ æрбацыд бирæ адæм. Тифа рудзынгæй каст æмæ мæ басхуыста, дæлæ дæм чи ссыд, уыдон дæ агурынц, зæгъгæ. Æз рахызтæн, æмæ нæ сыхаг лæппутæ скуывтой кувинæгтæ, фæныхас кодтам. Уæдмæ-ма вагæттыл бафтыдтой, Грозна, Дагестанæй чи уыд, ахæмты.

Рухс кæнынмæ хъавыд, афтæ араст стæм. Фæндагыл цы диссæгтæ федтам, уыдон ныффыссынæн хъæуы æнæхъæн чиныг.

Хицæуттæ нын алы хорздзинæдтæ кодтой. Хæрæндонмæ нæ ахуыдтой Батайскы. Мах бацыдыстæм сыгъдæг хæрæндонмæ æмæ йæ диссаджы æдзæллагæй ныуагътам. Йæ царæй бынмæ кæсæгтæ кастысты. Ахæм дæснытæ уыд не 'хсæн, æмæ-иу кæсаджы æрдæг уидыджы кæрон авæрдта, иннæ къухæй та-иу ын йæ иннæ кæрон æрцавта. Кæсагæн дæр йæ бон цы уыд, царыл-иу аныхæст æмæ бынмæ каст. Сæ къухтæ та уыцы фыдуæгтæ сæрфтой рудзынгæмбæрзæнæй.

Фæцыдыстæм авд суткæйы, æмæ нæ иуыл дæр нал уыд къахы дарæс, уæлæйы дзаума. Иууылдæр сæ æхстой фæндаг цалцæггæнджытыл. Мæнæн дæр æмæ сæ Тифайæн дæр æхсæвыгон бамбæхстой, стæй сæ фехстой. Ленинградмæ ныххæццæ стæм изæры талынгæй, фæлæ уынгты уыд бирæ адæм, уаргæ кæд кодта, уæддæр. Рацыдысты, кавказæгтæ, дам, æрцæуудзысты ахсæв, зæгъгæ. Æмæ æцæгæйдæр, уыдис, цæмæ бакастаиккой, уый: бæгъæввадæй, афтид хæлæфты, иуæй иутыл ма уыд кæнæ майкæ, кæнæ хæдон.

Æрцæрын нæ кодтой иу стыр агъуысты, йæ дæргъ сæдæ метрæй фылдæр уыд, æвæццæгæн. Махæн загъд уыд, йæ иу æмбис бацахсут, зæгъгæ, фæлæ мах, Кавказæй стæм, зæгъгæ, бацахстам æрмæстдæр бинаг сынтæджытæ. Сынтæджытæ та уыдысты дыгæйттæ: иу – бынæй, иннæ – йæ сæрмæ. Мах районæй чи уыд, уыдон баныхас кодтам, иумæ цæмæй уæм, ууыл, æмæ иу къуымæй райдыдтам нæхицæн бынæттæ агурын. Тифаимæ иу ран æрбынат кодтам. Уалынмæ нын бахæрын кодтой, æмæ, нæ хуыссæнтæм куыддæр баирвæзтыстæм, афтæ бафынæй стæм. Фæсæх-

сæвæр Уралæй æрбацыд æндæр поезд, æмæ, поезды чи уыд, уыдоны дæр æрбакодтой уырдæм æмæ сын загътой, йæ иу æрдæгыл æрцæрут, зæгъгæ. Бацыдысты, æмæ уым чи хуыссыд, уыдоны пъолмæ æппарын райдыдтой æрдæгфынæйæ. Ноджы ма алыхуызон æвзæр ныхæстæ кодтой. Мах райхъал стæм сæ хъæрæй, фæлæ нæм дард уыдысты. Райсомæй рабæрæг, кардæй цæфтæ дæр дзы кæй æрцыд, уый.

Дыккаг бон райдыдтой махæй иуæй-иуты кæдæмдæр кæнын. Æмæ фыццæгтæ загътой, дохтырты къамис, дам, тынг домаг у, зæгъгæ. Æвдæм бон акодтой мæн дæр æмæ Тифайы дæр. Æппæты фыццаг нæ федтой иу цалдæр раны, фæстагмæ нæ бакодтой рентгенмæ. Уыдис дзы дыууæ сылгоймаджы. Иу дзы архайдта цыдæр къуымы, иннæ та бадт стъолы фарсмæ. Слæууын мæ кодта фыццаг сылгоймаг аппараты цур æмæ уайтагъд фæхъæр кодта, æмбал майор, зæгъгæ. Иннæ сылгоймаг фестад стъолы разæй æмæ хъæргæнæджы бынаты алæууыд. Рахызт, аппарат ахуыссын кодта, афтæмæй. Мæн йæ разы алæууын кодта кодта æмæ мæ фæрсы: «Ардæм куыд æрбацыдтæ?» Æз ын загътон: «Иннæтæ куыд æрбацыдысты, афтæ». Уый цыдæр кънопкæйыл ныххæцыд, æмæ æрбацыд иу лæг, уый дæр урс дзаумæтты. Сылгоймаг фæгæпп ласта æмæ, йæ размæ бацæугæйæ, загъта: «Æмбал дæлбулкъон, ацы лæппу у тынг рынчын, æмæ ардæм куыд æрхæццæ Кавказæй?»

Уый мын аппаратмæ ацамыдта æмæ та мæ уым слæууын кодтой. Нықъкъæпп æй кодтой æмæ йæм дыууæйæ дæр радыгай кастысты. Рахизын мæ кодтой æмæ мæ уым бандоныл сбадын кодтой. Цыдæртæ фæдзырдтой, æмæ уæд лæг телефонæй кæдæмдæр адзырдта. Иу-дæс минуты фæстæ æрбацыд иу булкъон æмæ йæм дæлбулкъон куы сдзурид: «Æмбал булкъон, ацы лæппу у тынг рынчын, æмæ йын цы кæнæм? Уый дæр мын аппаратмæ ацамыдта. Слæууын та мæ кодтой, æмæ булкъон раздæр каст, стæй та иннæ дыууæ. Булкъон бандон мæ разы æрæвæрдта æмæ æрбадт. Стæй мæ фæрсын райдыдта, ардæм уæ куы `рвыстой, уæд рентген кодтай æви нæ, зæгъгæ. Æз ын загътон: «Раздæр рентген скодтон Беслæны, ардæм цæугæйæ та – Орджоникидзейы». Фестад æмæ иннæтæм дзуры: «Иу хатт ма йæ фенæм». Æз уæд мæхи фæлæг кодтон æмæ, слæугæйæ, булкъонмæ куы сдзурин: «Æмбал булкъон, рентген адæймагæн æхсæз мæйы иу хатт йеддæмæ куынæ ис кæнæн, уæд мæ ныр фарæстæм хатт куыд лæууын кæнут?!» Уый мæм фæзылд æмæ сылгоймаг майорæн куы зæгъид: «Ныффысс-ма йын, хорз у, зæгъгæ, уадз æмæ тухитæ кæна ахæм зонджынæй».

Дыууæ боны фæстæ нæ абанамæ акодтой, æмæ, нæхи куы цынадтам, уæд нæ, кæуылты бацыдыстæм, ууылты нæ рауагътой нæ дзаумæттæм, фæлæ нын иу стъолмæ ацамыдтой æндæрырдыгæй. Стъолы фарсмæ бадт сылгоймаг, æмæ йæм Тифаимæ куы бацыдыстæм, уæд нæ бафарста нæ мыггæгтæй æмæ иу гæххætт райста. Бирæ йæм фæкаст, стæй мæнæн рахизырдыгæй дуармæ ацамыдта, фæлæ лæууыдтæн, цæмæй базонон, Тифайæн та кæцы дуармæ бацамондзæн. Уый йын ацамыдта иннæ дуармæ. Æз ахызтæн дуарæй æмæ бахаудтæн даргъ къæлидормæ. Æнцад лæууын, æмæ, уым цы лæг уыд, уый мын рудзынгмæ ацамыдта. Æз рудзынгмæ бакастæн æмæ мæм дзы радзырдтой, дæ ас цас у, зæгъгæ. Æз ын загътон: цыппор аст. Æвиппайды мæм æртæ цыбыр мидæггаг хæлафы раппæрстой. Куы сæ ауыдтон, уæд æрбадтæн æмæ хъуыдыты аныгъуылдтæн: фондз азы денджызон макъаронтæ-хæнкъæлтæ хæрдзынæн, зæгъгæ. Фæлæ мын бирæ рæстæг нæ разынд хъуыды кæнынмæ, хорз у æви æвзæр. Уымæн æмæ мын мæ æрбадæнтæн, фæсте цы лæг уыд, уый ахæм цæф йæ батинкæйæ авæрдта, æмæ уайтагъд иннæ рудзынджы раз балæууыдтæн. Къæлидоры кæронмæ цалынмæ хæццæ кодтон, уæдмæ дынджыр рагъ систы мæ хæссинæгтæ. Фæстагмæ мын æнæфæрсгæйæ раппæрстой цыдæр æнахуыр кæттагæй конд дзаума, ай, дам дын чумæдан, зæгъгæ.

Уым уыд цалдæр матросы, æмæ алкæмæн дæр амыдтой, куыд æмбырд кæнын хъæуы дзаумæттæ уыцы чумæданы. Раст, дам æй куы сæмбырд кæнай, уæд, дам дзы дон æртæ суткæйы нæ бахъардзæн. Бахастон æй мæ хуыссæн бынатмæ æмæ мæ алыварс никæйуал зыдтон: иутыл матросы дзаума уыд, иннæтыл – салдаты дарæс. Тифа нæ зынд, æмæ мын лæппутæ афтæ куы зæгъиккой, уæртæ, дам, дзаумæттæ кæм дæттынц, уым кæимæдæр хыл кодта, æмæ, дам æй кæдæмдæр акодтой, ма йын тæрс, æртæккæ хæрæндоны дæ фарсмæ куы æрбада, уæд æй базондзынæ. Æцæгæйдæр, хæрæндонмæ куы бацыдыстæм, уæд æй йæ бандоныл бадгæ баййæфтон. Слæууын æй кодтон æмæ йæ бафарстон, кæимæ хыл кодтай, зæгъгæ, æмæ, дам, мæ иу цырыхъхъæн йæ бын уыд дыууæ дихы. Æмæ, зæгъын, дæ пилоткæ дæр алыхуызон фарсджын куы у. Дæ хъал, дам мыл ма кал, мæнæ, дам дзы фондз азы куы ахæцай, уæд, дам, нал цин кæндзынæ.

Уыцы бон ма баззадыстæм, Кавказæй чи ныццыд, уыдонæй сæдæмæ хæстæг, сæ фылдæр уыдысты сау дарæсы. Фæстагмæ ма уыдыстæм аст æмæ ссæдз, æмæ нæ аластой поезды иу гыццыл горæтмæ, денджызы

был чи уыд, ахæммæ. Уырдæм нæм изæры æрбацыд адæмласæн катер. Уым сбадтыстæм, æмæ нæ баласта иу-æхсæз километры, сакъадах Котлин, зæгъгæ, уырдæм. Сакъадах уыд гыццыл, мæнæ мах хъæд цы фæзуат ахсы, ахæм, фæлæ дзы иу зæххы гæбаз дæр уæгъд нæ уыд. Цы сахар дзы уыд, уый зындгонд уыд кинонывтæм гæсгæ – Кронштадт.

Æрцæрын нæ кодтой алы рæтты æртæуæладзыгон хæдзæртты. Ахæм иухуызон хæдзæрттæ дзы уыд фондз кæрæдзийы фарсмæ, æмæ сын уыдис хицæн нæмттæ. Мах кæдæм бакодтой, уым къулыл фыст уыд: «Минæ-артиллерион скъола Сладковы номыл». Афтæмæй та бахаудтæн скъоламæ. Æрцæрын нæ кодтой дыккаг бацæуæны, дыккаг уæладзыджы дыууæ стыр уаты, къуымтæ ма дзы уыдис цалдæр. Фæдих нæ кодтой дыууæ дихы, æмæ цардыстæм дыууæ уаты хицæнтæй. Иумæ нæ хуыдтой æртыккаг ротæ. Хицæн уатты чи уыд, уыдоны та хуыдтой взвод иу æмæ взвод дыууæ. Алы взводы дæр уыд дыууæ хайады фæйнæ æхсæрдæс матросимæ. Хайадæн уыд хицау – хистæр матрос, дыууæ хайадæн уыд хицау – фыццæгæм къæпхæны старшина. Взводы хицау та уыд лейтенант. Ротæйы хицау та уыд хистæр лейтенант.

Мах, ирæттæ, уыдыстæм дыууæ взводы дæр, фæлæ фылдæр уыдысты, Уралæй цы поезд æрбацыд, уыдонæй. Иннæ уаты чи цард, уыдоны хицау уыд фыццаг къæпхæны старшина Гуытъиаты Гæтæгъæз Нартыхъæуæй. Æмæ не ‘ппæтыл дæр тынг цины æмбæлд фæкодта. Махæн та хицау уыд фыццаг къæпхæны старшина Дунаев. Уый нын уыд ахуыргæнæг дæр æмæ, цас федтон ахуыргæнджытæ, фæлæ дзы ахæм никуы федтон. Уый йын пайда нæ хаста, уымæн æмæ йæ сæхимæ нæ уагътой. Уæд денджызонтæ службæ кодтой фондз азы, уый та йæ æхсæз азы фæсте фæуагъта. Иннæ хицауы та хуыдтой Гæтæ, Гæтæгъæзы бæсты.

Уыцы бонты Кронштадты уыд тынг уазалтæ: æрттын æхсæз – æртын аст градусы, æмæ нын къæсты уыд уроктæ. Къæстæ та уыдысты былгæрон, æмæ уырдæм, стæй фæстæмæ дæр кодтам агайгæ уазалы тыххæй. Раздæр нын бацамыдтой, уынгты куыд агайын хъуыд, уый. Ома, уынгтæ уыдысты æмбæрзт дойнаг тымбыл дуртæй, æмæ иуæй-иу уынгты фæндаг уыд къуырфгонд, йæ астæу дæргъæй-дæргъмæ. Иннæтæн та фæндаг уыд къуыбыргонд – бæрзонддæр. Уаргæйæ кæнæ ивылдтыты рæстæг дон кæлы кæнæ астæуты, кæнæ фæндаджы фæрсты. Уазал æртын цыппар градусы куы ссис, уæд нæ акодтой иу стыр фæзмæ, Якорьты фæз æй хуыдтой, æмæ уым райдыдтам хæстрæнхъон ахуыртæ. Æз уæлдæр фыстон училищейы хабæрттæ æмæ уымæ гæсгæ мæ къах,

уым нын куыд амыдтой, афтæ истон æмæ-иу мæ разæй чи цыд, уый скъуырдтон. Уый федтой афицертæ – дард чи лæууыд, уыдон æмæ нын нæ ротæйы хицауы бафарстой: «Уый цы у, дæлæ ма дæ урссæр матросмæ кæс, цытæ кæны».

Фæллад уадзынмæ нæ куы рахæлиу кодтой, уæд мæм Дунаев æрбацыд, æмæ, дам дæм ротæйы хицау дзуры, æцæг, дам æм куы бахæццæ уай, зæгъгæ мын амонынмæ хъавыд, куыд æм бацæуон æмæ куыд зæгъон. Æз ацыдтæн афицертæм æмæ, училищейы цыма дæн, афтæ хистæрæй хатыр ракуырдтон æмæ уæд нæ ротæйы хицаумæ бацыдтæн. Уый мын афтæ: «Æз дæ уæгъд кæнын ацы уроктæй, æмæ уал абон дæлæ музеймæ бацу хъарммæ æмæ уым дæ рæстæг арвит. Иннæ хатт-иу ма рацу, фæлæ писмотæ фысс æхсæвыгæтты бæсты». Йе 'мбæлттæн куы зæгъид, æхсæв-бонмæ, дам, фыссы писмотæ коптеркæйы. Иу мæ дзы куы бафæрсид: «Фылдæр цал писмойы ныффыссыс?» Æз ын загътон: «Фыццаг бонты фыстон æхсай-æхсай æртæ писмойы, нæ кълæсты чи ахуыр кодта, уыдонмæ се 'ппæтмæ дæр. Ныр та фыссын æрмæстдæр, кæмæй райсын дзуапп, уыдонмæ, стæй ахуыргæнджытæм».

Бацыдтæн музеймæ, æмæ дзы уыд хъарм. Музей та уыд, ныртæккæ дæр нæй никуы Уæрæсейы, ахæм аргъуаны хуызæн. Йæ ракомкоммæ та зындгонд адмирал Макаровы цыртдзæвæн. Аргъуаны фæрсты цы арф къанау ис, уый сæрты скодтой хорз ауындзгæ хид. Йæ иу кæрон аргъуаны `рдыгæй ис хорз конд ныууайæн бынмæ. Бынæй ис, зæххыл цы денджызтæ æмæ фурдтæ ис, уыдоны æмвæзад чи амоны, уыцы фæйнæг. Къанау цæуы сакъадахæн йæ иу кæронæй иннæмæ, æмæ фæйнæгмæ денджызы уылæнтæ нæ хæццæ кæнынц, уый фæрцы дон фæндаджы раз не змæлы, æрмæстдæр амоны дон дæлдæр цæуы, æви уæлдæр. Æнæхъæн уыцы иу урочы рæстæг цас диссæгтæ федтон музейы, æмæ уыцы фæйнæг та уыд бирæйы аргъ.

Цæрæн бынатмæ куы æрбацыдыстæм, уæд мæ цинæй ницыуал аззад мæ сæры, Гæтæ мын ахæм митæ бакодта. Чи, дам дæ цæуæг кодта суворовон санчъехтæй? Ныр, дам, дæ ротæйы хицау наумæ нал ауадздзæн, æмæ, дам, мæнæ мæ хуызæн фондз азы ам уыдзынæ. Ницы, дам, фендзынæ, абон цы федтай, уымæй уæлдай. Дæхи бабын кодтай, æмæ дын мæ бон дæр ницы бауыдзæн. Æз, дам, мæ бæсты бацæттæ кодтон лæппуйы æмæ нæхимæ цæудзынæн. Дунаев, дам, кусдзæн мæ бæсты, ды та Дунаевы бæсты, афтæ нын загъта взводы хицау.

Йæ хъæрмæ æрæмбырд сты ирæттæ дыууæ уатæй дæр. Афтæ рауад

цалдæр хатты, фæлæ уæдмæ хæстон министрæй сæвæрдтой Г.К. Жуковы. Ног цъылын, дам, мæрзаг у, зæгъгæ, рауагъта указ, ома, дам, хæст раджы фæцис, æмæ, ныр чи æххæст кæны йæ хæс, уыдонæн æххуыс бакæнæм. Фыццæгæм февралæй фæстæмæ æфсæдтæ службæ кæндзысты æртæ азы, денджызонтæ та – цыппар азы. Иууылдæр цин кодтой, фæлæ денджызонтæ мæйы фæстæ базыдтой, сæ улупа сын æфсæддонты хуызæн кæй скодта, уый. Ома, кæд матрос иста 39 сомы, уæд ныр та исдзæн куыд салдат – æртæ сомы. Старшина кæд 285 сомы иста, уæд ныр та – 93 сомы.

23 февралы та мæм Гæтæ æрбацыд æмæ та мын мæ хъуын ацагъта. Райсом, дам æй фехъусдзынæ, хистæр матросы цин дын кæй радтой, уый. Нæ хистæр матрос æхсæзæм аз кæй службæ кодта, уый тыххæй йæ сæхимæ арвыстой. Хицауы уынаффæмæ гæсгæ баззадтæн уыцы матросы бæсты. Ома, хайады командирæй. Уыдыстæм æхсæрдæс, æмæ ныр дзуапп дæттын хъуыд фынддæс матросæн.

Цал боны рацыд, нæ зонын, фæлæ уыцы фынддæсæй æхсæз уыдысты ирæттæ æмæ мын фыддæрагæнтæ кæнын райдыдтой. Уæлдайдæр иу, Беслæныхъæуæй, Виктор, зæгъгæ. Райсомæй-иу ныwыл никуы слæууыд рæнхъы. Хæрæндонмæ цæугæйæ дæр йæ сæрмæ нæ хаста рæнхъы цæуын, æмæ-иу ын кæрты афицертæ уайдзæфтæ кодтой.

Иу ахæм бон нæ Дунаев рæнхъы слæууын кодта æмæ мын загъта: «Ды сæ акæн хæрæндонмæ». Æз сæ кæрты фæцæйкодтон, æмæ та Виктор рæнхъæй иуварс ацыд. Æз æй нæ федтон, фæлæ, нæ рæзты цы афицер ацыд, уый радгæсæн бабар кодта, дæлæ, дам, чи фæцæуы, уыдоны хицауыл æмæ матросыл гæххæтт скæн. Уый нæ раййæфта æмæ, чи стæм, уый базыдта. Ныффыста гæххæтт, æмæ хицауад уынаффæ рахастой: «Хайы хицау цухгонд æрцæуæд хистæр матросæй, матрос та дыууæ мæйы горæт ма фенæд».

Фыццаг мын раарфæ кодта Гæтæ, афтæ куы уа, уæд дæ хайады хицауæй дæр нæ ныууадздзысты, æмæ дæ хъуыддаг абырдзæн.

Иубон нæ акодтой денджызы былмæ. Иу былæй иннæ былмæ уыд æхсæз километры. Дон уыд салд æмæ миты бын. Миты арф уыд 40 – 60 сантиметры. Акодтой не ʻппæты дæр. Байуæрстой нын къахдзоныгътæ-лыжæтæ. Æз сын загътон: «Мæ къухы фыццаг хатт сты, æмæ мæ уæд куыд агайын кæнут». Иу лейтенант мын загъта: «Уый у бардзырд, æмæ йын æнæ æххæст кæнгæ нæй, кæннод не скъола фæсте нымад уыдзæн».

Тыххæйты мын лыжæтæ мæ батинкæтыл бабаста æмæ мæ слæууын

кодта. Куыддæр фæгæрах кодтой, афтæ мæ размæ асхуыста. Æз размæ ахаудтæн митыл. Уый та мæ мæ къæхтыл слæууын кодта æмæ мæ, чи ацыд, ахæмы фæдмæ бакодта, æмæ та уым дæр мæ лыжæ фæдыл фæфидар, æмæ мæ фарсыл ахаудтæн. Фæстæмæ та мæ сæвæрдта рæнхъытыл, æмæ, дам, дæ лæдзæгтæй архай, зæгъгæ ма загъта, стæй йæ къух ауыгъта æмæ афардæг. Æз сабыргай лæдзджыты æххуысæй ацыдтæн иу цыппар метры æмæ та ахаудтæн. Мæ лыжætæ уæгъд кæнын райдыдтон, æмæ уыцы рæстæг уый фæстæмæ æрбахæццæ. Зæххыл мæ куы федта, уæд фæурæдта æмæ, фæстæмæ фæкæсфæкæсгæнгæйæ, мæ иу лыжæ феуæгъд кодта æмæ ацыд, дæлæ, дам мæ æрбаййафынц, зæгъгæ. Æз мæ лыжætæ систон, мæ дæлармы сæ бакодтон æмæ æрбацыдтæн былмæ. Уæдмæ дзы уыд ме 'ххуысгæнæг, æмæ ма цалдæр афицеры раз иу-фондз матросы сæ лыжæтимæ архайдтой. Афицертæй дыууæйæ истой къамтæ. Чи мын æххуыс кодта мæ лыжætæ уæгъд кæнынмæ, уый мæм æрбацыд æмæ мæ фæрсы, кæцæй дæ, зæгъгæ. Уыцы рæстæг нæм æрбацыд къамисæг, æмæ, дам-ма иумæ слæуут, уæ номыртæ куыд зыной, афтæ. Ныккъæпп нæ кодта æмæ, чи æрбацæйхæццæ кодта, уымæ йæ къамисæн фæцарæзта. Æз лæппутæн загътон, кæд хæххон Кавказæй дæн, уæддæр лыжætæ никуы федтон. Иууылдæр куы æрæмбырд стæм, уæд мæ фæрсгæ дæр ничи бакодта, афтæмæй радио радзырдта, лыжæты кроссы архайджытæй, дам, дæсæн лæвæрд цæуы Спорты дæсныйы нæмттæ. Нымайын райдыдтой номыртæ æмæ дзы мæ номыр дæр ранымадтой. Фыццаг мæм æрбацыд Гæтæ, æмæ, дам дæ æз агайгæ куынæ федтон, уæд куыд сдæ Спорты дæсны?

Æрбацыд нæ ротæйы хицау, æмæ, дам, рæнхъы санчъехтæ куыд хорз кæныс, афтæ та, дам, лыжætæй дæр бирæты куы амбылдтай. Æз ын радзырдтон, куыд уыд хабар, уый: лейтенанты тухæнтæ æмæ мын мæ лыжætæ чи райхæлдта, уый тыххæй дæр. Уый мын загъта: «Мæнæн сæ радзырдтай, æмæ фæци, макæмæнуал сæ радзур, уадз, æмæ нæ ротæ уа раззагдæртимæ». Гæтæ ма мæ фарста, фæлæ уымæн дæр ницыуал схъæр кодтон. Уый мын афтæ: «Ирон Спорты дæсны Ирыстоны нæма ис».

Цалдæр боны фæстæ мын æрбахастой рæсугъд риуылдаргæ нысан, Спорты дæсны лыжæтæй, зæгъгæ йыл фыст. Дæ парады хæдон, дам-ма рахæсс. Мах, дам æй нæхæдæг бакæндзыстæм æмæ, дам, хъуамæ къам сисæм къулы фæйнæгмæ. Къам куыддæр систам, афтæ йæ æз феппæрстон хæдонæй æмæ сын æй фæстæмæ радтон, æнæ гæххæттæй дзы цы кæнын, зæгъгæ. Дæ гæххæтт, дам, уыдзæн иннæ сæрмагонд гæххæтты-

тимæ. Ахæссут æй æмæ йæ уыдонимæ сæвæрут, зæгъгæ, сын загътон, æмæ йæ ахастой.

Гæтæ мын загъта: «Дæ къух ыл ауигъ, сæрмагонд гæххæттытимæ дзаумæттæ нæ вæййы». Мæнæй ферох ис уыцы хабар, фæлæ сæрмагонд бæлвырдгæнæн (удостоверение) уыд мæ гæххæттытимæ, æмæ уый куыд рабæрæг, уый тыххæй дæр дзурдзынæн.

Мæ хабæрттæ цыдысты хорз, фæлæ та фыццæгæм мартъийы хистæр матрос сдæн. Иу хатт мæм æрхаудта иумæйаг постмæ ацæуын. Уым хъуыд, алы рæтты цы хъæхъхъæнджытæ лæууыд, уыдоны рæстæгæй-рæстæгмæ ивын æмæ уыдоны ракæ-бакæ кæнын. Нæ кæртæй сæ акодтон æмæ фыццаг сæвæрдтон хæрæндоны кæрты, стæй афтæ – æндæр рæтты, æдæппæт уыдысты авд бинаты. Фæстæмæ куы раздæхтыстæм иннæ матростимæ, уæд хæрæндоны кæртæй фехъуыстон иронау æлгъыст ныхæстæ, ома, кæдæм цæуыс, ныммардзынæн дæ, зæгъгæ. Бахæццæ дæн æмæ матросы фæрсын иронау, кæй æлгъыстай, зæгъгæ. Уый мын фалдæр, сисы бын чи хуыссыд, уымæ амоны, æмæ, дам, сисыл æрбабырыд. Æз, дам æм хъæр кодтон, фæлæ, дам, уæддæр æргæпп кодта, æмæ, дам æй уæд æз топпы цæгатæй ныххафт кодтон, æмæ хуыссы.

Уыцы рæстæг фæзындысты хъалагъуртæ агъуыстæй, æмæ æз матросты ракодтон хæрæндоны кæртæй. Мидæмæ иу милиционер-афицер бацыд, уым, дам, цыдæр бæллæх æрцыд, æмæ дзы ис ме `мзæххон, зæгъгæ, хъалагъурæн дзырдта. Æз уый, ме `мзæххон, зæгъгæ, куы фехъуыстон, уæд æй афарстон: «Ирон дæ?» Уый мын, о, зæгъгæ, куы загъта, уæ ын æз загътон, ам фæлæуу, зæгъгæ.

Матросты мидæгæй сæ бинатыл сæмбæлын кодтон æмæ кæртæй рацыдтæн уыцы милиционеримæ. Уый Суликъойы хъæр куы фехъуыста, уæд цы хабар у, зæгъгæ, батыхст. Суликъо – афтæ хуынд лæппу, уыд Камбилеевкæйы хъæуæй. Мæ рацыдмæ йæ кæдæмдæр акодтой. Сисыл чи æрбахызт, уый дæр аластой. Нæ рад нæма ахицæн, афтæ хъалагъурты хицау фехъусын кодта, ахуыргæнæндоны цы пост ис, уый матрос, дам, фæцæф кодта отряды æххуысгæнæджы, æмæ, дам, дæ хабар хорз нæ уыдзæн. Уыцы матрос уыд мæ хайадæй, æмæ йæ æз акодтон уырдæм. Аластой мæ уыцы постмæ. Матросы бафарстон, куыд æй фæцæф кодтай, зæгъгæ. Уый мын æргом загъта, нæ дын æй зæгъдзынæн, зæгъгæ.

Хъуыддаг та уыд афтæ: матросы нæ фæндыд службæ кæнын, уыд иунæг, никæимæ уыд лымæн. Уыцы бон дæр, куы сæ кодтой, уæд райста æндæры топп, мæхион мæ сыгъдæг кæнын хъæуы, зæгъгæ.

Лæууыд йæ бынаты æмæ бафынæй. Хицау, куыд алы хатт, афтæ ныр дæр ацыд, куыд хъахъхъæнынц, уый бæрæггæнæг. Матросы баййæфта фынæйæ æмæ йын йæ топпы сампал йемæ рахаста. Лæппу райхъал æмæ йæ топпы гилдзытæ æвæрæн нал ис уым, уый куы федта, уæд æрбазгъордта цæрæн бынатмæ. Кæйдæр топп бавæрдта йæ бынаты æмæ йæхи топп ахаста. Йæ бынаты слæууыд, æмæ хицау куы `рбацæйцыд, уæд æм сдзырдта: «Æрлæуу, кæннод дæ фæгæрах кæндзынæн». Уый зыдта, йæ сампал мæнæ мæ дзыппы куы ис, уæд мæ куыд фæгæрах кæндзæн, зæгъгæ, æмæ йæ цыд кодта. Иу хатт ма матрос схъæр кодта, æмæ хицау куы æрбахæстæг, уæд ын йæ къах фæцæф кодта. Афицеры аластой госпитальмæ, матросæн та стыр бузныг загътой. Суликъойæн та радтой дæс боны сæхимæ цæуынæн, фæлæ нæ ацыд, нырма, дам, ныр куы райдыдтон службæ кæнын, зæгъгæ. Æз та фæстæмæ матрос сдæн, сæ топпытæ, дам сын цæуылнæ басгæрстай, куы сæ кодтай, уæд. Æмæ мæхи аххос уыд.

Дыккаг бон, мемæ чи уыд, уыдоны акодтон сæ топпытæ сыгъдæг кæнынмæ, æмæ уыцы матрос не `внæлдта, мæнæн, дам, мæ топп сыгъдæг у, зæгъгæ. Федтон æй, æмæ æцæгæйдæр уыд сыгъдæг. Æз ын хицæнæй загътон, радзур уæдæ, куыд дын баззад сыгъдæгæй, гæрах дзы куы фæкодтай, кæннод, æртæккæ куы бацæуæм, уæд иннæ топпытæ фендзынæн æмæ дыл судмæ хъуыддаг сырæздзæн. Цы мын радзырдта, уыдон уæлдæр ныффыстон.

Рæстæг цыд. Мæ хабæрттæ цыдысты хорз ахуыры дæр. Нæхимæйы хабæрттæ дæр зыдтон. Нæхицæй мын æрвыстой газеттæ дæр, уæлдайдæр дзы-иу мæ уацхъуыд куы уыд, уæд.

Иубон нæ нæ радмæ гæсгæ акодтой абанамæ. Уый дзы уыд иунæг, фæлæ дзы бынæттæ та бирæ. Бахæрын нын кодтой сæлдæгтæ æмæ, фæстæмæ цæугæйæ, згъорут, зæгъгæ, куы загъта старшина, уæд ма йын йæ ныхас фехъуыстон, стæй мæ тъæпп фæцыд. Дыууæ суткæйы фæдæн нæхи рынчындоны, стæй мæ аластой госпитальмæ. Уым æртыккаг бон мæхи æмбарын байдыдтон. Мæ разы бадт сылгоймаг афицер. Уый мæ рафæрс-бафæрс кæны, кæцæй дæ, цы кусæг уыдтæ, уый, дам мын лæмбынæг радзур. Æз ын, Ирыстонæй кæй дæн, уый куы загътон, уæд йæхи сцагъта æмæ мæм дзуры: «Кæцæй цæут ардæм уыцы иухуызон адæм?»

Цы хабар у, зæгъгæ, йæ бафарстон. Абон, дам, ардыгæй Ирыстонмæ афæндараст кодтам амы курсанттæн сæ хуыздæры. Чсиаты Асланы, зæгъын? Уый бадис кодта, цæмæй, дам æй зоныс. Æз ын загътон, ме

‘мкъласон уыд скъолайы æмæ ам кæмдæр училищейы ахуырмæ бацыд. Уый загъта, Асланы дуарыл æддæмæ аластой, дæу та – мидæмæ. Хостæ мын лæвæрдтой, æмæ сын загътон: «Уыдон мæ хостæ не сты». Дыккаг бон мæм æрбацыд иу лæгимæ æмæ йын афтæ, мæнæ, дам дын, Асланы бæсты кæимæ ныхас кæнай, ахæм æмбал. Уый уыд булкъон дохтыр. Афарста мæ: «Ирыстонæй кæцæй дæ?» Æз ын загътон: «Беслæнæй». Уый мын загъта: «Ма мæ сай, ды Беслæнæй нæ дæ». Æз ын загътон, Зилгæйæ кæй дæн. Уæд мын уый афтæ, мæ хæдзар та, дам, нефтебазæйы раз ис. Сылгоймаг ын цыдæртæ адзырдта, æмæ мын иронæмхæццæ бамбарын кодта, майрæмбонмæ, дам, бафæраз, æз, дам, иу-дæс сахатыл ам уыдзынæн. Æз ын загътон,уыцы хостæ мын мауал дæттут, зæгъгæ. Уый сыстад æмæ ацыд сылгоймагимæ.

Бонтæн цы зыдтон, фæлæ уалынджы фæзынд, æмæ мæ дæргъæй-дæргъмæ лæг, санитар, дам, у, зæгъгæ, акодта æндæр ранмæ æмæ мын мæ къухтæ цыдæр фæтæн лентæй – æргъуынæй фæсте бандонмæ бабастой. Уыцы лæг уыд сомихаг æмæ æрбацыд дыууæ дохтыримæ – сылгоймæгтимæ. Сæ кусæн гæрзтæ семæ æрбахастой. Мæ къухтæ мын суадзын кодта, фæлæ мын уыцы санитар мæ сæр афтæ нылхъывта бандонмæ æмæ диссаг. Сомихаг мæ комы цыдæртæ фæкуыста æмæ санитармæ дзуры: «Суадз æй æмæ, цы хъæуы, уый рахæсс». Санитар æрбахаста дон. Сомихаг мын загъта иронау, уыдонæй куыд нæ бамбарой, афтæ: «Иууылдæр æй æмнызт акæн». Мæ дохтыр мын загъта, гыццылгай дзы дæ хъуыр ранхъæвз, зæгъгæ. Иннæ сылгоймаг та мæм æрбадардта цыдæр къуырф къус. Æз райстон санитарæй дон æмæ йæ уыциу нызт акодтон. Уыдон æртæйæ баззадысты уым, мæн та санитар хæссæгау мæ сынтæгыл сæмбæлын кодта.

Райхъал дæн дыккаг бон иу-аст сахатыл, æмæ мæ разы бадтысты Гæтæ æмæ Дунаев. Уыдоны æрбарвыстой мæнмæ, цæмæй базоной, кæдмæ ныффæстиат уыдзынæн ам, уый. Мæнæ, дам, 1-æм Май æрбахæццæ кæны, æмæ парадмæ цæттæ кæнын хъæуы. Дохтыр фæзынд, æмæ йæ Дунаев бафарста, кæд, дам æй рафысдзыстут, зæгъгæ. Уый сын загъта: «Ныртæккæ дæр æй акæнут, мах æй ацæттæ кæндзыстæм». Æз Гæтæйы къæлидормæ рахуыдтон æмæ йын мæ улæфæнты хабар ракодтон. Мидæмæ æрбацыдыстæм æмæ сын Гæтæ загъта: «Нырма нæ нæма хъæуы, стæй йæм мах акæнынмæ не `рбацыдыстæм».

Иуцалдæр боны фæстæ мын дохтыр загъта: «Райсом цæуыс ардыгæй». Æз ын загътон: «Æз æнæ рентгенæй нæ ацæудзынæн». Уый мыл йæхи

сцагъта: «Ам дын фælладуадзæн хæдзар нæу, хостæ нæ нуазыс, хæргæ нæ кæныс, рентген та ацыдтæ Ленинграды дæ гæххæттыты фыст ис».

Райсомæй мын санитар мæ дзаумæттæ куы æрбахаста, уæд ын загътон, рентгенмæ мæ акæн, зæгъгæ, кæнæ та мын æй бацамон, кæм ис, уый. Уый ацыд дохтырмæ, æмæ уайтагъд фæзындысты. Санитарæн загъта: «Акæн æй рентгенмæ, æз æм ам æнхъæлмæ кæсдзынæн, æцæг тагъд кæнут». Рентген та мын куы скодтой, уæд хорзау нал уыдысты. Фæзынд дохтыр, æмæ йын куы фенын кодтой ныв, уæд хорзау нал фæцис уый дæр. Мемæ хыл кæнын райдыдта, стæй санитарæн мæ дзаумæттæ схæссын кодта æмæ йын загъта: «Райсом æй дæс сахатыл акæн фыццаг камерæмæ, æцæг æй бирæ ма фæдар». Уый фæстæ мын зæгъдзынæ, йæхи куыд дардта, уый. Ууыл ацыд, æмæ йæ фондз боны нал федтон.

Дыккаг бон мæ санитар акодта цыдæр нарæг къæлидормæ, уым уыд æрдæгталынг. Мæ дзаумæттæ мын раласын кодта æмæ сæ сауыгъта, уым къулыл цы ауындзæнтæ уыд, уыдоныл. Цыдæр кънопкæгонд балхъывта æмæ нарæг дуар байгом ис. Мæнæн ацамыдта: «Бынмæ ныххиз æмæ æнæдзургæйæ лæуу». Æз æртæ къæпхæны ныххызтæн, æмæ санитар дуар сæхгæдта. Бынæй кæцæйдæр дон фемæхст, цыдæр æнахуыр тæф кодта, афтæмæй. Раздæр тынг тагъд цыд, фæлæ фæстæдæр фæсабыр, æмæ, цас фæлæууыдтæн, нæ зонын, дон схæццæ мæ астæумæ, стæй цæстыфæныкъуылдмæ цыдæр æрбацис. Схызтæн къæлидормæ æмæ мæ дзаумæттæ сабыргай скодтон. Санитар мæм ницы сдзырдта кæрæй-кæронмæ. Афтæ мæ акодта авд райсомы, æмæ дон алы бон дæр кодта уæлдæрæй-уæлдæр, æви арфæй-арфдæр. Бынат уыд цыппæрдигъон, йæ алы тигъ дæр метры æрдæгæй фылдæр нæ уыд, æмæ фæстаг хатт мæ къахфындзтыл лæууыдтæн, уæддæр-иу уыцы тæфгæнаг дон мæ дзыхмæ схæццæ. Куы мæ рауагъта фæстаг хатт, уæд æм æнæ дзургæ нал фæдæн æмæ йæ бафарстон: «Мæ дзыхмæ куы схæццæ дон, уæд нæ мардтæн?» Уый мын къулмæ ацамыдта, æмæ уым уыд авгæй хæтæл – йæ фарсыл сантиметртæ. Уым зынд, дон цас ссыд, уый, йæ къухы та уыд, мæ бæрзæнд кæм фыст уыд, ахæм гæххæтт. Мæ дзаумæттæ скодтон, æмæ, дам, молодец, зæгъгæ мæ мæ сынтæгыл сæмбæлын кодта.

Иннæ райсом дохтыр æрбацыд æмæ, дам, дæ дзаумæттæ кæд дæхæдæг скодтай уыцы хъылма тæфы фæстæ, уæд, дам дæм иу низ дæр нал ис, æмæ райсом фæцæуыс ардыгæй. Дыккаг бон мæ дуары æдде фæкодта æмæ мæм радта иу гæххæтт тыхтæй.

Æрбацыдтæн, æмæ мыл ииуылдæр цин кодтой бeслæныхъæуккагæй

фæстæмæ. Уроктæ дæр цыдысты æмæ Якорьты фæзы ахуыртæ дæр. Уалынмæ мын бамбарын кодта Дунаев, дæу, дам, ныффыстой, парадмæ кæй цæттæ кæнынц, уыдоны хыгъды рахиз рæнхъонæй, ома хицауады `рдыгæй цы рæнхъ цæуа, уырдæм. Уый фæдыл æз мæ хайадæн нал уынаффæ кодтон, фæлæ Якорьты фæзы æндæр къордимæ нæхи цæттæ кодтам майы парадмæ. Уыцы рæнхъы иу матрос дæр нæ уыд, æмæ та мын радтой хистæр матросы ном.

Фыццæгæм майы парад ацыд хорз, æмæ дзы чи архайдта, уыдонæн радтой гæххæттытæ, стæй, цы хорз дзаумæтты цыдыстæм, уыдон ииуылдæр æрмкъухты онг. Гæтæ та мæм мæсты кæнын райдыдта, уæлдайдæр бæлвырд куы базыдта, уым кæй зайын, уый, уæд.

Фæдæн ахуыр иттæг хорз, æмæ уымы æгъдаумæ гæсгæ, фæстаг бон чи ахуыр кодта, уыдон ииуылдæр сæ дзаумæттæ хъуамæ цæхсой æмæ сæ æхсадæй бафснайой сæ кæттагæй чумæданты.

Æхсынмæ акодтой æнæхъæн скъолайы дæр, æртæ мин адæймагæй фылдæр. Денджызы был цæттæ бынæттæ уыд алы хайадæн дæр. Уыдис дзы уымы кусæг адæм дæр бирæ, æмæ нын амыдтой, алы хайадæн дæр йæ бынат кæм ис, уый. Мæнæн бацамыдтой, кæм лæууыдыстæм, уырдыгæй иу-сæдæ метры дарддæр денджызы бацæуæн. Уыцы бацæуæн уыд хæйттæ-хæйттæ, æмæ дзы мæ хайæн уыд æппæты фæстаг дих. Мæ матростимæ уырдæм бахæццæ стæм, æмæ дзы Виктор, беслæныхъæуккаг, нæ уыд. Æз мæ дзаумæттæ дыууæ дихы акодтон æмæ сæ дыууæ матросы бар бакодтон æхсынмæ. Мæхæдæг ацыдтæн Викторы агурæг. Цалынмæ рупорæй рахъæр кодтой, сæмбырд кæнут уæ дзаумæттæ, зæгъгæ, уæдмæ йæ фæцагуырдтон, фæлæ йæ не ссардтон уал мины æхсæн. Райхъуыст хъæр, æд дзаумæттæ рæнхъы æрлæуут, зæгъгæ. Уалынмæ та райхъуыст, матрос Виктор (æмæ йæ мыггаг) рæнхъæй фондз санчъехы размæ рацæуæд. Æз æй не ссардтон, фæлæ, уыцы ныхæстæ куы фехъуыстон, уæд фæстæмæ фæкастæн, æмæ йæ бынаты лæууыд. Æз æм дзурын, размæ рацу, зæгъгæ. Уый мыл схъæр кодта, ды мын нал дæ хицау æмæ æнцад лæуу, зæгъгæ. Ногæй та рахъæр кодтой, фæлæ та уый æнкъуысгæ дæр нæ фæкодта йæ бынатæй. Уæд æм Дунаев бацыд æмæ йæ размæ ракодта. Уайтагъд рог машинæ йæ разы алæууыд æмæ дзы, мæнæ хъахъхъæнæг йæ къах кæмæн фæцæф кодта, уыцы афицер рахызт, стæй дыууæ матросы. Матростæн цыдæртæ адзырдта, стæй йæ шофырæн дæр. Дыууæ матросы йын раздæр йæ чумæдан баппæрстой, стæй та йæхи гуыффæмæ æмæ афардæг сты.

Æрбацыдыстæм, æмæ Гæтæ цинæй мард, ныр, дам дæм цы `фхæрд æрхаудзæн, уый диссаг у, зæгъгæ, фæлæ дæ ам кæй ныууадздзысты, уый бæрæг у. Æмæ мын радзырдта: «Виктор махимæ йæ гæрстæ æхсынмæ фæндагæй мидæмæ нæ бацыд, фæлæ уым иуварс , кæттагæй æхгæд æрмæджыты цурмæ ацыд æмæ дзы иу ран кæттаг систа хæрдмæ. Йæ быны аууоны сбадт æмæ цыппар иухуызон хъæдтыл, къорд метры дæргъæн чи уыд , ахæмтыл хæрынкъайæ скъахта: «Салам Кавказæгтæн, Виктор (йæ мыггаг), 26 июнь, 1956 аз.

Фыст зынд дардмæ. Уый федта афицер, нæ отряды хицауы æххуысгæнæг. Гæтæйы ныхæстæ æцæг разындысты. Изæры радзырдтой Викторы хабар, æмæ, дам, фынддæс суткæйы абаддзæн гауптвахтæйы, стæй службæ кæндзæн сур зæххыл. Йæ хæрзхицау, ома, æз та æрвыст цæуын флотмæ матросæй. Уыцы æхсæв бирæтæм æрбацыдысты æмæ сæ акодтой.

Нæ цæрæнбынаты ма æртæ боны баззадыстæм авдæй. Иуулдæр уыдыстæм мæ хайадæй, фæлæ мæ дæлбар нал уыдысты. Иубон мæ Гæтæ æмæ Дунаев арвыстой горæтмæ, фæстаг хатт ма азил дæ зонгæтыл, зæгъгæ. Уыдоны мæ мæт нæ уыд, фæлæ зыдтой, æз æнæ цæугæ кæй нæ фæуыдзынæн Дзиуатæм æмæ сын уæд ирон арахъхъ кæй æрбахæсдзынæн. Ацыдтæн æмæ ма фæстаг хатт фæистон къамтæ. Бацыдтæн чингуыты дуканимæ, æмæ мын йæ хицау балæвар кодта сусæгæй чиныг «Декамерон», Боккаччо Джованни йæ фыссæг. Чиныгæн уæй кæнæн нæ уыд æргомæй. Ныр та алы чингуытæ дуканиты – хæрх.

Куыд нæ бацыдаин Дзиуатæм. Уыдон дисæй мардысты: мах, дам, æнхъæл уыдыстæм, æмæ ды кæмдæр денджызы дæ. Сæ къулыл ауыдтон ауыгъд хистæр лейтенанты уæлæдарæс æмæ сын арфæтæ фæкодтон, Стыр Хуыцау уæ инæлармæ схæццæ кæнæд, зæгъгæ. Гæтæйæн мын арахъхъ радтой, æмæ æрбацыдтæн нæ цæрæнбынатмæ. Уым æрбаййæфтон иу æрыгон лейтенанты старшинаимæ. Лейтенант мæм бадзырдта æмæ мын загъта: «Дæ хайадимæ ссæдз минуты фæстæ кæрты рæнхъæй куыд лæууат, афтæ бакæн». Æз ын бамбарын кодтон хайады хицау нал дæн, зæгъгæ. Уый мыл схъæр кодта, бардзырд ивæн нæй, зæгъгæ. Гæтæ æмæ Дунаевæн бузныг загътон сæ амындтыты тыххæй æмæ ме ‘хсæз æмбалимæ кæртмæ æрцыдыстæм. Уым уыд старшина æмæ нæ акодта наулæууæнмæ, мæн слæууын кодта, куыд æмбæлы, афтæ – æппæты фæстæ, ома ныллæг кæй уыдтæн, уый тыххæй.

Наулæуувæны баййæфтам лейтенанты, æмæ нæ уый акодта æндæр

ранмæ. Æрбацыд, æмæ нæ уым сбадын кодтой. Араст стæм горæт Ломоносовмæ. Цæуын нæ бахъуыд æрмæст æхсæз километры. Былмæ куы рахызтыстæм, уæд та нæ рæнхъæй акодтой æфсæнвæндаджы вагзалмæ. Уым нæ бирæ лæууын нæ бахъуыд. Сбадтыстæм поезды æмæ Ленинграды цалдæр минутмæ балæууыдыстæм. Уым вагзалы бирæ фæбадтыстæм æмæ изæры æндæр поезды сбадтыстæм. Поезд цалдæр раны æрлæууыд, фæлæ нæ лейтенант зæхмæ æрхизын нæ бауагъта, афтæмæй, бон йæ тæмæны куы бацыд, уæд бахæццæ стæм Эстонийы сæйраг горæт Таллинмæ. Уым нæ лейтенант æмæ старшина сбадын кодтой уæзласæн машинæйы, йæ гуыффæйы бадæнтæ конд кæмæн уыд, ахæмы. Ластой нæ горæты кæройнаг уынгты, астæуты, дам, ахæм машинæтæн нæй цæуыны бар. Горæты кæронмæ хæстæг нæ иу стыр кæртмæ баластой, æмæ, дам уал ам уыдзыстут, цалынмæ уæм «æлхæнджытæ» фæзына, уæдмæ, ома, кæм службæ кæндзыстут, уырдыгæй. Æрцæрын нæ кодтой иу стыр цæрæнуаты, дыууæуæладзыгон сынтæджытæ рæнхъытæй кæм уыд, ахæмы. Алыхуызон адæм дзы æмызмæлд кодтой.

Лейтенант æмæ старшина ацыдысты, фæлæ нæ æндæр старшина акодта хæрæндонмæ, сихоры хæрд, дам, ахицæн, фæлæ уын кæд исты ссариккам. Мах дыккаг бон уыдыстæм æнæ хæргæйæ, æмæ нын цы хъæрмхуыпп æрæвæрдтой, уый уыд афтид къабускайы сыфтæй, искуы-иу картофы мур дæр дзы-иу фæзынд, фæлæ мах æнæдзургæйæ бахордтам.

Старшина нæ бакодта цæрæнбынатмæ æмæ нын загъта: «Цы минут уæм æрбацæудзысты «æлхæнджытæ», уый бæрæг нæу, æмæ æнцад хуыссут, макæдæм ацæут».

Иу цалдæр боны фæстæ нæм æрбацыд, æмæ, дам, уæ нау денджызы дард ран ис, æмæ уæ уæ хæрды фаг кусын бахъæудзæн. Иннæ райсом аходæны фæстæ æрбацыд æмæ нæ иу-дæс æмæ ссæдзæй машинæйы сбадын кодта. Аласта нæ кусынмæ – товарон станцæ йæ хуыдтой – горæты кæронмæ. Уым лæууыдис цалдæр рæнхъы товарласæн поездтæ. Æндæр старшинайы бар нæ бакодта æмæ цыдæр æрбацис. Ног старшина нæ акодта æппæты кæройнаг поездмæ. Бирæ цыдæртæ нын фæамыдта, стæй нын байуæрста цыдæр рæсугъд кæттæгтæ æви пленкæтæ, уый нал хъуыды кæнын.Бацамыдта нын, куыд дзы пайда кæнын хъæуы, уый. Стæй та нын байуæрста æрмкъухтæ. Акодта нæ иу дуары размæ, æмæ дзы уыд, бирæ чи фæкуыста, ахæм лæг. Ай, дам, макаронник у, ома службæ фæцис, фæлæ дарддæр æхца кусынмæ баззад. Уый иу стыр дуар байгом кодта æмæ нæ мидæмæ згъæон æви дæлæмæ, бакодта. Цары

онг дзы уыд ауындзæнтæ рæнхъæй. Бацамыдта нын, чи кæцы рæнхъы ауындздзæн йæ хæссинаг. Ракодта нæ æмæ нæ вагæттыл байуæрста. Вагæтты уыд стуры мæрдтæ. Иу стур цыппар дихæй. Дæ кæттаг, дам, дæ фæсонтыл æруадз, дæ сæрæй къæхты онг, æмæ, дам дæм де 'мбал вагонæй радæтдзæн стуры цыппæрæм хай. Ды йæ ахæсс æмæ дын кæм бацамыдта, уым æй сауындз. Бон-изæрмæ мæм æрхаудта цыппар цыды акæнын. Иннæтæй дæр чи æртæ цыды акодта, чи – дыууæ. Старшинайæн изæры уыцы лæг раппæлыд: «Уæртæ уыцы гыццыл урссæр матрос цыппар рейсы скодта».

Уый фехъуыста, махæй чи нæ уыд, ахæм матрос. Дыккаг бон дыккаг цыд куы акодтон æмæ фæстæмæ æртыккаг зылдмæ куы цыдтæн, уæд мæм иу вагоны бынæй рахъæр кодта: «Эй, Седой, лезь сюда». Æз бабырыдтæн уырдæм æмæ дзы уыдис уыцы матрос, стæй цыппар старшинайы. Ницæмæй мæ бафарстой, фæлæ мæм старшина радта гæххæтты цъар цыдæр хæххытимæ, стæй нывгæндтимæ. Бацамыдта мын, чи дзы цы амоны, уый æмæ, дам, мæ уынаффæ: æртыккаг цыд кæныс, æмæ, дам дын де `ккойы цы хай сæвæрой, уый ахæсдзынæ мæнæ ацы хаххыл, фæзилдзынæ мæнæ ам æмæ бахæццæ уыдзынæ сисмæ. Дæ хæссинаг æрæвæрдзынæ хæмпæлтыл. Сисмæ схиздзынæ æмæ уым бад, цалынмæ дæ иннæрдыгæй исчи фена, уæдмæ. Сылгоймаг дæ куы фена, уæд дæ хæссинаг сис æмæ йæ сылгоймаджы фæстæ ахæсс, бамбæрстай? Æз æм сдзурынмæ хъавыдтæн, фæлæ мыл уый фæтъæлланг ласта: « Уый мæ бардзырд у, æмæ ма дæ цы хъæуы?!» Цы ма мæ хъуыд, фæлæ ма йæ афарстон, цас дзы райсон сылгоймагæй æхца, зæгъгæ. Уый мын загъта: «Цы дын радта, уый-иу рахæсс».

Ацыдтæн вагонмæ æмæ мын ме 'ккойы хай куы æрæвæрдтой, уæд араст дæн, куыд мын бацамыдтой, афтæ. Фæзилæнмæ куы бахæццæ дæн, уæд матрос лæууыд уым æмæ мын загъта: «Сылгоймаг бацыдис дуканимæ æмæ дæм рудзынгæй кæсдзæн. Ды сисмæ куы схизай, уæд уый рацæудзæн, æмæ йæ фæстæ ацæудзынæ. Æхца куы райсай, уæд сæ банымайдзынæ. Дæ цæсгом æмæ дæхæдæг. Æз дзы-иу систон æмбис. Ацы хатт дзы ратдзынæ туман мæнæн, иннæ хатт та иууылдæр уыдзысты дæхи».

Сисы размæ куы бахæццæ дæн, уæд хæмпæлтыл æрæвæрдтон мæ хæссинаг æмæ сисыл бæхбадт скодтон. Кæсын, æмæ дуканийæ рахызт иу сылгоймаг æмæ мæ рæзты ссыд. Мæнмæ кæсгæ дæр нæ фæкодта. Æз мæ хæссинаг сисмæ систон æмæ иннæрдæм зæхмæ ахызтæн. Ме `ккоймæ

æристон хæссинаг æмæ араст дæн сылгоймаджы фæстæ. Бацыд кæртмæ, йæ фæстæ кæрты дуар гомæй ныууагъта, афтæмæй. Æз йæ фæстæ кæрты смидæг дæн. Уый уæдмæ бакодта агъуысты дуар æмæ мын уырдæм ацамыдта. Быхызтæн мидæмæ, æмæ дзы уыд тынг уазал, стæй царæй зæбул ауындзæнтæ. Иуæй-иутыл дзы уыд стуры хæйттæ, иннæтыл та – сæпсæпгæнджытæ æнæхъæнтæй. Ацамыдта мын иу ауындзæнмæ, æмæ мæ хæссинаг уыл ацауыгътон. Рацæйцыдтæн, фæлæ мыл фæхæцыд æмæ мын мæ къухты фæцавта хæцъилы тыхтон. Сисы æдде куы фæдæн, уæд райхæлдтон æмæ æхца анымадтон, фæхицæн дзы кодтон иу туман, стæй æхцайы æмбис. Цы ма дзы баззад, уыдон фæстæмæ хæцъилы батыхтон æмæ вагоны бынмæ фæтагъд кодтон. Старшина мæ фæрсын райдыдта, куыд рауад дæ хабар, зæгъгæ. Æз ын радзырдтон, куыд тынг тарстæн æмæ йæм хæцъилы баст радтон. Уæд мæ уый фæрсы: «Ныр нын дæ ном зæгъ, стæй цавæр дæсныйадыл сахуыр кодтай Кронштадты?» Æз мæ ном куыддæр загътон, афтæ старшинатæй иу бадис кодта æмæ мæ иронау фæрсы: «Ирон дæ?» Æз ын загътон: «Ирон, Зилгæйæ». Старшина хæцъил райхæлдта æмæ дзы æхцайæ, нымайгæ сæ нæ бакодта, афтæмæй матросмæ радта иуцасдæр æмæ йæ дуканимæ арвыста. Æз рабырынмæ хъавыдтæн, фæлæ мæ старшина нæ рауагъта.

Матрос æрбахаста хæринæгтæ æмæ нозт. Æз дзы тагъд-тагъд цыдæр цæхджынтæ ахордтон, водкæ нæ нуазын, зæгъгæ, нæ баныздтон, стæй ма мæ, зæгъын, нырма дыууæ цыды хъæуы, цæмæй мæ ма базоной, кæм уыдтæн, уый тыххæй. Ныххудтысты æмæ мæ ауагътой.

Афтæмæй уыцы бон дæр та цыппар хатты бахастон. Нæхи куы цæхсадтам æмæ нæ бынатмæ цæуыныл куы фестæм, уæд мæм æрбацыд ирон старшина, æмæ, дам-иу, райсом дæр рацу кусынмæ, æцæг, дам-иу, æхцайæ дæхицæн дæр фелвас, мах, дам, нæхимæ цæуæм æмæ дæу тынгдæр бахъæудзæн ам. Афтæ рауад фараст-дæс хатты, æмæ иу хатт дæр мæ куысты къуылымпы никуы уыд. Æрмæст иу хатт фæзилæнæй раст хахмæ куы рахæццæ дæн, уæд хæрхæмбæлд фæдæн уымы старшинаимæ, æмæ, кæм уыдтæ, зæгъгæ, мæ куы бафарста, уæд ын загътон: «Уæлæ мæ старшина дуканимæ рарвыста, æхца мæм нæ радта, афтæмæй». Уый мæ вагоны размæ скодта æмæ сташинайы фæрсы: «Ацы матросы æнæ æхцайæ дуканимæ цæмæн арвыстай?» Уыдон ыл схъæр кодтой, дæ хъуыддаг нæу, зæгъгæ. Уыдон кæрæдзи æмбæрстой æмæ æнæ кусгæйæ цардысты.

Ирон старшина службæ бакодта æхсæз азы. Уыдис Хуырымтæй, Валодя. Рауадис бонтæ. Æрбацыдысты дыууæ афицеры, æмæ, дам,

уæхи сцæттæ кæнут цæуынмæ. Æз ссардтон Валодяйы æмæ мæм цы æхцатæ уыдис, уыдонæй йын иуцасдæр радтон. Мах аластой, хæстон наутæ кæм лæууынц, уырдæм. Валодяиты та аластой Ленинградмæ, æмæ уым баиу ис Гæтæимæ, фæдзырдта йын мæ хабæрттæ. Ссыдысты Ирыстонмæ иумæ. Мах та авдæй дæр дыууæ афицеримæ фестæм наулæууæны суанг изæрдалынгтæм, æмæ нæ уæд аластой хæстæг горæты хæстонты стадионмæ. Йæ хицау уыд майор, æмæ, дам, ма сын ныр цы бахæрын кæнон, зæгъгæ, катайы бацыд. Æз æм иннæ афицерты сусæгæй æхца радтон, æмæ йæ кусджытæй дыууæйы арвыста хæринæгтæ æлхæнынмæ. Афицертæ уыдысты, цы наумæ нæ ластой, уырдыгæй æмæ æрбаздæхтысты отпускæй. Стадионы уыд бирæ хуыссæнбынæттæ, æмæ æхсæв баззадысты махимæ. Райсомæй нæ иу салдат акодта хæрæндонмæ. Хæринæгтæ уыдысты бирæ хуыздæр, мæнæ нæ къабускайы сыфтæй кæм хастой, уымæй. Майоры салдæттæ æххæст кодтой стадионы цалцæггæнæн куыстытæ футболон фæзы алфамбылай. Мах майорæн загътам: «Æнцад бадыны бæсты дын дæ куыстытæ мах дæр кæндзыстæм». Уый бацин кодта, æмæ мæгуыр салдæттæ дæр фæхъæлдзæгдæр сты. Мах-иу сæ фарстам, цавæр горæт у Таллин, зæгъгæ, æмæ, дам ын ницы зонæм, дæлæ хæрæндоны вæййæм, æндæр никуы. Мæнæ, дам, ацы уæлбыл ис горæты ахсджиагдæр парк, æмæ, дам, нæ уырдæм ацы дзаумæтты нæ уадзынц, хуыздæртæ та, дам, махæн нæ дæттынц.

Иубон изæрырдæм майоримæ лæууыдыстæм кæрты, æмæ уæлбылæй айхъуыстон, мæнæ дугъты цы мелоди вæййы, уый – Долидзейы музыкæ, дам у. Æз майоры бафарстон, уый цы у, зæгъгæ. Уый мын загъта: «Парчы ис бæхты цирк». Æз ын балæгъстæ кодтон, ауадз мæ, уыдон ирæттæ сты, зæгъгæ. Уый мын загъта: «Мæ бон дæ нæу ауадзын, фæлæ цом. Æмæ дын сæ æз фенын кæндзынæн». Уынгмæ ахызтыстæм æмæ æртæ-фондз минутмæ уыдыстæм кассæйы раз. Æз кассæйы рудзынгæй бакастæн æмæ чызгмæ дзурын иронау, иу билет мын æнæ ‘хцайæ нæ ратдзынæ, зæгъгæ. Уый фæгæпп кодта æмæ мæм рацыд, мæ къухыл мын фæхæцыд æмæ мæ мидæмæ кæнынмæ сси, фæлæ нæм майор æрбауад, цыдæртæ йын адзырдта. Мæнæн та загъта: «Райсом хицауадимæ баныхас кæндзынæн, æмæ сымах авдæй æмæ мæхи салдæттæ иумæ фынддæсæй нæ кæд бауадздзыстут, уæд æрбацæуудзыстæм». Чызг бахудт, æмæ, дам, фылдæрæй дæр æрбацæут, æцæг, дам-иу æхцайы кой ма скæнут, уæ бадæнтæ фыццаг кæнæ дыккаг рæнхъы уыдзысты.

Иннæ изæр майоримæ раздæр ацыдыстæм, æмæ нæ чызг бакодта

мидæмæ хицаумæ. Уый мыл фæцин кодта, арафæрс-бафæрс мæ кодта æмæ майорæн загъта: «Цавæр фынддæсы кой кæныс, ракæн фыццаг дыууæ рæнхъы дзаг дæр». Майор дис кодта. Уæдмæ фæзындысты ме 'мбæлттæ салдæттимæ. Фыццаг рæнхъы нæ æрбадын кодтой, æмæ диссæгтæ федтам. Бакасты фæстæ сын майор бирæ арфæтæ фæкодта.

Цал боны фæцардыстæм, нал зонын, фæлæ нæ горæтмæ нæ уагътой, гæххæттытæ уæм нæй, зæгъгæ. Изæрæй нæм æрбацыд иу афицер æмæ нæ рæнхъæй акодта наулæуужнмæ. Уым нæ сбадын кодта иу гыццыл катеры. Денджызы иу-æртæ километры æддæдæр лæууыд стыр нау, йæ фарсыл фыст уыд «Жданов». Уыд талынг, фæлæ, йæ размæ куы бахæццæ стæм, уæд йæ алыварс уыд боны хуызæн рухс. Нæ кæттаг чумæдантæ нын сластой хæрдмæ, нæхæдæг та иугай нарæг асинтыл схызтыстæм. Матростæй уыцы афон уыд йæ тæккæ дзаг. Алырдыгæй хъæр кодтой: «Киевæй уæ нæй? Уфайæ уæ нæй? Кавказæй уæ нæй?» Мæ разæй чи цыд, уый уæд ныхъхъæр кодта, мæнæ беслæйнаг, зæгъгæ. Иуцалдæр метры ма куы ацыдыстæм, уæд мæ размæ иу матрос æрлæууыд æмæ мæ фæрсы: «Ирон дæ?» Æз ын загътон: «Цы?» Æмæ уый йæ къух атылдта. Бакодтой нæ цæрæнуæттæ-кубриктæ кæм уыд, уыцы палубæмæ-пъолмæ, æмæ уым алы ран дæр адæм фынæй кодтой. Æрмæст дзы иуы, 23 кубрикы, ничи уыд хуыссæнты. Уым нын æрцæттæ кодтой æхсæвæр, стæй нын бацамыдтой нæ хуыссæн бынæттæ, æмæ, дам, бахуыссут, уæ фæллад суадзут. Уый уыдис æхсæвы дыууæ сахатыл.

Райхъал нæ кодтой райсомæй фараст сахатыл. Кубрикы иу матрос-бонгæс рацу-бацу кодта. Уый нын загъта: «Мæнæ уæ хæйттæ цайæ, æмæ бацымут цай». Мах æй бафарстам, адæм кæм сты, зæгъгæ. Уый нын бамбарын кодта, нау денджызы цæугæ кæй кæны фондз сахатæй нырмæ. Бацыд къулы æнцæйтты, цы хætæл дзы уыд, уымæ, æмæ дзы адзырдта: «Æмбал лейтенант, авдæй дæр рабадтысты». Лейтенант схызт, дуары чъылдыммæ цы стыр тымбыл хуынкъ уыд – люк æй хуыдтой, уырдыгæй. Нæ къухтæ нын райста, афтæмæй бонгæсы бафарста, цай, дам, бацымдтой? Уый йæ сæр батылдта æмæ нæм хæцыд, мæн, дам, æххормаг матростæ нæ хъæуынц. Лейтенант йæ риуы дзыппæй систа гæххæтт æмæ нæ мыггæгтæ æхсæзæй ранымадта, стæй нæ ныххизын кодта, цы люкæй сбырыд, уырдæм. Иннæмæн та загъта, цæмæй кубрикы бада. Мах ныххызтыстæм, æмæ, уым цы матростæ уыд, уыдон змæлгæ дæр нæ фæкодтой сæ бынæттæй. Лейтенант куы æрхызт, уæд райхæлдта цыдæр тыхтон, – уыдисты дзы нæ гæххæттытæ. Иугай нæ йæ фарсмæ

бадын кодта æмæ нæ фарста алы бæрæггæнæнтæй. Мæнмæ куы `рхæццæ ис, уæд хорзау нал фæцис, æмæ, дам, æлгъыст фæуæнт ацы ирæттæ, ам дæр, дам, мæ размæ куы фесты.Æз æй афарстон: «Цæмæн æлгъитыс ирæтты, стæй мæн дæр?» Уый мæ фæрсы, Ирыстоны кæцы районæй дæн æмæ кæцы хъæуæй. Æз ын загътон: «Рахизфарсы районæй Зилгæйы хъæуæй». Уый тынгдæр æрбамæсты, æмæ, дам, уæд Тогызты Ермачы нæ зоныс? Æз бацин кодтон æмæ йын загътон, кæй уыд ме 'мкълассон. Ницуал сдзырдта, фæлæ та мæ гæххæттытæ куы рафæлдæхта, уæд фæхъæр кодта, дæ фыд цы хуыйны, зæгъгæ. Æз ын загътон, фыд мын кæй нæй. Уый мын афтæ куы зæгъид: «Ермачы фыд уыд Дæхцыхъо, дæ фыд дæр у Дæхцыхъо. Уый куыд у?». Æз ын загътон: «Ермачы фыд хæсты фесæфт, мæ фыд та хæстæй куы ссыд, уæд мах, цыппар сывæллоны, ныууагъта нæ мады бар æмæ скодта æндæр бинонтæ». Кæд æй бауырныдта, уæддæр мæм каст зул цæстæй.

Уалынмæ, уæ бынæттæй ацæут, зæгъгæ, райхъуыст, æмæ матростæ фæгæппытæ кодтой сæ бынæттæй фæлладхуызæй, фæлæ уæддæр цин кодтой. Мах æрбацыдыстæм уыдоны бæсты, æмæ нæ хицау кæй кæимæ бафтаудзæн, уый сæ тынг тагъд фæндыд базонын. Хицау дæр ацыд йæ каютæмæ, æмæ нæ уæд уыцы бынаты посты хицау – старшина йæ хуыдтой – рафæрс-бафæрс кæнын райдыдта. Чи кæм ахуыр кодта, стæй куыд фестæм ахуыр. Иу ын загъта: «Ахуыр кодтам Кронштадты иумæ, мæнæ ацы урссæр матрос та уыд нæ командир». Æз лæппутæн загътон: «Цомут-ма уæллаг палубæмæ æмæ нын æй фенын кæнут»». Уыдон сразы сты æмæ нæ сæ фæстæ, фæндаг амонгæ, скодтой хæрдмæ, уæллаг палубæмæ, кæцы кæны æртæ дихы. Æхсæвы цы палубæмæ схызтыстæм катерæй, уый уыд æппæтæй ныллæгдæр, æмæ цæугæ-цæуыны уым æмбырд кодтой, посттæй чи ссæуы, уыдон, тамако дымæн дæр ис æрмæстдæр уым. Æмбырдтæ дæр фæцæуынц уым. Мах фыццаг хатт федтам уыйас адæм иумæ, фæлæ алчидæр зыдта йæ бынат, æмæ ничи никæй хъыгдæрдта.

Бирæ нæ ахаста нæ балц, улæфты рæстæг фæцис, зæгъгæ, радио куы радзырдта, уæд æрæмбырд стæм фæстæмæ нæ посты æмæ нын æппæты фыццаг посты хицау – фыццæгæм къæпхæны старшина – гæххæтты гæбæзтæ байуæрста. Мæнæн дзы уыд фыст: 2-39-01. Уыцы нымæцтæ амонынц, науы чи дæ æмæ кæцы постæй дæ. Уалынмæ фæзынд лейтенант дæр æмæ нæ посты слæууын кодта дыгæйттæй, ома, цы гæххæттытæ нæм уыд, ахæм кæй риуы дзыппыл хуыд ис, ахæмы фарсмæ æрлæуу.

Мæ номыр кæуыл уыд, уый разынд Сыбырæй Иркутскы облæстæй. Лейтенант загъта: «Чи уæ цал бонмæ бацæттæ кæна йæ бæсты ног матросы, уал боны раздæр ацæуздзæн сæхимæ». Уыдон службæ кодтой æхсæзæм азтæ. Кæй бар мæ бакодтой, уый уыд дæсны йæ куысты, æмæ мын цы амыдта, уыдон – зæрдиагæй. Фæллад уадзыны рæстæг дæр-иу мæ акодта постмæ æмæ мын амыдта, дыууæ къухæй куыд хуыздæр кусын хъæуы, уый. Афтæ фæфыдæбон кодтам аст-фараст боны, æмæ сæхимæ афардæг. Фыццаг изæр бонгæсы бафарстон, æрхуы æрттиваг хæтæлæй куыд дзургæ у, зæгъгæ, æмæ мын æй куы бацамыдта, уæд дзы адзырдтон, æхсæвы палубæйы беслæйнаджы чи агуырдта, уый ма æрбацæуæд 23 кубрикмæ, зæгъгæ.

Дыууæ-æртæ минуты фæстæ мæ разы лæууыд æрыдойнаг Джыккайты лæппу Алик. Æрмæстдæр базонгæ стæм, æмæ ацыд, нæ, дам мæ `вдæлы, зæгъгæ. Мæ хуыздæр куыст уыд æнæ службæйы рæстæг писмотæ фыссын, фæлæ нал фыстон фæндзайгæйттæ – Кронштадты куыд фыстон, афтæ, фæлæ-иу мæ алы изæр дæр хъуыди фыссын дæс – дыууадæс писмойы. Фæстагмæ мæ лейтенант бауагъта посты фыссын йæ стъолыл, æмæ мын фенцондæр ис.

Цалдæр боны фæстæ уæллаг палубæйыл рацу-бацу кодтон, æмæ, матростæ хурмæ кæм хуыссыдысты, ууылты куы фæцæйцыдтæн, уæд мæм дзы иу цыдæр зонгæ фæкаст. Æз ын йæ цæсгом байгом кодтон, æмæ разынд беслæйнаг лæппу Бигъаты Юрик, афтæмæй мын Алик та уый кой нæ ракодта. Уыдис ма дзы фыццæгæм къæпхæны старшина Зæронд Бæтæхъойыхъæуæй. Ныр баистæм æхсæз. Мах иу кубрикы цардыстæм фæндзай авдæй, æмæ хуыссæнтæ уыдысты афтæ конд: æртæуæладзыгонтæ, æппæты бынæй уыд æртæ асыччы, хуыдтой сæ рундуктæ. Сæ хуылфы уыдысты иту æвæрдæй æртæ службæгæнæджы уæлæдарæс. Бон уыдысты бандæттæ, æхсæв та сынтæджы бæсты, фыццаг аз чи службæ кæны, уыдонæн.

Райсомæй куы сыстадысты, уæд астæуæй чи хуыссыд, стæй уæле чи хуыссыд, уыдон-иу ацыдысты, нæ фарсмæ цы хихсæн бынат уыд, уырдæм хи æхсынмæ, химæ зилынмæ. Рундукыл чи хуыссыд, уый таиу раздæр бафснайдта астæуккаг – фæстаг аз чи службæ кæны, уый хуыссæнтæ. Уый хуыссæнты сæрыл-иу бафснайдта йæхи хуыссæнтæ. Афтæмæй-иу æй сфæлдæхта æмæ йæ фидар кодта рæхысты фæрцы хæрдмæ. Уый фæстæ-иу ацыд йæхи æхсынмæ. Уæллаг хуыссæны та хуыссыдысты дыккаг – æртыккаг аз чи службæ кæны, уыдон, æмæ

сæхæдæг æфснайдтой сæхи хуыссæнтæ, сæхи-иу куы цæхсадтой, уæд.

Хæринаджы хабар дзы уыд Кронштадтæй хуыздæр, фæлæ ма дзы уыд æндæр хабар дæр. Науы службæ кодтой алы адæмыхæттытæ, æмæ пысылмæттæ сæпсæпгæнæджы дзидза нæ хордтой, афтæмæй науы та цыдыстæм фондзсæдæйæ фылдæр. Архайдтой, цæмæй нын-иу уæд нæ хæринаг аивой. Афтæ райдыдта нæ иннæ цард науы.

Науы æдæппæт службæ кодта æртæ мин адæймаджы. Науы цас бæстыхæйттæ уыд, уый базонын мæ къухы нæ бафтыд, кæд алы хатт дæр азилынил архайдтон, уæддæр. Диссаг та уыд йæ сыгъдæгдзинад. Командиræн уыд сæрмагонд æххуысгæнæг, сыгъдæгдзинадыл дохтыртимæ чи архайдта, ахæм. Ныр мæ бон у зæгъын нæ науы тыххæй дæр.

Науæн лæвæрд æрцыд ном «Жданов». Ома хæсты рæстæг А. А. Жданов уыд Ленинграды сæргъы. Хæсты фæстæ Ленинграды кусджытæ фæндон бахастой, цæмæй йæ номыл нау скæной, уый тыххæй. Æрæмбырд кодтой æхца æмæ саразтой стырдæр наутæй иу йæ номыл. Йæ дæргъ уыдис æртæсæдæ дæс мерты, йæ уæллаг палубæйы фæтæн уыд дыууын дыууæ метры, доны бын дзы уыд цыппæрдæс метры, донæй уæлæмæ – фæндзай дыууæ метры. Йæ уæз уыдис, кæд мæ нæ ферох, уæд дыууын дыууæ мин тоннæйы. Ныр ахæм наутæ нал ис, Хрущев сæ æхсайæм азты атайын кодта.

Бонтæ цыдысты, æмæ нæ горæтмæ уадзын райдыдтой. Фыццаг хатт иунæгæй нæ уагътой, фæлæ дæхицæн æмбал равзар, æмæ дæ уыимæ ауадздзысты. Æз адзырдтон Аликмæ, æмæ уый сразы ис мемæ горæтмæ ацæуыныл. Нæ кубрикмæ æрбацыд уыцы бон. Уыдис сабат, æмæ сабаты уагътой сихоры хæрды фæстæ, хуыцаубоны дæр афтæ. Дыццæг æмæ цыппæрæмы та æхсæвæры хæрды фæстæ. Ацыдыстæм, æмæ Аликæн загътон: «Цом-ма стадионмæ æмæ майоры фенæм». Бацыдыстæм, æмæ мыл ахæм цинтæ фæкодта æмæ диссаг! Аликæн уый фæстæ радзырдтон нæ царды тыххæй стадионы, стæй бæхты ирон цирк куыд федтам. Æмæ ма, зæгъын, паркмæ цом, мæнæ нæ разы куы ис. Бацыдыстæм лæвар, уымæн æмæ бацæуæны дыгæйттæй-æртыгæйттæй лæууыдысты скъоладзаутæ галстукты æмæ сæ къухтæ хæрдмæ фæкодтой, афтæмæй нæ бауагътой. Мах, дам, матростæй æхца нæ исæм.

Парк разынд Дзæуджыхъæуы паркæй стырдæр, фæлæ дзы уыд ахæм асинтæ иу хайæ иннæмæ æрцæуынæн. Уым мах бахъуыд хæрдмæ цæуын. Æмбисмæ куы схæццæ стæм, уæд уæле дыууæ чызджы асинтыл, кæрæдзи схойгæ æмæ гæпгæпгæнгæ, нæ размæ æрхæццæ сты. Алик дзы

иуы рацахста æмæ йын хъæбыстæ кæнын райдыдта, уæд æм иннæ чызг иронау дзуры, уæлæ уый де 'мбал у, зæгъгæ. Алик мæм бадзырдта, æмæ сæм æрцыдтæн хæстæг. Иннæ чызг дæр мах размæ ссыд æмæ Аликæн ахъæбыс кодта. Алик чызгæн загъта, æз фыццаг хатт кæй дæн горæты, æмæ уæд чызг загъта: «Замманай æфсон ис изæры хорз абадынæн». Иннæ чызгимæ асусу-бусу кодтой, стæй фæхъæр кодта: «Цомут-ма нæхимæ». Сбадтыстæм трамвайы æмæ фæцыдыстæм уынгты бирæ. Рахызтыстæм «Кадриорг», зæгъгæ уым. Æз, чингуытæ кæсгæйæ, зыдтон, Таллины кæй ис Петр Фыццæгæмы арæзт парк æмæ йæ астæу та – йæ галуан, уый. Чызджытæн æй куы загътон, уæд æмхуызонæй сдзырдтой: «Цом уал, уæдæ, галуан фен, стæй уæд ацæуудзыстæм былмæ, æмæ уым фендзынæ, адæм сæ фæллад куыд уадзынц, уый».

Петр Фыццæгæм алцыдæр арæзта биноныг: райдай Ленинградæй-Петербургæй, Кронштадтæй, Азовæй æмæ æндæр рæтты уынгтæ куыд арæзт сты, уымæй. Ракæсбакæсгæнгæ бахæццæ стæм, денджызы былмæ ма иу-сæдæ метры бæрц парк кæм фæцис, уырдæм. Уым федтон рæсугъд цыртдзæвæн «Русалка», зæгъгæ. Уый у Таллины символ-фæсномыг нысан. Фылдæр адæм æмбырд кодтой уый алыварс, æмæ алы хуызты сæ къамтæ истой. Уырдыгæй кæсгæйæ, ныгуылæнырдæм зындис нæ нау иннæты æхсæнæй. Былыл тезгъо кодтой бирæ адæм, фæлæ рахизырдыгæй та фылдæр уыдысты урс дарæсы. Алик мын бамбарын кодта, ам кæй ис хæстон госпиталь, æмæ йæ арæзтæдтæ сты бирæуæладзыгонтæ, фæлæ дзы уыд дыууæуæладзыгон хæдзæрттæ парчы хæд фарсмæ.Уым та цардысты афицертæ æд бинонтæ. Иу афицер йæ бинойнагимæ цард фыццаг уæладзыджы, иннæ та – дыккаг. Ацы чызг у дæлбулкъоны чызг, алагираг, æмæ цæрынц дæлæ уым, дыккаг хæдзары фыццаг уæладзыджы.

Ацыдыстæм фæстæмæ горæты астæумæ, æмæ мын, трамвайы цæугæйæ, амыдтой, нæ наумæ кæцæй куыд цæугæ у, уый тыххæй хæстæгдæр фæндæгтæ. Алик мын загъта: «Русалкæ»-йы ранæй нæ наумæ у фынддæс минуты цыд, тагъд цæугæйæ».

Фæзылдыстæм алы рæтты, æмæ чызг, йæ ном хуынд София, бафарста: «Изæрмæ фынгмæ цы скæнон æртæ уæлибæхæй дарддæр?» Æз æй бафарстон: «Æмæ уæм куывд уыдзæн?» Уый бахудт, æмæ, дам æй изæры фендзынæ. Æз ын загътон: «Æз хæрын алцыдæр, сæпсæпгæнаджы фыдæй фæстæмæ». Уый мын загъта: «Ам йæ кой дæр нæ вæййы, уымæн æмæ йæ бирæтæ дæр нæ хæрынц сæ динмæ гæсгæ».

Чызджытæ ацыдысты сæхимæ, мах та Аликимæ бацыдыстæм киномæ. Кинойы фæстæ трамвайы араст стæм «Кардиорг»-ы размæ. Алик хорз зыдта фæндæгтæ, æмæ парчы астæуты ныххæццæ стæм йæ кæронмæ, цы хæдзар мын амыдта, уырдæм. Бакодта мæ, цыма йæхи хæдзар уыд, афтæ. Баййæфтам дзы дыууæ сержанты æмæ иу хистæр матросы. Уыдон Аликы афарстой, ацы урссæр матрос дын чи у, зæгъ-гæ. Уый сын бамбарын кодта, фыццаг хатт мæ кæй ракодта горæтмæ. Уыдон та йæ бафарстой: «Нырмæ кæм службæ кодта зæрондæй?» Уый загъта сержанттæн, ме ‘мгар у, зæгъгæ. Хъазыдысты доминойæ æмæ бацин кодтой, æмбæлттæ нын фæзынд, зæгъгæ. Уалынмæ стыр уæттæй иуы чызджытæ æмбырд кæнын райдыдтой. Аликы бафарстон, уый цы амоны, зæгъгæ. Уый мын бамбарын кодта: «София кусы, сæракæй алы-хуызон дзаумæттæ кæм аразынц, уыцы куыстуаты цехы хицауæй. Ацы чызджытæ та кусынц йæ дæлбар. Сты нæ цæдисы алы республикæтæй æмæ цæрынц уыцы уаты цыппæрдæсæй. Абон у сабат, æмæ куыстæй æрбацыдысты раздæр, федтай, иу дæр дзы афтидармæй не ‘рбацыд. Софияйæн та фидынц фæйнæ сæдæ сомы алы мæй дæр, æртæсæдæйы фидынц æндæр рæтты». Æз æй уæд бафарстон: «София ам иунæгæй цæры?» Уый мын загъта: «София ам иунæгæй цæры, уымæн æмæ йын йæ фыды хæлæггæнджыты аххосæй æфсадæй арвыстой пенсийы дæлбулкъоны цинимæ. Уый уыд стыр хæстон арæзтадон хайады штабы хицау. Уыйадыл-иу æм вахтæйæ æрбадзырдтой, мæнæ та уæ салдæттæ уынджы æгъдау фехæлдтой, æмæ сын цы суд скæнæм, зæгъгæ. Сал-дæттæ та уыдысты фылдæр æнахуыргонд, дыууæйæ Ирыстонæй, æмæ сæ-иу сæхимæ мæнæ ардæм æрбаласын кодта. Ам сын-иу уыд стъол æвæрд æмæ-иу сын уыд суд – цы хуыздæр зарæг акæной, уымæй. Йæ бынатмæ чи хъавыд, ахæм афицертæ уыцы хабæрттæ уæлæмæ фехъусын кодтой, æмæ пенсиисæгæй агæпп кодта. Йæ пенси æмæ, ам чи цæры, уыцы чызджыты æхцайæ æлхæны Таллины æмæ Ригæйы алыхуызон хъæдæрмæгæй конд хæдзары дзаумæттæ æмæ сæ Кавказмæ ласы уæй кæнынмæ. Æнтысы йын хорз, æмæ Софияйы дæр нæ хъыгдары. Æцæг æй ам никуыма федтон.

Куыд изæр кодта, афтæ æмбырд кодтой салдæттæ æмæ матростæ. Чызджытæ дæр иугай цыдысты арæзтæй æддæмæ æмæ лæппутимæ къæйттæ-къæйттæ кодтой, иуæй-иутæ та цыдысты æддæмæ. Чызджытæй цалдæр Софияимæ фынгтæ æрæвæрдтой, æмæ, дам, афон у, зæгъгæ, кой кæнын райдыдтой. Æз кæм бадтæн, уым стъолы `рдæм æрзылдтæн æмæ

бадын. Иннæтæ дæр бадынмæ фесты. Хистæры бынат иуцасдæр ничи ахста. Сержанттæ доминотæ куы бафснайдтой, уæд мæм фæстæты æрбацыдысты æмæ мæ мæ бадæнæй систой, æнæдзургæйæ мæ æрæвæрдтой хистæры бандоныл ахæм ныхæстимæ: «Стъолы фарсмæ нæй уæгъд бынат æмæ абонæй фæстæмæ баддзынæ ам хистæрæн София æмæ Оляйы фарсмæ». Уыцы ныхæсты фæстæ иууылдæр æмдзæгъд кæнын райдыдтой. Æз, мæ къухтæ цæхсон, зæгъгæ,кæртмæ кърантмæ рацыдтæн. Алик мæ фæстæ рацыд, æмæ, дам, София æмæ Оля цинæй мæлынц сержантты уынаффæйыл, – дæу хистæрæн кæй равзæрстой, уый тыххæй. Алик мын загъта, София, дам, афтæ зæгъы, цæмæй ды кæнай æрмæст ирон сидтытæ.

Мæхи бацæттæ кодтон æмæ Стыр Хуыцауæй хатыр ракуырдтон, рæстхъуыддаг æй фæкæн, зæгъгæ. Куы бацыдтæн бандоны размæ, уæд та иууылдæр нымдзæгъд кодтой. Куы æрбадтæн, уæд сын бамбарын кодтон: «Æз куы дзурон, уæд чи дзура, уыдоны æддæмæ иугай кæй тæрдзынæн, сидтытæ кæндзынæн, куыд сæ æмбарат, ирон фынгыл куыд вæййы афтæ». Иууылдæр та сæмдзæгъд кодтой. Æз сын загътон: «Кæд уæ къухæмдзæгъд разыйы тыххæй у, уæд сыстæм æмæ лæугæйæ Стыр Хуыцауы ном ссарæм. Стыр Хуыцауы сидт кæндзыстæм лæугæйæ, иннæтæ та, æгъдау куыд амона, афтæ».

Иууылдæр сæ нуазæнтæ банызтой. Æз æмæ Алик нызтам ирон арахъхъ, стæй ма нæм баиу сты дыууæ дагестайнаг лæппуйы. Æртæ азы æмæ æрдæг хистæрæй фæбадтæн, æмæ дзы тæрын никуы никæй бахъуыд, афтæ хорз сæхи дардтой. Мæнæ ныр нæхимæ куыд дарæм нæхи – æнæ фæрсгæйæ ацу æмæ та æрбацу дæ бынатмæ, афтæ нæ.

Фæлæ мыл æрцыд ахæм цау. Кæм бадтыстæм, уыцы стъол зындис, госпиталы радгæс дохтыр кæм бадт, уырдæм иттæг хорз, уымæн æмæ уыд дыккаг уæладзыджы, йæ рудзгуытæ – махырдæм. Иуизæр уым радгæс уыд нæ науæй хистæр лейтенант дохтыр, æмæ мæ бадгæ федта, стæй нуазгæ. Стæй ма мæ федта, науы палубæйы цыдæртæ куыстам, афтæмæй, базыдта, кæцы хайæ дæн, уый æмæ мæ хицау лейтенантæн радзырдта æппæт хабæрттæ дæр.

Иуизæр фæстæмæ наумæ куы бахæццæ стæм, уæд мæм Алик фæдзырдта: «Уæлæ-ма кæс, дæ командир радгæс афицеры фæстæ лæууы». Цу, зæгъын, ды разæй, æз та – дæ фæстæ. Афтæ бакодтам æмæ, асинтыл куы сцагайдтам, уæд мæ хицау радгæсы чъылдымæй каст, мæ кæцы къах æрæвæрдзынæн палубæйыл, уымæ. Æз та тыхулæфт скодтон æмæ, радгæсæн цы хъуыд, уыдон куы загътон æмæ мæ куы ауагъта,

уæд ацагайдтон кубрикмæ, мæ дзаумæттæ ласгæ. Мæ хицау æрбахызт кубрикмæ æмæ фæрсы бонгæсы: «Урссæр матрос нæма фæзындис?» Уый йын хъæрæй куы загъид: «Æмбал лейтенант, уый рагæй йæ хуыссæны куы ис». Мæ размæ æрбацыд æмæ хæстæг фæлæууыд мæ разы (уæд хуыссыдтæн уæллаг хуыссæнтыл) æмæ мæм смуды: водкæйы тæф кæнын, æви нæ. Мах та-иу нæхимæ араст стæм, загъгæ, София-иу йæ цайы кручкæтимæ лæууыд дуармæ, æмæ сæ битъынайы тæф дардмæ цыд. Ай, дам уын Фæндагсæр Уастырджийы нуазæнтæ, æмæ сæ-иу мах дæр банызтам. Цалдæр хатты йын загътон: «Сылгоймаг Уастырджийы ном нæ фæдзуры». Фæлæ та-иу æй ферох.

Райсомæй дохтыр куы фæзынд науы, уæд æппæты фыццаг бацыд мæ хицаумæ, æмæ, дам, куыд уыд дæ матрос. Уый йын, куыд уыд, афтæ радзырдта – цайы тæф, дам, кодта.

Цас рацыд бонтæ нæ, фæлæ мæйтæ дæр уыцы бонæй фæстæмæ, фæлæ иуизæр бадæм, æмæ, æмбисæй фылдæр куы фæбадтыстæм, уæд мæм София æрбадзырдта кæртæй, мæнæ, дам дæм дохтыр дзуры, загъгæ. Æз æм адзырдтон, мидæмæ йæ ракæн, загъгæ. Æрбакодта йæ, æмæ разынд хистæр лейтенант нæ науæй. Хъæртæгæнгæ мæ разы æрлæууыд. Æз сыстадтæн æмæ йæм мæ агуывзæ дзагæй дæттын. Уый та мыл хъæртæ кæнын райдыдта, æмæ йын уæд старшинатæй иу куы загъид: «Æмбал хисæр лейтенант, это осетинская квартира, æмæ æгъдау афтæ амоны, ануаз æй».

Ницыуал сдзырдта æмæ йæ банызта. Æрбавнæлдта мæм, цом, дамма æддæмæ. Æмæ та йæм уыцы старшина сдзырдта: «Лучше будет, если вы сядете рядом со мной». Иуырылдæр æм æрхатыдисты, æмæ уæд старшинайы фарсмæ æрбадт. Æз уæд старшинайæн йæ нуазæнмæ ацамыдтон, æмæ уый фестад йæ агуывзæимæ æмæ йæм æй дæтты. Ам, дам, ахæм æгъдау ис, æмæ уазæг куы ‘рбады, уæд бануазы раззаг сидтыты тыххæй. Цыдæртæ ма сдзурынмæ хъавыд, фæлæ иууылдæр нуазæм-нуазæм, загъгæ, хъæр кæнын райдыдтой. Фестад æмæ йæ банызта. Æз уæд ауагътон уазæджы номыл гаджидау, æмæ йын æй куы бамбарын кодтон, йæ цæрæнбоны тыххæй иууылдæр нуазынц, загъгæ, уый, уæд æй, бузныг-бузныг, загъгæ банызта. Ууыл сыстад æмæ, дам мæм мауал сдзурут, службæ, загъгæ, ацыд.

Мæ хицау æй зыдта: горæтæй æнæ бануазгæ никуы æрбацæуын наумæ. Æнæуи та-иу зылдтæн музейтыл, дуканитыл, исты равдыстытыл. Чингуыты дуканитæ бæрæг кодтон алы ацыдæн дæр. Уыдис мын дзы хорз зонгæтæ æмæ мæ иу цы чиныг хъуыд, уый мын-иу ссардтой.

Иу дуканийы сæмбæлдтæн Къостайы æртæтомон рауагъдыл. Уыдысты къаннæг чингуытæ. Æз сæ нæхимæ балхæдтон, фæлæ сæм æркæсын мæ къухы нал бафтыд. Уыйадыл сæм уыцы цымидисаг каст куы кодтон, уæд иу майор мæ разы алæууыд æмæ мæ уырыссагау фæрсы: «Ирон дæ?» Æз ын загътон, о, зæгъгæ. Уæд уый уæйгæнæгæн загъта: «Макæмæн сæ ауæй кæн, æз дæм райсом хорз æлхæнæг æрбарвитдзынæн». Дуканийы кусджытæй иу сылгоймаг фехъуыста, æз майорæн ирон дæн, зæгъгæ, куыд загътон, уый, æмæ мæ размæ æрбацыд. Фæкаст мæм, стæй мын цыдæр æнахуыр хъæлæсы уагæй дæ бон хорз, зæгъгæ, куы зæгъыд. Уыдис эстойнаг, æмæ, дам, мæ лæг у ирон, зилгæйаг, Кавказæй. Æз æй афарстон: «Барысби?» Уый бахудт æмæ, дам, Барис Мелыкатæй. Æз, дам, дын æй фенын кæндзынæн, кæд фæскуыст æрбацæудзынæ, уæд. Куыннæ бацыдаин! Йæ куысты фæстæ ацыдыстæм спортивон клубмæ. Мидæмæ бацыдыстæм, æмæ уым хъæбысæй хæцыд, ахуыр кодта. Сылгоймаг мидæмæ бацыд æмæ уайтагъд цыдæр тарстхуызæй мæ разы абадт. Уалынмæ мæм иу лæг фæдзырдта: «Æхсар, хæстæгдæр-ма ма рацу». Æз цингæнгæ фестадтæн æмæ йæм бацыдтæн. Уый мæм хъусгæ дæр нæ бакодта, афтæмæй мæм дзуры: «Уыцы сылгоймагмæ хæстæг дæр ма цу, стæй ардæм дæр макуыуал æрбацу». Æмæ мидæмæ ацыд. Æз сылгоймагмæ дзурын, фæлæ мын уый къухæй ацамыдта, ацу, зæгъгæ.

Барысби уыдис нæ хъæукkaг ме 'мгар лæппу, мæнæй йæ раздæр акодтой службæмæ. Йæ хæс куы ахицæн кодта, уæд баззад уым тренерæй. Бæстæ цы азты фæфæлдæхт, уæд та уыд æнæхъæн Эстонийы спорт æмæ культурæйы министры хæдивæг. Иухатт ссыд сæхимæ йæ бинонтимæ. Кæм цард хъæуы, уым сæ бакомкоммæ цардысты мæ мады цæгат Гусалтæ, æмæ мæм уырдæм сæ чызг фехъусын кодта, мæнæ, дам, Барысби Мильвияимæ ссыд æмæ дæ агурынц. Фæныхæстæ, фæцинтæ кодтам кæрæдзиуыл…

Æндæр дуканиты дæр уыдис ирон чингуытæ, æмæ мын дзы-иу кæсын кодтой хъæрæй. Ахæм гæнæнтæ мын-иу фæзынд, æрмæст-иу нау Таллины куы уыд, уæд. Уалдзæджы-иу райдыдтой хæстон ахуыртæ, æмæ- иу ацыдыстæм денджызмæ. Фылдæрхатт-иу уыдыстæм иу гыццыл сакъадах Сааремæйы. Уыд иууылдæр хъæд. Бæлæстæ – бæрзонд æмæ рæсугъд. Уырдæм дæр-иу нæм ластой артистты æмæ спортсменты, зарæггæнджыты. Стыр хæстон ахуырты нæм-иу уыдысты Варшавæйы бадзырды паддзахæдты хæстон министртæ, бирæ инæлартæ æмæ адмиралтæ. Уæгъд рæстæг-иу уыдон дæр рацыдысты дæллаг палубæмæ æмæ матростимæ ныхас кодтой алы фарстаты тыххæй. Лæвæрдтой-иу

алыхуызон фарстатæ. Сæхæдæг дæр-иу дзырдтой, хæсты рæстæг кæмыты хæцыдысты, уый тыххæй.

Нæ науы командир дæр уыд хæстон лæг, сси фыццæгæм ранджы капитан, хæцыд Финляндийы хæсты дæр. Уыд хорз адæймаг.

Кæй ранымадтон, уыцы министртæй уæлдай ма нæм-иу уыдысты Китайæ, Египетæй, Индийæ, Кубæйæ æмæ æндæр рæттæй. Рæстæг дæр уыд хорз, æмæ-иу палубæйыл куы æрæмбырд стæм, уæд нын-иу бацайдагъ ныхас. Иуахæмы къорд матросимæ ныхас кодта Югославийы æфсæддон министр Иван Гошняк. Уыд инæлар, дзырдта уырыссагау сыгъдæг. Матростæ йæм лæвæрдтой бирæ фæрстытæ, æмæ сын дзуапп лæвæрдта цыбырæй. Радтой йæм ахæм фарста дæр: «Дæ бон у, æмæ мах нау ахонай Сплитмæ?» Уый йæ æххуысгæнæгмæ-адьютантмæ фæдзырдта æмæ йын йæ гæххæттыты ныффыссын кодта: «Фыццаг фембæлды Жорæимæ аныхас хъæуы «Жданов» æмæ Сплиты тыххæй».

Дыккаг бон æви æртыккаг бон та йæм æндæр къорд радтой уыцы фарста. Уыцы рæстæг Жуков ныхас кодта æндæр къордимæ æмæ уæд Гошнякæн Жуковмæ ацамыдтой. Уый Жуковмæ йæ къух фæтылдта æмæ йын загъта: «Жорæ, цалдæр къорды мæ фæрсынц, дæ бон нæ Сплитмæ ахонын у æви нæ, зæгъæ, æмæ куыд зæгъыс ды?» Жуков йæ адьютантæн ныффыссын кодта: «Хрущев, Иван Гошняк, нау «Жданов», Сплин». Æмæ сæ къухтæ кæрæдзимæ радтой.

Ахуырты фæстæ ‘рбацыдыстæм Таллинмæ. Цалдæр боны рауад, æмæ бацыдыстæм горæт Каунасмæ – никуыма дзы уыдыстæм. Уым цалцæг кодтой махонау стыр наутæ æмæ пароходтæ. Ам нын нæ нау цалцæг кæнынмæ сæвæрдтой. Иннæ бон райдыдтам куыстытæ. Бавнæлдтам хæцæнгарз æфснайæн бынæттæ сыгъдæг кæнынмæ. Æрмæст хæцæнгæрзты гилдзытæ фæхастам æртæ боны. Фыццаг гилдз систа науы командир æмæ йæ ахаста былмæ æмæ йæ уым æрæвæрдта змисыл. Мæйы бæрц та науæн сыгъдæг кодтам йе `ддаг фæрстæ æмæ йæ ахорын райдыдтам. Ахорæнтæ уыдысты, цыдæр хъылмайы тæф чи кæны, ахæмтæ, ома, дам, сыл мацы цæрæгой хæца. Нæ гилдзытæ фæстæмæ куы сæвгæдтам, уæд æрбауагътой дон, æмæ нæ нау заводæй рацыдис цæхæртæ калгæ. Æртæ боны ма денджызы фæрацу-бацу кодтам куы тагъд, куы фæстæмæ æмæ уæд æрæнцадыстæм Балтийскы – немыц æй хуыдтой Пиллау. Уым нæм ласын байдыдтой алыхуызон товартæ. Цас æмбæлы, уыйас куы фестæм æфснайд, уæд та нæм ласын байдыдтой алыхуызон адæм. Александровы номыл ансамбль æрбаласта сæрмагонд пароход.

Иубон нын уæрстой тамакотæ æхцайы бæсты. Нæ къордмæ хаудта авдсæдæ пачкæйы, æмæ сæ райсын мæнæн бабар кодтой. Ацыдтæн скъладмæ, æмæ мын мæ гæххæтмæ матрос, гуырдзиаг лæппу, куы ‘ркаст, уæд мын асыкмæ ацамыдта. Уым уыд мин пачкæйы. Æрбахастам æй кубрикмæ æмæ йæ гæххæтмæ гæсгæ байуæрстон, уæлдæйттæ бафснайдтон мæхи æвæрæнты.

Наумæ æрбацыдисты Калиниграды облæсты партийы хицау æмæ Балтийы флоты командыгæнæг. Уыдон нæ афæндараст кодтой дард фæндагыл. Мах, матростæ, бадтыстæм алчи йæ кусæн бынаты, фæлæ, дам, кæуылты цыдыстæм, уым нæ науы алыварс цыд диссæгтæ. Нæ нау – крейсер, немæ ма – эсминец. Уый мах науæй уыд иу-дæс хатты къаддæр, фæлæ, алцæмæй дæр ифтонггонд кæй уыд, уый тыххæй нымад уыд, мах нау цыма хъахъхъæны, афтæ. Куы, дам-иу, цыд разæй, куы – фæсте. Бирæ рæтты, горæттæм хæстæг цæугæйæ, мах наутæ лæвæрдтой салют, стæй горæтæй та – махæн. Уæлдайдæр, нарджыты куы цыдыстæм, уæд.

Иухатт æрлæууыдыстæм иу нарæг ран, æмæ нæ салюты фæстæ палубæмæ куы ауагътой, уæд нæм рахизæрдыгæй зындысты горæты уынгтæ, цыдысты дзы бæрзонд автобустæ, æмæ, дам, уый у Англисы горæт Дувр, автобустæ та сты дыууæуæладзыгон. Уымæй диссагдæр та федтам, Бискайы бакæлæны куы цыдыстæм, уæд. Дон змæлгæ дæр нæ кодта, æмæ, дам, афтæ арæх нæ вæййы, уымæн æй хонынц тæссаг ран. Афтæ сабыр ма цыдыстæм, океанæй денджызмæ куы азылдыстæм, уæд. Ам дæр та уыд дон сабыр, фæлæ дзы уыд бирæ цæрæгойтæ, дельфинтæ, дам, сты. Ленк кодтой нæ ныхмæ денджызæй океанмæ. Гилиуæрдыгæй был уыд урс-урсид къæдзæхтæй, рахизæрдыгæй та Африкæйы цъæхцъæхид æрттывтой уæлбыл зæххытæ. Гибралтарæй денджызмæ куы бацыдыстæм, уæд нæм уым иу гыццыл сакъадахгонды раз æнхъæлмæ каст артаг ласæн нау, ома танкер.

Уым фæлæууыдыстæм суанг райсоммæ. Изæры нæ науы цы волейболон командæ уыд, уый хъазыд, уым цы нау лæууыд, уый командæимæ. Уыдысты францызæгтæ, æмæ, дам, цалынмæ хæрæгсастмæ бахæццæ уæм, уæдмæ хъазæм, зæгъгæ, фæхъазыдысты æнафонтæм. Хъазт ахицæн 3:3 хыгъдæй.

Сакъадах Мальтæмæ куы бахæццæ стæм, уæд ма иугыццыл ацыдыстæм æмæ уæд цæхгæр галиуырдæм, ома, цæгатырдæм, фæзылдыстæм. Махæн байуæрстой нывджын чингуытæ, ома, дам, дуканиты, адæмимæ æмбæлгæйæ, цæмæй æнæхъуаджы ныхæстæ ма кæнат, уый тыххæй.

Иу цъарыл дзы уыд Сплиты сæрмæ бæрзонд бынат-хохгонд, æмæ уырдыгæй бæлæсты сæрты денджызмæ зындысты дыууæ мыггаджы, Тито – Сталин, зæгъгæ.

Сплиты бацæуæны куы ‘рлæууыдыстæм, уæд нын уыд рæстæг, æмæ, палубæйæ кæсгæйæ, федтам æрмæст фыст Тито. Иннæ ном, дам, Хрущев фехалын кодта. Нациты салют – дæс æмæ ссæдз гæрахы – фæкодтой раздæр къуыбыртæй, уыцы бæрзондæй, стæй та мах сармадзантæ. Бирæ тухæнтæ фæкодтой нæ нау былмæ баласынил, уæззау кæй уыд, уый тыххæй.

Нæ бынаты куы слæууыдыстæм, уæд нын байуæрстой ног дзаумæттæ: формæ №1. Дзаумæттæ иууылдæр уыдысты урс-урсид, нæ худтыл уыд æрмæстдæр сау æрттиваг дамгъæтæй фыст Сырх Стъалы хæссæг Балтийы флот, зæгъгæ.

Нæ уæлæ сæ скодтам, æмæ нæ палубæйы, бæрæгбонты куыд фæлæууæм, афтæ слæууын кодтой науы галиуварс. Уыцырдыгæй былыл уыд дынджыр фæз æмæ дзы лæууыдысты югославаг æфсæддонтæ æд топпытæ, кæронæй та – оркестр æмæ скъоладзаутæ сырх галстукты. Оркестр ацагъта Югославийы, стæй та нæ Цæдисы гимнтæ. Уый фæстæ æфсæддонты æртæ дихы фæкодтой, æмæ иууылдæр ацыдысты нæ рæзты, мæнæ парады куыд вæййы, афтæ. Скъоладзаутæ уæд цалдæр зарæджы акодтой оркестримæ æмæ ацыдысты. Уæдмæ нæ науæй былмæ сæвæрдтой цæуæн асинтæ, æмæ хицауад ацыдысты, уыдоны хицауад кæм лæууыдысты, уырдæм. Къухистытæ, хъæбыстæ. Аныхæстæ кодтой кæрæдзиимæ, стæй уæд сæ министр Иван Гошняк йæ инæлары дзаумæтты æмæ йæ хæрзиуджытæ йæ уæлæ, афтæмæй нын, æгас нæм цæут, зæгъгæ, загъта. Стæй феппæлыд Жуковæй, ацы балц, дам уын уый балæвар кодта, Хрущевы та, дам, нæ фæндыд. Жуков, дам уæ рарвыста, ам Сплиты цæмæй уæ фæллад суадзат иу мæй.

Нæ бæрæгбоны дзаумæттæ нын бафснайын кодтой, стæй нын байуæрстой уыдоны æхцатæ-динартæ. Иу мах сом тардта авд динары. Радтой нын фондз боны мызд, æмæ, дам, райсом уæ бон уыдзæн горæтмæ ацæуын. Сарæзтой нын ахæм фæтк: науæй ацæудзыстут фондзæй æмæ фæстæмæ дæр æрбацæудзыстут фондзæй. Никæмæ уыдзæн æвдисæндар æмæ уæлдай нæ уыдзæн, цы фондз ацыд иумæ, уыдон сæ хабæрттæ кæндзысты сæхимæ гæсгæ, æцæг, фæстæмæ цæугæйæ, фондзимæ æндæртæ дæр уæнт.

Нæ хайы лæппутимæ фондзæй ацыдыстæм фыццаг бон. Æз мæ тама-

котæй дыууæ къоппы ахастон. Уым сылгоймæгтæ дæр дымдтой, мæнæ ныр махмæ куыд дымынц, афтæ. Цæугæ-цæуыны-иу нæ баурæдтой, æмæ, дам, нæ сигареттæ баивæм. Махæй иу уыд тамакодымæг, æмæ ма йæм баззад дыууæ сигареты, æмæ сæ баивта. Уæд сын лæппутæй иу мæ дзыпмæ ацамыдта. Чызг мæм æртæ сигареты æрбадаргъ кодта, баивæм, зæгъгæ. Æз ын загътон: «Æз ивгæ нæ кæнын». Æмæ йын радтон æртæ сигареты, иннæтæн дæр, чи цал агуырдта, уал. Уыдоны бафарстам, чиныджы ныв сæм равдыстам, афтæмæй, уыцы дамгъæтæ лыгæй куыд фенæм, зæгъгæ. Бацамыдтой нын, мæнæ, дам, ацы уынджы ацæут æмæ, уæладзыгон хæдзæрттæ куы фæуой, уæд дзы уыдзæн хи кæртытæ, æмæ уæм уым фæндаг разындзæн.

Схæццæ стæм фæндагмæ æмæ схызтыстæм йæ райдайæнмæ. Уыди диссаджы конд: асфальт фæндаг, бетонæй конд къахæвæрæнтæ æртындæс рæнхъы, уыдоны кæрон – цыппæрдигъон фæзуат бетонгонд иу фæндзай метртæ йæ дæргъ дæр æмæ йæ фæтæн дæр, стæй та – æртындæс къахæвæрæны, æмæ афтæ суанг хæрдмæ. Æппæты уæллаг фæзы уыд бандæттæ бирæ, фæлæ мах не схæццæ стæм уырдæм æмæ мæты бахаудтам. Иу фæзуаты сæййæфтам лæппуты велосипедтыл. Уыдон ахæм рæвдз æвнæлдтой сæ къæхтæй, æмæ диссаг. Уыцы къахæвæрæнтыл разилбазилгæнгæ хæрдмæ цыдысты цырд. Нæ матростæй иуы бафæндыд йæхи афæлварын, æмæ лæппуйæн балæгъстæ кодта æмæ райста велосипед. Разил-базил акодта фæзуаты æмæ иу-дыууæ рæнхъы куы суад хæрдмæ, уæд йæ раззаг цалх бынмæ арæзт фæцис æмæ, бауромон, зæгъгæ, педалыл куы æрхæцыд, уæд былæй ахаудта æд велосипед, кæд æм лæппу хъæр кодта, къухæй, къухæй, зæгъгæ, уæддæр. Ома, йæ уромæн уыд къухæй хæцæныл, матрос та ма педалыл æрхæцыд. Былæй ныххаудта цъымарайы – кæфхъуындартæ дзы хурмæ сæхи тавтой. Уыдон фæтарстысты, фæлæ лæппу йæ дзаумæттæ феппæрста æмæ йæ велосипед махмæ слæвæрдта.

Куыддæртæй матросы йæ хъуынатæй æмæ йæ чъизитæй асыгъдæджытæ кодтам æмæ бынмæ æрцыдыстæм. Уым цалдæр кæртмæ бахостам, фæлæ нæм ничи ракаст. Иу кæртæй нæм рацыд сылгоймаг æмæ бадис кодта, цыдæртæ нын фæдзырдта, фæлæ йæ мах не 'мбæрстам. Мидæмæ нæ бакодта æмæ æрдæг украинаг ныхæстæ кæнын райдыдта. Уæд æм уыцы матрос украинагау куы сдзурид, æз, дам, дæн украинаг Клочко, зæгъгæ. Уæд сылгоймаг бахудт æмæ украинагау дзургæйæ, акодта Клочкойы мидæмæ. Æрæгмæ рацыдысты, лæппуйыл йæ лæджы дзаумæттæ, афтæмæй. Ныр, дам, ацы чъизи дзаумæттæн цы кæнон,

цæмæй сæ цæхсон, махмæ, дам, хи хæдзары ничи æхсы. Мæ лæгмæ, дам, адзырдтон, æмæ, дам, кæд уый исты æрбахæссид. Дæуæй та, дам ын загътон, дæ каис лæппу у, зæгъгæ.

Иу сахаты фæстæ лæг фæзынд цыдæр къоппытимæ, æмæ, дам, æндæр ницы ссардтон. Уыдон та уыдисты алыхуызон хъылма дæндæгтæ сыгъдæггæнынæн. Бадтыстæм аууоны сæнæфсиры бын, æмæ нын лæг рахаста стъол сæны стыр авгимæ. Нæ фарсмæ æрбадт, æмæ нæ цæмæй нæ бафарста, ахæм нал баззад.

Хæсты рæстæг уæззау цæф фæцис, æмæ йæ украинаг бинонтæ цалдæр мæйы сæ хæдзары пъолы бын фæдардтой, немыц та, дам-иу мæ сæрмæ зарджытæ кодтой. Уым бацард ацы сылгоймагимæ æмæ йæ хæсты фæстæ йемæ ракодта. Кусы наутæ аразæн заводы инженерæй, йæ мызд у цыппор цыппар мин динары. Мæнæ, дам мыл цы костюм ис, уый ногæй куы æлхæнай, уæд у дæс-дыууадæс мины. Куы фæцауд уа, уæд æй уыцы дуканимæ бахæсс æмæ ног райс, æцæг ын æхца бафиддзынæ фондз-æхсæз мины.

Цалынмæ дзаумæттæ хус кодтой, уæдмæ нын хæрын кодтой алыхуызон хæринæгтæ, фæлæ, дам, иту та цæмæй сæвæрæм дзаумæттыл, ательетæ абон куынæ кусынц, зæгъгæ, сылгоймаг скатай. Лæг рахаста сыгъдæг хъуымац æмæ йæ стъолы тигъыл байтыдта æмæ хæлафы фадгуытæ стъолы тигъыл рахаф-бахаф фæкодта, æмæ хæлаф итувæрдæй агæпп кодта. Лæппу йæ дзаумæттæ иууылдæр куы скодта, уæд йæ туфлитæй фæстæмæ иууылдæр уыдисты хорз, туфлитæ та фæтархуыздæр сты. Не ‘мбæлттæй иу уыд дагестайнаг, æмæ лæджы фæрсы, æхца уын цас бафидæм, зæгъгæ. Уый Клочкойы йæ хъæбысы акодта æмæ, дам, æз мæ каистæй æхца нæ исын. Сымахæн та, дам, бузныг, цы хабæрттæ мын фæкодтат, уый тыххæй, ныр, дам мын уыдзæн, мæ куысты цы дзурон, уый.

Мах араст стæм нæхимæ, æмæ, нæ наумæ куыд хæстæгдæр кодтам, афтæ тæрсын райдыдтам. Бæстæ уыд милицæйы æмæ зынгхуыссынгæнджыты машинæты фæдисы æхситт. Æнхъæлдтам, æмæ исты судзы. Фæздæг æмæ рухс куы никæцæй калд, уæд нæхимæ æрцыдыстæм. Клочкойы нæ астæу бакодтам, афтæмæй ссыдыстæм нæ науы размæ æмæ федтам диссæгтæ: нæ науæй фехъуыстам ахæм командæ: «Науы `рдæм чи кæсы, уыдоны хæссут наумæ, иннæты уал уадзут».

Куы бахæстæгдæр стæм, уæд зынгхуыссынгæнæн машинæ науы размæ батахт æмæ дзы зæхмæ ракалдтой фондз-æхсæз матросы æмæ

та æхситгæнгæ афардæг сты. Наумæ схизæны матростæ дыууæрдæм кодтой хæссæнтимæ. Машинæтæй-иу зæххы кæй æрæвæрдтой, уыдонæй раздæр-иу хастой палубæмæ, науы `рдæм чи бырыд, уыдоны.

Мах сабыргай ссыдыстæм, æмæ нæ хъуыды дæр ничи æркодта. Клочкойы ботинкæтæ дæр ничи федта. Нæ командиры кубрикы рацу-бацугæнгæйæ баййæфтам. Уый нæ фондзæй дæр куы федта, уæд фæрсы: «Науы радгæс уæ федта æви нæ?» Мах ын загътам, кæй никæй федтам йæ бынаты. Уый йæхиуыл дзуæрттæ бафтыдта æмæ каютæмæ ацыд. Горæтмæ чи ацыд, уыцы адæм айдагъ матростæ нæ уыдысты, фæлæ артисттæ, спортсментæ, оргæнты кусджытæ, æмæ, дам, адон та шпионтæ сты, цардысты иугай. Чи ацыд, уыдон, сихоры хæрд бакæнæм, зæгъгæ, цæуын райдыдтой хæрæндæттæм, мæнæ ныр махмæ куыд у, афтæ. Алы тигъыл дæр нозт куы федтой, уæд нуазын райдыдтой, уымæн æмæ водкæйы чысыл авг уыд æхсæз динары, даргъ авг та – иу сом, ома авд динары. Чи ацыд горæтмæ, уыдонæн се ‘мбис ласинаг фесты. Дыккаг бон никæйуал ауагътой, фæлæ та æртыккаг бон ацыдыстæм фондзæй, æмæ фондзæй дæр уайтагъд схæццæ стæм хохы сæрмæ. Уым федтам лыггонд дамгъæтæ СТАЛИН. Æрцыдыстæм бынмæ, æмæ сын фенын кодтон, Клочко цы цъымарайы ныххаудта, уый. Бакодтон сæ уыцы хæдзармæ, æмæ бирæ арфæтæ фæкодтой ме ’мбæлттæ, фылдæр чи службæ кодта ахæмтæ, мах, дам, ахæм диссæгтæ никуы федтам.

Куы раздæхтыстæм наумæ, уæд, дам, командир бардзырд бафыста, мæнæ, дам, фыццаг бон чи ацыд горæтмæ æмæ нывыл чи æрбацыд, уыдонæй дыууæсæдæйы бон у ацæуын экскурсийы бæстæйы районтыл. Уайтагъд нæм нæ лейтенант æрбацыд æмæ нæ бафарста, уе ‘хцатæ схардз кодтат æви нæ, зæгъгæ. Лæппутæ йын загътой, мах, дам, уазæгуаты Клочкойы сиахсмæ уыдыстæм, зæгъгæ, фæлæ, дам, ныр Клочко уыцы туфлиты куыд ацæудзæн. Уый бадзырдта старшинамæ æмæ йæм Клочкойы ботинкæтæ радта, ахæсс сæ æмæ сæ баив, зæгъгæ. Уый уайтагъд фæзынд ног туфлитимæ. Ды та дам, дыууæ хатты куы уыдтæ, уæд де `хца не схардз кодтай? Æз ын загътон: «Райсом цæуæм экскурсийы, æмæ ам экскурсийæн æхца нæ исынц, æрмæст нозтæн хъæуы æхца, æз та нæ нуазын».

Иу-дыууæ боны фæстæ нын æхца байуæрстой, æмæ нæ дыууæсæдæйы дæр слæууын кодтой уæллаг палубæйы æмæ нын фæамыдтой, хи куыд дарын хъæудзæн, цавæр фарстатæ нæй дæттæн, æмæ нуазын куыд æмæ кæм хъæуы, уыдæттæ. Сбадын нæ кодтой цыппар автобусы, уыд сын

дыгай шофыры, уыдонæн фæсте – хуыссæнтæ. Автобусы бандæттæ дæр уыдысты афтæ конд, цæмæй дзы уæлгоммæ хуыссæн уа. Уыдис сентябрь, æмæ нын раздæр фенын кодтой, скъолаты куыд ахуыр кæнынц, уый. Астæуккаг скъолатæ уыдысты дыууадæскъласонтæ, уыдис дзы фарастазон скъолатæ дæр. Сæ зонындзинæдтæн сын аргъ кодтой 0-æй 10-ы онг. Фылдæр скъолатæ уыдысты иумæйаг, фæлæ дзы уыд чызджытæн хицæн скъола, лæппутæн дæр хицæн. Се 'ппæт скъолатæн дæр уыд зæххы хæйттæ, фæйнæ дæс-ссæдз гектары онг. Фылдæр дзы-иу къласы уыд дыууын дыууæ скъоладзауы. Алы скъоладзау дæр фарст цыд дыууæ хатты алы предметæй дæр. Зæхх уыд дихгонд къласгай, æмæ, кæцы кълас цы зайын кæндзæн, уый уыд бæрæг рагацау. Се 'ппæт скъоладзаутæ дæр дардтой æмхуызон уæлæдарæс, кæстæркъласонтыл та ма уыд сырх галстуктæ.

Фæндзæм къласы онг скъоладзаутæ хордтой бон иу хатт лæвар. Афтæ нын æмбарын кодтой, мæнæ, дам, сымах фæзмæм. Арæх нæ-иу баурæдтой, фæндагмæ хæстæг-иу адæм куы куыстой, уæд.

Цыдысты хорæфснайæн куыстытæ, æмæ-иу æз цин кодтон, искуыиу комбайнтæ кусгæ куы федтон, уæд. Æз-иу дис кодтон, комбайнæн фарæтæ куы федтон, уæд. Иу ранмæ нæ баластой, махмæ колхозы хуызæнмæ. Уым æй хуыдтой задруга. Уыцы бон кусгæ нæ кодтой. Истой сæ кусгæ бонтæм гæсгæ сæнæфсир. Сæнæфсир æвгæд уыд æнахуыр цыппæрдигъон чыргъæдты, æмæ чыргъдтæ уыдысты рæгъамад. Рæгъæн йæ дæргъ уыд æхсай метры, йæ фæтæн – авд – аст метры, æмæ йæ бæрзæнд цыппар – фондз метры. Гуыффæджын бричкæтæ, стæй, сæйрагдæр, чыргъæдтæ-иу бацыдысты рагъы тигъмæ æмæ-иу сæвгæдтой, кæй цал чыргъæды хъæуы, уал. Зонгæ та йæ кодтой, уым бидаркæгонды цы лæг бадт бæзджын тетрадимæ, уымæй. Чи йæм-иу бацыд, уый-иу тетрады йæ ном федта æмæ йын-иу лæг загъта, зæгъæм, бакуыстай мин асыччы, æмæ дæ цал хъæуы, уал-иу загъта; уый-иу лæг тетрады æрфыста, æмæ-иу кусæг аласта уал чыргъæды. Иннæ чыргъæдты баст та-иу иста, сæнæфсир-иу иууылдæр куы ауæй кодтой, уæд, алы чыргъæды аргъ дæр æхцайæ. Уыцы лæг уыд æвзæрст задругайы сæрдар. Уыдис ма йын сылгоймаг секретарь, уый та бадт къанторы æмæ лыстæг хабæрттæ æвзæрста кусджытимæ. Лæг та зылд куыстуæтты æмæ фыста, бон чи цы бакуыста, уый.

Махмæ та – колхозы сæрдар æмæ ма иу-фынддæс хицауы, нымайджытæ дæр афтæ, фермæты хицæуттæ æмæ афтæ дарддæр. Уым та

дыууæ адæймаджы æххæссыдысты æппæтыл дæр. Афæдз æмбырдтæ кæнынц фылдæр цыппар хатты, æмæ уым нымæрдар ныффыссы сæ фæндонтæ æмæ сæ куыд сæххæст кæндзысты, уый. Хицау та архайы, цæмæй уыцы фыстытæ æххæстгонд æрцæуой. Алы задругайæн дæр ис йæхицæн дзулфыцæн, йæхи зетифыцæн, йæхи нозтытæгæнæн, æмæ дзы ницы сæфы. Иу задругайы та федтам, картофæй куыд кодтой крахмал, кæннод, дам, фесæфтаид. Фермæтæм нæ нæ уагътой æнæ анализтæй, фæлæ нын куыд радзырдтой, афтæмæй æхсыр иуæй-иу задругатæ сæхæдæг кусын райдыдтой, аразынц дзы цыхт, царв. Иутæ та дзы кодтой сæлдæг.

Нартхоры гектар уæм цал центнеры дæтты, зæгъгæ, куы бафарстам, уæд нын радтой ахæм дзуапп: «Ам центнертæ нæй, фæлæ сымах центнертæй махмæ иу гектар та згъæлдæй дæтты дыууæсæдæйæ фылдæр». Махмæ та ныр дæр 50 – 60 центнерæй уæлдæр нæ хизы. Иу аз 100 центнеры æрзайын кæн, æмæ фæллойы хъæбатыры ном дæу уыдзæн.

Канд скъолатæ æмæ быдыртыл нæ ахицæн нæ балц. Уыдыстæм ма сахартæй дæр цалдæры. Фылдæр фестæм Загребы. Уым федтам бирæ диссæгтæ музейты æмæ равдыстыты бæстыхæйтты. Æнæ зæгъгæ нæй, куыд нæм кастысты цæрджытæ æмæ бынæттон хицауад, уый тыххæй дæр. Баныхас-иу кодтой, æмæ иу-дыууæсæдæ адæймаджы суазæг кæн. Дыууæ – æртæ хæрæндоны-иу бахъуыд мах æрбадын кæнынæн, æмæ алы ран дæр уыдысты мах бацыдмæ цæттæ. Суткæ-иу дыууæ хатты дæр бахордтам, уæлдайдæр, задругатыл куы зылдыстæм, уæд.

Райсом Белградмæ бахæццæ уыдзыстæм, зæгъгæ, афтæ нын фехъусын кодтой, рæвдз раздæхут, зæгъгæ. Æрбаздæхтыстæм нæ наумæ, æмæ дыккаг æхсæвы æмбисы – фæдис – нау хæстмæ цæуынмæ сцæттæ кæнут, зæгъгæ. Цалдæр сахаты та фæтухæнтæ кодтой æмæ нæ денджызмæ ралæстой. Бон куы `рбарухс, уæд æнæ уынæрæй араст стæм не `рбацæуæн фæндагыл. Палубæмæ куы ссыдыстæм, уæд ма бæргæ аракæс-бакæс кодтам Сплиты `рдæм, фæлæ нал зынд.

Бæстæ уыд сабыр, фæлæ музыканттæ алы къуымты ахуыр кодтой нотæтæ, æмæ матростæй чидæртæ базыдтой, нотæтыл, дам, фыст ис Сирийы гимн. Сирийы та цыд хæст Туркимæ. Хицауадæн гæнæн нал уыд, æмæ се ‘ппæты дæр æрæмбырд кодтой уæллæг палубæйыл, афтæмæй базыдтам, Хрущев нæ уырдæм Сирийæн æххуыс кæнынмæ кæй æрвиты, уый. Нæ уазджытæн та загътой, мæнæ уæ Албанийы æндæр науы, Одессæмæ чи цæуы, ахæмы сбадын кæндзыстæм, зæгъгæ. Албанимæ

куы ныххæццæ стæм, уæд нæ размæ рацыдысты, æмæ, дам уын махмæ бынат нæй, Хрущев, дам нæ фæрсгæ дæр нæ бакодта. Сæ наулæууæн горæт Дурресмæ куы баздæхтыстæм, уæд нæ размæ æрлæууыдысты сæ арæнхъахъхъæнджытæ, æмæ, дам, комкоммæ æнæрлæугæйæ цæут. Уыцы рæстæг сæ сæрты тæхын райдыдтой вертолеттæ æмæ-иу уæллаг палубæмæ æркалдтой алыхуызон асыччытæ æмæ къоппытæ, кæцытыл англисагау фыст уыд: «Лæвæрттæ ног азмæ Сирийы сывæллæттæн». Бирæ дзы доны дæр ныххаудта, мах та кодтам цæугæ. Афтæ нæ науы баззадысты иууылдæр.

Адриатикон денджызы кæрон ныййæфтам бирæ хæстон наутæ. Уыдон уыдысты амырыкæгтæ æмæ цыдысты Мальтæйæ Сиримæ. Уæле чи службæ кодта нæ хайадæй, уый нын радзырдта диссæгтæ, хæрынмæ куы æрцыд, уæд. Ис, дам сæм стыр фæтæнтæгонд нау, æмæ, дам, хæдтæхæг йæ фарсæй ратæхы, цалдæр зылды æркæны нæ сæрты æмæ та, дам, уыцы наумæ фæстæты батæхы æмæ цыдæр фæвæййы. Нау, дам, цæуы сабыр, йæ фæстæ дæлæ махмæйы хуызæн дон нæ абухы.

Афтæ рауад, æмæ уый аххосæй мах бахæццæ стæм Сирийы наулæууæн Латакиямæ æмæ уыцы иу цыдæй бацыдыстæм суанг мидæмæ, ам, дам, доны арф у фараст æмæ ссæдз метры. Сплиты та уыд æрмæстдæр авд метры, нæ нау та доны бын уыд цыппæрдæс метры. Уый тыххæй доны Сплиты ис нарæг арф фæндаг, æмæ нау ууылты кодтой ласгæ. Доны был слæууыдыстæм бетонæй конд былыл горæты `рдыгæй – мах разæй, нæ иннæ нау та фæсте. Бацыдыстæм дзы тыххæй. Райсомæй нæ цалдæр сахаты уæллаг палубæмæ ауагътой, æмæ уæд мах дæр федтам амырыкаг эскадрæ, фæлæ уыдысты дард æмæ хорз нæ зындысты. Мах ничи бабуц кодта Сплиты хуызæн. Сихоры хæрды фæстæ бакастысты радиойæ бардзырд, адмирал йæ бынаты уæд, зæгъгæ.

Афтæ фæбадтыстæм æртæ суткæйы, æрмæстдæр нæ уагътой иугай кубрикмæ исты ахæрынмæ. Цыппæрæм суткæ куы райдыдта, уæд дыккæгæм сахатыл æхсæвы радиойæ райхъуыст, уæ бынæттæй цæуæн ис, уæ фæллад уадзут, зæгъгæ. Уыцы афон дæр уæллаг палубæ адæмæй байдзаг, уæлдайдæр уазджытæй. Уыдон кæрæдзийæн хъæбыстæ кодтой, артисттæй ма иуæй-иутæ заргæ дæ дæр бакодтой. Мах матростæй бынæй чи службæ кодта, уыдон нæ зыдтой хабæрттæ, фæлæ, нæ фæстæ цы нау лæууыд, уый уым нал уыд, фæлæ дзы лæууыд стыр товартæ ласæн нау, йæ фарсыл «Иван Сеченов», зæгъгæ, фыст. Йæ палубæйыл уыд дынджыр асыччытæ-контейнертæ, комбайны нывтæ сæ фæрстыл. Уыцы науыл иу

змæлæг дæр нæ уыд. Бон-изæрмæ дæр афтæ, фæлæ изæры хæрды фæстæ радиойæ радзырдтой, уæгъд адæмæн былмæ ацæуæн ис, зæгъгæ, æмæ сæ бон хæссын у хус кæсæгтæ, уымæн æмæ дзы фараст сахатæй уыдзæн бæгæны æмæ кæфтытæ. Дисæн ацыдтæн палубæмæ. Уыцы науæн йæ фарсыл дуар байгом кодтой æмæ дзы былмæ райдыдтой хæссын бæгæныйы боцкъатæ, фæндзгай литртæ кæм цыд, ахæмтæ. Мах науы къæлидорты та къуымты зымæгæй, сæрдæй лæууыдысты фанерæй конд боцкъатæ гомæй, фæйнæ 15 – 20 килæйы кæм цыд, ахæмтæ.

Фараст сахатæй дыууадæс сахатмæ иууылдæр уыдысты хъæлдзæг, фæлæ райсомæй куы федтам боцкъаты бæсты фæз йе дзагæй хæстонты стыр цатыртæй, БТР-тæй, танктæй æд салдæттæ, уæд та æрсабыр стæм. Уæлдайдæр, уыцы тæвды куыд фæразынц, зæгъгæ, дис кодтам. Иннæ райсом фæз уыд сыгъдæг, фæд дæр дзы нæ уыд, афтæ йæ асыгъдæг кодтой. Нау «Иван Сеченов» дæр уым нал уыд, æмæ дзы лæууыд нæхи эсминец. Уыцы бон нæм адæм цæуын райдыдтой, фылдæр уыдысты æфсады афицертæ. Сихорæй мæм хæтæлæй фыццаг кубрикæй Алик æрбадзырдта, рæвдз-ма рацу, зæгъгæ. Уыцы кубрикы ирон лæппутæ цардысты цыппарæй, æмæ сæ баййæфтон бадгæ, се ‘хсæн – сирийаг лейтенант æмæ мæм уый йæ къух æрбадаргъ кодта. Æз ын йæ къух райстон, æмæ, дам, æз дæн Ахмæт Фаддзи, зæгъгæ мын иронау дыгурон здæхтæй куы зæгъид, ома, дам, Фидартæй. Æз ын загътон, Фидаратæй, зæгъгæ, æмæ та уый дæр йæ сæр батылдта. Уый мæ бацыдмæ лæппутæн цыдæр лæвæрттæ радта, æмæ, дам, дæуæн та цы радтон, зæгъгæ, йæ худыл цы стъалы уыд, уый æппарынмæ фæцис. Æз ын æй нæ бауагътон, бафхæрдзысты дæ, зæгъгæ, æмæ мæ сахат феуæгъд кодтон æмæ йæм æй радтон. Уый «Победа, Победа», зæгъгæ, йæ къухыл цы дынджыр сахат уыд, уый фелвæста æмæ мæм æй æрбадаргъ кодта, йæ хабæрттæ мын амонгæйæ. Уый нын æппæлыдис, сымах руаджы, дам, знон хæст банцадис. Кæрæдзи фæрафæрс-бафæрс кодтам, цалынмæ радиойæ сæхирдыгонау нæ радзырдтой, афицертæ – æддæмæ, зæгъгæ. Фæгæпп ласта æмæ ацыд.

Сахат цыд хорз, фæлæ нæхимæ куы цыдыстæм, уæд Ахмæт æрбацыд æмæ, дам мын мæ сахат фæстæмæ æри, мæ хицау, дам, мæм алы бон хæцгæ кæны, дæ сахат куы фены, уæд, æмæ мын мæ сахат «Победа» мæ къухты фæсагъта. Ирæттæй, дам, ис бирæ афицертæ, стæй стыр хицæуттæ. Уыцы бон нын байуæрстой Сирийы лиртæ, цал боны дзы фестæм, уал бонæн. Уым дæр та нæ уагътой фæндзгæйттæй, æмæ ацы-

дыстæм фондз иронæй. Фæзылдыстæм, ирон цæрæг дзы куы ссариккам, зæгъгæ, фæлæ, дам, Латтакия горæт у, æмæ ирæттæ та цæрынц хъæуты æмæ кæнынц зæххы куыст.

Иннæ хатт ацыдыстæм, нæхи хайадæй чи уыд, уыдонимæ. Исты бахæрæм, зæгъгæ, бацыдыстæм иу хæдзармæ. Мæнæ ныр куыд у махмæ: алы хæдзары дæр – дукани, хæрæндон, уæд уым дæр уыд афтæ. Бахызтыстæм, æмæ, дам ын-иу ды салам ратт, зæгъгæ, баныхас кодтой ме ‘мбæлттæ. Мидæгæй нæм рацыд иу лæг æмæ йын æз мæ къухтæ хæрдмæ систон, афтæмæй загътон: «Ас-саляму-алейкум». Уый иугыццыл алæууыд, стæй бацыд. Уайтагъд фæстæмæ рацыд, йæ къухты картæ халгæ. Стъолыл æй æрæвæрдта, æмæ, дам, кæцæй дæ, зæгъгæ, мын къухæй амоны картæмæ. Картæ уыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæджы арæзт, æмæ немыц Орджоникиджейы бынмæ кæм уыдысты, уырдæм ацамыдтон.

Цыдæртæ нын фæдзырдта, мах дæр ын дзырдтам, æмæ уæд бацыд æндæр уатмæ æмæ рахаста дынджыр харбыз, ацыд æмæ та рахаста тæбæгътæ, кæрдтæ æмæ вилкæтæ. Ногæй та ацыд æмæ рахаста иу стыр тæбæгъы бирæ лауызтæ, æцæг уыдысты алырдæм дæр стырдæр махмæйы лауызтæй. Харбыз афтæ рæвдз æрдихтæ кодта, æмæ йæм мах кæсгæйæ баззадыстæм. Скарста харбыз æнæ цъæрттæй æмæ нын дзы алкæмæн дæр тæбæгъы нæ разы æрæвæрдта. Мах хæрынмæ куы фестæм, уæд уый та мидæмæ бацыд, хæрд куы фестæм, уæд уый æрæвæрдта фæйнæ гæххæтты гæбазы, чи цас æхца бафида, уый фыст уыд уым. Цыппарæн сæ нымæцтæ уыдысты иухуызон, мæнæн та æмбис къаддæр. Афтæ цæмæн у, зæгъгæ йæм мæ къухæй ацамыдтон, æмæ уæд уый йæ къухтæ йæ цæсгомыл авæрдта æмæ бахудт, афтæмæй та мидæмæ бацыд. Рахаста рæсугъд стыр журналтæ, мæнæ ныр махмæ дæр цы `рттиваг цъæрттимæ вæййынц, ахæмтæ. Журналы фыццаг цъарыл уыд, нæ матростæй науы арсмæ чи зылд, уый арсимæ, æмæ ахста æнæхъæн фарс. Цыппар матросæй дæр æхца бацагуырдта журналы цъарыл цас аргъ уыд, уый æрдæг, мæнæй та ницы. Не ‘ппæты къухтæ дæр райста æмæ нæ уынгмæ ракодта. Иуран ауоны æрлæууыдыстæм, æмæ алчи йæ журнал фæлдахыныл сси. Мæ журналæй зæхмæ æрхаудта дæс рæсугъд гæххæтты-открыткæйы. Уæд лæппутæ сæ журналтæ ратил-батил кæнын райдыдтой, фæлæ дзы никæмæн ницы уыд. Лæппутæ мын фæлæгъстæ кодтой, схъæр, дам нын кæн, дæуæн дæ сихор афтæ аслам куыд рауад, цы йын загътай уагæр, мидæмæ йæм куы бацыдыстæм, уæд. Æз сын

загътон: «Араббагау ын загътон, дæ хæдзары фарн уæд, зæгъгæ». Уæд мын æй ныффыссын кодтой: «Ас-саляму-алейкум». Ныр, дам-иу мах дæр фæпайда кæндзыстæм ацы ныхæстæй.

Нæ хайады афицерæн дæр ацы хабар радзырдтой, æмæ мæм йæ каютæмæ бадзырдта, æд журнал-ма рацу, зæгъгæ. Бацыдтæн æм æд журнал, æмæ, дам дзы цы гæххæттытæ уыд, уыдон дæр æрбахæсс. Æз ын сæ бахастон, æмæ мын сæ нал радта. Журналы цъар та бакодта йæ стъолы сæрмæ арсы тыххæй. Æз ын загътон, раст нæ кæныс, зæгъгæ, фæлæ мыл схъæр кодта, ахæм ныв тæ дæу ницæмæн хъæуынц, зæгъгæ.

Цыбырæй: нæхимæ куы æрбацыдыстæм, уæд иу-дæс боны фæстæ радиойæ радзырдтой, фæсарæнты чи фæцис æмæ уым чи цы балхæдта, уыдон дыууын цыппæрæм каютæмæ æрбахæссут. Афтæ радзырдтой æртæ райсомы, фæлæ хæссæг иу дæр нæ уыд. Цыппæрæм райсом та радзырдтой, фыццæгæм хайады командир æрбахæссæд, зæгъгæ, æмæ цы балхæдта, уыдон ранымадтой. Афтæ – алы райсом дæр дыууæ мæйы бæрц. Мах хайадмæ рад куы æрхæццæ, уæд нæ лейтенант мах бакъуымы кодта, æмæ, дам сæ бархийæ бахæссут. Æппæты разæй ранымадтой уый дзаумæттæ, мæ журнал дæр дæс открыткæимæ, афтæмæй. Уыцы открыткæты тыххæй йæм æрхаудта æфхæрд, æмæ йæ кодта мæн ахсос. Æз ын загътон: «Мæхимæ куы уыдаиккой, уæд майорæн загътаин, æхца сын нæ бафыстон, лæвар уыдысты, зæгъгæ, фæлæ мын сæ ды нал радтай, æмæ мæн аххос нæу».

Уый фæстæ дзаумæттæ фæстæмæ байуæрстой иууылдæр, æрмæстдæр нæ Цæдисмæ ласыны бар цы товартæн нæ уыд, уыдонæй фæстæмæ.

Мæ хицау мын загъта, мæнæ, дам, нæ радист сусæгæй амырыкæгты радиомæ байхъуыста æмæ, дам дзы айхъуыста фæдисы хъæр уырыссагау, уацары бахаудтам, зæгъгæ. Уый базыдта, амырыкаг науты æхсæн кæй ис «Иван Сеченов», æмæ уыдон «Мæскуы, Мæскуы» хъæр кæнынц, фæлæ сын сæ хъæр амырыкаг радист никæдæм уадзы. Нæ матрос – радист – йæ хайады хицаумæ фæфæдис кодта, уый та уæлдæр ахæццæ кодта хабар, æмæ «Иван Сеченов», куыд фыстон, афтæ нæ фарсмæ æрлæууыд. Уыцы цауы тыххæй радистæн радтой дæс суткæйы отпуск, йæ хицауы хицауæн та – Сирийы сæйрагдæр орден. Радистты хицауæн ма Сирийы хицауад радтой бар дыууæсæдæ матросимæ автобустыл бæстæйыл экскурси скæнын. Æмæ мын уæд мæ хицау загъта, мæнæ, дам, Сплиты фыццаг бон фондзæй дæр дзæбæхæй кæй æрбацыдыстут, уый тыххæй

бахаудыстут уыцы дыууæсæдæйы номхыгъдмæ, æмæ, дам, дæхи цæттæ кæн. Нæ мæ фæсайдта, кæд мæ нæ уарзта, уæддæр.

Цæттæ уыдыстæм, æмæ нæм æрбацыдысты цыдæр стыр автобустæ, сæ рудзгуыты æвгтæ-иу бынмæ афардæг сты бахъуаджы сахат, сæ бандæттæ та-иу æхсæв уыдысты хуыссæнтæ.

Алы автобусы дæр уыд дыууæ шофыры, уыдонæн дæр фæсте уыд цæрæнбынат. Уыдис дзы сирийаг афицер, мах афицер, стæй мах дохтыр æд æххуысгæнæг, стæй ма цалдæр адæймаджы æнæуи дзаумæтты.

Раздæр араст стæм Латакияйæ цæгатырдæм æмæ уæлæнгай уындтытæ фæкодтам горæттæ Алеппо (уæд хуынди Халеб), Раккæ, Хомс æмæ æндæртæ. Нæ хицау уыд пысылмон, æмæ йæ фæндыд фенын дины хабæрттæ фылдæр, уыйадыл æрмæст Халебы бирæ бафæстиат стæм, мæзджытты алыварс зилгæйæ, мидæмæ нæ нæ уагътой, ахæм уæлæдарæсы, дам, не ‘мбæлы. Афæстиат стæм, диссæгтæ кæм уыд, уыцы Пальмирæйы, мæнæ ныр экрантыл кæй пырхытæ уынæм, уым. Дæлæмæ куы араст стæм, Дамаск дæр фенæм, зæгъгæ, уæд нæ иу ран цæуын хъуыд хорз асфальт фæндагыл, æмæ иу ран урæд æрцыдыстæм, ардыгæй фалдæр фæндаг паддзахадон нал у, зæгъгæ, æмæ, дам, фæлтау æндæр фæндагыл ацæут. Сирийаг афицертæ семæ бирæ фæныхас кодтой, æмæ нæ уæд ауагътой. Хæрдмæ иуцасдæр фæцыдыстæм, æмæ хъæд райдыдта. Фæндаг цыд хъæды астæуыты æмæ уыд нарæг. Автобустæй дзы тагъд цæуæн нæ уыд. Иу ран дзы разынд хæдзар æд цæхгæрмæ æхгæнæн сосайæн. Уыдис дзы стыр кæрт. Иу лæг нæм рацыд дынджыр худ-панамæйы, гæлифе хæлафы (мæнмæ гæсгæ, сыгъдæг сæракæй конд уыд), рон – æлвæст, йæ цырыхъхъытыл – цыдæр æрхуыйæ æрттиваг фидаргæндтæ, йæ къухы – ехс, мæнæ-иу мæн мæ фыд цæмæй тæрсын кодта, ахæм, фæлæ цыбырдæр æмæ рæсугъддæр.

Уый бирæ фæныхас кодта нæ хицæуттимæ, æмæ уæд, цæхгæрмæ цы хъил лæууыдис – шлагбаум, – уый иуварс азылд, фæндаг цæмæй байгом уа, уый тыххæй. Автобустæ батæрын кодта кæртмæ. Стæй кæдæмдæр ацыд æмæ рацыд бæхыл бадгæйæ, йæ ехсæй шофыртæм цыдæр ацамыдта æмæ дуары æддæ фæцис. Автобустæ кæрты разылдысты, æмæ йæ фæстæ фæстæмæ нæ фæндагыл рацыдыстæм. Мах цыдыстæм асфальт фæндагыл, уый та фæндаджы рахиз фарс разæй. Фæцыдыстæм иу-æртæ километры, æмæ уый фæзылд галиу фарсмæ ахæм асфальт фæндагыл. Бацыдыстæм километр æмæ æрдæг – ам уыд рæсугъд бæлæстæ рæнхъытæй, цалдæр хæдзары – се `хсæн, хорз

фæндæгтæ. Дыууæ хæдзары ракомкоммæ бæлæсты бын уыд æхсæз рæнхъы стъолтæ æвæрд, сæ разы – æртæ бандоны. Фыццаг æрбадын кодта мах, матросты, стæй, æнæуи дзаумæтты чи уыд, уыдоны, уый сæ хуыдта агенттæ. Стæй уæд афицерты æрбадын кодта, уым стъол æвæрд уыд махмæйы хуызæн: хистæрæн уæле хицæн бынат, уыдис рæсугъд конд, æмæ дзы бадгæ дæр кодта йæхæдæг. Мах стъолтыл байтыдтой рæсугъд æмбæрзæнтæ, рахастой хъуымацы лыггæгтæ нæ уæрджытыл æвæрынмæ, къоппыты къухсæрфæнтæ, мæнæ махмæ салфеткæтæ кæй хонынц, ахæмтæ; кæрдтæ æмæ вилкæтæ, стыр æмæ гыццыл агуывзæтæ алкæмæн дæр, цæхх. Ам махмæ уыдонæй ницы уыд, ахæм хæрзконд уыдысты.

Уæд лæг йæхæдæг агъуыстытæй иумæ бацыд æмæ йæ фæстæ ракодта дуне хæрзконд араббаг лæппуты, æмæ се ‘ппæтмæ дæр уыд чъиритæхæссæн тæбæгъты алыхуызон хæринæгтæ. Уыцы лæг ехсимæ цыд сæ разæй æмæ сын амыдта, кæм цы сæвæрын хъæуы, уый. Стæй хæссын байдыдтой мах фынгтæм. Хæринæгтæ цытæ уыдысты, уыдоны нæмттæ чи зоны, фæлæ дзы нозт уыдис, Уæрæсейы цы водкæтæ уагътой, уыдон. Стæмтæй фæстæмæ, фæсарæйнаг нозтытæ дæр афтæ. Нæ цыппар рæнхъы дæр куы сцæттæ сты, уæд уыцы лæг сыстад æмæ цыбырæй загъта: «Мæ зæххыл чи цæры æмæ мæн чи æмбары, уыдоны æз уарзын æмæ сын кад кæнын. Сымах нæ фæзивæг кодтат æмæ мæ фæдыл мæ кæртмæ æрбацыдыстут. Уый тыххæй æз уæ цæрæнбоны тыххæй гаджидау уадзын, æмæ йæ иууылдæр иумæ лæугæйæ бануазæм».

Йæ ныхæстæ хъуыстысты дардмæ хъæргæнæны руаджы. Тæлмацгæнæджы ныхас та хъуыст, æвæццæгæн, æрмæст махмæ, фæлæ йæ æййæфта уæддæр, æмæ зыдтам, цæуыл дзуры, уый.

Уый фæстæ та сыстад æмæ фæсидт: «Мæнæ сымах æрбацыд Латакиямæ мæнæн цы хорздзинад æрхаста, уый тыххæй бануазæм. Сымах Сирийы дихтæ кæнын нæ уадзут, æмæ æз æнæмæтæй фынæй кæндзынæн». Æртыккаг хатт та загъта: «Ам уæ науы нæ бадут æмæ стут мæ уазджытæ, уæ разы цы ис, уыдон сты зæрдиагæй æвæрд, æмæ хæрут, нуазут, иу дæр уæ нозтджын нæ фæуыдзæн, хæргæ куы кæнат, уæд». Бафтыдта ма йæ ныхæстыл: «Ныр алы стъолы хистæр дæр кæнæд йæхи сидтытæ».

Æмæ нын уæд фенцондæр, нал нæ хъуыд, уый цы ныста, уый нуазын, ома «Столичная». Нуазын райдыдтой алыхуызон нозтытæ, фæлæ дзы срасыгæн йæ кой дæр нæ уыд, кæд бирæ фæбадтыстæм, уæддæр.

Сыстадыстæм, æмæ нæ иу-дæс минуты рæнхъ слæууын кодтой, матростæ хицæнæй, афицертæ дæр хицæнæй, иннæтæ рæнхъыты нæ лæууыдысты. Махæн – матростæн – уыцы лæг, йæ къухы йæ ехс, афтæмæй, байуæрста æууилæн чъиуы къæрттытæ, адон, дам, цъирут æмæ уæ нозт фæлидздзæн, стæй фынæй нæ кæндзыстут. Афицертæн та радта æрттиваг рæттимæ хъаматæ-кортиктæ, стæй радта ноджыдæр фæйнæ электрон хилдасæны. Æфсæддон дзаумæттæ кæуыл нæ уыд, уыдонæн та байуæрста цыдæр къоппытæ æмæ чингуытæ. Бирæ ма фæныхас кодта афицертимæ, картæ дæр ма рахæссын кодта. Уыцы картæмæ тынгдæр æркæсын кодта автобусты скъæрджыты æмæ сын цыдæртæ амыдта йæ ехсæй. Махæн та нæ афицертæ загътой: «Нæ хицау æмæ ацы лæг баныхас кодтой Дамаскимæ, цæмæй йæ æххуысгæнджытæй махимæ ацæуа Иорданийы арæнмæ, æмæ нæ уым ауадзой дарддæр».

Дыууæ лæджы сбадын кодта немæ æмæ нæ афæндараст кодта, фæлæ нæ фæфæндараст стæм. Арæнтыл цы постмæ ныххæццæ стæм, уым нæ автобусæй рахизын кодтой зæхмæ æмæ нæ иу нарæг къæлидоры, бирæ рудзгуытимæ чи уыд, ахæмы иннæрдæм ацæуын кодтой иугай. Уым уыдис дуканитæ, абанатæ-саунæтæ æмæ алыхуызон спортивон арæзтæдтæ. Фестæм дзы сахатæй фылдæр, æмæ нын фехъусын кодтой: «Æппæтæй дарддæр цæуæн ис иу афицер æмæ фондз матросæн, ома, дам, денджызонтæн сæ хицау æмæ фондз матросæн».

Бирæ сын фæлæгъстæ кодтой немæ æрвыст дыууæ лæджы, фæлæ ницы, Меккæмæ, дам, гяуртæн-джауыртæн фæндаг нæй, ома уырдæм уагътой æрмæстдæр пысылмæтты. Æз уыдтæн уыцы фондз матростæй иу. Æхсæзæй нæ æрвыстой, фæлæ, цæмæй ацæуæм, зæгъгæ, хицау куы бафарста, уæд ын загътой: «Меккæмæ адæм цæуынц фистæгæй, бæхтыл æмæ хæрджытыл». Иууылдæр сбадтыстæм, дыууæ лæджы уым баззадысты, мах та раст стæм æндæр фæндагыл. Цыдыстæм тыгъд быдырты, искуы-иу ран дзы уыд æдзæрæг хъæутæ. Иу ахæм хъæуы уыд цалдæр цæрæджы. Уыдон нын радзырдтой, ам, дам, цардысты курдтæ – Кавказæй æрбалидзæг адæм – иутæ, дам сæ хуыдтой черкестæ, ныр та сæ хонынц цæцæн. Хæдзæрттæ уыдысты самандурæй амад, сæ сæртæ – тъæпæн, æмæ схæмпæл сты. Иу ран дзы уыд горæт, æмæ нæ уым стыр фæзы баурæдта иу лæг, мæнæ нæ есджын куыд баурæдта, афтæ. Уый нæ афицертимæ бирæ фæныхас кодта æмæ йе 'мбæлттæй иу-æхсæзы арвыста хæстæгдæр дыууæуæладзыгон хæдзармæ. Уым иу рудзынгæй раппæрстой цыдæр къуыбылой, дыууæ лæджы йæ халгæ

ӕрбацыдысты автобусы размӕ. Уӕдмӕ уырдӕм рахастой кӕцӕйдӕр стъол ӕмӕ стыр къоппӕй систой радиоприемник. Уый баифтыгътой, фӕлӕ дзургӕ ницы кодта. Лӕг сахатмӕ ӕркаст ӕмӕ нӕ автобусӕй ӕрхизын кодта, радиомӕ, дам, хӕстӕгдӕр слӕуут. Мах ӕртӕрдыгӕй слӕууыдыстӕм, ӕмӕ уыцы лӕг йӕ сахатмӕ ӕркӕс-ӕркӕс кодта, ӕндӕр ницыуал куыста. Цас фӕлӕууыдыстӕм, нӕ зонын, фӕлӕ уый йӕ сахат йӕ дзыппы авӕрдта ӕмӕ радио ныкъкъӕпп кодта. Махмӕ хъӕрӕй райхъуыст: «Дзуры Мӕскуы, Мӕскуыйы рӕстӕг у цыппӕрдӕс сахаты». Лӕг фӕстӕмӕ радио ныкъкъӕпп кодта ӕмӕ фӕз асыгъдӕг кодта. Лулӕ фӕздӕг калгӕ йӕ дзыхыл сӕмбӕлын кодта ӕмӕ йе 'мбӕлттимӕ ацыд, радио цы хӕдзарӕй рахастой, уырдӕм.

Нӕ фӕндаг дардтам, арӕх нал ӕрлӕуу-ӕрлӕуу кодтам. Иу ран цыдыстӕм, ӕмӕ райсомӕй быдыртӕ уыдысты цъӕх-цъӕхид, фӕссихор та – урс-урсид. Иу узбекаг матрос загъта, уый, дам, бӕмбӕг у, зӕгъгӕ, фӕлӕ нӕ нӕ уырныдта. Уӕд иу ран, адӕм бирӕ кӕм куыстой, ахӕм ран рахызтыстӕм автобустӕй. Сӕ хицау сӕ ӕрӕмбырд кодта ӕмӕ сын бацамыдта, мах кӕцӕй стӕм, стӕй, дам, адон хӕст баурӕдтой. Махӕн та радзырдта, нӕ куыст, дам, у зын, фӕлӕ кусӕм гыццыл, цалынмӕ хур арвы астӕу вӕййы, уӕдмӕ, кӕннод мӕнӕ уыцы къопсӕндтӕ вӕййынц ӕхгӕд, ӕмӕ, хур бӕрзонд куы ссӕуы, уӕд сӕ байгом кӕны. Афӕстиат дзы стӕм, ӕмӕ уыцы рӕстӕг ӕрбаластой доны бӕсты харбызтӕ ӕмӕ неситӕ. Кӕрдтӕ дӕр ӕрбаластой, фӕлӕ ӕрмӕст сӕхи фаг, фӕлӕ сӕ мах ӕхсӕн радав-бадав кодтой. Фылдӕр нын-иу нӕлгоймӕгтӕ акарстой харбызтӕ ӕмӕ нын хӕрын амыдтой, ӕд цъар неситӕ куыд хӕргӕ сты, уый. Разыйӕ баззадыстӕм, кӕй ӕрлӕууыдыстӕм, уымӕй, уымӕн ӕмӕ нын хицау бамбарын кодта, нӕ хӕринӕгтӕ фӕуд кӕнынц, ӕмӕ цӕуӕм наумӕ, зӕгъгӕ. Сӕйрагдӕр, дам, Дамаск нал фендзыстӕм. Афтӕмӕй ӕрбалӕууыдыстӕм Латакияйы. Тынг дис ныл фӕкодтой,куыд, дам, афтӕ ӕнӕнизӕй, ӕнӕмастӕй ахӕм ӕнӕзонгӕ фӕндӕгтыл фӕцыдыстут.

Ныр мӕ мӕт бацыд, мӕ зонгӕтӕн, мӕ лымӕнтӕн зӕрдӕлхӕнӕн хӕрзиуджытӕ ма кӕд балхӕндзынӕн, кӕд нӕхимӕ цӕуӕм, уӕд. Уый тыххӕй горӕтмӕ цыдтӕн, цы бонты уагътой, уӕд. Ӕппӕты фыццаг мӕ нӕхи горӕты рентгены дохтыр дыгурон лӕгӕн хъуыд аккаг лӕвар. Ӕз ын балхӕдтон дамаскаг ӕндонӕй конд хилдасӕн. Мемӕ Хуымӕллӕджы цы чызг бадт иу партӕйыл ӕмӕ мӕ Орджоникидзейы вокзалӕй чи рафӕндараст кодта, уымӕн балхӕдтон зынаргъ диссаджы цӕсткӕсӕнтӕ. Мӕнӕ мемӕ военкоматы кусӕджы фӕсонтыл ӕхсынӕнтӕ

чи æхсыдта, уымæн балхæдтон дзыппыдаргæ цырагъ, боныгон дæр æй къуыммæ бадар, æмæ дзы уыдис йæ ном фыст, Зелим, зæгъгæ. Балхæдтон лæвæрттæ бирæ æмæ ма сæ кой уыдзæн. Куы нын-иу загътой, райсом цæуæм нæхимæ, зæгъгæ, куы та-иу сусу-бусу кодтой, а зымæг, дам, арвитдзыстæм Сирийы. Иубон æрбацыд ирон афицер, сирийаг, æмæ, дам, мæ сахатмæ æрбацыдтæн. Хорз сахат у, фæлæ, дам, мын æй мæ хицау дарын нæ уадзы, йæ хуылфы, дам, кæд исты æвæрд ис. Мæ старшина мын уæд афтæ куы зæгъид: «Ай дзæгъæлы абон не 'рбацыд, æвæццæгæн, ахсæв цæугæ кæнæм».

Æцæгæйдæр нын райсомæй загътой: «Изæрæй цæугæ кæнæм, æмæ уæ кæд исчи дуканитæй, маркеттæй æмæ æндæр искæмæй хæсджын у, уæд ацæуæд æмæ йæхи сраст кæнæд, ис уын рæстæг сихормæ».

Сихоры хæрды фæстæ райхъуыст бардзырд: «Нау хæцынмæ æмæ цæуынмæ æрцæттæ кæнут». Изæры хæрды фæстæ сабыргай рахызтыстæм денджызмæ æмæ амырыкаг науты æхсæнты ныгуылæнырдæм нæхи сарæзтам, æмæ нæ фæндаг ууыл фæстæмæ райдыдта. Цыдыстæм фæстæмæ нæхи фæндагыл æмæ зыдтам, кæм цы афон уыдзыстæм, уый. Алчи йæ æлхæнинæгтæ бæстон æфснайдта, кæнæ та ивтой товартæ, уæлдайдæр æнæдæнджызонтæ. Уыдон балхæдтой бирæ, æмæ сæ фылдæр чумæданджынтæй агæпп кодтой, уырдæм цæугæйæ та сæ къухты ницы уыд. Æз æппæты разæй байуæрстон тамакотæ ирæттæн, кæй цал къоппы хъуыд, уал. Стæй, мæхи хайадæй Кронштадтæй чи уыд, уыдонæн, старшинатæм дæр ма дзы æрхаудта. Гибралтары онг цыдыстæм тагъд. Стæй, фурдмæ куы бахæццæ стæм, уæд фæсындæгдæр кодтам нæ цыд, ома, дам, тагъд цæугæйæ нæ нау хардз кæны æхсай тоннæйы артаг, афтæ цæугæйæ та – дыууæ æмæ ссæдз тоннæйы. Бирæ, дам, басыгътам, Латакиямæ куы цыдыстæм, амырыкæгты разæй фæуæм, зæгъгæ, уæд. Ныр Бискайы донбакæлæны фæцыдыстæм бон-изæрмæ, æмæ дзы уыд сабыр, ленк дзы кодтой стыр къоритæ, кæсаджы тъупгæнæнтæ сæ хуыдтам мах. Донкъубалæг Па-де-кале Англисæй Францы æхсæн дæр фæцыдыстæм цалдæр сахаты æмæ истам, нæ размæ хæстæг цы лодкæтæ æмæ катертæ уыд, уыдоны къамтæ. Иу стыр горæт, Копенгаген, зæгъгæ, уым та нæ уромгæ бакодтой, адæм, дам уæ фылдæр феной. Немыцы æмæ Польшæйы горæтты та нын лæвæрттой салют, æмæ нæ ирæттæ тухæнæй мардысты цыппарæй. Уыдон уыдисты, салют чи лæвæртта, уыдонæй. Салюты фæстæ сармадзаны хæтæл сыгъдæг кæнын хъæуы, тæвд цалынмæ уа, уæдмæ, кæннод дзы хъæуы уый фæстæ дыууæ-æртæ хатты бафыдæбон

кæнын. Былæй горæтæй æхстой иу салют, мах та – алы горæтæн дæр, æмæ-иу хæтæлтæ сыгъдæггонд куынæ фесты иу горæтæй иннæмæ, уæ уый уыдис худинаг, æмæ-иу уый тыххæй бацагуырдтой æххуыс.

Нæхи Балтийск нын радта фæстаг салют, уырдæм æрбахæццæ стæм æртындæсæм октябры, цæугæ та акодтам æртын фыццæгæм августы. Балтийск уыд рæстæмбисæй къаддæр горæт, фылдæр дзы уыдис æфсæддонтæ æмæ денджызонтæ. Мах дзы фестæм æртæ боны, цалынмæ нæ уазджытæ сæ бынæттæм ацыдысты, уæдмæ, æмæ Таллинмæ нæ базæмæ ацыдыстæм. Науы мидæгæй куыст уыд бирæ. Æрмæст æфснайгæ фæкодтам къуырийæ фылдæр. Цæмæй уыцы æппæт адæмы фæстæ нæ нау йæ гаччы сбада, уый тыххæй къæлидортæ æмæ, кæм цардысты, уыцы къуымтæ хъуыд ссыгъдæг кæнын, стæй сахорын ногæй. Æрмæст почтæ фæуæрстой фондз боны. Фæстаг бон æз дæр райстон дыууæ гæххæттын голладжы дзаг писмотæ æмæ газеттæ.

Райдыдтой нын политикон ахуыртæ, ома, дам, адæмимæ æмбæлгæйæ, Югославийы куыд цæрынц, уый кой ма кæнут, ма-иу æппæлут сæ цардæй. Сирийы хæсты кой та, дам, уæ бинонтæм дæр ма фыссут. Горæтмæ дæр нæ нæма уагътой, афтæ нæ фыссыны хабæрттæ кодтам сабыргай.

*ГУСАЛТЫ Барис*

# УЫГÆРДТÆ

*Зæрдылдаргæйæ чи баззад, уыцы уыгæрдтæ мын сты адон – алы цаутæ, æнкъарæнтæ, хъуыдытæ...*

*Раздæр сæ зæрдæсæнкъуысæнтæ схонинаг уыдтæн, мæ хъуыдыйы катарсис кæй уыд, уымæ гæсгæ. Циу, уый ма ногæй æрымысæм – фæсарæйнаг ныхæсты дзырдуæттæ йæ афтæ амонынц: Аристотельмæ гæсгæ уыд «духовное просветление и очищение зрителя трагедии»; æнæуи та «очищение эмоций искусством; сопереживание читателя, заверщающееся духовным очищением, духовной разрядкой...»*

*Ома, исты трагедион хабæрттæ куы кæнай, уæд сæ фæстиуæг хъуамæ ахæм уа, уый охыл сæ чындæуа – адæймаджы æнкъарæнтæ фæрсудзын, йæ уды рыгтæ йын асæрфын, йæ хъуыдытæ йын фæрæсугъддæр кæнын.*

*Æцæг, кæд, цытæ фыссыс æмæ сæ куыдтæ фыссыс, уыдонмæ ахæм эстетикон, этикон, аивадон хъомыс разына, уæд...*

# ГОГЫЗТЫ АРГЪ

Сфæйлауы та мын мæ зæрдæ ацы æнæхин адæймаджы æрдзон рыст…

Хъæуккаг цæрæг æй зондзæн, гогызы цъиутæ куыд зын схæссæн сты сæ тæссондæй, уый. Мæ фыдымад-иу сæ арæх дардта. Мæнæ ма, дам, адæм адæмау куы уыдысты, уæд ын дзы чидæр, æви чидæртæ æнæхъæн иуæндæс нæл гогызы адавтой – цæргæбонты зæрдæрæхуыст-рæтъызт фæцис сидзæргæс ус… Кæс, æмæ та-иу фыдæлгъыстытимæ æрымысыд уыцы боны маст.

О, фæлæ бæлвырддæрæй мæнæ цы радзуринаг дæн… Заманхъуйлаг цардбарæг лæг сабатизæр баккой кодта дыууæрдæм бæстытай æхсæз нæл гогызы æмæ йе ’хсæв Зилгæмæ схаста йæ хомæ – чындзыцыд ын уыд ардæм.

Бахсæвиуат кодта, стæй сæумæдæвдæгæй Бесланы æфсæнвæндаджы станцæмæ тындзгæ уадæй фæуад æмæ, Дзæуджыхъæумæ фыццагдæр

цы поезд цыд – «передачæ» йæ хуыдтой адæм, – уым горæтмæ схæццæ æд уæййаг гогызтæ.

Цыдæр бæрæгбоны къæсæрыл рæстæг уыд, æмæ йын сæ уайтагъд алхæдтой. Йæ дзыппытæ тыхнад æхцатæ дзагæй базарæй раздæхт вагзалмæ. Ам уæд, горæтæгтæ «Дзæнæты цæхæрадон» кæй хуыдтой, ахæм сквер уыд фæрсырдыгæй. Абон та «маршруткæты» рæсæнуат*у.

О, æмæ ам лæг бæстон бадтæй аууон ран æрбадт, йæ дзыппæй æнцъылдтæ-æмпылдтæ æхца сисы, кæм сом, кæм æртæ, кæм фондз, кæм сырх туман дæр, алæгъзытæ-адзæбæхтæ йæ кæны æмæ йæ йæ быны авæры. Æххормаг дæр куыд не сси, æмæ та, йæ къæбæргæнæг ын фæндаггаг йемæ цытæ авæрдта – хæрынæн адджын, хæссынæн рог – уыцы хæндыджы цыхты къæртт æмæ нартхоры кæрдзынæй дæр арустæ кæны æмæ та йе ’фтиагыл дарддæр «иту æвæры».

Цæмæй лæгъздæр уой, уыцы зæрдæйæ хъавгæ банкъуысы йæ мидбынаты. Йæ хъус дары вагзалы радиомæ дæр, уæдæ кæд зæгъдзæн, перронмæ ацæуыны æмæ поезды сбадыны бар ис, зæгъгæ. Билет та вагоны дæр райсдзæн.

Фæцис бæстонгонд йе ’фтиаг æхцатæ, афтæ радио фыццаг схæр-хæр кодта, стæй уыцы хъарæй бар радта перронмæ баивылынæн. Лæг йæ хъæзæй кашолкæмæ февнæлдта æмæ атындзыдта поездмæ…

Цыбыртæгонд дзырдæй, æрхæццæ сæхимæ. Чысыл куы абадтис йæ хæдзары æфсинимæ, фæндаджы хабæрттæ уал ын куы акодта, уæд æй ус фæрсы:

– Гъы, гъы, хорз аргъ дын райстой? Нæ сæйрагдæр тыхстытæ дзы истæмæйты ацараздзыстæм?

– Бæгуыдæр райстой! Хæлофæй мын сæ алхæдтой! Хорз аргъыл, хорз!

– Æмæ дзы ницы горæтаг печени-къафетт алхæдтай æппын?

– Ницы. Дæхæдæг мæ нæ фæдзæхстай, ма сæм-иу бавнал, æппындæр нæ арæхсыс истытæ æлхæнынмæ, зæгъгæ?

– Омæ хорз. Кæм сты де ’хцатæ?

– Мæнæ! – Лæг фестад, æркаст йæ бынмæ…

О Хуыцау!

---

* Остановкæйы бæсты «рæсæн» дзурын хæлардæр у не ’взагæн, стоянкæ та у рæсæнуат, – (Автор)

Уый куыд фæцис, уый цы хуыз райста, цы тæригъæддаг уыд, уыдæттæ, искæй маст кæмæ хъары, уыдоны цæстытыл, зæрдæхъæрзгæйæ ауайæнт… Стæй скверы бандоныл æхцатæ ссарæджы уавæр дæр…

# ХÆСТЫ РАЗМÆЙЫ ХОРЗ АДÆМ

Куыд, дам, цæрыс.

Æмæ, дам, мæгуырæй – уæздан.

Ныр, зæгъæм, хъæздыджы бафæрс, куыд цæры, уымæй, уæд уый та, советон идеологи нæ куыд ахуыр æмæ хъомыл кодта, уый домæнтæ-æгъдæуттæм гæсгæ хъуамæ ахæм дзуапп ратта:

– Хъæздыгæй – цъаммар. Фæллойгæнæг адæмы тугцъирæй, мæхæдæг мæ къух уазал доны дæр никуы атылдтон, афтæмæй…

Æмæ куыд нæ фехъусдзынæ, ноджы арæх, адæм раздæр сæ кæрæдзиуыл бирæ æнувыддæр уыдысты, æнæ сæ кæрæдзи суанг сæ мамæлайы къæбæр дæр нæ хордтой, зæгъгæ…

Уыдаид-иу кæддæртæ æмæ кæмдæрты афтæ дæр, уæдæ се ’ппæт æрымысæггаг ныхæстæ дæр кæм сты.

Фæлæ…

Æмæ уæд сæ хуыздæрты, сæ размæцыддæрты та чи нымыгъта, дзырдыскъæфæн сыхагыл чи кодта, Беккуызарты айдагъ уый тыххæй кæй дзыхæй банымадтой «адæмы знæгтыл», æмæ сæм дыууæ æрхуы стыр тасы кæй уыд – сæ иу хуынчъытæ, афтæмæй дæр?

Йед, дам…

Колхоз, дам, хæсты размæ тынг бæркадкъух уыд: суанг, дам, мыд дæр уæрстой, мыд! Ох-хына, цымæ, кæй мыдычыргъæдта байстæуыд æмæ кæй мыдыбындзыты мыд не ’вгъау чындæуыд!

Стæй, дам-иу, фæллойбонтæн хæдзармæ уыйбæрц нартхор баластой, фæлæ йæ хæдзары хицау нæ куымдта, нæ, дам мæ хъæуы, цы йæ фæкæнон…

Æмæ – æцæгдæр: цы йæ фæкодтаид, кæд æмæ йæм уый размæ нæдæр къуту-хордон-амбар нал ныууагътой, нæдæр фосы мыггагæй исты – колхозмæ йын сæ тыхбегарайæ раттын кодтой. Уæдæ сæ уæй дæр нæ акодтаид нартхорæй-мæнæуæй: æндæр хъæуты цæрджытыл дæр тæхудиагдæр бонтæ не скодта. Стæй хуыцаубонты базармæ дæр кæм уагътой хъæзайраг-цагъайраг колхозонты – лæгæй дæр æмæ

усæй дæр. Кæй нæ уырнынц мæ ныхæстæ, уый Зилгæйы Азиаты хорз Батырбеджы бафæрсæд – уыцы дугæн ма фæстаг æвдисæнтæй иуы…

Уæ фарн – фынæй, фæлæ мын мæ бинойнаджы мад Хъариан Тамарæ дзырдта:

– Куыдзæджы уыцы иу ницæйаг хъуыддаджы тыххæй – æнахъом лæппуйæ, дам, Мæскуыйы троцкистты æмбырдмæ цæмæн бацыдтæ, зæгъгæ – æртыккаг хатт куы 'рцахстой æмæ та йыл сæ иударон этикеткæ-ярлык –«адæмы знаг» – куы аныхæстой, уæд мæм нæ горæтаг стыр кæрты хæстæг ничиуал цыд, бонхорз дæр мын нал уæндыдысты зæгъын, иунæг Дзгойты Барис мæ-иу афарста, Куыдзæг куыд у, цы хабæрттæ дзы хъуысы, зæгъгæ. Афтæмæй уый дæр, Барис, зындгонд коммунист уыд, фæлæ ма йæ ирон туг хаста, йæ хæдзарвæндаджы фарн… (О: не грешников, дам, следует осуждать, а сам грех).

Иттæг дæсныфыст æмæ уырнинагæй æвдыст цæуынц нæ ивгъуыд тугамæст дуджы хабæрттæ Бицъоты Грисы документалон уацау «Фыссæг мæ цæуыннæ рауад кæнæ царды аууæттæ», зæгъгæ, уым (кæс журнал «Мах дуг» 2021 азы цалдæр номыры). О, хицæн чиныгæй цæмæй рацæуа, уымæн та йын цæлхдуртæ æвæрдтой тæрных сталинисттæ…

Æмæ Грис мæрдтæм аивгъуыдта, уыцы маст йæ хорз уды бацахстæй хæсгæйæ. Дæ хъæрзын мæм, Грис, уырдыгæй дæр хъуысы, фæлæ та уыцы хорз бон дæр кæд скæнид, æмæ адæм сæ нывыл ном кæд райсдзысты æмæ сæ замана замантæн дæр, цы аккаг сты æнусон царды цæстæй, Хуыцауы рæстæй, ахæм аргъ кæд скæниккой, æмæ дæ туджы фæллойæ фыстытæн дæр кæд чиныджы кад райсын бантысид.

Стæй-ма Абайты Васойы къухфыст «Суть времени»-йæн дæр: ныр къорд азы уыцы хæрзгæнæджы æрцыдмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ лæзæры мæ рæбыны. Куы-иу æй чи рауадзинаг уыд мыхуыры, куы чи, фæлæ та-иу фæфæстæмæ кодтой, адæм æй рæстырдæм нæ бамбардзысты, Васойы бæрзонд номы æмвæзадыл фыст нæ рауад, зæгъгæ. Ныр уымæн та, куыд алы фыссæгау фыссæгæн дæр, тынг фæндиаг уыд, йæ фæллой боны рухс куы фенид, уыцы амонд. Стæй уый дæр куыд уырнинаг æфсон у, уый, æмæ Васо суанг дзыллæйы раз дæр дзыхъхъылæуд уа, æмæ мах уый зонды-æнкъарæнты æмвæзадмæ схизын ма хъæуа, ма нын æмбæла – æнæхъæн Ссæдзæм æнусы æмбай-æмгар лæджы

рындзмæ, фæлæ йын йæхи дæлвæзмæ хонæм, ардыгæй фылдæр æмæ дарддæр зыны, зæгъгæ??

Уæ, ацы æхцайы фæрæзтæ, ацы! Æмæ хъæрзы дунетыл хъуыстгонд ирон лæг Васо дæр, уæдæ нæ…

# САХЪАТ ЦОТ

Чи зоны, æмæ йæ исчитæ бæлвырддæр хъуыды кæной, фæлæ ацы хабар, мæнæ Маргарет Тетчер æмæ Михаил Горбачев куы фембæлдысты, уыцы дуджы æрцыд. Ома, Англисы хицауад фæзæрдæхæлар сты, æмæ Маргарет махонæн загъта, къорд сахъат сабийы ма нæм æрбарвитут æмæ сæм мах ам сæрмагонд мадзæлтты фæрцы фæкæсæм, алы балцыты сæ фæхонæм, зæгъгæ.

Мæнæ цы амондджын сахат акæндзæн æфхæрд рæзинæгтыл!..

Лыстæг сасирæй балуæрстой сабиты. Барæвдзытæ сæ кодтой фæндагмæ. Семæ сын цæстдарджыты дæр бæрнон хæстимæ арвыстой.

Фæлæ англисаг зæронд сырддонцъиуы дæр зыгуымы муртæй куыд хъуамæ афæливай: сабитæй иу-дыууæйæ фæстæмæ ииуылдæр разындысты бæрнон къæлæтджынтыл фæстæдзæгæй бадæг хицæутты цот. Фæлæ сæ Англис уæддæр нæ рафæндараст кодта сæ фæрныг хæдзæрттæм – уæддæр та æнахъомтæ уыдысты, ноджы æназым.

Æрмæст цæстдарджытæн загътой:

– Ацы лæппутæ æмæ чызджытæ ницы сахъат сты, кæд исчи æцæг сахъат у, æцæг æфхæрд Хуыцауы `рдыгæй, уæд уый – сæ ныййарджытæ.

Советон ма чи уыд уæд, уыцы адæм та ахæм хатдзæджы тыххæй дзырдтой: «Æллæх, æллæх, открыли Америку!»

# ХЪУЛÆТТÆ ПУРТИ

Рагагъоммæ ахгæнынц мæ улæфæнтæ, мæ хурхыуадындзтæ ссудзынц, цæхгæр схъæрзы мæ риу, ацы нывтa мæ цæстыты раз куы сысты, уæд…

Терчы тæккæ былгæрон слæгъз кодтой сывæллæтты хъазæн фæзæн. Ныллæджыты æлвыд таугæ цъæх-цъæхид нæугæрдæг раст хъæдабæйау фæлмæн у.

Къуыдыртæ саби лæппу. Кæд ыл цæуы æртæ-цыппар азы. Йæ мад – чызг-сылгоймаг.

Рацыдисты ардæм – ахъаза саби, аратæх-батæх кæна, мæнæ йын дымст сырх-æрвцъæх хъулæттæ пурти дæр – йæ лæппулæг фыды æлхæд.

Мадмæ дæрддзæфæй æндæр ныййарæг мад йæ номæй фæдзырдта – уый та йæ гыркъын чызгимæ рацыд атезгъо кæнынмæ. Ныхæстыл куыд фесты, афтæ лæппуйы пурти Терчы скуыси. Саби айтæ-уыйтæ нал фæкодта, фæлæ йæ фæдыл базгъордта.

Чызджы мады цъæхахст бæстæ ныццарыдта. Лæппуйы мад ма цъилау бæргæ фæзылд, дон-дон ма бæргæ ныййарц йæ фæдыл, фæлæ уæдмæ, абухыныл ахуыр Терк…

Уæуу, ныййарæг!..

Уæуу, мад!..

Æмæ дæм-иу Афганистанæй æмыр æхгæд цинк чырынты – груз 200 – цыдæр сыгъд стджытæ куы сластой, уæд уый та, уæд?..

# ЗЫНТÆФЕНÆГ

Цæхгæр ныхас мын кæд рауайдзæн, уæддæр мын æй æнæ зæгъгæ нæй: хъæбулы зиан чи нæ бавзæрста, уый макуы рахъаст кæнæд, æз дæр фаг зынтæ бавзæрстон, зæгъгæ… О, фæлæ, кæуыл æрцыд, уыцы уæззау дур бынтон æнæнхъæлæджы кæуыл æрхауд арвæй, уыдон дæр цас сты, цас! Лæгæн, дам, йæ хъæбулы бæсты фæлтау йæ мад амæлæд...

Курдиатджын æмæ зондджын сылгоймаг фæкуыста нæ журнал «Мах дуг»-ы бирæ азты – Дегъуаты Соня, зындгонд ахуыргæнæг æмæ скъолайы директор Валодяйы хо. Æмæ йæ иунæг хъæбул, кæйдæр ирвæзынгæнгæйæ, куы фæдæлдон йæхæдæг, уæд Соня афтæ бакодта:

– Æ, удхæссæгæн йæхи хъæбул амæла, кæд æй уый дæр базонид, æцæг хуылфхалæн, зæрдæскъуыйæн маст циу, уый!..

Цард нын фаг нæу, цардыл цæмæй сахуыр уæм, йæ алы фæзилæнтæ, хæрдтæ æмæ йын йæ уырдыджытæ базонæм, цы фехъусæм, фенæм æмæ бакæсæм, уыдæттæ бамбарынæн.

Æмæ зæрдæ куыд нæ ныккæрза Нарты Хæмыцы фыдзæрдæ мийæ, æндæр ма уæдæ Сырдонæй дæ маст уыцы хуызы райс! Стæй, ау, Сырдон дæр, иблис Сырдон, зондджын Сырдон æндæр мадзал куыд не ссардта æндæр фæрæзтæ, цæмæй фæндыр скæна, уымæн?!

Стæй æрсабыр вæййыс æмæ сатæг зондæй бамбарыс: нæу Хæмыц налатзæрдæ, фыдлæг, уымæн æмæ нарты дæлион цард дæр уырныдта, мыггагмæ кæй ничи мæлы, зæххон цыбырдым цардæй æнусон цардмæ кæй аивгъуыйы, мæнгард дунейæ æцæг дунемæ цæрын-хæрынмæ. Гъемæ Сырдоны сывæллæттæ дæр цæргæйæ баззайдзысты дунеты хуыздæр æмæ æнæхæрамдæры.

Афтæ ’нхъæлын æз, Сырдон æмæ Хæмыцы ’хсæн цы ’рцыд, уымæн – æцæджы хабар та куыд у нæ ахуыргæндтæм гæсгæ, уый тыххæй абоны онг ницыма бакастæн, нæма бамбæлдтæн ахæм фæллойыл, кæд ис, уæддæр.

Иннæрдыгæй та ма уый дæр, æмæ нæ домбайзонд кадæггæнджыты уыцы зæрдæкъахæн – натуралон! – фæлгонц чердæм бахъуыд, æмæ нæ фæндыр ахæм æвирхъау трагедийы бындурыл фæзына? Ис ма ахæм сюжеты ’нгæсæн дунейы мифологийы, и, Сокаты зонынджын чызг Дианæ?

Эдуард…

Артик…

Фыццаг йæ райс-бавæрды ахсджиаг ном у – паспорты амонинаг. Дыккаг та йыл мæ мад Замирæт сæвæрдта, мæнæн æнæзонгæ æгъдауæй, кæй ном фæзмгæйæ – мæгъа…

Æнахуыр исты миниуæг уа бынтон æнахъом сабийæн, æви арæх æмбæлы – йæ бæлвырд ын нæ зонын уымæн, фæлæ-иу кæугæйæ куы бацъæх Артик, уæд-иу нал улæфыд цасдæр рæстæг, фæсурго-мау-иу. Фыр тæссæй-иу ын мæ хъæбæр, зынфæтæрсæн уд сцæйхауд.

Ирыстонæй дæрддзæф цардыстæм уæд мæ бинонтимæ. Иу зымæгон фæсæмбисæхсæв нæ йæ кæуынæй райхъал кодта, бацъæх та, басур уыцы удыгага чысыл лæппу. Уымæй размæты-иу цыбыр рæстæгмæ сулæфыд, ракаст-иу йæ рæсугъд дынджыр цæстытæй, фæлæ дын ныр бынтон фæмæрдонхуыз.

Талф-тулфæй мæ кæрцгонд мæ бæгънæг буарыл æрбакодтон, мæ бæгъæмвад къæхтæ мæ кирзæ цырыхъхъыты фæцавтон æмæ стæй, Артичы бæзджын хъæццулы атухгæйæ, тындзгæ уадæй алæгæрстон миты сыхаг уынгмæ – уым уыдисты тагъд, æвæстиаты æххуысы дохтыртæ. Тындзын, згъорын мæ хæзнаты-хæзнадæр тыхтонимæ æмæ дын Хуыцауæн ахæм табутæ куы кæнин:

– Уæ Хуыцау, нæхи ирон Хуыцау! Кæд цæрæццаг гуырд нæй мæ

хъæбысы, уæд æй мæнæ ныр айс – мæлæт циу, циу адзал, уый цалынмæ не 'мбары, уæдмæ! Кæд æмæ цæринаг лæвар у Дæуæй, уæд та аирвæзæд цардцæрæнбонтæм!

Дохтыр æм хуыссæнхъæлдзæгæй куыддæр æркаст, афтæ загъта, мæ удаистыл мын бахудгæйæ, ма йын тæрс, мæнæ йын иу укол акæндзыстæм æмæ…

Æмæ – фехъал, бахудт мæм, джауыр чи у, уый æмæ мæм сдзырдта:

– Баба…

Нæ йæ ахсы мæ тыхст-уырыд сæр, цы ма мæм зоны Хуыцау фидинагæй, уый, фæлæ уæдæй фæдисондæр æмæ амондджындæр никуыуал уыдтæн æмæ цыма никуыуал уыдзынæн. Табу, Хуыцау, табу! Ма мын фæхуд мæстæлгъæдæй ме 'нæрхъуыды ныхæстыл…

Абон дæр ма – уæдæй нырмæ дыууиссæдз азæй фылдæр рацыд – мæ цæстысыг фемæхсынæввонг вæййы, мæ риу судзгæ адымсы. Ноджы ма…

Сæфтыдыстæм нæхимæ, Ирмæ. Рæстæг та дугъы раззæгтæй кæд нæ вæййы! Æмæ æз дæр дæлæмæдзыд нæ дæн, фæлæ мæ Артик йæ 15 азмæ сæййæфта, рæхджы мæ сæрты дæр ма акæсдзæн. Ноджы мæнæй уæлдай уæнгджынтæдæр, домбæйттæ, хъæбысæйхæцгæйæ уæлахиздзау, йæ вилисапедмæ дзы куы 'рдæтты, уæд дын йæ разæй нæ, йæ разæй, фæлæ йæ мачи баййафа иннæ сæрæнгуырд-сагартæнтæй! Иуахæмы, дам дын скъолайы дæргъæй-дæргъмæ æмæ фæтæн фæйнæгæй конд бандоныл æрхуыссыд, йæхи айвæзта æмæ, дам, афтæ:

– Мæнæ цæйас ныддæн!

…Зæронд лæг-шофыр сæ куыстуаты кæртæй ратардта уынгмæ йæ хæдæвдæлонгæнгæ уæзласæн.

…Хъæуæй горæтмæ цæуы дæргъæццон автобус – адæм æй «каракатицæ» схуыдтой уыйадыл, стæй тынг æнарæхст у алырдæмты фæзилынмæ. Йæ тæрæг бады, куыд æмбæлы, афтæ галиуфарс, рахизфарс та ис йæ егъау мотор.

…Уæзласæн фегоммæгæс шофырæн, иуырдæм ын ныббындз, фæрсырдæм азилын нал комы. Комкоммæ йæ ных автобусмæ сарæзта. Уый шофыр адæмæн нæ, фæлæ йæхицæн фæтарст æмæ горæтдзаутæй дзаг салон хæддзу уæзласæны амæттаг фæкодта, йæ мотор кæм ис, уыцы тигъ ын йæ ныхмæ фæцаразыны бæсты.

…Бадын журнал «Ногдзау»-ы редакцийы, кæйдæр къухфыстимæ

архайын. Мæ телефон скуыста. Цавæрдæр сылгоймаг мæм мæ номæй дзуры:

– Артик аварийы фæцæф… – Æмæ мын бацамыдта, фæндаггон фыдбылыз кæм æрцыд, уый. Музаферæй нæ хæдтулгæ ракуырдтон æмæ…

Уæ Хуыцау! Нæхи табуйæгты табуйагдæр Хуыцау! Зæрдиагæй Дæм куы фæкувын-фæтабутæ кæнын, урс дзыхæй – куыд æнхъæл дæн, афтæмæй, уæд… уæд…

Артик-иу йæ къахы ных куы скъуырдта æмæ-иу ын дзы туджы ’ртах куы рахъардта, уæддæр ын-иу фыр тæригъæдæй мæ сау уд куы сцæйхауд, уæд ныр… Ныр…

Куыд-иу бабыхсы, куыд-иу нæ атоны лæджы зæрдæ, тæлфаг фыды мур йеддæмæ куы ницы у, агъуд дæр ын куынæ ис, исты уарт дæр, уæд?!

Ныр, уынгтæ донæй чи фæпырх кæны-фехсы, уыцы цистернæджын машинæ ’рбакодтой милицæ æмæ… æмæ… Æмæ дæлæ ныр та уынг сырх-сырхид донæй анхъæвзта – Артичы тугæй амæстæй…

Æ, удхæссæг, дæхи хъæбул!..

… Беслæныхъæуы æфсæнвæндаджы сæрты цы хид ис – уырыссагау путепровод цыма хуыйны, ууылты хæрдмæ сахатмæ 200 километры цыдæй сцæйтахт зынаргъ «Порше». Йæ мидæг – цыппар æви фондз æрыгон лæппуйы. Ныр разæй егъау уæзласæн «Камаз» лæууы цыдæр æфсонæй.

«Порше» уый æндон гуыффæйы бын уыциу тахтæй скуыси…

… «Мерседес» Алагирмæ фæтæн æмæ лæгъз фæндагыл дугъ радта, раст цыма электропоезд «Сапсан»-ы разæй фæуинаг у, уыйау. Ома, æмвæндаг куы уаиккой – ай сосайыл, уый рельсытыл. Цыппар, æви та фондз æвзонг лæппуйы бадынц хæдтулгæ-хæдтындзгæйы. Лæгъз фæндагæй тæссармæ асхъиудтой æмæ… æмæ… Æмæ дæ балгъитæг дæр æмæ макæй балгъитæг дæр уыдонау ма бауæд!..

Гъей, гъей, Ирыстон! Уынаффæхъом нал стæм, æви ай нæ рæзинæгтæ-æнхъæлцаутæ цагъды куы кæнынц æмлæгъз фæндæгтыл дæр æмæ хæхты къæдз-мæдз тæссаг сосатыл дæр, уæд… уæд…

… Мæрддзыгой ласæг автобус, дам, Арвыкомы фæндагыл… сæрсæфæны былæй…

Тынг арфæй ныхъхъæрзыдтæн, тынг, фæлæ мын уæддæр нæ фенцон. Кæимæ баназон, уыцы хорз æмгæрттæ дæр мын куы нал ис – æвзæр бынылзадау баззадтæн. Цы дыууæйæ ма сты мæ хорз зонгæтау, уыдон та нозтыл сæ къух систой.

# КÆЙДÆР МАСТ

*Лæг, дам, искæй мастæн фидар у...*

Ногæй-ногмæ та йæ зæгъон: нæ зонын, цы ма Йæм баззад Хуыцаумæ мæнæн бавзаринагæй, фæлæ уæддæр мæхицæн дæр æнæдиссаг нæу мæнæ уый: кæйдæр маст дæр та мæ зæрдыл куы ’рлæууы, уæд та мæ рыстытæ-рæхуыстытæ-рæтъузæнтыл ахуыр уд ног цæфау сриссы…

Кæм ис, кæм, цымæ, уыцы гуырд амонды сæрæй къæхтæм æвдылд, æмæ зонгæ кæмæн нæу мænæ ацы æвæрæз уавæр, ацы хъуырдухæны-утæхсæны сахат:

– Ды йæ уарзыс, æнæхæлд лæппу хæдзарон сыгъдæг чызджы куыд æгæрон уарзтæй уарза, афтæ, уый та дæм былысчъилæй ныхасмæ дæр нæ лæууы…

Кæйдæр маст куы загътон, уæд та мын мæ зæрдæсæр мæнæ адæттæ ныффыссæджы æнусон маст ныццавта:

*Рагæй мын «ацу» дæ цæстæнгас дзуры,*
*Рагæй дæ кодтон мæ уындæй тæрсын;*
*Зонын, – дæ зæрдæ куыд ризы мæ цуры,*
*Хъусын ныр дæр ма йæ сусæг хъæрзын...*

Хуыцау дын ма уа, кæд зæрдæрысты дæр цы фыдбоны Къоста уыдтæ! Ды-иу куыд загътай, уымæй хуызд æр æмæ уымæй аивдæр-дæсныдæр Хуыцау дæр нæ загътаид!

Уæвгæ та дын сæ Йæхæдæг дзырдта дæ къæрцхъус зæрдæйы. Уæуу мæнæ, Хуыцау: искуыдæрма Къостайæн, Хетæгкаты Леуаны иунæг фырт – ноджы цахæм фырт! – Къостайæн дæр, Ирыстоны ахсджиагдæр хъæбул, уарзондæр, цытджындæр сахъгуырд Къостайæн дæр, кæд цыфæнды рæсугъд Аннæ дæ, уæддæр дæ цæстæнгас «ацу» дзурæд!

Уый дæр та æнæрæдыд Хуыцауы тæрхон схонæм, æндæр уæдæ лæмæгъ у нæ зонд. Стæй…

Стæй – о, зæгъын, бакуымдта йын. Æмæ уæд…

Пушкин дæр уыд «очарован Гончаровой», бакуымдта йын уый, йæ сабиты мад дæр ма сси, фæлæ…

Хуырымты хорз чызгимæ цыма Къоста амондджын уыдаид, афтæ мæм дзуры мæ дзæгъæлтæгæнæг зæрдæ, фæлæ сын æнæрайы хъысмæт сæ кæрæдзимæ фæндаг æргæвдæг басгуыхт…

Къостайы радон юбилейы бон уыд, æнхъæлдæн. Цалдæр фыссæг лæппуйæ немæ рестораны бадæг фесты ирон дзæбæх чызджытæ. Сæ зæрдæмæдзæугæдæр йæхи Дзасохтæй схуыдта. Музаферы зоныс, зæгъгæ, йæ куы бафарстам, уæд афтæ, ау, куыд æй нæ зонын… Йæ ном мæ чызгæн зыбыты рох фæцис, райдайæн къласты ахуыргæнæг кæй уыд, уый ма хъуыды кæнын…

О, æмæ иумæ кафгæ кодтам, æндæр исты æфсонæй фæхибар стæм аныхасы охыл, фæлæ дын ын йæ хъусы бацагътон:

– Куы сбадæм ногæй, уæд ма-иу ныхасы бар ракур фынджы хистæр Æхсарæй æмæ-иу афтæ зæгъ, æз Иры чызджыты номæй абон хатыр курын Къостайæ, æнæбинойнаджы хайæ нæ кæй баззад, уый тыххæй.

Сразы мемæ. Загъта уыцы ныхæстæ. Нæ лæппутæ йын зæрдиаг арфæтæ фæкодтой. Ныр мæнæн мæ амондагурæг зæрдæ фæкамчери: уарзты комытæф ыл æхсызгонæй сæмбæлд. Кæцы скъолайы кусы, уый мын загъта Дзасохты Дзылаты рæсугъд. Бацыдтæн кæцыдæр бон скъоламæ. Урок куыд кæны, уый рудзынгæй ауыдтон. Æвæццæгæн мæ уый дæр фæфиппайдта. Дзæнгæрæг куы ныййазæлыд, уæд мидæмæ бацыдтæн, иу хистæркъласон чызгæн бафæдзæхстон, уымæ ма мын фæдзур дыууæ ныхасмæ, зæгъгæ. О, дидинджытæ дæр мæм уыд, æмæ йын сæ барвыстон.

Чызг уайтагъд фæзылд:

–Чъылдымты, дам, ацыди, – загъта къæмдзæстыгæй, стæй дын йæ сæр фæбæрзонд кодта. – Ницы ацыди! Æрвылбон дæр æм иу машинæджын лæппу æрбацæуы æмæ йæ аласы. Тили-тили тесто! Жених и невеста сты. Так что тебе ловить нечего, – æмæ мæм мæ дидинджытæ æрбадаргъ кодта.

– Уадз сæ дæхицæн… мæ минæвар!

Цыма дун-дунетыл дæуæй ничидæр ничиуал вæййы, лæг йæхимæ афтæ ’ркæсы.

О, фæлæ, Къоста, цыма нæ кæйфæндыйы ахæм маст дæр, дæ мастимæ абаргæйæ, мастыл нымаинаг нæу!..

*Уыдзæн ма*

ЦГЪОЙТЫ Хазби

# УЫЦЫ УÆЗЗАУ БОНТÆ...

*Æгъатыр дæ, хъысмæт, æгъатыр... Куы фæсонт вæййыс, уæд адæмыл, Балсæджы цалхау ратулыс, раст æмæ зылын нал февзарыс. Æмæ ссæндыс, най кæныс цæрынæнхъæл удты. Фыддæрæй-фыддæр фæдæ, йæ сæрæн ницы зонгæйæ, æвддæсæм азы фæстæ царды зилдухæны чи бахаудта, ссæдзæм, æртынæм æмæ фæндзайæм азты хахуыр, фыдæвзаджы æмæ цардхалæн дам-думты азары чи басыгъд, уыдонæн. Сæ цард сын зындон фестын кодтай æмæ сæ фылдæры мæрдты къæйыл бафтыдтай.*

*Адæм хорз сты, кæрæдзийыл аудын, зын сахат кæрæдзийы фарсмæ æрбалæууын, хæларзæрдæ уæвынул сæ æнусты цардфæлтæрддзинад сахуыр кодта, фæлæ æмдзæрины уыцы хорз миниуджытæ æнцон æххæст кæнæн не сты. Уымæн æмæ адæймаг йе 'рдзы скондæй хиуарзон у. Йæхи гуылы бын æндзарыны, хи бахъахъхъæныны, æвæлмонæй фæфос кæныны мондаг ыл тых у. Уымæ гæсгæ удыхъæдæй лæмæгъ æмæ гæлхæрд адæймæгтæ цудаг сты. Уæлдайдæр сын фæрæз куы фæвæййы, уæд. Ахæм фæрæз та сын фæзыны, адæмы къæрцхъусдзинад куы фæкъаддæр вæййы, куыдфæндыйы, цыфæндыйы зондахаст сыл куы фæтых вæййы, уæд. Хи уды мондæгтыл цуангæнджытæ сбирæ вæййынц хъарм уарыны фæстæ уаллæттау. Ахæм рæстæг скодта ныр дæр, æмæ-ма акæсут уæ алыварсмæ: чидæртæ бонæй-бонмæ куыд æррадæр кæнынц, цæсгом, намыс, фарн, хистæр, кæстæр, сылгоймаг, хион нал зонынц. Стырдæр хай атонынил архайгæйæ, æлгъ ницæуыл кæнынц. Расты, сыгъдæг æн- къарæнты, иумæйаг рухс хъуыддæгты сæ къæхты бын ссæндынц, скаст сæ нæ уадзынц. Сæ цардыуаг нын тыхæй нæ зонды тъыссынц, уыдон куыд хъуыды кæнынц, афтæ хъуыды кæнын нæ домынц. Æндæр хъуыдыйыл хæст адæймаг у се знаг, æмæ æгъатырæй тох кæнынц йемæ.*

*Ахæм уавæр нæ бæстæйы сæвзæрд ссæдзæм азты дæр. Уæд æгъатырдæр уыд рæстæг. Цæхгæр æвæрд уыд фарста: кæнæ – æз, кæнæ – ды. Æмæ цæвæг марæджы нал æвзæрста. Æмхуызон чи нæ хъуыды кодта, уыдон кæрæдзийæн цыфыддæр знæгтæ систы æмæ, чи кæмæ куыд æххæссыд, афтæ йын фыдбылыз кодта, мардта йæ. Уæд сæм*

*искæуыл дæ хъуыды бафтауынæй амарын æнцондæр каст, къаддæр рæстæг ын хъуыд. Уый ма уымæн, æмæ рæстзонды хъару басастой...*

*Фыддугты цæхæры бахаудта Ирыстон дæр. Тибиты рынау азылд нæ хуыздæртыл æмæ сæ скуынæг кодта. Уыцы æлгъыст рæстæджыты ирон адæм февнæлдтой кæрæдзийæ сæ маст исынмæ, сæ æдзæстуарзондзинады уацары бахаугæйæ, нæ хуыздæртыл дам-думтæ, тугтæ мысын райдыдтой æмæ сæ ахсын кодтой. Сæ амидингæнджытæ та уыдысты НКВД-йы æрцæуæг «бæрнон» æмæ Ирыстонæн фыдгæнæг адæймæгтæ. Ирон адæмæй Къостайы фæдзæхст: «Ныммæл мын фæсмонæй, ды искуы хæддзуйæ куы скæнай æлдар!..» куы айрох вæййы, уæд сæ сæфты къахыл ныллæууынц. Сæ сæфты къахыл уыдысты уæд дæр. Адæм кæрæдзийы хъæр нал æмбæрстой, дзырдхæсджытæ æмæ «адæмы знæгтæ» сарæх сты. Мæнæ куыд фыссы А. Солженицын йæ чиныг «Архипелаг ГУЛАГ»-ы: «А бывало так: чекистам Осетии дана была разверстка расстрелять по республике пятьсот человек, они просили добавить, им разрешили еще двести пятьдесят». Гъе уый уыд стыр бæллæх, чи нæма уыд, ахæм фыдгæнд нацийы ныхмæ. Ахст адæмæн сæ фылдæр уыдысты, нæ нацийæн цæсгом æмæ ном чи кодта, уыдон. Æрмæст фысджытæ дзы банымайæн ис æртынæй фылдæр. Абон сæ нæмттæ сног сты, мысæм сæ.*

*Фыдгулты амæттаг æмæ æфхæрд фысджыты цард æмæ сфæлдыстады сæйраг темæтимæ, уацмыстимæ ма уæ номхуындæй иу хатт базонгæ кæныны тыххæй мыхуыргонд цæуы ацы æрмæг. Фысджыты ранымад у ирон дамгъуаты уагыл. Ацы номхыгъдмæ ма бахæссын кæмæн æмбæлы, уыдоны тыххæй фиппаинæгтæм æнхъæлмæ кæсæм «Мах дуг»-ы хæлæрттæм.*

# ÆБАТЫ ШАМИЛ

Райгуырд 1878 азы Чырыстонхъæуы (ныр г. Дигора). 1893 азы хъæууон иукъласон скъола каст фæци, фæлæ, фыдæй сидзæр кæй уыд, уымæ гæсгæ йын дарддæр ахуырæн фадат нал уыд, æмæ зæххы куыст кæнын райдыдта.

1904 азы Æбайы-фырт бацыд Чырыстонхъæуы сусæг куыстгæнæг политикон къордмæ æмæ уæдæй фæстæмæ анығъуылд революцион змæлды. Архайдта 1905 – 1907 азты революцийы. 1910 – 1917 азты

алы хъæуты скъолаты куыста ахуыргæнæгæй, революцион зондахаст парахат кодта зæхкусджыты æмæ Садоны æрзæткъахæнты шахтерты ’хсæн. Коммунистон партимæ бацыд 1917 азы. 1919 азы йæ сусæг партконференцийы сæвзæрстой УК(б)П-йы Ирыстоны организацийы зылды комитеты сæрдарæй æмæ парти «Кермен»-ы къорды революцион хæстон советы уæнгæй. 1920 азæй куыста бæрнон бынæтты: уыд облæххæсткомы Президиумы уæнг, облæсты адæмон ахуырады хайады сæргълæууæг, Цæгат Ирыстоны педагогон институты директор æмæ æнд. Æрцахстой йæ 1937 азы, амард 1939 азы 8 ноябры.

Æбаты Шамил сфæлдыстадон куыст райдыдта хæрз æрыгонæй, йæ уацмыстæ фыццаг хатт мыхуыры фæзындысты 1907 азы газет «Ног цард»-ы. Аив дзырды фæрцы Шамил зæрдиагæй сидт æфхæрд адæммæ, разæнгард сæ кодта сæрибар царды, рухс фидæны сæраппонд удуæлдай тохмæ. Йæ уацмысты æвдыста ирон фæллойгæнæг адæмы удхайраг цард æмæ се ‘фхæрджыты æцæг цæсгом. Йе ‘мдзæвгæ «Фæндурмæ»-йы зыны йе ‘нæуынондзинад фæллойгæнджыты знæгтæм. Хæдхæцæг паддзахы тугæйдзаг митæ æвдисы æмдзæвгæ «Цæргæс»-ы. Ныффыста ма пьесæ «Лæгсæрдтæ», радзырдтæ «Темурухъотæ», «Хъанцау», «Къæсхури Исмел» æмæ æндæртæ, ратæлмац кодта революцион зарæг «Варшавянка», æмæ уый 1920 азы мыхуыргонд æрцыд газет «Кермен»-ы. Революцийы фæстæ йæ уацмысты темæ уыд Октябрь, Ленин, фæскомцæдис, К. Маркс, 1 Май, фæллойгæнæг æмæ æндæртæ. Йе сфæлдыстад нуарджын у адæмон ныхас æмæ æмбисæндтæй, адæмон сфæлдыстадæй.

# ÆМБАЛТЫ ЦОЦКО

Фæлтæрæй-фæлтæрмæ ирон адæмы ’хсæн ацы Арвы Уациллайы хуызæн куырыхон лæджы тыххæй бирæ арфæйы ныхæстæ цæуы, адæмæн, уæлдайдæр та фæсивæдæн бафæзминаг чи у, ахæмтæ. Зонгæ æмæ хæлар уыд уæды рæстæджы ирон интеллигенцийы хуыздæр минæвæрттимæ. Бирæ æхсызгон бæлвырд хабæрттæ æмæ цаутæ нын ныууагъта Къоста, Елбыздыхъо æмæ иннæты тыххæй. Уагæры ма йын 1937 азы йе сфæлдыстадон бынтæ куынæ бабытъайлаг кодтаиккой!

Къостаимæ афтæ хæлар уыд, афтæ йын аргъ кодта, Ирыстоны зонд æмæ ныфс дзы уыдта æмæ йæ сæрвæлтау йæ уд дæр радтаид. Куы амард, уæд ыл сау фæдардта – йæхи нал адаста – суанг йæ бабыны онг.

Мæнæ дзы куыд зæгъы зындгонд æхсæнадон кусæг æмæ фыссæг Хæныкъаты Уæлгъа йæ уац «Фыстæг мæ кæстæрмæ»-йы: «Æмбалты Цоцкойы ном фехъуыстаис. Фыссæг уыд, Къостайы дæр зыдта. Базонгæ дæн Цоцкоимæ 1923 азы Калачы. Уæд уыдис æмбискары лæг, фæлæ мæм йæ даргъ зачъеты тыххæй ацæргæ каст.

Мардыл нæм хил дардтой, æмæ Цоцко хæрз лæппуйæ Къостайыл стыр фыдохы охыл цæрæнбонты хил фæдардта.

Ацы сахат цыма удæгасæй уынын уыцы фырнымд, уæздан, рæсугъд, цухъаджын лæджы бульвары цæугæйæ. Ахæм адæймæгтæ вæййы, æмæ, кæм цæуынц, кæм лæууынц, уым алцыдæр фæхуызджындæр вæййы. Уыцы адæмтæй уыдис Цоцко дæр.

1924 азы ацыдтæн чындзы. Тынг мæгуыр аз уыд, хæстæджытæ сæ муртæ бамбырд кодтой æмæ мын чындзæхсæв скодтой. Цоцко дæр уыд цыты уазджытимæ. Бирæ рæсугъд гаджидæуттæ фæдзырдта.

Дыккаг бон ме 'мкъаимæ Калакмæ ацыдыстæм, кусгæ уым кодтам. Цоцко æфсæнвæндаджы онг файтоны немæ бадт, уый фæстæ æртæ сахаты фæцыдыстæм поезды. Куыддæр мæ цæсгом нæ хъæцыд, Калакмæ цæмæн цæуы, уый бафæрсын. Суанг нæ нæ хæдзармæ бахæццæ кодта, фæлæ мидæмæ нæ бакуымдта.

– Фæстæмæ цæуын, поездмæ тындзын, цы хæс мыл уыд, уый сæххæст кодтон.

Фæрсæджы каст æм бакодтон.

– Цæуыл дис кæнут? Ау, знон дæ чындзæхсæв уыд, æмæ дæ абон иунæгæй куы рауагътой, уæд худинаджы бæсты мæхæдæг рацыдтæн чындзæмбалæн. Фæнды дæ, нæ фæнды, мæ чысыл хо, абонæй фæстæмæ æз дæуæн дæн дæ зæронд æфсымæр.

Фыр цинæй мæ цæссыг æркалд, йе 'фцæджы атыхстæн».

Цоцко уыдис хистæр æмæ кæстæры, сылгоймаджы раз, æхсæны царды ирон æфсармы æмæ хæрзæгъдауы, рæстдзинады 'мсæр адæймаг. Ирон адæмæн сыгъд цырагъау. Ирон æвзаг æмæ ирон чиныг саразыныл Къостайау йæхи хъардта. Уыд бирæ ирон чингуыты редактор æмæ корректор дæр. Уымæн ма ис абон дæр хъазгæмхасæнты фехъусæн: «Цоцкойы цæстæй йæм ракæс!», «Лыстæг æм æркаст Æмбалты Цоцко» æмæ афтæ дарддæр. Миллеры зындгонд æртæвзагон дзырдуатмæ дæр «лыстæг» уый æркаст.

Æртынæм азты Ирыстоны хуыздæртæ цагъды куы кодтой, уæд базырджын систы йæ ныхæстæ: «Иры фарн фæцæуы. Иры фарн, лæппутæ!»

Æмбалты Цоцко райгуырд 1871 азы Æрыдоны. Ам дины семинар каст фæци 1891 азы. Семинар-иу каст чи фæцис, уымæн бар лæвæрд уыд сауджын кæнæ ахуыргæнæджы куыст кæнынæн. Æмæ Цоцко равзæрста рухсады куыст.

Ахуыргæнæджы æмæ æхсæнадон куыстæй уæлдай Цоцко рагæй архайын райдыдта адæмон сфæлдыстад æмбырд кæныныл, уырыссаг æмæ немыцаг æвзагæй зындгонддæр фысджыты уацмыстæ тæлмац кæныныл. Комкоммæ немыцагæй иронмæ раивта Шиллеры драмæтæ «Абырджытæ» æмæ «Вильгельм Телл». Фыццаг хатт мыхуыры рацыдысты 1924 азы Берлины. Комкоммæ ирон æвзагмæ ратæлмац кодта Ганс Христиан Андерсены цалдæр аргъауы. Бирæ раивта Л. Толстой æмæ М. Горькийы радзырдтæй дæр (сæ дыууæимæ дæр уыд зонгæ), фæлæ сæ фылдæр къухфыстæй фесæфтысты. Мыхуыры дзы рацыд æрмæст цалдæр, уыдонимæ В. Короленкойы «Макары фын».

Цоцко бирæ архайдта «Ирон газет» рауадзыныл. Уый 1906 æмæ 1917 азты фыста ирон æгъдæуттæ зыгъуыммæгæнджыты ныхмæ. Зæрдиагæй тырныдта хорз æгъдæуттæ царды фидар кæнынмæ.

1924 азæй райдай æмæ бирæ азты дæргъы куыста Ленинграды. Гулуты Æндри йæ мысинæгты фыста афтæ: «1925 азы Цоцко æмæ А. Фрейман куыстой В. Ф. Миллеры «Ирон-уырыссаг-немыцаг» дзырдуатыл – цæттæ йæ кодтой мыхуыры рауадзынмæ. Фæлæ Цоцкомæ уый æгъгъæд нæ каст. Ленинграды паддзахадон университеты ректор, профессор Томашевский ирон студенттæн каст ирон æвзаджы курсæй лекцитæ, практикон ахуыртæ та студенттимæ кодта Æмбалты Цоцко.

Уæд æз дæр ахуыр кодтон Цоцкомæ. Мемæ уыдысты университеты ирон студенттæ Дзампаты Бек, Собиты Микъала, Куындыхы-фырт æмæ иннæтæ. Цоцко махимæ ахуырты йе 'ргом тынгдæр здæхта Къостайы æнæмæлгæ «Ирон фæндыр»-мæ».

«Йе сфæлдыстадон куыст йæ тæккæ тынджы уыди Цоцкойæн, афтæмæй хахуырты амæттаг баци, – фыссынц йæ хæстæджытæ Æмбалты Додтан æмæ Хъуылаты Валодя. – 1937 азы октябры йæ хæдзарæй ракодтой æмæ йæ æрцахстой. Чиныгæй, къухфыстæй, фыстæгæй... уæзласæн машинæйы сæ бакалдтой, йæхи йын гуыффæмæ схизын кодтой æмæ... Алагирмæ. Цалдæр боны фæстæ та – Дзæуджыхъæуы ахæстонмæ... Сусæгæй, хъусæй-хъусмæ дзургæйæ, ахæлиу, бирæ азты фæстæ æцæг æвдисæнтæй цы диссаджы цау фехъуыстам, уый: Цоцкойы

ахæстоны ныккæндмæ куы ныккодтой æмæ уым йæ хæлæрттæй, Иры дзыхъхъы советон цард чи арæзта, уыдонæй кæйдæрты куы ауыдта, уæд йæ къух йæ сæрмæ систа æмæ сæм кувæгау хъæрæй бадзырдта: «Фарн уæм фæцæуы, фарн, Иры сахъгуыырдтæ!»

Йе 'мбæлттæ дæр йæхи хуызæн æнæаххосæй ахст æрцыдысты, уый куынæ зыдтаид, уæд дзы хъуамæ куыд схаудаид ацы уæндон ныхас?! Фæлæ уæды «тæрхоны лæгтæм» нæ бахъардта йæ фарны хъæлæс æмæ бирæ æнæаххосджынтимæ уый дæр фесæфт. Нал разындысты йе сфæлдыстадон фæллæйттæ дæр. Æрмæст бирæ азты фæстæ сбæрæг: Цоцко дæр æмæ йæ хорз хæлæрттæ Бутаты Хъазыбег, Тогъойты Данел, Арсæгты Горга, Мысыкаты Мæхæмæт, Тылатты Агуыбе æмæ ма бирæ æндæртæ дæр ницы аххосджын уыдысты…

# ÆЛХЪАЦАТЫ ДЕБОЛА

1975 азы йын чиныгуадзæн «Ир»-ы рацыд радзырдтæ æмæ очеркты æмбырдгонд «Æгас цæут, адæм!» Чиныгæн ис фæсныхас: «Цыбырæй мæхи тыххæй». Бакæсæм-ма, цы зæгъы йæхи тыххæй: «Райгуырдтæн Хъæдгæроны 1912 азы 15 октябры мæгуыр зæхкусæджы хæдзары.

Мæ фыд Хъасболат уыд нæ хъæусоветы фыццагдæр сæрдартæй, хорз æхсæнадон кусæг. 1919 азы фæмард æнæзонгæ фыдгæнджыты къухæй. Æз æмæ мæ хистæр æфсымæр Къоста сидзæрæй баззадыстæм нæ мад Уæдийы бар.

Ныхæстæй радзурæн нæй нæ мады тухæнтæн, нæ хæдзары алы куыст дæр йе 'ккой скодта, йæ дыстæ батылдта, афтæмæй. Сахуыр кодта цухъхъатæ, нæлгоймаджы сæрыдзаума æмæ æндæр дарæстæ хуыйын. Аивæй, сыгъдæгæй нæ æрвыста, ахуыр нæ кодта фæллой уарзын. Куыстам æмæ æфснайдтам нæ зæххы гæбаз. Хъæугæрон, дургæнæн заводы-иу чингуытæ æмæ тетрæдтæ балхæнынæн фаг æхца бакуыстам.

Даргъ æхсæвты-иу нын нæ мад, йæ цæссыг ныхъуыргæйæ, каст Къостайы «Сидзæргæс», «Додой», «Æфсати», «Ныфс», Гæдиаты Секъайы радзырдтæ æмæ æндæр фысджыты уацмыстæ. Нæ мад дæр, нæ хъæуы иннæ адæмтау, цин кодта Советон хицауады фыццаг æнтыстытыл.

Ленины ном тагъд ахæлиу æппæт хъæутыл дæр. Хæххон адæм кодтой сæ ирвæзынгæнæджы кой.

Æхсæзæм – æвдæм къласы ма уыдтæн, афтæ райдыдтон æмдзæвгæтæ

фыссын. Мæ фыццаг æмдзæвгæтæ уыдысты Лениныл, Къостайыл, мæ мад æмæ Кавказы æрдзыл.

1926 азы ногдзауты рæнхъытæй бахызтæн фæскомцæдисмæ. Фæстæдæр уыдтæн раззагдæр фæскомцæдисон куыстуæтты Донбассы æмæ Цæгат Ирыстоны.

Уæззау хъысмæт мæ 1937 азы ахаста Таймырмæ, Норильскы хæххон-металлургон комбинаты арæзтадмæ, кæцыйы 36 азы дæргъы кусын раззагдæр æхсæнадон æмæ хæдзарадон бынæтты.

1969 азы мын Норильскы, мæ 30 азы куысты юбилейы, хицауад радта кадджын ном «Комбинаты фæллойы ветеран». Газеттæ «Заполярная правда», «Красноярский рабочий» арæх мыхуыр кæнынц ме 'мдзæвгæтæ, цыбыр радзырдтæ æмæ очерктæ. Мæ радзырдтæ мыхуыргонд вæййынц журналтæ «Урал», «Мах дуг», «Фидиуæг», газеттæ «Красноярский рабочий», «Социалистическая Осетия», «Рæстдзинад»-ы. Красноярскы чиныгуадзæны мын мыхуыры рацыд чиныг «Авраамий Завенягин». Бирæ хæттыты æвзæрст уыдтæн бæрнон æхсæнадон куыстыты сæргълæууæгæй. Дæн Коммунистон партийы уæнг».

«Уæззау хъысмæт мæ 1937 азы ахаста Таймырмæ». Куыд уæзданæй йæ зæгъы… Фыддуджы цалх атылд йæ цардыл. Иу Хуыцауæй хорз, æмæ дзы нæ бабын. Стæй цæй тыххæй? Уæлдæр куыд фыссы, афтæмæй ног цардыл иузæрдион кæй уыд, уый тыххæй?

Дебола арæх уыд «Рæстдзинад»-ы уазæг, Норильскæй-иу куы æрцыд, уæд. Газет ын арæх мыхуыр кодта йæ фыст æрмæджытæ. Цымыдисагдæр та нæм кастысты йæ мысинæгтæ. Уæлдайдæр та – кæстæртæм. Куыд æй æрцахстой, ахæстоны кæимæтимæ бадт, куыд сæ æфхæрдтой, уыдæттæ.

«Уæд ма Бутырины уынджы бадтæн, – мысыд уый. – Бирæ хорз адæм дзы уыд. Иуахæмы мæ фæрсынмæ ракодтой. Асинтыл дæлæмæ куы æрцæйцыдтæн, уæд ауыдтон, бинаг уæладзыджы дуæрттæй иу куыд фегом æмæ дзы иу ахæсты сыфцæй ласæгау куыд рахæр-хæр кодтой. Фыр надæй йæ къæхтыл нал лæууыд, йæхи не 'мбæрста. Æдзынæгдæр æм ныккастæн: Гатуты Дзахо. Нæ зындгонддæр фысджытæй, ахуыргæндтæй иу. Сдзурон æм, зæгъгæ, афæлвæрдтон, фæлæ мæ уайтагъд топпы бырынкъæй фесхуыстой. Уæдæй фæстæмæ йæ никуыуал федтон».

Æлхъацаты Дебола цардæй ахицæн горæт Дзæуджыхъæуы, пенсийы куы рацыд, уæд.

# ÆРНИГОН ИЛАС

Æрнигон Илас у зындгонд ирон фыссæг Тогызты Газзаччы литературон фæсномыг. Ацы рæсугъд фæсномыг ирон литературæйы йæ аив уацмыстимæ афтæ æрфидар, æмæ йын йе 'цæг ном, мыггаг бирæтæ зонгæ дæр нæ кæнынц. Йæ фыццаг уацмыстыл ма фыста Илас Мызурон дæр.

Райгуырд 1888 азы 10 декабры Æрыдоны, мæгуыр зæхкусæджы хæдзары. 1909 азы каст фæци Æрыдоны семинар æмæ дыууæ азы бæрц ахуыргæнæгæй бакуыста Куырттаты комы, Хидыхъусы райдайæн скъолайы.

1911 азы ацыд Манчжурмæ æмæ уым Хинганы станцæйы скъолайы куыста ирон æмæ уырыссаг æвзаджы ахуыргæнæгæй. 1918 азы каст фæци Владивостокы Хурыскæсæн бæстæты институт. 1920 азæй 1934 азмæ куыста Харбины рухсады департаменты советон скъолайы инспекторæй. Цалдæр хатты йæ абырджытæ ахастой уацары, фæлæ та-иу раирвæзт. Харбины кусгæйæ, ирæттæн сарæзта ирон чиныг – къорд экземпляры дзы рауагъта йæхи хардзæй. Ахуырдзаутæн амыдта ирон æвзаг, ирон æгъдау, ирон зарæг. Йæ арæзт литературон изæрты дзырдта нæ культурæйыл, нæ историйыл.

Ирыстонмæ фæллад æмæ цардæфхæрдæй сыздæхт 1932 азы æмæ кусын райдыдта чингуыты рауагъдады редакторæй. Фæлæ нæ бафсæст йæ уарзон хæхты уындæй æмæ йæ адæмимæ цæрынæй. Бæстæ сæмтъеры. Сау хæрам æмæ фыдзæрдæ мæлæтау зилахар кодтой Ирыстоны дæр æмæ уыгъто Иры хуыздæрты, рæстзæрдæдæрты. Йæ уылæны бахаудта Илас дæр. 1938 азы 5 январы йæ æрцахстой, йæ æнæхуыссæг æхсæвты фæллой, йæ рыстытæ æмæ цинтæ æвдисæг къухфыстытæ та йын бакодтой арты амæттаг.

Афтæ фæндзайаздзыдæй йæ цард фæци ирон литературæйы классик Æрнигон Илас. Уый æмдзæвгæтæ фыссын, æвæццæгæн, райдыдта Æрыдоны семинары ахуыр кæнгæйæ. Фыццаг хатт ын мыхуыры фæзындысты 1915 азы журнал «Чырыстон цард»-ы. Советон дуджы йæ уацмыстæ цыдысты газеттæ «Рæстдзинад» æмæ «Хурзæрин»-ы, альманах «Зиу», журнал «Мах дуг» æмæ скъолайы ахуыргæнæн чингуыты.

Поэт йæ цардæй бирæ азтæ арвыста æцæгæлон бæстæйы, æцæгæлон адæмы æхсæн. Йæ фыдыбæстæйæ чи фæиппæрд вæййы, уый та фылдæр сагъæс кæны, уымæ бæлгæйæ, йæ адæмыл тыхсгæйæ. Йæ зарæджы сæр дæр уымæн уыд Ирыстон, ирон адæм. Йе сфæлдыстады ис тар ахорæнтæ, æрхæндæг нывтæ дæр. Ахæм уыдис йæ рæстæг. Фæлæ йын æцæгæлон нæу

цыргъ æмæ хъæлдзæг ныхас дæр. Уымæн ирд æвдисæнтæ – йæ диссаджы аивадæй фæлыст радзырд «Челе» æмæ драмон ныв «Уайсадæг чындз».

«Æрнигоны уацмыстæй нæм чи баззад, уыдон сты цагъды уæлдæйттæ, – фыссы поэт æмæ ахуыргонд Джыккайты Шамил. – Рауад сæ æрмæст иу къаннæг чиныг. Фæлæ уый у бирæ томтæй уæзгæдæр æмæ зынаргъдæр. Уый у ирон аив дзырды егъаудæр æнтыстытæй. Поэт йæ дзырдыл кусы зæрингуырдау: йæ алы уацмыс дæр у æххæст, æнæлаз, ывæфтыд. Йæ ныхас у мидисджын, хъары зæрдæмæ, уымæн æмæ у сыгъдæг, ирд, музыкалон. Иттæг дæсны арæзт у уацмыстæн сæ композицион нывæзт...»

Æрнигон Иласы сфæлдыстады уидæгтæ цæуынц йæ дуджы цардæй. Курдиатджын фыссæг цы федта, цы бавзæрста, цы хъуыды кодта, уыдон нывæзта бæрзонд аивады мадзæлттæй. Йæ сомы баста Ирыстоны номимæ, йæ бæллиц уыд Ирæн фыртæн сбæззын, йæ фæдзæхст уыд: «Кадджын дарæм азæй-азмæ, цæй, нæ Ирæн мах йæ ном!» Уый уыд куырыхон поэты ныстуан. Æрнигон хард æмæ куыста уый сæраппонд. Уыцы куыст ын йæ ном скодта адæмæн уарзон, йе сфæлдыстад – æнусон.

## БАРАХЪТЫ ГИНО

Барахъты Гино æрмæст фыссæг нæ уыд, фæлæ зындгонд æхсæнадон æмæ политикон кусæг дæр. Ирон адæмы историмæ бацыд революцийы салдат æмæ ног цардыл тохгæнæгæй, рухстауæг æмæ æхсæнадон кусæгæй. Уыд ног дуджы поэт, прозаик, драматург æмæ критик. Йæ тох, йæ куыст, йе сфæлдыстад æппæтæй дæр уыдысты адæмы, сæрибар æмæ рухс царды сæраппонд.

Райгуырд 1890 азы 19 февралы Салыгæрдæны – ныры горæт Алагиры. Йæ фыд Текко уыд зæхкусæг, дыргътæм зилæг, фæлæ йын цæрын бирæ нæ бантыст. Йæ сабитæ дзы сидзæрæй баззадысты. Бинонтæ хистæр æфсымæрты фæрцы цардæн фæрæз ардтой. Гино дæр райдианы Салыгæрдæны ахуыр кодта, стæй йæ йæ хистæр æфсымæр Тихорецкмæ акодта (куыста дзы æфсæнвæндæгтыл) æмæ йæ ахуырмæ радта. Ам зæрдæргъæвд лæппу хорз базыдта уырыссаг æвзаг, æмæ уый стыр ахъаз фæци йæ дарддæры фæндагæн. Фæлæ йе ‘фсымæры мызд дыууæйы дарыны фаг нæ уыд, æмæ фæстæмæ йæ райгуырæн хъæумæ æрбаздæхт. Йæхи бацæттæ кодта Æрыдоны семинармæ. Каст æй фæци 1911 азы, æмæ ахуыргæнæгæй кусын райдыдта Хъæдгæроны. Фæстæдæр бацыд

Мæскуыйы коммерцион институтмæ, фæлæ йæ фадæттæ нæ амыдтой, æмæ йæ ныууагъта. 1915 азы йæ акодтой æфсадмæ. Уым ссис афицер.

Фыццаг дунеон хæстæй фæстæмæ Ирыстонмæ куы сыздæхт, уæд Салыгæрдæны сарæзта большевикты фыццаг партион къорд, разæнгардæй архайдта революцийы фæуæлахизы сæраппонд лæгæвзарæн тохты, уыд партизанты къорды командир, газет «Кермен»-ы редактор. Фæстæдæр каст фæци Мæскуыйы Сырх профессурæйы институт æмæ уыд философийы ахуыргæнæг Ростовы пединституты. Куыста Цæгат Ирыстоны милицæйы разамонæгæй, партийы Алагиры райкомы секретарæй, 30-æм азты та – республикæйы прокуроры хæдивæгæй, Зонадон-иртасæн институты директорæй æмæ æндæр бынæтты. Уыцы рæстæджы Гино, зæгъæн ис, уыд Ирыстоны политикон æмæ культурон цардæн йæ тæккæ тæмæны, зæрдиагæй, хъæддых æмæ æнтыстджынæй архайдта æппæт ног райдайæнты дæр. Æмæ, æвæццæгæн, знæгтæй, æдзæстуарзонтæй уый иуты маст, сагъæс уагъта, иннæтæн та сæ цæсты фиутæ тадысты, æмæ фæпайда кодтой уыцы æлгъыст рæстæгæй – æнаххосæй йæ фыдæвзаг æмæ фыдзонды азарæй басыгътой 1937 азы.

Барахъты Гинойы сфæлдыстад бирæвæрсыг у. Фыста суанг музыкæ дæр. Йæхи фыст зарджытæн йæхæдæг мысыд мелодитæ, фыста романстæ. Хъыгагæн, йæ музыкалон уацмыстæй ницы баззад. Æппæты фыццаг уый рауагъта «Ирон зарджыты чиныг». 1931 азы Дзæуджыхъæуы рацыд «Уырыссаг-ирон терминон дзырдуат». Йæ араздджытæ уыдысты Æлборты Барис, Барахъты Гино, Брытъиаты Созырыхъо, Карсанты Бимболат, Коцойты Арсен, Къосыраты Сæрмæт æмæ Къубалты Алыксандр. Йæ мадæлон æвзагмæ тæлмац кодта партион документтæ æмæ литературон уацмыстæ дæр.

Сфæлдыстадон куыст райдыдта 1916 азы. Фыста æмдзæвгæтæ æмæ радзырдтæ. Йæ поэзийæ дыууæ æмбырдгонды мыхуыры рацыдысты 1921 æмæ 1924 азты. 1952 азы йын Цæгат Ирыстоны чингуыты рауагъдад рухс фенын кодта йæ уацмысты æмбырдгондæн. Уæлдай раппæлинагдæр у чиныгуадзæн «Ир»-ы 1975 азы уагъд чиныг «Уæлладжыры кадæг». Ам ын йæ уацмыстæ бабиноныг кодта Джыккайты Шамил. Бирæвæрсыгæй дзы разынд Гинойы литературон сфæлдыстад. Чиныджы сты, фыссæджы фæллæйттæй йæ аразæджы къухы хорзæй цыдæриддæр бафтыд, уыдон, æмæ йын æвдисы йæ бирæвæрсыг курдиат. Æрмæст йæ иумæйаг сæргæндты ранымад: «Поэзи», «Кадджытæ», «Прозæ», «Æмбисæндтæ», «Радзырдтæ сывæллæттæн», «Радзырдтæ», «Театр»,

«Публицистикæ», «Уæлæмхасæн» сты бирæйыл дзурæг. Йæ уацмысты сæйрагдæртæ – кадджытæ «Азджериты Куыцыкк» æмæ «Уæлладжыры кадæг», радзырдтæ «Аххос», «Арæбиаты Гуыргъохъ», «Цæр!», драмон уацмыстæ «Фыдбылыз у», «Æмбæлæггаг» æмæ аив фыст æмдзæвгæтæ, публицистикон уацтæ дзурынц царды алыхуызон ахсджиаг фарстатыл.

«Йæ царды трагикон кæронмæ Барахъы-фырт уыд революцийы салдат æмæ ног царды зарæггæнæг. Йæ алы дзырд дæр цыд сыгъдæг зæрдæйæ, йæ алы куыст дæр уыд нæ дуджы бæрзонд нысанты сæраппонд, æмæ уымæй йæ сыгъдæг сурæт сыгъдæгæй баззад нæ адæмы зæрдæйы», – фыссы чиныг «Уæлладжыры кадæджы» Барахъты Гинойы цард æмæ сфæлдыстады тыххæй Джыккайты Шамил.

# БÆДОАТЫ ХЪАЗЫБЕГ

Уыд фыссæг æмæ журналист. Райгуырд 1901 азы 30 сентябры Беслæныхъæуы. Райдиан ахуырад дæр уым райста. Каст фæци æхсæз къласы, дарддæры ахуырæн ын фадат нал уыд, цыбыркъух бинонтæ уыдысты, æмæ йæ фыдæн æххуысхъом фæци.

1920 азы Цæгат Ирыстоны æрфидар Советон хицауад. Бæдойы-фырт бацыд фæскомцæдисмæ æмæ, газет «Рæстдзинад» куыддæр цæуын райдыдта, афтæ сси йæ разæнгарддæр уацхæсджытæй иу. 1925 азы дзы кусын райдыдта. 1927 – 1931 азты ахуыр кодта Мæскуыйы журналистикæйы институты. Фæстæмæ Ирыстонмæ куы æрыздæхт, уæд кусын райдыдта газет «Рæстдзинад»-ы редакторы хæдивæгæй, стæй та – редакторæй.

1931 азæй 1937 азы онг Бæдоаты Хъазыбег уыд ÆК(б)П-йы Цæгат Ирыстоны обкомы бюройы уæнг, кодта партион куыст. Æвзæрст æрцыд облæххæсткомы уæнгæй цалдæр хатты. 1937 азы йæ равзæрстой Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы правленийы сæрдарæй, уыд журнал «Мах дуг»-ы редактор. Æвæццæгæн ын размæ цæуын æгæр кæй æнтыст, уый кæмæдæр хардзау фæкаст, æви йæ ног цардæн фыдгæнды охыл хахуырты бын фæкодтой, æмæ йæ царды цалх иннæрдæм разылд. 1937 азы йæ аппæрстой партийы рæнхъытæй, Фысджыты цæдисы уæнгтæй æмæ йæ æрцахстой.

Фыддуджы азары бахауд, фæлæ дзы цыдæр амонды фæрцы раирвæзт. Æвæццæгæн, дард Сыбыры ахæстоны бадгæйæ йын сыгъдæг уæлдæфмæ цæуынæн фылдæр фадат кæй уыд, уый тыххæй. Хъазыбегыл ахæстоны разамынд йæ уæззау зонд æмæ уæздан ахасты фæрцы бауæндыды-

сты, бабар ын кодтой рæгъаугæсы лæдзæг, æмæ-иу бон-изæрмæ, фосы фæдыл цæугæйæ, уыд йæхи бар. Уымæй иннæты хуызæн æххормаг не 'ййæфта, фос йæхибар уыдысты æмæ æхсырхъуаг никуы уыд. Уый нæ, фæлæ ма йемæ ахæсты чи уыд, уыдонæн дæр, йæ къух æмæ йæ фадат куыд амыдта, афтæ цæмæйдæрты ахъаз кодта.

Адæмы 'хсæн дзуринагæн баззад йæ иу ныхас: «Махар, куыйты дæр хæрын хъæуы, хæрын». Уый Гатеты Махары тыххæй загъд у. Иумæ бадтысты ахæстоны. Махар дæр æхсæнадон куысты зæрдиаг архайæг уыд, фыста газеттæм уацтæ, æмдзæвгæтæ. Уый дæр æнæ аххосæй æрцахстой, æмæ адзалы къæсæрæй фæстæмæ раздæхт. «Рæстдзинад»-ы редакцимæ-иу арæх æрбауад, уыд йæ активон уацхæссæг. Æмæ йæ иуахæмы аивæй бафарстон, афтæ цæмæн дзурынц, зæгъгæ. Уый йæ мидбылты гæзæмæ бахудт æмæ мын радзырдта:

– Адæймагæн йæ адзал куынæ уа, уæд амонд йæ фæдыл цæуы. Хъазыбегæн, стæй мæнæн дæр нæ адзал нæ уыд, æндæр мах цытæ бавзæрстам, уый радзурынæн дзырдтæ иу æвзаджы дæр фаг нæ разындзæн. Тæхудиаг уыд ахæстоны Хъазыбег. Бон-изæрмæ – æрдзы хъæбысы. Мах та... Иунæг хатт мæ рарвыстой пыхсытæ æмбырд кæнынмæ. Иу къуыбырыл хæрдмæ хилын райдыдтон, йæ сæрæй куы акæсон, уæд мæм цыма Ырыстон разындзæн, афтæ мæм каст. Фæлæ мын нæ бантыст. Афтæ лæмæгъ уыдтæн, æмæ мæ сæр разылд, фæцудыдтон æмæ бынмæ ратылдтæн.

Уый цæмæн дзурын. Æз абон Хъазыбеджы фæрцы дæн удæгас. Алы изæр дæр æм, дзидзидай сывæллон йæ мадмæ куыд æнхъæлмæ кæса, афтæ æнхъæлмæ кастыстæм. Хорзæй нын йемæ цы хаста? Алы изæр дæр ахæстоны куыйтæн фыхта хойраджы фæлхортæй кас. Кас-иу куы æруазал, уæд-иу æвзæртæ йæ быныл ныббадтысты, йæ сæртæ та кодтой хъæбæр, æмæ сæ сусæгæй хаста махæн. Уыдон дæр цас хойраг уыдысты, змисы муртæ иу нæ дæндæгты 'хсæн ныффидар сты. Фæлæ мах стыр разы уыдыстæм Хъазыбегæй æмæ дзы домдтам касæй фылдæр хæссын. Цард цыфæнды зынæй дæр цард у, æнæ хъæлдзæг ныхас марды уæлхъус бадын дæр нæ фидауы. Уый дæр мын иуахæмы хъазгæйæ афтæ: «Махар, куыйты дæр хæрын хъæуы, хæрын». Ацы ныхас, кæй зæгъын æй хъæуы, комкоммæ æмбаргæ нæу. Фæлæ нын бамбарын кодта, фылдæр йæ бон кæй нæ уыд».

Хъазыбег Ирыстонмæ куы сыздæхт, уæд кусын райдыдта Хуымæллæджы районы газеты, стæй та – газет «Социалистическая Осетия»-йы хайады

сæргълæууæгæй. Фæлæ «Рæстдзинад» йæ зæрдæйы баззад, суанг 1957 азы персоналон пенсиисæг куы сси, уæд дæр-иу арæх æрбауад редакцимæ. Фылдæр фыста ирон царды хорз æгъдæуттыл æмæ очерктæ. Амард 1979 азы.

Сфæлдыстадон куыст райдыдта дыууынæм азты. Райдианы фыста очерктæ. Рауагъта дыууæ æмбырдгонды – «Социализмы сæраппонд» æмæ «Тох хоры тыххæй». 1930 азы журнал «Фидиуæджы» рацыд йæ пьесæ «Уæздан Хадизæт». 1957 азы мыхуыры фæзынд йæ чиныг сывæллæттæн «Джек æмæ бирæгътæ», стæй та радзырдты æмбырдгонд «Арсæмæг». Уый фæстæ фæд-фæдыл фæзындысты йæ уацмысты цалдæр æмбырдгонды: «Адæмы фарнæй», «Амонд агурджытæ» æмæ роман «Тохæй тохмæ». Уыд ма арæхстджын тæлмацгæнæг дæр. Ирон æвзагмæ раивта Д. Фурмановы «Чапаев», В. Катаевы «Æз – фæллойгæнæг адæмы фырт», Н. Островскийы «Куыд æхсысти æндон».

## БЕДЖЫЗАТЫ ЧЕРМЕН

Ирыстоны æвæджиау æрдзы рæсугъддæр æмæ алæмæттаг къуымтæй иу – Дзауы районы Урстуалтæ. Ам хæххон хъæу Едысы 1898 азы 23 декабры Беджызаты Дауытæн райгуырд лæппу. Сæвæрдтой йыл Иры кадджындæр фырттæй иуы ном – Чермен. Ацы номы фарн æмæ намысимæ бахсыст йæ тыхджын удыхъæд, сфидар йæ уарзондзинад ирон адæммæ, Ирыстонмæ. Йæ цард, йæ зонд, йæ куыст, йе сфæлдыстад нывонд кодта уыдонæн. Тынг æнувыд уыд ирон адæмон сфæлдыстад æмæ мадæлон æвзагыл.

Хъæууон скъолайы дыууæ къласы каст куы фæци, уæд 1908 азы ахуыр кæнынмæ афтыд Гуры дины скъоламæ. Каст æй фæци 1914 азы æмæ йæ ахуыр адарддæр кодта Калачы дины семинары. Ам базонгæ марксистон литературæимæ æмæ йæ лæмбынæг ахуыр кодта. Семинары дзæвгар уыд социал-демократон зондахастимæ студенттæ. Чермен семæ уыд æнгом баст.

1918 азы йæм фæсидтысты æфсадмæ. Службæ кодта Гуры арæзт ирон полчъы. Фæлæ йæ уайтагъд рауагътой, революцион æндæвдады тынг кæй бахауд, уый тыххæй. Чермен ацыд сæхимæ æмæ, фронтæй чи æрыздæхт, цалдæр ахæм коммунистимæ сарæзта большевикон организаци. Уый уыд Хуссар Ирыстоны фыццаг большевикон чыр. Уæдæй фæстæмæ арф аныгъуылд революцион куысты, зæрдиагæй архайдта, Хуссар Ирыстоны цыдæриддæр революцион змæлд æмæ тохтæ цыд, уыдоны. Уыд Ручъы парторганизацийы сæрдар.

1920 азы меньшевикты ныхмæ растæг адæмимæ Беджызы-фырт ныууагъта йæ фыды уæзæг æмæ ралыгъд Цæгат Ирыстонмæ. Куыста Хъæдгæроны районы парторганизацийы сæрдарæй. Уæд Дзæуджыхъæуы цыдис Иры коммунистты газет «Кермен». Уым Чермен ныммыхуыр кодта фæллойгæнæг адæмы зарæг «Интернационал» йæхи тæлмацæй æмæ æмдзæвгæ «Цагъары фæндтæ». Уыдон сты йæ фыццаг мыхуыр уацмыстæ. Æмдзæвгæтæ фыссын та райдыдта æвддæсаздзыдæй. Йе ‘мдзæвгæты фыццаг чиныг «Кард æлвæстæй» рацыд 1933 азы. Æмдзæвгæтыл зыны Къостайы, Секъайы, Къубалты Алыксандры, Цомахъы æндæвдад.

Хуссар Ирыстоны Советон хицауад бæстон куы æрфидар, уæд Чермен йæхи сæрысуангæй снывонд кодта партион æмæ æхсæнадон куыстæн, сфæлдыстадæн. 1928 азы онг уыд Чъребайы ревкомы сæрдары хæдивæг, 1923 – 1925 азты – Хуссар Ирыстоны ЦÆК-ы нымæрдар (секретарь), 1924 –1926 азты – газет «Хурзæрин»-ы редактор. Йе `ппæт зонд, хъару æмæ арæхстдзинад дæр лæвæрдта, цæмæй зæронд Ирыстоны сыгъдæттыл сырæзтаид ног социалистон Ирыстон. Йæ публицистон уацты дзырдта царды судзаг фарстатыл, ирæд æмæ хистыты ныхмæ, сылгоймаджы бартыл, хъæууон хæдзарады æмæ сæудæджерады рæзтыл, ирон мыхуыр æмæ национ культурæ размæ ракæныныл.

1926 азы ацыд Мæскуымæ журналистикæйы институтмæ. Уым бионыгдæр базонгæ уырыссаг æмæ дунеон культурæимæ, тынг схæлар Словакийы литературæйы социалистон реализмы бындурæвæрæг Петер Илемницкиимæ, æмæ уый фæзынд йæ дунеæмбарынадыл.

Беджызы-фырт Мæскуыйæ æрыздæхт 1928 азы æмæ ногæй кусын райдыдта газет «Хурзæрин»-ы редакторæй. Фæстæдæр куыста Хуссар Ирыстоны паддзахадон рауагъдады сæргълæууæгæй, газет «Большевикон аивад»-ы бæрнон редакторæй, зонадон-иртасæн институты директоры хæдивæгæй, Хуссар Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдарæй æмæ журнал «Фидиуæджы» редакторæй. Бирæ рухс бæллицтæ йæм уыдис, фæлæ йын сæ 1937 азы 39-аздзыдæй адæмы æцæг знæгтæ ныххуыдуг кодтой.

Беджызаты Чермен бирæвæрсыг курдиаты хицау уыд. Ирон литературæйы ахъаззаг бынат æрцахстой йæ аивадон боныг «Ссыгъди цард» (фыццаг хатт мыхуыры фæзынд журнал «Фидиуæджы» 1930 азы), «Ссыгъди цард» – боныг дарддæр («Фидиуæг», 1931 аз), уацаутæ «Бирæгътæ» æмæ «Мæсгуытæ дзурынц» (мыхуыры уыдысты «Фидиуæджы» 1934 æмæ 1935 азты), радзырдтæ «Æртæ фæкасты»

æмæ «Уад асаста гæды бæлас» («Фидиуæг», 1935, 1936 азты), очерктæ «Колхæдзарад», «Хурзæрин» æмæ «Ихдзагъд» («Фидиуæг», 1930 – 1936 азты). Йæ литературон-аивадон куыст иудадзыг баста литературон-æхсæнадон куыстимæ. 1930 азы уыд ирон фысджыты фыццаг съезд аразджытæй иу, фидар кодта ирон фысджыты сфæлдыстадон бастдзинæдтæ гуырдзиаг æмæ абхазаг фысджытимæ, куыд лæгæй-лæгмæ фембæлдтытæй, афтæ тæлмацтæй дæр. Ирон æвзагмæ ма раивта Фирдоусийы, Н. Островскийы, Якуб Колас æмæ æндæр фысджыты уацмыстæй. 1934 азы уыд советон фысджыты Æппæтцæдисон фыццæгæм съезды делегат. Кæмдæриддæр æмæ кæддæриддæр бæрзонд дардта ирон литературæйы ном, ирон адæмы кад.

1990 азы Хуссар Ирыстоны рауагъдад «Ирыстон»-ы «Ирон аив дзырды хæзнаты» серийы Беджызаты Чермен æмæ Хъуылаты Созырыхъойæн рацыд сæ уацмысты иумæйаг æмбырдгонд. Чиныгаразæг Къæбысты Зауыр Чермены тыххæй фыссы: «Йæ хæстон хотыхтæ иуварс куы æрæвæрдта æмæ литературон-æхсæнадон куыстмæ уæхскуæзæй куы æрæвнæлдта, уæд ыл рæстдзинад хурхгæнджытæ сæвæрдтой адæмы знаджы ном, йе стыр кад æмæ йын йæ бирæ бынтыл ныхгæдтой згæхæрд дуæрттæ, йæ уацмыстæ бирæ азты дæргъы рухсмæ рацæуын мондагæй сæ хъиутæ хордтой, сæ автор сæ цы адæмæн фыста, уыдонæй бынтондæр куы байрох уой, уый сыл мæты тас æфтыдта, фæлæ æрцыд рæстæг, æмæ та рæстдзинад йæ бартыл сдзырдта, Чермены фæллæйттæ рацыдысты рухсмæ æмæ сæ рухсæй рухс кæнынц, цы адæмы туг æмæ стæгæй равзæрдысты, уыдоны зæрдæтæ».

# БЕКМÆРЗТЫ АФОН

Æртынæм æмæ фæндзайæм азты æлгъыст рæстæджы царды фыдзилдухæнты чи бахауд æмæ ма дзы сæрæгасæй чи баззад, уыдонæй иу у Бекмæрзты Афон. Райгуырд 1918 азы 22 ноябры Уæллагкомы Къæмынты хъæуы. Ахуыр кодта Къæмынты райдайæн, уый фæстæ та – Фæснæлы астазон скъолайы. 1936 азы бацыд педагогон институты дæлкурсытæм, уырдыгæй та – институты литературон хайадмæ.

1941 азы институты фæстаг курсы паддзахадон æртæ фæлварæны куы радта, уæд æм 22 – 23 июны, раст хæсты райдайæны æхсæв, æрбацыдысты æртæйæ, æмæ йæ акодтой. Дыууæ мæйы йæ ахæстоны камерæйы иунæгæй фæдардтой, стæй йын æнæ иу æвдисæнæй респуб-

ликæйы сæйраг тæрхондон рахаста тæрхон 7 азы ахæстоны фæбадын, æмæ ма уый фæстæ йæ хъæлæсы бартæ 2 азы ист куыд уой.

Лагеры фæци дыууæ хатты топпы цæфтæ, басыгътой йын йæ къæхтæ, йæ буарыл ис фондз джебогъы цæфы ностæ. Афтæмæй тыххæйты сыгъд æмæ уырыдæй, 1 къæпхæны инвалидæй йæ хъæубæстыл сæмбæлд 1948 азы. Фæлæ йæ уæддæр æнцад цæрын нæ бауагътой – йæ фæстæ зылд 20 дзырдхæссæджы, оргæнты йыл уыд 13 хахуыры. Уый базонгæйæ, Бекмæрзы-фырт алыгъд йæ хæдзарæй æмæ йæхи æмбæхста алы рæтты. Уырыссаг æвзаджы æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй куыста Къобы æмæ Ахметъайы районты, Осеаурийы хъæууон скъолайы. Сраст æй кодтой 1955 азы.

Бекмæрзты Афон цыфыддæр знаг – фашизмы ныхмæ тохы, Райгуырæн бæстæ бахъахъхъæныныл лæгæвзарæн карз хæсты бæсты уыд ахæстоны. Йæ уды быцъынæгмæ йæ скодта знаг нæ, фæлæ фыдæвзаг æмæ æнаххосæй аххосджын. Ахæстоны йын кæд цыфæнды зын уыд, цард æмæ дзы адзалы ’хсæн ауæдзыл цыд, уæддæр йæ сагъæстæй нæ хицæн кодта Райгуырæн бæстæйы, йæ адæмы, йæ хæстæг, хиуæтты хъысмæт. Уымæн æвдисæн сты, зындоны цы 200 æмдзæвгæйы ныффыста, уыдон (аирвæзт ма дзы 50). Йæ чингуытæй иу «Æз æрымысын»-ы (рацыд 1971 азы) номарæны та фыссы: «Арын дзы, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты йæ цард æрыгонæй кæмæн ахуыссыд, мæ уыцы æфсымæртæ – Уанейы, Созыры, Балоккайы, Афайы, Аслæнбеджы, Михелы, Чермены, Ладийы æмæ иннæты рухс нæмттæ».

Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта 1935 азы. Мыхуыр сæ кодта газеттæ «Рæстдзинад», «Æрыгон большевик», журналтæ «Мах дуг» æмæ «Пионер»-ы. Хицæн чиныгæй сæ рауадзын ын бантыст, йæ рæстдзинад куы сбæрæг, уæд. 1958 азы фæзынд йæ фыццаг чиныг «Зæрдиаг ныхас», 1964 азы рацыд «Цæсты рухс», 1971 азы – «Æз æрымысын», 1979 азы – «Кæд фембæлдзыстæм?», 1986 азы – «Æрвдидинæг».

Фыста прозаикон уацмыстæ дæр. Йæ радзырдты чингуытæ сты «Сагты рындз», «Бадзидæ», «Мæ ирвæзынгæнджытæ». Йæ очерктæ æмæ уацтæ йын бакæсæн уыд газеттæ «Рæстдзинад» æмæ «Социалистическая Осетия»-йы. Зæрдиагæй архайдта сфæлдыстадон куысты. Æнцой æмæ йын фæллойæн фадат нæ лæвæрдтой, ахæстоны цы зындзинæдтæ бавзæрста, уыдон, фæлæ йæ цырен æмæ цырын кодта сфæлдыстадон уæлмонц.

*Уыдзæн ма*

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ



► ***13 январы*** Уæрæсейы Мыхуыры боны кадæн РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло фембæлд нæ республикæйы дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттимæ æмæ 13 журналисты алы номинацитæм гæсгæ схорзæхджын кодта Сæргълæууæджы премитæ æмæ Кады  æмæ Арфæйы гæххæттытæй. Уыцы хъазуатон кусджытæ сты: номинаци «Честь и слава»-йы – Къадзаты Станислав, Золойты Фатимæ, Мамиаты Мæдинæ, Юлия Юрова æмæ  Кучиты Алыксандр; номинаци «Траектория будущего/Фидæн»-ы  – Дзгойты Алинæ æмæ Тамара Бунтури; номинаци «Афæдзы темæ – Наукæ æмæ технологитæ»-йы – Къæбулты Иринæ, Черчесты Зæринæ, Магкоты Мæдинæ; номинаци «Иудзинад»-ы – Дзæгойты Радмилæ; номинаци «Проба пера»-йы – Темырхъанты Мæдинæ. Коррупцийы ныхмæ тохы номинацийы хуыздæр автор ссис – Брытъиаты Зæринæ.

Национ журналистикæйы æнтыстджын къахдзæфтæ кæныны тыххæй сæрмагонд премитæ Сæргълæууæджы къухæй райстой Сакъиты Эльбрус æмæ Гериты Петр.

Арфæйы гæххæттытæ лæвæрд æрцыдсты Эльдар Афашоков, Гæззаты Зæлинæ, Бигъаты Дианæ, Светлана Громова æмæ Сæбанты Миленæйæн.

► ***14 январы*** Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты конференц-залы Ирыстоны интеллигенцийы минæвæрттæ сæбæрæг кодтой Дзасохты Музаферы райгуырды 85 азы юбилей.

*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания
362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции и издательства: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11, 2-й этаж.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Подписано в печать 16.01.2022. Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м².
Вклейка 1 печ. л. мелованная. Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1000 экз.
Заказ № 17. Цена свободная. Выход из печати 29 января 2022 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.



**Пухаты Вадим.** ***Уаргъ***




Индекс 73247
12+